**A.S. Sagdullaev, V.A. Kosteckiy**

# T A R I Y X

## A'YYEMGI DU'NYA

*6-klass woqi'wshi'lari' ushi'n sabaqli'q*

*Toli'qti'ri'lg'an ha'm du'zetilgen wo'zbekshe u'shinshi basi'li'wi'nan qaraqalpaqsha 5-basi'li'wi'*

*Wo'zbekstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi ta'repinen usi'ni'lg'an*

**«YANGIYO'L POLIGRAF SERVISE»**
**TAShKENT – 2013**

**UO'K: 372.893=512.121(075)(3)**
**KBK 63.3(0)3**
**S13**

**S13** **Sag'dullaev A. S.**
Tariyx: A'yyemgi du'nya, 6-klass oqiwshilari ushın sabaqlıq / A.S. Sagdullaev, V.A. Kostetskiy. – Tolıqtırılg'an ha'm du'zetilgen o'zbekshe u'shinshi basılıwınan qaraqalpaqsha 4-basılıwı. — Tashkent: «angiyo'l Poligraf Servis», 2013. — 192 b.

ISBN 978-9943-4221-2-4

UO'K: 372.893=512.121(075)(3)
KBK 63.3(0)3ya72

*Pikir bildiriwshiler :*
*Akademik, tariyx ilimlerinin' doktorı,* **Y. F. Buryakov**
*Tariyx ilimlerinin' kandidatı* **M. İ. Filanovish**,
*Tariyx ilimlerinin' kandidatı* **N.T. Palwanov**,

**«Tariyxi'y a'debiyatlardi' baspag'a tayarlaw ha'm basi'p shi'g'ari'w boyi'nsha ekspert topari'ni'n' 2009-ji'l 17-fevral 1-2/156-sanli' juwmag'i' tiykari'nda baspag'a usi'ni'lg'an»**

Sabaqli'qta birinshi ret Ja'ha'n tariyxi' ha'm Wo'zbekstan tariyxi'n birlestiriw tiykari'nda A'yyemgi du'nya tariyxi' kursi'n islep shi'g'i'wg'a ha'reketler a'melge asi'ri'ldi'.

Sabaqli'q materiallari' Ma'mleketlik bilimlendiriw standartlari'na sa'ykes ta'rtiplestirilgen. Avtorlar Wo'zbekstan ha'm shet eller tariyx woqi'ti'wshi'lari'ni'n' is ta'jiriybelerindegi jan'asha metodikadan da paydalang'an.

1.1,2. Avtorlas.

**"Ma'mleketlik byudjet qarjıları esabınan basıp shıg'arıldı". Biypul.**

ISBN 978-9943-4221-2-4
© «Yangiyo'l Poligraf Servis», 2009, 2013
© A.S. Sag'dullaev, V.A. Kostetskiy, 2009, 2013

# MAZMUNI’

Avtorlardan ........................................................................................5

## I BO’LIM

## Yen’ a’yyemgi du’zimnen civilizaciyag’a qaray

1-§. A’yyemgi tariyx—civilizaciyani’n’ baslani’wi’ ..............................8
2-§. Yen’ a’yyemgi adamlardı’n’ rawajlani’wi’ni’n’ da’slepki
basqi’shlari’..................................................................... 13
3-§. Uri’wshi’li’q ja’miyeti................................................................ 18
4-§. Eneolit ha’m qola a’siri diyqanlari’ ........................................... 22
5-§. Temir a’sirine wo’tiw da’wirinde Worta Aziyani’n’ rawajlani’wi’.. 25

## II BO’LIM

## A’yyemgi Shi’g’i’s ha’m Worta Aziya

6-§. Nil alabi’ ha’m woni’n’ xalqi’ ......................................................28
7-§. Mi’si’r ha’m qon’si’ xali’qlar ........................................................32
8-§. A’yyemgi Mi’si’r dini ..................................................................34
9-§. Piramidalar ha’m maqbaralar ...................................................37
10 – 11-§§. A’yyemgi Mi’si’r ma’deniyati’ .........................................40
12-§. Mesopotamiya civilizaciyalari’ ................................................43
13-§. Bobil patshali’g’i’......................................................................49
14-§. Aldi’n’g’i’ Aziya ma’mleketleri ha’m wolardi’n’ a’skerleri...........53
15-§. Ahamoniyler ma’mleketi .........................................................57
16-§. Hindstan civilizaciyalari’..........................................................61
17-§. Erami’zg’a shekemgi I mi’n’ji’lli’qtag’i’ Hindstan.......................65
18-§. Qi’taydi’n’ a’yyemgi civilizaciyalari’ .........................................68
19-§. Erami’zg’a shekemgi III — eramızdı’n’ I a’sirlerindegi Qi’tay ..72
20-§. Wo’zbekstan aymag’i’ndag’i’ da’slepki ma’mleketler...............75
21 – 22-§§. Zardushtiylik ...............................................................80

## III BO'LIM
## A'yyemgi Greciya


23-§. Antik tariyxi'ni'n' baslani'wi' ........ 84
24 – 25-§§. A'yyemgi Greciyani'n' gu'lleniwi ........ 86
26-§. Afinadag'i' demokratiya ........ 93
27-§. Grek-parsi' uri'slari' ........ 98
28-§. Greciyani'n' Makedoniya ta'repinen basi'p ali'ni'wi' ........ 102
29 – 30-§§. A'yyemgi Greciya ma'deniyati' ........ 105
31 – 32-§§. Ali'mlar ha'm woyshi'llar ........ 111
33 – 34-§§. A'yyemgi Greciya mifleri ........ 115


## IV BO'LIM
## Bizin' erami'zg'a shekemgi VI — erami'zdi'n' IV a'sirlerindegi Worta Aziya


35 – 36-§§. Worta Aziyag'a Ahamoniylerdin' basqi'nshi'li'qatlani'slari' 118
37 – 38-§§. Worta Aziya xalqi'ni'n' grek-makedon basqi'nshi'lari'na qarsi' gu'resi ........ 123
39 – 40-§§. Salavkiyler ma'mleketi ha'm Grek-Baktriya patshali'g'i' ........ 128
41-§. A'yyemgi Xorezm, Qang'ha ha'm Dovon ma'mleketi ........ 132
42 – 43-§§. Kushan patshali'g'i' ........ 137
44-§. Ulli' Jipek joli' ........ 141


## V BO'LIM
## A'yyemgi Rim


45-§. Italiya ha'm woni'n' xalqi' ........ 145
46-§. Rim Respublikasi' ........ 148
47-§. Rim Respublikasi'ni'n' turmi'si' ........ 151
48-§. Jer worta ten'izinde u'stemlik ushi'n gu'res ........ 155
49-§. Qullar ha'm gladiatorlar ........ 160
50-§. Rim Respublikasi'ni'n' qulawi' ........ 164
51-§. Rim imperiyasi'ni'n' qulawi' ........ 168
52 – 53-§§. A'yyemgi Rim ma'deniyati' ........ 172
54-§. Ruwxı'ylı'q dereklerinde ........ 178
Tariyxi'y atamalar so'zligi ........ 181
Juwmaqlawshi' ta'kirarlaw ........ 185
A'yyemgi du'nya tariyxı'na tiyisli tariyxı'y ha'm geografiyalı'ı'q atamalar ........ 186
A'yyemgi du'nya tariyxı'ndag'ı' atamalar ........ 187
A'yyemgi du'nya tariyxı' sa'nelerde ........ 188

# AVTORLARDAN

5-klasta «Tariyxtan gu'rrin'ler» menen tani'sqan yedin'iz. Siz endi adamlar nege tariyxti' u'yrenetug'i'ni'n ha'm uzaq wo'tmish haqqi'ndag'i' bilimler qalay ja'mlengenin bilip aldi'n'i'z.

6-klasta ali's-ali's zamanlarg'a sayaxati'mi'zdi' dawam ettiremiz, yen' a'yyemgi ma'mleketler ha'm xali'qlar tariyxi', ma'deniyat ha'm u'rp-a'detleri menen tani'si'p shi'g'ami'z.

Mesopotamiya, Mi'si'r, Greciya, Rim ma'mleketleri ha'm Worta Aziyani'n' da'slepki ma'mleketleri hu'kimdarli'g'i' da'wirinen berli aradan mi'n' ji'llar wo'tti. Biraq, a'yyem zamanlarda adamlar jaratqan ko'plegen na'rselerden bu'gin de ku'ndelikli turmi'si'mi'zda paydalani'p kelmektemiz. Bul miynet qurallari', gu'lal buyi'mlar, do'n'gelek, tastan islengen suw wo'tkizgishler, gezlemeler, jazi'w ha'm basqalar boli'p tabi'ladi'. A'yyemgi zaman avtorlari' jazi'p qaldi'rg'an shi'g'armalar ha'zirge shekem adamlarg'a bilim ha'm ta'rbiya bermekte.

Ilimpazlar jer betinde bir waqi'tlari' ju'z bergen waqi'yalardi' qaytadan tiklew ushi'n qanshadan-qansha ku'sh-g'ayrat jumsadi'. Wolar, a'yyemgi qalalardi' tapti', qazi'w jumi'slari'n ali'p bardi', terige, gu'lal zatlarg'a, papirusqa, sonday-aq, ten'gelerge jazi'lg'an si'rli' jazi'wlardi' woqi'di'. Siz endi arxeologiyali'q tabi'lmalar neler haqqi'nda ayti'p beretug'i'ni'n bilesiz. A'yyemgi jazi'wlardi' u'yreniw menen *epigrafika*, al ten'gelerdi izertlew menen *numizmatika* degen arnawli' pa'nler shug'i'llanadi'.



**A'yyemgi jazi'w u'lgisi.**

Insaniyat ju'da' a'piwayi' miynet qurallari'nan wo'nermentshilik *du'rdanalari'n* islew, i'qsham g'ana turaq jay quri'wdan qalalar quri'wg'a shekemgi bolg'an uzaq joldi' basi'p wo'tti. Yen' a'yyemgi qalalar ha'm ma'mleketlerdin' quri'li'w da'wirin ilimpazlar *civilizaciya* dep ataydi'. Da'slepki civilizaciyalar tariyxi' A'yyemgi Shi'g'i'stan, son' Greciyadag'i' Krit atawi'nan baslang'an yedi. A'yyemgi civilizaciyalar ja'ha'nnin' ko'p g'ana u'lkeleri si'yaqli' Worta Aziyada, soni'n' ishinde Wo'zbekstan aymag'i'nda da payda boldi'.



**Arxeologiyali'q qazi'lmalar**

Jer betinde adam payda bolg'annan baslap, bizin' erami'zg'a shekemgi 476-ji'li' Bati's Rim imperiyasi' qulag'ang'a shekem boli'p wo'tken waqi'yalar *A'yyemgi du'nya tariyxi'n* payda etedi. Bul tariyx ha'r qi'yli' arxeologiyali'q ha'm jazba derekler tiykari'nda u'yreniledi.

A'yyemgi du'nya tariyxi' A'yyemgi Shi'g'i's, Greciya ha'm Rim sarayi'ni'n' xi'zmetkerleri ha'm patshalari'ni'n' ha'r qi'yli' ji'lnamalari' (waqi'yalardi'n' ji'lma-ji'l ko'rsetilip bari'li'wi'), ni'zamlar ji'ynag'i', biografiyalari'nda sa'wlelendirilgen. Wolarda basi'p ali'wlar ha'm uri'slar, shirkewler, saraylar ha'm qorg'anlar quri'li'si', wo'nermentshilik ha'm diyqanshi'li'q, eski pa'nler ha'm ko'rkem wo'ner haqqi'nda gu'rrin' etiledi.

Ali'mlar woqi'g'an eski tekstler, mi'sali' «Piramidalar tekstleri» ha'm «Marhumlar kitabi'» mi'si'rli'lar tariyxi' haqqi'nda, «Bibliya» — yahudiyler, «Rigveda» — hindler, al «Avesto» Worta Aziya xali'qlari' tariyxi'nan gu'rrin' etedi.

Nil woypati'ndag'i' *Mi'si'r piramidalari' kompleksi*, Dajla ha'm Frot arali'g'i'ndag'i' *Bobil*, Hind woypati'ndag'i' *Moxenjodaro*, Irandag'i' *Persepol*, Greciya, Rim ha'm Worta Aziyani'n' ko'plegen qalalari' qazi'lmalari' pu'tkil du'nyag'a belgili.



**Ten'gelerdegi jazi'wlar**

Biraq, a'yyemgi du'nya tariyxi'na tiyisli yele ashi'lmag'an si'rlar az emes. Mu'mkin birewin'izge wolardi' ashi'w nesip eter. Tariyx bizge ko'p na'rseni u'yretedi. Woni' «ulli' woqi'ti'wshi'» dep biykarg'a aytpaydi'. Sonli'qtan ha'r birimiz wo'z Watani'mi'zdin' tariyxi'n biliwimiz ha'm basqa eller xali'qlari'ni'n' tariyxi'na, ma'deniyati'na hu'rmet penen qarawi'mi'z kerek.Bul sabaqli'qti' woqi'y woti'ri'p, ko'plegen tu'siniliwi qi'yi'n so'zlerge, tariyxi'y atama ha'm frazalarg'a dus kelesiz. Wolardi' yadlaw, yeste saqlaw kerek boladi'.

**Sabaqli'q teksti menen islesiw**

Bul ma'sla'ha'tlerimizdi di'qqat penen woqi'n', wolar u'yrenilip ati'rg'an teman'i'zdi' yeslep qali'wi'n'i'zg'a ja'rdem beredi.

U'yge tapsi'rmalardi' tayarlawda to'mendegilerge itibar berin':

1. Sabaqta jazi'p alg'anlari'n'i'zdi' bir neshe ret woqi'n'.

2. Woqi'wdan buri'n temadag'i' mayda temashalari'na itibar berin', sabaqta neler haqqı'nda ayti'lg'anı'n yeslen'.

3. Ha'r bir tema aqi'ri'nda berilgen sorawlardi' woqi'n'. Sonda siz jazg'anlari'n'i'zdi' woqi'g'ani'n'i'zda nelerge itibar beriw za'ru'rligin ha'm woqi'g'anlari'n'i'zdi' qanday ta'rtipte bayan yetiw kerekligin bilip alası'z.

4. Tekstti shama menen bo'limlerge bo'lin' ha'm ha'r birinin' tiykarg'i' mazmuni'n wo'z so'zlerin'iz benen ayti'n', keyin pu'tkil temani' so'ylep berin'. Ayta almasan'i'z, qi'yi'n jerlerin qaytadan woqi'n'. Ta'kirarlan'. Sabaqli'q tekstin yadlap ali'w za'ru'r yemes.

5. Tekstti woqi'w dawirinde wonda yesletilgen su'wret ha'm kestelerdi tabi'n', tu'siniklerin woqi'n', tekstte ushi'rasqan qalalardı'n', yellerdin' atlari'n kartadan tabi'n'.

6. Sorawlarga juwap berin' ha'm tema aqi'ri'ndag'i' tapsi'rmalardi' wori'nlan'.

Eger siz ha'r bir paragraf son'i'nda berilgen tayani'sh konspektleri boyi'nsha tariyxti' u'yreniwge qarar yetsen'iz to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlawi'n'i'z kerek:

1. Sabaqli'q paragrafla'ri' tekstti tayani'sh konspekt so'zler menen sali'sti'ri'p ko'redi.

2. Konspektten paydalani'p paragrafti' bir neshe ret ayti'p berin'.

3. Tayani'sh so'zlerdi yadtan ayti'p beriwge ha'reket yetin' (teren' pikirlegennen keyin g'ana wo'zlestiriw kerek).

4. Bir neshe saattan keyin ja'ne bir ret tayani'sh konspektin' tayarlan'.

Biz sabaqli'q avtorlari' Sizge uzaq wo'tmishke sayaxat yetiwge, ma'deniy yestelikler menen tani'si'w ha'm a'yyemgi du'nya tariyxi'n u'yreniwge ja'rdem beremiz.



# I BO'LIM
# YEN' A'YYEMGI DU'ZIMNEN CIVILIZACIYAG'A QARAY

## 1-§. A'yyemgi tariyx — civilizaciyani'n' baslani'wi'

**A'yyemgi tariyxti' u'yreniw**

*Siz yendigi jag'i'nda adamzatti'n' a'yyemgi tariyxi'n* izertlew u'stinde ha'r qi'yli' qa'nigeliktegi ilimpazlar islep ati'rg'ani'n jaqsi' bilesiz. *Arxeologlar* A'yyemgi wo'tken zamanlarda adamlar jasag'an yeski *ma'kan jaylarda* qazi'w jumi'slari'n a'melge asi'radi'. A'yyemgi adamlardi'n' qaldi'qlari'n (skelet ha'm bas su'yegi) di'qqat penen tekserip ko'rgen *antropologlar* wolardi'n' si'rtqi' ko'rinisin qaytadan jarati'wg'a, mi'n' ji'llar dawami'nda adamlardi'n' si'rtqi' ko'rinisinde ju'z bergen wo'zgerislerdi ko'zden wo'tkeriwge ha'reket yetedi. *Etnograflar* ha'zir de tiri qa'wim ha'm xali'qlardi', a'yyemgi adamlardi'n' saqlani'p qalg'an ko'p g'ana da'stu'rleri, xojali'q ha'm ma'deniy u'rp-a'detlerin u'yrenedi. *Lingvistler*, yag'ni'y til izertlewshiler wol yamasa bul ha'zirgi zaman tili qanday jag'dayda qa'lipleskenin tu'siniw maqsetinde a'yyemgi tillerdi izertleydi.



**A'yyemgi qala qarabaqanalari'**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Arxeologlar — ...*** | ***Antropologlar — ...*** |
| ***Etnograflar — ...*** | ***Lingvistler — ...*** |



**A'yyemgi qo'ljazbalardi'n' qaldi'qlari'**

**A'yyemgi tariyx boyi'nsha da'rekler**

U'lkemizdin' yen' a'yyemgi tariyxi'n biz qay jerden bilemiz? Aqi'ri' sol uzaq zamanlarda jazi'w bolmag'an-goy! U'lkemizdin' yen' a'yyemgi tariyxi'ni'n' ken' tarqalg'an da'regi a'yyemgilerdi izertlewshiler ta'repinen tabi'lg'an materialli'q da'rekler yesaplanadi'.

Miynet quralları’, gu’lal ı’dı’slar, qural-saymanlar, tag’ı’nshaqlar, qullası’, a’yyemgi insan qolı’ menen jasalg’an ha’mme na’rseler solar qatarı’na kiredi.

Jazba da’reklerdin’ tabi’li’wi’ menen ilimpazlarg’a a’yyemgi mi’n’ ji’lli’qlar tariyxi’n tiklew an’satlasadi’. Worta Aziya tariyxi’ boyi’nsha yen’ a’yyemgi da’rek zardushtiylerdin’ muqaddes kitabi’ «Avesto» yesaplanadi’. Wonda jurti’mi’zdi’n’ a’yyemgi tariyxi’y wa’layatlari’ Baktriya, Sog’diana, Xorezm xalqi’ ma’deniyati’ tariyxi’ haqqi’nda so’z boladi’.



«Avesto» qoljazbasi’ni’n’ beti

A’yyemgi da’wi’r tariyxi’na baylani’sli’ ja’ne bir jazba da’rek Behistun jartaslari’ jazi’wlari’ yesaplanadi’. Behistun jartaslari’ Irandag’i’ Kirmanshah qalasi’ jani’nda jaylasqan. Parsi’ patshasi Dara I din’ buyri’g’i’ boyi’nsha jartasqa woyi’p jazi’lg’an u’sh tildegi — a’yyemgi parsi’, elam ha’m bobi’l tillerindegi jazi’wlarda wol basi’p alg’an yeller ha’m xali’qlar, atap aytqanda, Xorezm, Sog’diana, Baktriya ma’mleketleri atap wo’tiledi.

Bizin’ erami’zg’a shekemgi V a’si’rde a’yyemgi grek tariyxshi’si’ Gerodot tu’rli yellerge sayaxat yetip, tog’i’z kitaptan ibarat «Tariyx» shi’g’armasi’n jazdi’. Wonda u’lkemizdin’ a’yyemdi xalqi’ haqqi’nda ani’q mag’li’wmatlar beriledi.



A’yyemgi grek tariyxshi’si’ — Gerodot

B.e.shekemgi I a’sir aqi’rlari’nda wo’tken a’yyemgi grek tariyxshi’si’ ha’m geografi’ Strabon «Geografiya» degen shi’g’armasi’nda ko’plegen yeller xali’qlari’ni’n’ ma’deniyati’ ha’m tariyxi’y waqi’yalar haqqi’nda mag’li’wmatlar keltiredi.

B.e.shekemgi II a’sirdin’ aqi’ri’ — I a’sirdin’ baslari’nda a’yyemgi Qi’tay tariyxshi’si’ Sim Cyan Qi’tay tariyxi’na baylani’sli’ «Tariyxi’y ji’lnamalar» atli’ shi’g’arma jazg’an. Wol jurti’mi’zdi’n’ a’yyemgi xalqi’ ha’m ma’mleketleri haqqi’nda da mag’li’wmat beredi.

Erami’zdi’n’ I a’sirinde wo’tken a’yyemgi Rim tariyxshi’si’ Kvint Kursiy Ruf «Ulli’ Aleksandr tariyxi’» degen shi’g’arma jazg’an. Aleksandr Makedonskiydi’n’ Worayli’q Aziyag’a askeriy atlani’slari’ haqqi’ndag’i’



Gu’lal i’di’stag’i’ jazi’w. Si’na xati’

mag'li'wmatlardi' erami'zdi'n' II a'sirinde jasag'an grek tariyxshi'si' Arrian da a'dewir toli'qti'radi'. Wol «Aleksandrdi'n' a'skeriy atlani'slari'» degen shi'g'arma jazg'an.

Usi' derekler, sonday-aq, son'i'n ala jarati'lg'an ilimiy jumi'slar sebepli ali'mlar jurti'mi'zdi'n' a'yyemgi tariyxi'n tiklewge miyasar boldi'.



**Worta Aziya tawlari'**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Gerodot — ...*** | ***Kvint Kursiy Ruf — ...*** |
| ***Strabon — ...*** | ***Sin Cyan — ...*** |
| ***Arrian — ...*** | ***Behistun jazi'wlari' — ...*** |

**Yeste saqlan'!**

5–4 mı'n' jı'llar burı'n u'lkemiz xalqı' a'yyemgi Shı'g'i'stı'n' harqı'ylı' aymaqları' menen ma'deniy baylanı'sta bolg'an.

## Wo'zbekstan ha'm ja'ha'n civilizaciyasi'

Wo'zbekstan geografiyali'q jaqtan a'yyemnen Worta Aziya dep atalatug'i'n aymaq qurami'na kiredi. Wo'zbekstan bir qansha u'lken aymaqti' iyelegen. A'miwda'rya ha'm Si'rda'rya arali'g'i', Ferg'ana, Zarafshan woypatlari' ha'm Surxanda'rya oazisi wo'zinin' wo'nimdarli' ha'm i'ssi' klimati' menen adamzatti'n' yen' a'yyemgi ma'kanlari'ni'n' birine aylang'an. Qolayli' geografiyali'q zonada jaylasqanli'qtan Shi'g'i's ha'm Bati's yellerin baylani'sti'rg'an. Bunda Wo'zbekstanni'n' barli'q iri qalalari' arqali' wo'tken Ulli' Jipek joli'ni'n' a'hmiyeti wog'ada u'lken. Wo'zbekstan adamzat ma'deniyati' tariyxi'ni'n' yen' a'yyemgi wori'nlari'nan biri yesaplanadi'. Bul jerde jergilikli xali'q bir neshe ju'z mi'n' ji'lli'qlar dawami'nda jasag'an. B.e. shekemgi VI—V a'sirlerde grekler jurti'mi'zdi'n' xalqi', wa'layatlari' haqqi'nda mag'li'wmatlarg'a iye bolg'an. Worta Aziyani'n' yeki iri da'ryasi' — A'miwda'rya ha'm Si'rda'rya, Hindikush, Pami'r, Tyan-Shan tawlari'nan baslanatug'i'n tez ag'atug'i'n da'rya suwlari' menen toli'p ten'izge quyi'lg'an. Da'ryalardi'n' oazisleri boylap a'hmiyetli sawda jollari' wo'tken.



**Toli'p ag'i'p ati'rg'an A'miwda'rya**

Bunnan 5-4-mi'n' ji'llar buri'n Wo'zbekstanni'n' a'yyemgi xalqi' menen A'yyemgi Shi'g'i's yelatlari' arasi'nda ken' ma'deniy baylani'slar baslang'an. Yeski ziyarat wori'nlari'n qazi'w payi'ti'nda arxeologlar Hindstan, Iran ha'm Mesopotamiya wo'nermentleri ta'repinen tayarlang'an gu'lal ha'm metall i'di'slar, zergerlik buyi'mlari'n tapqan.



Da'slepki an'shi'lar

Erami'zg'a sekemgi 1-mi'n' ji'lli'qta, Shi'g'i'sta a'yyemgi iri saltanatlar gu'llepjaynag'an da'wirde ma'deniy baylani'slar ja'ne de ku'sheydi. Ha'r qi'yli' jazba ha'm arxeologiyali'q dereklerde bul a'yyemgi xali'qlardi'n' wo'nermentshiligi, arxitekturasi' ha'm awi'l xojali'g'i' tarawlari'nda ko'zge taslang'anli'g'i' atap ko'rsetilgen.



A'wmetli awdan son'

**Yen' a'yyemgi du'zimdi da'wirlestiriw**

Du'nyadag'i' barli'q xali'qlar alg'ashqi' ja'miyetlik du'zimin bastan keshirgen.

*Yen' a'yyemgi qa'wimshilik du'zimi* — **adamzat tariyxi'ni'n' barli'q miynet qurallari' wortali'q bolg'an, barli'q adamlar ten' miynet etken bir da'wir esaplanadi'.**

Adamzatti'n' rawajlani'wi'ndag'i' birinshi basqi'sh adamlardi'n' alg'ashqi' toparg'a birlesiwi boli'p, bul topar wo'zinde a'yyemgi adamlardi'n' u'lken ja'ma'a'tin birlestirgen yedi.



Adamlar ja'ma'a't boli'p miynet etken

*Alg'ashqi' topar* — **turmi's ha'm miynettin' uli'wmali'g'i' tiykari'nda birlesken yen' a'yyemgi adamlar ja'ma'a'ti boli'p tabi'ladi'.**

Yen' a'yyemgi topar a'ste-aqi'ri'n bo'linip ketip, tuwi'sqanlardi'n' wo'z aldi'na awqami'na — uri'w ja'ma'a'tine aylana basladi'.



Tastan jasalg’an miynet qurallari’

> *Uri’w* — **birgelikte jasag’an ha’m miynet etken, uli’wma miynet qurallari’ ha’m qural-jaraqlarg’a iye bolg’an ag’ayinler ja’ma’a’ti esaplanadi’.**

Da’slepki uri’w ja’ma’a’tleri hayal, yag’ni’y ana do’gereginde ja’mlese baslag’an. Adamzat tariyxi’ndag’i’ bul basqi’sh ana a’wladlari’ da’wiri — matriarxat da’wiri dep ataladi’.

> *Matriarxat* — **yen’ a’yyemgi du’zimnin’ rawajlani’wi’ndag’i’ bir basqi’sh boli’p, tuwi’sqanli’q qatnasi’qlari’ ana ta’repke qarap belgilengen, uri’wg’a ha’m shan’araqqa hayal adam basshi’li’q etken.**

Biraz keyin, miynet qurallari’ ha’m xojali’q ju’rgiziw formalari’ qa’liplesken sayi’n ja’ma’a’ttegi jetekshilik roli a’ste-aqi’ri’n yer adamni’n’ biyligine wo’te basladi’, yendi yer adam qa’wimge basshi’ boli’p qaldi’. Ilimpazlar adamzat tariyxi’ndag’i’ bul da’wirdi *patriarxat* dep atadi’, patriarxat penen yen’ a’yyemgi qa’wimshilik du’zimi de aqi’ri’na jetti.

### *Tayani’sh konspekt*

materialli’q zatlar → miynet qurallari’; tag’i’nshaqlar; qural-jaraqlar

***tariyxiy da’rekler***

jazba da’rekler → “Avesto”; Behistun jazi’wlari’; Gerodot, Strabon,; Sim Cyan; Kvint Kursiy Ruf; Arrian

→ arxeologlar
→ antropologlar
→ etnograflar
→ lingvistler
→ paleolit → mezolit → neolit → eneolit
↓
matriarxat → patriarxat



Jabayi’ atlar u’yirin awlaw

Yeste saqlan'!

**Paleolit** → *Olduvay*[1] → erami'zdan 3—2 million ji'l buri'n.
→ *alg'ashqi'* → erami'zdan 1 million—100 mi'n' ji'l buri'n.
→ **worta** → erami'zdan 100—40 mi'n' ji'l buri'n.

*Patriarxat* — **adamzat rawajlani'wi'ni'n' bir basqi'shi' boli'p, wonda er adam ja'miyet turmi'si'nda jetekshilik roline iye bolg'an, tuwi'sqanli'q qatnasi'qlari' da ata ta'repke qarap belgilengen.**



**Son'g'i' paleolit da'wiri ma'kan jayi'**

Yen' a'yyemgi adamlar da'slepki miynet qurallari'n tastan jasag'ani' sebepli arxeologlar adamzat tariyxi' baslani'wi'n «tas da'wiri» dep atag'an. Tas da'wiri bir qansha uzaq dawam yetken. Soni'n' ushi'n da woni' to'mendegi basqi'shlarg'a bo'ledi, atap aytqanda:

— a'yyemgi tas da'wiri — *paleolit* (grekshe «paleos» — «a'yyemgi» ha'm «litos» — «tas» so'zlerinen);
— worta tas da'wiri — *mezolit* («mezos»—«worta»);
— jan'a tas da'wiri — *neolit* («neos»—«jan'a»);
— mi's-tas da'wiri — *eneolit* (lati'nsha «eneus» — *«mi's») ha'm grekshe «litos» — «tas» so'zlerinen)*.

**Yeste saqlan'!**

Tas da'wirinin' basqi'shlari':
— paleolit,
— mezolit,
— neolit,
— eneolit

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Nege arxeologlar adamzat tariyxi'ni'n' baslani'wi'n «tas da'wiri» dep atag'an?
2. Tas a'siri da'wirlerin sanap berin'. Nege wolar bulay atalg'an?
3. Ilimpazlar tariyxti' qayta tikleytug'i'n dereklerdin' ati'n ayti'p berin'.
4. Tariyxti' u'yreniwde paydalani'lg'an qanday materialli'q dereklerdi bilesiz?
5. Arxeologiya, antropologiya ha'm etnografiya si'yaqli' pa'nler haqqi'nda nelerdi bilesiz?



**Yen' a'yyemgi adam**

[1] *Adamni'n' tun'g'i'sh a'wladlari' tabi'lg'an Shi'g'i's Afrikadag'i' Olduvay u'n'giri.*

## 2-§. Yen' a'yyemgi adamlardi'n' rawajlani'wi'ni'n' da'slepki basqi'shlari'



Avstralopitek

### Yen' a'yyemgi adamlar

Jer betindegi alg'ashqi' adamlar qa'ddi-qa'wmetin tik tuti'p ju're-tug'i'n, miynet qurallari'n jasaw ha'm wolardi' qollani'wdi' biletug'i'n adamlar boli'p, mine usi' wo'zgeshelikleri wolarg'a haywanat du'nyasi'nan aji'rali'p turi'wi'na imkaniyat bergen. Ju'da' a'piwayi' tas miynet qurallari'n jasawdi' biletug'i'n yen' a'yyemgi adam su'yekleri, qaldi'qlari'n ilimpazlar Qubla Afrikadan — avstralopitek, Shi'g'i's Afrikadag'i' Zinj woypatli'g'i'nan — zinjantrop, Eva atawi'nan (Indoneziya) — pitekantrop, Qi'tay aymag'i'nan — sinantrop, Ferg'ana woypati'ndag'i' Selungur ma'kan jayi'nan, Germaniyadan — neandertal ha'm Franciyadag'i' Kromanyon u'n'girinen — ha'zirgi tu'rdegi adam (kromanyon) tawi'p izertlengen.



Zinjantrop



Pitekantrop Sinantrop Neandertal Kromanyon



Sinantrop

Jer betinde klimat ji'lli' bolg'an waqi'tlarda insan ma'kan jaylari' kishkene da'ryalar yamasa saylar a'tirapi'ndag'i' to'beliklerde jaylasqan yedi. Alg'ashqi' paleolittin' son'g'i' da'wirlerinde Ulli' muzlaw baslandi'. Yen' da'slepki adamlar qatti' si'naqqa dus keldi. Bul jag'day adamlardi' jan'asha turmi's sha'rayati'na iykemlesiwine ma'jbu'rledi. Bunday payi'tlarda ku'shliler g'ana jasap qalg'an.

**A'yyemgi adamlardi'n' ka'sibi**

A'yyemgi adamlardi'n' qoni'slari' Afrika, Aziya ha'm Evropani'n' ko'p g'ana ma'mleketlerinen tabi'lg'ani' belgili. Worta Aziyada tastan jasalg'an a'yyemgi miynet qurallari' Ferg'ana woypatli'g'i'ndag'i' Selungur ma'kan jayi'nan ha'm Tashkent a'tirapi'ndag'ı' Ko'lbulaqtan da tabi'lg'an. Bunday turpayi' tas qurallari'ni'n' ushi' bir ta'repke qarati'p yegelgen yedi. Arxeologiya pa'ninde bul tas qurallari' shopperlar dep atalg'an.



Ayi'wdi' awlaw

Miynet qurallari' adamlarg'a azi'q-awqat tabi'w ushi'n za'ru'r bolg'an. Da'slepki miynet qurallari' bir qansha a'piwayi' yedi. Ushi' qayralg'an tas ha'm tayaq penen qurallang'an adam haywanlardi' awlag'an, ushi' wo'tkir tayaq ja'rdeminde wo'simliklerdin' jewge bolatug'i'n tami'rlari' ha'm tami'r miywelerin qazi'p alg'an. Ta'biyat insang'a neni inam yetse, adam soni' alg'an, tapqan azi'g'i' menen qanaatlang'an. Soni'n' ushi'n da adamlardi'n' yen' a'yyemgi ka'sibi bolg'an terimshilik ha'm an'shi'li'q wo'zlestiriwshi xojali'q dep ataladi'.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***Shopperlar — bul...***
***Wo'zlestiriwshi xojali'q — bul...***




Paleolit da'wiri ma'kan jaylari'

A. P. Okladnikov ta'repinen 1938-ji'li' Baysi'n tawlari'nda tabi'lg'an Tesiktas u'n'giri yen' a'yyemgi tas a'siri ma'deniyati'ni'n' du'nyag'a belgili bir yesteligi yesaplanadi'. Tesiktas u'n'girinen 300 mi'n'g'a jaqi'n tas qurallar, arxar, kiyik, jabayi' at, ari'slan, qoyan, mayda kemiriwshiler, sonday-aq quslardi'n' su'yekleri tabi'lg'an.

Tesiktas u'n'girinen qazi'p ali'ng'an, tas a'sirine tiyisli 8-9 jasar balani'n' su'yeklerinin' qaldi'qlari' yen' a'hmiyetli tabi'lma boli'p yesaplanadi'. Arxeologlar bunday neandertal adamni'n' bas su'yegine siyrek jag'daylarda dus keledi.



Neandertal bala (Tesiktas)

Balani'n' denesi qa'birge ko'milgen. Wo'liktin' a'tirapi'na arxar shaqlari' shanshi'p shi'g'i'lg'an. Wo'liktin' jerleniwi da'slepki diniy isenimler menen baylani'sli'.

**Diniy isenimnin' payda boli'wi'**

Miynet iskerligi, a'tiraptag'i' du'nya haqqi'nda toplang'an bilimler a'ste-aqi'ri'n insanni'n' pikirlew qa'biletin ha'm sanasi'n wo'zgertip bardi'.

Adamlar wo'zlerine tu'siniksiz bolg'an qubi'li'slar haqqi'nda woylay basladi': ku'n menen tu'n, ji'l ma'wsimlerinin' almasi'wi', vulkanlardi'n' ati'li'wi', jer silkiniw ha'm basqa ta'biyat qubi'li'slari' adam pikirin wo'zine tartqan.

Mine, usi' qubi'li'slardi' tu'sindirip beriw qoli'nan kelmegen insan gu'ldirmama, jasi'n, samal, jawi'n si'yaqli' ta'biyat ku'shlerine si'yi'na baslag'an.

Bara-bara yen' a'yyemgi adamlarda insan du'nyadan wo'tkennen keyin jasawi'n dawam yetetug'i'n wo'zge bir du'nyag'a ketedi degen isenim payda boldi'.

Ji'ldi'n' ma'wsimlerinin' almasi'wi', gu'ldirmama, borandi' a'yyemgi adamlar ruwx ja'mlesken ta'biyat ku'shleri ha'reketi sebepli dep tu'singen. Adamdi' qorshap turg'an wortali'qta janlar ha'm ruwxlardi'n' bar yekenine isenim ilimde animizm ati'n alg'an.



Si'yqi'rlaw ma'resimi

*Animizm* — **adam ha'm tirishilikti qorshag'an wortali'qta janlar ha'm ruwxlardi'n' bar ekenligine isenim.**

Yen' a'yyemgi adamlar anaw yamasa mi'naw buyi'mlardi'n' talabi'n won'i'nan keltiriwine yaki ba'le-qadani' joq yetiwine de isengen. Bul isenim fetishizm ati'n alg'an.



A'yyemgi su'wretshi

Son'g'i' paleolitke tiyisli bolg'an jartas su'wretlerinin' tabi'li'wi' yen' a'yyemgi adamlarda diniy isenimler bolg'anli'g'i' haqqi'ndag'i' da'lillerden biri yesaplanadi'. Jartas su'wretlerinen yen' a'yyemgileri Ispaniyadag'i'

### *Tayani'sh konspekt*

**Adam evolyuciyasi'**

- da'slepki paleolit → zinjantrop; avstralopitek; pitekantrop ha'm sinantrop
- orta paleolit → neandertal → Tesiktas (1938)
- son'g'i' paleolit → kromanyon
- jartas su'wretleri → Altamir; Lasko; Kapovaya u'n'giri
- animizm → fetishizm → si'yqi'rshi'li'q (magiya)

**Yeste saqlan'!**

Jartas su'wretleri-nen yen' a'yyemgileri Ispaniyadag'i' Altamir, Franciyadag'i' Lasko, Bashqurtstandag'i' Kapovaya u'n'girinen tabi'lg'an.

Altamir, Franciyadag'i' Lasko ha'm Bashqurtstandag'i' Kapovaya u'n'girinen tabi'lg'an.

Adamlar su'wretler kelesi awda wo'zlerine ja'rdem beredi dep isengen. Su'wretler aldi'nda haywanlardi'n' ha'reketine uqsati'p woyi'ng'a tu'sken, aw ko'rinislerin qi'yali'na keltirgen, nayza i'laqti'ri'wdi' u'yrengen.

A'yyemgi jartas su'wretleri qi'mbatli' tariyxi'y hu'jjetler yesaplanadi'. Wolar insan neler haqqi'nda woylag'ani', qorshag'an wortali'qti' qay ko'riniste pikirlegeni, qaysi' haywanlardi' awlag'ani', qanday miynet qurallari' ha'm qural-jaraqtan paydalang'ani'n bilip ali'w ha'm tu'siniwge ja'rdem beredi.

Adamni'n' wo'zin qorshap turg'an wortali'qti' tu'siniwge umti'li'wi' yen' a'yyemgi su'wretlew ko'rkem wo'neri rawajlani'wi' ushi'n tiykar boli'p xi'zmet yetti.



**Woqjay menen an' awlaw**



**Da'slepki su'wretshiler**

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Alg'ashqi' paleolit adami'ni'n' si'rtqi' ko'rinisin su'wretlep berin'.
2. Wo'zbekstan aymag'i'ndag'i' qaysi' paleolit ma'kan jayi'n bilesiz?
3. Worta paleolit da'wirinde yen' alg'ashqi' adamni'n' shug'ı'llang'an islerin sanap berin'.
4. Diniy isenimlerdin' payda boli'w sebeplerin ayti'n'.
5. Da'slepki jartas su'wretleri qaysi' da'wirde payda boldi'?

## 3-§. Uri'wshi'li'q ja'miyeti



Qi'sti'n' baslani'wi'

**Son'g'i' paleolit da'wiri**

Son'g'i' paleolit da'wirinde (b.e.sh. 40—12 mi'n' ji'lli'qlarda) bir qansha waqi'yalar ju'z berdi. Bul da'wirde tastan na'rseler jasaw texnikasi' ha'm miynet qurallari'n jasaw usi'llari' wo'zgerdi. Adamni'n' wo'zi de, si'rtqi' ko'rinisi de wo'zgerip bardi'. Bul da'wirde ha'zirgi ko'rinistegi adam — kromanyon adami' jasag'an yedi.

Son'g'i' paleolit da'wiri adami'ni'n' ma'kan jaylari' Samarqand qalasi' aymag'i'nan, Tashkent wa'layati' Ahangaran da'ryasi' woypati'ndag'i' Ko'lbulaq ma'kan jayi'ni'n' joqari' ma'deniy qatlamlari'nan, sonday-aq, Ferg'ana woypatli'g'i'nan tabi'lg'an.

Shama menen 25—30 mi'n' ji'l buri'n adamlar bir qansha jetilisken kesiwshi, jarg'i'lawshi' ha'm joni'wshi' miynet qurallari'n isleytug'i'n bolg'an. Insan yendi tag'i'nshaqlar — monshaqlar, tumarlar ha'm ju'zikler de jasay basladi'.

Solay yetip, son'g'i' paleolitte adamzat wo'z rawajlani'wi'nda tag'i' da bir basqi'shqa ilgeriledi. Adamlar tuwi'sqanlari'nan ibarat bolg'an i'qsham toparlarg'a — uri'w ja'ma'a'tlerine bo'linip shi'qti'. Uri'wg'a aqsaqal basshi'li'q yetken, uri'w ag'zalari' bir jerde jasag'an. Bir jerde jasap ati'rg'an bir qansha uri'wlar qa'wimdi payda yetken.

Turaq jaylar quri'li'si' son'g'i' paleolit da'wiri adamlari'ni'n' a'hmiyetli jan'ali'g'i' boldi'. Kiyim-kenshek tayarlawda haywanlar terisinen paydalani'ldi'. Insan bul da'wirde jasalma jol menen (ag'ashti' birbirine i'sqi'law, shaqmaq tasti' bir-birine uri'w arqali') wot jag'i'wdi' da u'yrenip aldi'.



U'n'girde jasaytug'i'n ari'slan

**Mezolit da'wiri**

Mezolit da'wiri (orta tas da'wiri) shama menen *erami'zg'a shekemgi XII —VII mi'n' ji'lli'qlarda* dawam yetken. Mezolit da'wiri baslani'wi' menen Muzli'q da'wiri aqi'ri'na jetti, bul na'rse klimatti'n' biraz ji'li'wi'na ha'm adamlar turmi'si'nda wo'zgerisler boli'wi'na ali'p keldi.



**Uri'wshi'li'q ja'ma'a'ti**



**Ren'li taslardan islengen monshaq**



**Mamont su'yeginen quri'lg'an turaq jay**



**Wo'rt shi'g'ari'w protsesi**

Mezolit da'wirinde insan woqjay jasawdi' u'yrenip aldi'. Woqjay ha'm woqti'n' woylap tabi'li'wi' menen insanda shapqi'r haywanlar ha'm quslardi' awlaw imkaniyati' payda boldi'.

Mezolit da'wiri aqi'ri'nda insan haywanlardi' qolg'a u'yrete basladi'. An'shi'lar iytti qolg'a u'yretti, iytler menen birge an'g'a shi'qqanda wolja aldi'n'g'i'si'na qarag'anda mol-molaqay boldi'. Tiriley uslap ali'ng'an haywanlardi' (qozi'lar, i'laqlar, don'i'zlar) yendi adamlar wo'ltirmey, azi'q awi'si'g'i' si'pati'nda saqlap qoyatug'i'n boldi'.

Mezolit da'wiri aqi'ri'nda Aldi'n'g'i' Aziyada xojali'qti'n' jan'a tarmaqlari' — *alg'ashqi' gu'ndeli diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q* payda boldi'.

Muzli'qlar sheginiwi menen uri'w ja'ma'a'tleri Aziya ha'm Afrika aymaqlari'nda g'ana yemes, al Evropani'n' arqa ta'repine ko'ship jaylasa basladi'.

Bu'gingi ku'nde mezolit da'wirine tiyisli ju'zden aslam ma'kan jaylar ashi'lg'an. Ferg'ana woypatli'g'i'ni'n' taw aldi' ha'm tawli' rayonlari'nda Tashkent a'tirapi'nda ha'm de Wo'zbekstanni'n' qublasi'nda bunday qoni'slar ko'plep ushi'rasadi'. Obishir, Qosi'li'w ha'm Mashay qoni'slari', sonday-aq, Zarautsay ji'rasi'ndag'i' jartas su'wretleri bir qansha toli'q izertlengen.



**Miynet qurali'n islew**

A'miwda'rya ha'm Si'rda'rya jag'ali'qlari', Wo'zbekstan aymag'i'ndag'i' ko'ller ha'm da'ryalardi'n' boyi' mezolit da'wiri an'shi'lari' ha'm bali'qshi'lari' ko'ship kelip wornalasqan wori'nlarg'a aylandi'.

### Diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'qti'n' payda boli'wi'

Neolit da'wirinde — jan'a tas a'sirinde wo'zlestiriwshi xojali'qta tu'pkilikli wo'zgerisler ju'z berdi, ta'biyattan barli'q tayar na'rselerdi ala baslag'an insan yendi *wo'ndiriwshi xojali'qqa* — diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'qqa wo'tti. Worta Aziyada neolit da'wiri erami'zg'a shekemgi VI—IV mi'n' ji'lli'qlar menen da'wirlestiriledi. Arxeologlar neolit da'wirinin' baslani'wi'n i'laydan jasalg'an i'di's-tabaqlar jarati'li'wi' menen belgileydi.

**Yeste saqlan'!**

Wo'ndiriwshi xojali'q — bir qansha waqi't tuqi'm-di' azi'qli'q wo'nimleri menen ta'miyinlep kelgen diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q yesaplanadi'. Diyqanshi'li'q terimshilikten baslang'an, al sharwashi'li'q an' ha'm haywanlardi' qolg'a u'yretiwden kelip shi'qqan.

Mezolit ha'm neolit da'wirinde adam tastan kishkene miynet qurallari' — *mikrolitler* jasawdi', tasti' qayta islewdin' buri'n tani's bolmag'an usi'llari'n: si'ypaq yetiw, jarg'i'law, si'rlaw ha'm tesiksheler woyi'wdi' qollana baslag'an.

Neolit da'wirinde ko'pshilik qa'wimler woti'ri'qli' turmi's ta'rizine wo'tip, turaqli' turaq jaylar qura baslag'an. Paxsa u'yler quri'wdi' basladi'. A'ste-aqi'ri'n uri'w ja'ma'a'tlerinin' woti'ri'qli' ma'kan jaylari' qa'liplesip bardi'. Woti'ri'qli' turmi's ta'rizi ha'm miynet qurallari'ni'n' ja'ne de jetilisiwi ja'ma'a'tlerdin' diyqanshi'li'qqa wo'tiw imkaniyati'n payda yetti. Woti'ri'qli' turmi'sqa wo'tiw ha'r qi'yli' buyi'mlar tayarlaw tarawi' bolg'an wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi'na tiykar saldi'.



**Tastan islengen miynet qurallari'**

I'laydan islengen ha'm wotta pisirilgen i'di'slar jasaytug'i'n taraw — gu'lalshi'li'q, talshi'qlar ha'm ju'nnen kiyim-kenshek tayarlaw tarawi' — toqi'mashi'li'q wo'nermentshiligi neolit da'wirinin' a'hmiyetli woylap tabi'li'w ha'm jan'ali'qlari' boli'p tabi'ladi'.

Worta Aziyani'n' qubla wa'layatlari'nda xali'q erami'zg'a shekemgi VI—V mi'n' ji'lli'qlar baslari'nda di'yqanshi'li'qqa wo'tken bolsa, worayli'q ha'm arqa u'lkelerde an'shi'li'q ha'm bali'qshi'li'qti' dawam yettirdi.

### *Wo'zin'izdi si'nan'!*

> ***Mikrolitler — bul...***
> ***Wo'ndiriwshi xojali'q — bul...***

### *Tayani'sh konspekt*

Son'g'i' paleolit da'wiri (b.e. sh. 40—12-mi'n' ji'lli'qlar)

- kromanyon adam
- wotti'n' woylap tabi'li'wi'
- Samarqand, Ko'lbulaq wori'nlari' (Tash. wa'l.), Ferg'ana woypati'
- uri'w ja'ma'at'leri
- tag'i'nshaqlar, turaq jaylar quri'li'si', kesetug'i'n, jarg'i'laytug'i'n miynet qurallari'

Mezolit da'wiri (b.e. shekemgi 12—7-mi'n' ji'lli'qlar)

- oqli' sadaq, haywanlardi' qolg'a u'yretiw
- Obishir, Qosi'li'w, Mashay
- gu'ndeli diyqanshi'li'q (Aldi'n'g'i' Aziya)

Neolit da'wiri (b.e. shekemgi 6—4-mi'n' ji'lli'qlar)

- wo'ndiriwshi xojali'q
- mikrolitler, gu'lalshi'li'q, toqi'mashi'li'q
- woti'ri'qli' turmi's keshiriw



**I'laydan islengen ha'm wotta pisirilgen miynet qurallari'**



**Gu'lal i'di's sog'i'w**



**Neolit da'wiri diyqanlari' ha'm sharwalari'ni'n' qoni'slari'**

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Son'g'i' paleolit adami'ni'n' si'rtqi' ko'rinisin su'wretlep berin'.
2. Yen' a'yyemgi adamlar ja'ma'a'ti uri'wshi'li'q ja'ma'a'tinen nesi menen pari'qlanadi'?
3. Son'g'i' paleolit da'wirinin' a'hmiyetli woylap tabi'wlari'n ayti'n'.
4. Wo'zbekstan aymag'i'nan tabi'lg'an mezolit da'wirine tiyisli qaysi' arxeologiyali'q yesteliklerdi bilesiz?
5. Worta Aziyani'n' u'lken-u'lken aymaqlari'na yen' a'yyemgi qa'wimlerdin' ko'ship jaylasi'wi'ni'n' tiykarg'i' sebebin ayti'n'.
6. Mezolit da'wiri paleolit da'wirinen nesi menen pari'qlanadi'?
7. Neolit da'wiri woylap tabi'wlari'n sanap berin'.
8. Wo'ndiriwshi xojali'q — an'shi'li'q ha'm terimshilik nesi menen aji'raladi'?

## 4-§. Eneolit ha'm qola a'siri diyqanlari'



Gu'lal i'di'slar



Woqjay woqlari'ni'n' ushi'

**Yeste saqlan'!**

*Eneolit — mi's-tas a'siri.*



Qoladan islengen ilgeshek ha'm tas monshaqlar. B.e.sh. XVII a'sir

**Metall da'wirinin' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri** Neolit da'wiri aqi'ri'nda adamlar woylap tabi'w ha'm jan'ali'qlar arasi'nda yen' ulli'lari'nan birin jarati'wg'a miyasar boldi': birinshi metall-mi'stan paydalani'w, bul metaldan miynet qurallari' ha'm qural-jaraq jasawg'a wo'tildi.

Mi'stan jasalg'an qurallar tastan jasalg'anlari' menen birdey paydalani'li'wi' da'wirine eneolit — mi's-tas a'siri dep ataladi'. Bul da'wir erami'zg'a shekemgi IV—III mi'n' ji'lli'qlarg'a tuwri' keledi.

Tas qurallari'na qarag'anda arti'qshali'qlari'na qaramastan, mi's wonsha ken' tarqalmadi'. Adamlar mi'sti' qalayi', qorg'asi'n yaki cink penen birge qosi'p yeritip, qola payda bolg'annan keyin mi'sqa qarag'anda bekkem jasalma metall ken' tarqaldi'.

Metallurgiyani'n' rawajlani'wi' adamlardi'n' materialli'q ha'm ruwxi'y ma'deniyati'na u'lken ta'sir jasadi'. Erami'zg'a shekemgi IV mi'n' ji'lli'qta a'yyemgi Shi'g'i'sta da'slepki qalalar ha'm ma'mleketler payda bola basladi'. Worta Aziyani'n' qublasi'nda suwg'arma diyqanshi'li'q (irrigatsiya tiykari'nda) payda boldi', qam gerbishten ko'p bo'lmeli jaylar quri'la basladi'. Buyi'mlardi' pisiriw ushi'n gu'lal gu'zelerden, qumbi'zdan paydalani'wg'a kirisildi. Keramika buyi'mlar haywanlar, quslar ha'm wo'simlik ta'rizli nag'i'slar (japi'raqlar, gu'ller) menen bezetiletug'i'n boldi'.

Qola mi'sqa qarag'anda bir qansha qatti'li'g'i' sebepli erami'zg'a shekemgi III mi'n' ji'lli'q wortalari'nan baslap a'ste-aqi'ri'n miynet qurallari', qural-jaraq ha'm bezeniw zatlari'n tayarlawda paydalani'latug'i'n tiykarg'i' materialg'a aylani'p qaldi'.

Qola miynet qurallari'na iye bolg'an adamlar yendi ati'zlarg'a bir qansha jaqsi' ta'rbiya beriw ha'm yegin maydanlari'n ken'eytiw imkaniyati'n qolg'a kirgizdi. Na'tiyjede wolardi'n' yerkinde arti'qsha awi'l

xojali'q wo'nimleri payda boldi'. Sharwashi'li'q a'steaqi'ri'n diyqanshi'li'qtan bo'linip shi'g'a basladi'. Adamlar terimshilik ha'm an'shi'li'qtan diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'qqa wo'tti.

**Patriarxatti'n' baslani'wi'** Uri'wdi' hayal azi'q-awqat penen ta'miyinlewde basshi'li'q yetkenlikten matriarxat dawam yetip keldi. Jer aydap diyqanshi'li'q yetiw, sharwashi'li'q, wo'nermentshiliktin' payda boli'wi' menen uri'wdi' jeterli wo'nimler menen ta'miyinlew yer adamlardi'n' qoli'na wo'tti. Hayallar u'y xojali'q jumi'slari'na aylani'sa basladi'. Yendi uri'wli'q shan'arag'i'nda yer adamlar a'hmiyetli wori'n iyeley basladi'. Shan'araq quri'wda hayal yer adamni'n' shan'arag'i' uri'wi' i'qti'yari'na wo'tedi. Tuwi'sqanli'q yer adamni'n' ati' menen belgilenetug'i'n boldi'. Erami'zg'a shekemgi III mi'n' ji'lli'qqa kelip patriarxat da'wiri baslandi'. Ata uri'wi'na wo'tiw patriarxat shan'araqti'n' qa'liplesiwi menen ten'dey wo'tedi. Bunday shan'araq ata ta'repten jaqi'n ag'ayinlerinin' bir neshe a'wladlari'nan quralg'an yedi.

**Yeste saqlan'!**

Patriarxal shan'araq — ata ta'repten jaqi'n ag'ayinlerdin' bir neshe a'wladlari'nan quralg'an shan'araq esaplanadi'.



**Ji'lanlardi'n' ko'rinisi tu'sirilgen tas tumar. B.e.sh. 2-mi'n'ji'lli'q**

**Qola da'wiri diyqanlari'ni'n' qoni'slari'** Diyqanlardi'n' a'yyemgi qoni'slari'nan biri Zarafshan da'ryasi' basseynindegi Zamanbaba ko'li a'tirapi'nda tabi'lg'an. A'yyemgi diyqanshi'li'q qoni'slari' Xorezm aymag'i'nda da tabi'lg'an.

Surxanda'rya woypati'nda Sherabad a'tirapi'nan arxeologlar a'yyemgi diyqanlardi'n' qoni'slari'nan biri bolg'an *Sopollitepani'* tapti'. Qazi'wlar dawami'nda bul jerden turaq jay, xi'zmet ko'rsetiw ha'm xojali'qqa sa'ykeslengen bo'lmelerden quralg'an paxsa imarat, gu'lal buyi'mlar, qoladan islengen miynet qurallari' ha'm bezeniw zatlari' jasalg'an ustaxana qaldi'qlari', sonday-aq, iri-iri gu'zelerde saqlang'an biyday ha'm arpa da'ni tabi'lg'an.

Bunnan u'sh yari'm mi'n' ji'l buri'n Surxan oazisinde ha'zirgi Sherabadtan wonsha ali's bolmag'an wori'nda Jarqutan qoni'si' payda bolg'an yedi. Jarqutan qoni'si'



**Qoladan islengen bilezik. B.e.sh. XII a'sir**

**Yeste saqlan'!**

*Zamanbaba* — Buxara walayatı' Qarako'l rayonı'ndag'ı' Zamanbaba ko'li boyları'nda b.e.sh. 2 mı'n' ji'lli'qta jasag'an sharwalar ha'm diyqanlardi'n' a'yyemgi qoni'slari'.



**Jarqutan ma'kan jayi' qazi'lmalari'**

**Yeste saqlan'!**

*Sopollitepa* — Wo'zbekstanni'n' qublasi'ndag'i' qola a'siri diyqanlari'ni'n' qoni'slari' esaplanadi' (erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'q).



**Naqshlar bilan bezatilgan sopol idish**



**Mi's aynalar. Zamanbaba ma'kan jayi'**

jobasi'nda qalani'n' da'slepki belgileri ko'zge taslanadi'. Jarqutan yeki bo'limge bo'lingen yedi: Saray (hu'kimdarı' woti'ratug'i'n jer) ha'm ja'ma'a't ag'zalari', wo'nermentler ha'm sawdagerlerdin' arkti' qorshap turg'an u'yleri. Saray ishinde ibadatxana (tun'g'i'sh ibadatxana) bolg'an. Bul da'wirge tiyisli ma'kan jaylar Xorezm jerinde de tabi'lg'an ha'm u'yrenilgen.

Qola da'wiri ma'kan jaylari' xalqi' ha'r qi'yli' wo'nermentshilikler, toqi'mashi'li'q, gu'lalshi'li'qti' rawajlandi'ri'wda, bezeniw buyi'mlari'n jasaw, quri'li's tarawi'nda u'lken tabi'slarg'a yerisken yedi. Qola da'wirinde adamlar gu'lalshi'li'q u'skenesin ha'm do'n'gelekti woylap tapti'. Usi'layi'nsha ha'reket yetiw qurallari' da payda boldi'.

### *Tayani'sh konspekt*

***Eneolit da'wiri (b.e.sh. 4-mi'n' ji'lli'q – 3-mi'n' ji'lli'q wortalari')***

- arti'qsha wo'nim
- suwg'arma diyqanshi'li'q
- mi'stan jasalg'an miynet qurallari'
- Shi'g'i'stag'i' da'slepki ma'mleketler ha'm qalalar

***Bronza da'wiri (b.e.sh. 3-mi'n'ji'lli'q wortalari'—2-mi'n'ji'lli'q)***

- patriarxat
- Zamanbaba, Sopolli'tepa, Jarqutan
- gu'lalshi'li'q u'skenesi, do'n'gelek
- ibadatxana

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Eneolit da'wirinin' neolit da'wirinen tiykarg'i' ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.
2. Sizin'she mi'sti'n' woylap tabi'li'wi' qalay ju'z bergen?
3. Mi's qoladan nesi menen pari'qlanadi'?
4. Ne ushi'n matriarxattan patiarxatqa wo'tiw protsesi ju'z berdi?
5. Mayda ha'm iri sharwa qashan qolg'a u'yretile basladi'?
6. Diyqanlar turaq jay quri'li'si'nda qaysi' metallardan paydalang'an?

## 5-§. Temir a'sirine wo'tiw da'wirinde Worta Aziyani'n' rawajlani'wi'

**Temirden paydalani'w**

Adamlar mi's ha'm qoladan miynet qurallari'n jasawdi' u'yrengen waqi'tlardan berli aradan ko'p a'sirler wo'tti. Tek erami'zg'a shekemgi I mi'n' ji'lli'q baslari'nda g'ana temirden miynet qurallari'n jasaw imkaniyati' payda boldi'. Bul protsess bir qansha miynetti talap yetken, wo'ytkeni temir mi'sqa qarag'anda bir qansha joqari' temperaturada yeriydi (1500°C) Biraq, temir mi's ha'm qolag'a qarag'anda u'lken arti'qmashi'li'qqa iye: temir wolardan qatti'raq yedi.

Temirden birinshi boli'p Kishi Aziyada xettler (erami'zg'a shekemgi XIV—XIII a'sirler), son'i'nan qon'si' ma'mleketler (Mesopotamiya, Iran, Kavkaz arti') xali'qlari' paydalana basladi'. Temir buyi'mlardi'n' tarqali'wi' a'stelik penen barg'an. Temir siyrek ha'm qi'mbat bahali' metall bolg'ani' ushi'n, wonnan da'slep bezeniw buyi'mlari' si'pati'nda paydalang'an. Sonday bezewler Mi'si'r firauni' Tutanxamon maqbarasi'nan ha'm Kavkazdag'i' Maykop qorg'ani' yesteliginen tabi'lg'an.



A'yyemgi temirshiler

**Yeste saqlan'!**

Temirden birinshi boli'p kishi Aziyadag'i' xettler paydalana baslag'an (b.e.sh. XIV-XIII a'sirler), son'i'nan wolarg'a qon'si' bolg'an eki da'rya arali'g'i', Iran, Kavkaz arti' ellerinin' xalqi' da paydalang'an.



Gu'lal i'di'slar

**Yeste saqlan'!**

*A'skeriy demokratiya* — da'slepki ma'mleketshilikke wo'tiw da'wirinde qa'wimge saylap qoyi'latug'i'n a'skeriy sa'rdarlar basshi'li'q etken basqari'w formasi' boli'p tabi'ladi'.

Miynet qurallari'n jasaw ushi'n temirden paydalani'li'wi', yen' da'slep diyqanshi'li'q texnikasi'ni'n' rawajlani'wi'na ta'sir ko'rsetti. Temir paznali' gu'ndeler, temir baltalar payda boldi'. Bul miynet qurallari' u'lken-u'lken ati'zlarda diyqanshi'li'qti' rawajlandi'ri'wg'a imkan jarati'p berdi. Worta Aziyadan tabi'lg'an yen' a'yyemgi temirden jasalg'an buyi'mlar erami'zg'a shekemgi IX—VIII a'sirlerge tiyisli bolsa da, wolardan ko'pshiligi erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerge tiyisli.

Evropadan ayi'rmashi'li'g'i' sonda, Shi'g'i'sta diyqanshi'li'q tiykari'nan jasalma suwg'ari'w negizinde rawajlandi'. Gu'lge bu'rkelgen bag'lar ha'm wo'nimdarli' jerler Shi'g'i'sta kanallar ha'm salmalardi'n' ken' tarmag'i' ja'rdeminde ati'zlarg'a ag'i'zi'lg'an suw sebepli payda boli'wi' mu'mkin yedi.



Qoladan islengen qazan. B.e.sh. VI-V a'sir

**Ja'miyetlik du'zim**

Temir qurallardi'n' ken' tarqali'wi' miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'rdi'. Bul na'rse ja'ne de rawajlang'an wo'ndiris usi'li'na wo'tiwge tiykar saldi'. Uri'wli'q ja'ma'a'ti worni'n aymaqli'q qon'si'li'q ja'ma'a'ti iyeley basladi'.

Erami'zg'a shekemgi I mi'n' ji'lli'qti'n' baslari'nda Worta Aziyada xali'q to'rt toparg'a aji'rati'lg'an: ruwxaniylar, jawi'ngerler, diyqanlar, wo'nermentler.

Qa'wim-uri'w basli'qlari'ni'n' abi'royi' a'ste-aqi'ri'n arta basladi'. A'skeriy basshi'lardi'n' abi'royi' a'sirese arti'p ha'kimiyat atadan balasi'na wo'tetug'i'n boldi'.

Turaqli' a'skeriy soqli'g'i'si'wlar sha'rayati'nda qa'wim basshi'lari'ni'n' a'hmiyeti ha'm abi'royi' arta basladi', ja'miyet bolsa *a'skeriy demokratiya* qag'i'ydalari'na tiykarlani'p jasay basladi'.



Woqjay woqlari'ni'n' temir ushlari'

«Avesto»dan Worta Aziyada ja'miyettin' negizi «nmana» dep atali'wshi' u'lken patriarxal shan'araq bolg'ani'n bilip alami'z. Bir neshe «nmana»lar qa'wim ja'ma'a'ti — «vis»ti qurag'an. Aymaqli'q qon'si'li'q ja'ma'a'ti bolsa «varzana» dep atalg'an. Bunday ja'ma'a'tler qa'wimge — «zantu»g'a birlesken. Wo'z aymag'i'n qorg'aw ushi'n bir qansha qa'wimler

awqamg'a — «dahyu» g'a ja'mlesken. «Avesto»g'a qarag'anda ja'miyetti basqari'wdi'n' to'mendegi sistemasi' bar bolg'an:

- ♦ aqsaqallar ken'esi
- ♦ xali'q ji'ynali'si'
- ♦ wo'z aldi'na rayonlar hu'kimdarlari'
- ♦ wa'layatlar hu'kimdarlari'.

Xali'q uri'w ha'm qa'wim boyi'nsha yemes, al aymaqli'q *principlerge* qarap toparg'a bo'liniwi bizin' eramizg'a shekemgi IX-VIII a'sirlerde Worta Aziyada payda boli'p ati'rg'an da'slepki ma'mleket birlespelerinin' a'hmiyetli belgisi yedi.

**Yeste saqlan'!**

Ja'miyetlik du'ziminin' rawajlani'wi': **alg'ashqi' topar: uri'w → uri'w ja'ma'a'ti → aymaqli'q qon'si'li'q ja'ma'a'ti → qa'wim → qa'wimler awqami' → ma'mleket.**



**Temir pi'shaq. B.e.sh. VII-V a'sirler**

### *Tayani'sh konspekt*

- → b.e.sh. XIV—XIII a'sirler xettler (Aldi'ng'i' Aziya) birinshi boli'p temirden jasalg'an miynet qurallari'n tayarladi'
- → b.e.sh. I mi'n' ji'lli'qti'n' baslari' — Worta Aziyada temirden jasalg'an da'slepki miynet qurallari'
- → uri'wshi'li'q ja'ma'a'ti' — qon'si'li'q ja'ma'a'ti
- → a'skeriy demokratiyag'a wo'tiwi
- → «Avesto»: nmana
- → b.e. shekemgi IX-VIII a'sirler—O'rta Aziya aymag'i'nda da'slepki ma'mleket birlespelerinin' payda boli'wi'



**Temirden islengen qanjar ha'm qi'n. B.e.sh. I mi'n' ji'lli'q**

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ne ushi'n temirden qurallar mi'sqa qarag'anda kesh jasala basladi'?
2. Temirden miynet qurallari'n jasawdi'n' baslani'wi' ja'miyette qanday wo'zgerislerge ali'p keldi?
3. «Avesto»da patriarxal shan'araq, uri'wli'q ja'ma'a'ti, aymaqli'q uri'wli'q ja'ma'a'ti ha'm qa'wim qalay atalg'an?
4. Da'slepki ma'mlekettin' payda boli'wi' da'wirinde ma'mleketti basqari'w sistemasi' haqqi'nda ayti'p berin'.
5. Ma'mlekettin' payda bola baslawi' haqqi'nda qanday belgilerge qarap juwmaq shi'g'ari'w mu'mkin?



# II BO'LIM

# A'YYEMGI SHI'G'I'S HA'M WORTA AZIYA

## 6-§. Nil alabi' ha'm woni'n' xalqi'



Nil da'ryasi' woypati'

**Mi'si'r – Nil sawg'asi'**

Wo'zi menen birge la'zzet bag'i'shlawshi' salqi'n hawa ha'm mol zu'ra'a't ali'p keletug'i'n suwli' Nil sawlat penen ag'atug'i'n yedi. Ulli' da'rya Afrikani'n' arqa-shi'g'i'si'nda civilizaciya ju'zege keliwi ushi'n wori'n tayarlag'an. Ayag'i'nda bir qansha tarmaqlarg'a bo'linip ag'atug'i'n Nil da'ryasi' yen' son'i'nda bari'p-bari'p Jer Worta ten'izine quyatug'i'n yedi. Nil da'ryasi' quyarli'g'i'n grekler *delta* dep atag'an, wo'ytkeni ten'izge quyi'latug'i'n tarmaqlardi'n' toli'q ko'rinisi u'shmu'yesh ta'rizli yamasa grekshe «delta» ha'ribine uqsas bolg'an.

**Yeste saqlan'!**

Nil da'ryasi' bari'p-bari'p Jer Worta te-n'izine quyi'ladi'. Nil da'ryasi'ni'n' quyar-li'g'i'n grekler delta dep atag'an.

Nil woypati' — ha'r yeki jag'i's boylap 3 km.den tap jigirma yeki shaqi'ri'mg'a shekem ken'liktegi ha'm 6 mi'n' kilometr uzi'nli'qtag'i' suwg'ari'latug'i'n jerler yesa-planadi'. Nil alabi'n ha'r yeki ta'repten tawlar qorg'ani'w diywallari' si'yaqli' qorshap turadi', adi'rlar arjag'i'nda Kabir Sahrasi' ha'm Liviya sho'llerinin' ko'z ilmeytug'i'n qumli'qlari' to'selip ati'r. Da'ryani'n' yeki jag'asi'nda da qara topi'raqli' wo'nimdar jerler sozi'li'p jati'r. Alapli'lar jurti'na «Mi'si'r» — «Qara topi'raq» dep at bergen.

Ha'r qalay barqulla da bunday bolmag'an. A'yyemgi wo'tken zamanlarda Nil woypati' adam wo'te almaytug'i'n, papirus putalari' bir-birine ulasi'p ket-ken batpaqli'qlar menen qaplang'an, suwda yesap-sansi'z ji'rtqi'sh krokodiller jasaytug'i'n, qup-qurg'aq jerlerde jabayi' haywanlar padasi' gezip ju'retug'i'n, al batpaqli'qlarda za'ha'rli ji'lanlar jasaytug'i'n yedi.



Nil da'ryasi' jag'alawlari'nda

Waqi't wo'tken sayi'n klimat wo'zgerip bardi', suw da ji'ldan-ji'lg'a kemeye berdi. Arqa Afrika da sho'lge aylana basladi'. Adamlar Nil woypati'n ha'm deltasi'n

wo'zlestire basladi'. Solay yetip, diyqanshi'li'q xali'qti'n' tiykarg'i' ka'sibine aylandi'. Erami'zg'a shekemgi IV mi'n'ji'lli'q baslari'nda adamlar Nil da'ryasi' jag'alawi'ndag'i' jerlerdi wo'zlestiriwge bel bayladi'.



**Nil daryasi' woypati'**

**Mi'si'rli'lardi'n ka'sipleri**

Nil da'ryasi' maydanlari'n suwg'a basti'ri'p, ken'-mol aqqan ji'llarda mi'si'rli' diyqanlar zu'ra'a'ti de bereketli bolatug'i'n yedi.

Mi'si'rli' diyqanlar biyday ha'm arpa sonday-aq zi'g'i'r yegetug'i'n yedi, jetistirilgen kenepten bolsa gezleme toqi'ytug'i'n yedi. Nil woypati'nda ju'zim, qawi'n, anar, xurma, piyaz, qi'yar, lobiya si'yaqli' miywe ha'm pali'z wo'nimleri jetilistiretug'i'n yedi.

A'yyemgi zamanda jerdi gu'nde menen aydaytug'i'n yedi, tuqi'mdi' qolda sebetug'i'n yedi, son'i'nan tuqi'mdi' jerge sin'iriw ushi'n qaramallardi' ati'zdan aydap wo'tetug'i'n boldi'. Miynet qurallari' jetilisiwi menen gu'nde ha'm haywanlar ku'shinen paydalana basladi'. Si'yi'rlar, wo'gizler, qoylar, yeshkiler, shoshqalardi' bag'atug'i'n yedi, a'dette wo'gizlerdi ati'z jumi'slari'na paydalanatug'i'n yedi.

Mi'si'r diyqanlari' tuqi'm sebiw ha'm zu'ra'a'tti ji'ynap ali'w jumi'slari'n a'detten ti'sqari' waqi'tlarda wo'tkeretug'i'n yedi. Iyul-sentyabr aylari'nda dem ali'p, tuqi'mdi' yegiwge tayarlaytug'i'n yedi. Negedur bul waqi'tta barli'q jerlerdi suw ali'p ketetug'i'n yedi. Gu'zde jerlerge tuqi'm seber, suwg'ari'w ushi'n arnalar ha'm salmalardi' tazalaytug'i'n yedi, sebebi jawi'n ju'da' az jawatug'i'n yedi. Qi'sta bolsa zu'ra'a'tti ji'ynap ali'w baslanadi'. Masaqlardi' mi's woraq penen wori'p alatug'i'n yedi, son'i'nan tu'yek aydalatug'i'n arnawli' wori'nlarg'a tasi'p a'kelip, biyday yamasa arpa bawlari' u'stinen haywanlardi' aydap tu'yekleytug'i'n yedi. Qi'rman worni'nan shi'qqan da'ndi gu'la'l gu'zelerde saqlaytug'i'n yedi. Bul ila'j da'ndi yesap-sansi'z kemiriwshiler zi'yankeslerden aman saqlaytug'i'n yedi.




**Mi'si'r patshali'g'i'**

**Wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi'**

A'yyemgi Mi'si'r wo'nermentlerinin' 30 dan aslam ka'sipleri bolg'an. Mi'sshi'lar mi'sti' yeritse, temirshiler wonnan miynet qurallari'n isleytug'i'n yedi. Gu'lallar i'laydan



Sawda-sati'q



Mi'si'r firaunlari'ni'n' tajlari'



Joqari' Mi'si'r patshasi' To'mengi Mi'si'r patshasi'n wo'limge buyi'rmaqta

ha'r qi'yli' i'di's-tabaqlar jasaytug'i'n yedi, bekkem boli'wi' ushi'n qumbi'zda pisiretug'i'n yedi. Quri'wshi'lar saraylar, ibadatxanalar ha'm imaratlar qurg'an. A'piwayi' mi'si'rlı'lardi'n' u'yleri i'lay si'balg'an papirus paqallari'nan, zi'yali'lardi'n' u'yleri bolsa saban qosi'p islengen i'laydan jasalg'an, quyashta keptirilgen qam gerbishten quri'lg'an. Hu'kimdar firaunlari', saraylari' ha'm shirkewler tastan quri'lg'an. Ustalar ha'm ag'ash ustalari' ayna ha'm yesikler, ha'r qi'yli' ruwzi'gershilikke kerekli mebeller sog'atug'i'n yedi. Keme sog'i'wshi'lar qami'stan qayi'qlar, al ag'ashtan bolsa kemeler sog'atug'i'n yedi. Ka'nshiler ha'm toqi'wshi'lar kiyimkenshek ushi'n gezlemeler tayarlasa, al tigiwshiler lipaslar tigetug'i'n yedi. Zergerler alti'n ha'm qi'mbat bahali' taslardan tag'i'nshaqlar jasag'an.

**Mi'si'r ma'mleketinin' du'ziliwi**

Adamlar erami'zg'a shekemgi IV mi'n'ji'lli'q aqi'ri'nda Nil woypati'ndag'i' mashaqatli' turmi's sha'rayati'na iykemlese basladi'. Tarqaq ma'kan jaylar «nom» dep atalg'an da'slepki ma'mleketlerge birlesti.

Waqi'tti'n' wo'tiwi menen a'ste-aqi'ri'n qa'wim basshi'lari' hu'kimdarlarg'a — patshalarg'a aylandi', aqsaqallar bolsa basqari'w jumi'slari'nda wolarg'a ja'rdem berdi. Qazi'lar wo'z aldi'na abi'roy ha'm hu'rmetke iye bolg'an. Qazi'lar diniy ma'resimlerdi atqari'p, a'hmiyetli isler aldi'nda qudaylardan ma'det sorap si'yi'natug'i'n yedi.

Mi'si'rda yeki patsha hu'kimdarli'q yetken. Birewi To'mengi Mi'si'rda, basqasi' bolsa Joqari' (Qubla) Mi'si'rda ma'mleketti basqarg'an. Erami'zg'a shekemgi 3000-ji'lda yeki ma'mleket arasi'nda baslang'an uri'sta Joqari' Mi'si'r hu'kimdari' Menes jen'ip shi'qti'. Menes birlesken ma'mlekettin' birinshi hu'kimdari', yag'ni'y firaun boldi'. Birden bir birlesken ma'mleket ushi'n jan'a paytaxt bolg'an *Memfis* qalasi' quri'ldi'.

Ali'mlar Mi'si'r tariyxi'n *Da'slepki, A'yyemgi, Worta, Jan'a* ha'm *Son'g'i'* patshali'q da'wirlerge aji'ratqan.

Waqi'tti'n' wo'tiwi menen «nom»lar hu'kimdarlari'

wo'z mal-mu'lkin ko'beytip aldi', Mi'si'r ja'ne g'a'rezsiz ma'mleketke aylang'an wo'z aldi'na «nom»larg'a bo'linip ketti. 200 ji'ldan keyin ma'mlekettin' qayta birlesiwi ju'z berdi, solay yetip, Worta patshali'q hu'kimranli'g'i' da'wiri baslandi'. Bul ma'mlekettin' paytaxti' *Fiva* qalasi' yedi.



**Ati'zda islew**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***«Nom» — bul...*** | ***Memfis ha'm Fiva — bul...*** |
| ***Menes — bul...*** | ***Firaun — bul...*** |

***Tayani'sh konspekt***

- Afrikani'n' arqa shi'g'i'si' — b.e. shekemgi IV mi'n' ji'lli'q basi'
- Nil → delta → Jer Orta ten'izi
- «Qara topi'raq» — eni 3 km.den 22 km ge shekem uzi'nli'g'i' 6 mi'n' km
- diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q
- papirus—jaylar quri'li'si'—jazi'w
- ma'mleketler—«nomlar»
- b.e. shekemgi 3000-ji'l—Birden-bir birlesken Mi'si'r
- paytaxt—Memfis—Fiva

**Yeste saqlan'!**

Ali'mlar Mi'si'r tariyxi'n da'slepki, A'yyemgi, Worta Jan'a ha'm Son'g'i' patshali'q da'wirlerine bo'lgen.

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ne ushi'n mi'sırli'lar wo'z ma'mleketin «Nil sawg'asi'» dep ta'riplegen?
2. A'yyemgi Mi'si'rdi'n' ta'biyiy sha'rayati' nege diyqanshi'li'q ushi'n qolay yedi?
3. Kartadan A'yyemgi Mi'si'rdi' tabi'n'. Nil da'ryasi' deltasi'. To'mengi ha'm Joqarg'i' Mi'si'rdi' ko'rsetin'.
4. Ne sebep uzaq waqi'tqa shekem adamlar Nil woypati'na ko'ship qoni'slanbag'an?
5. Mi'si'rli'lardi'n' ka'siplerin sanap berin'.
6. A'yyemgi Mi'si'r tariyxi' qanday da'wirlerge bo'lingen?

## 7-§. Mi'si'r ha'm qon'si' xali'qlar

**A'yyemgi Mi'si'rli'lardi'n' qon'si'lari'**

Mi'si'r qubladan Nubiya menen shegaralas bolg'an. Bul yelge mi'si'rli'lar Nildi jag'alap alti'n, smola, pildin' su'yegi, siyrek sortli' ag'ashlardi' almasti'ri'w ushi'n baratug'i'n yedi.



**Kanallar ha'm salmalar ja'rdeminde yeginlerdi suwg'ari'w**



Tutanxamon taxti'

Mi'si'rdi'n' bati'si'nda Liviya sho'linde usi' attag'i' ma'mleket jaylasqan yedi. Sahra xalqi' ko'shpeli sharwalar bolg'an. Arabstan sahrasi'nda hesh kim jasamaytug'i'n yedi, biraq wol arqali' wo'tetug'i'n jol Sinay yari'm atawi'na ali'p barar, al bul jerde mi's qazi'p ali'natug'i'n yedi. Sinay yari'm atawi'nan arqaraqta Palestina, woni'n' qaptali'nda Siriya jaylasqan yedi. Bul yeller mi's ha'm temir rudasi'na ha'mde basqa paydali' qazi'lmalarg'a bay yedi. Palestina ha'm Siriyadan mi'si'rli'lar wo'nermentler jasag'an buyi'mlar ha'm siyrek taslardi' da ali'p keletug'i'n yedi.

**Firaunlarldi'n' basi'p ali'wlari'** Worta patshali'q da'wirinde Sinay yari'm atawi' basi'p ali'ndi', jergilikli qa'wimler Mi'si'rg'a jer sali'g'i'n to'ley basladi'. Firaunlar Nubiya ha'm Liviyag'a da uri's ashi'p, qalalardi' talatti', tutqi'nlar, sharwa mallari' ha'm basqa bayli'qlardi' iyelep aldi'. Worta patshali'q firaunlardi' Qubla Palestina jerleri ha'm Nubiya arqasi'n Mi'si'rg'a qosi'p ali'wg'a miyasar boldi'.

**Yeste saqlan'!**

Nubiya, Liviya, Suriya ha'm Palestina elleri a'yyemgi mi'si'rli'larg'a qon'si' bolg'an.

Erami'zg'a shekemgi XVIII a'sirdin' aqi'ri'nda ko'shpeli giksoslar qa'wimleri Mi'si'rg'a hu'jim jasadi'. Mi'si'rli'lardi'n' piyada a'skerlerinen ayi'rmashi'li'g'i' giksoslardi'n' tiykarg'i' ku'shi jen'il arbalar — atlar qosi'lg'an jawi'nger arbalari' bolg'an. Bir a'sker atlardi' basqari'p turg'an waqi'tta yekinshisi woqjaydan dushpanlardi' go'zlep atatug'i'n yedi. To'mengi Mi'si'rdi' basi'p alg'an giksoslar mi'si'rli'lardi'n' qalalari' ha'm awi'llari'na hu'jim jasadi', wolardi' ayawsi'z taladi' ha'm adamlardi' tutqi'n yetip ali'p ketti.



A'yyemgi Mi'si'r a'skerlerinin' gu'laldan jasalg'an ha'ykelleri

Bul waqi'tta Worta patshali'q ko'plegen mayda «nom»larg'a bo'linip ketken yedi, wolar giksoslarg'a jer sali'g'i'n to'leytug'i'n yedi. Tek Fiva qalasi' hu'kimdarlari' g'ana giksoslarg'a bag'i'nbadi'.

Basqi'nshi'lardi'n' yeziwshiliginen quti'li'w ilaji'n izlegen «nom»lar hu'kimdarlari' Fiva qalasi' do'geregine birlese basladi'. Ko'p wo'tpey-aq Joqari' Mi'si'rdi'n' barli'q «nom»lari' Fiva nomi' firauni' do'geregine birles-

ti. Bir qansha sawashlarda firaun Yaxmos giksoslardi' qi'yrati'p, basqi'nshi'lardi' Mi'si'rdan quwi'p shi'qti'. Bag'i'nbag'an hu'kimdarlardi' wo'zine boysi'ndi'rg'an Yaxmos jan'a firaunlar dinastiyasi'ni'n' tiykari'n sali'wshi'g'a aylandi', mine usi' firaun zamani'nan Jan'a patshali'q da'wiri baslanadi'. Yaxmos hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Mi'si'r joqari' ku'sh-qu'diret shi'n'i'na yeristi.

**Firaunlar atlani's-lari'ni'n' na'tiyjeleri**

Eldi azat yetken Jan'a patshali'q hu'kimdarlari' qon'si' ma'mleket-ler menen uri'sti' yendi basqi'nshi' si'pati'nda dawam yetti. Wo'z armiyasi'n qi'li'shlar ha'm tabarzinler — sabi' uzi'n jawi'ngerlik aybaltalar, sonday-aq, jawi'ngerlik arbalar menen qurallandi'rg'an firaunlar Nubiya ha'm Aldi'n'g'i' Aziya yellerine hu'jimdi baslap jiberdi.

Bir neshe atlani'slardan keyin firaunlar derlik pu'tkil Nubiyani' Mi'si'rg'a qosi'p aldi'. Liviya qa'wimlerin sali'q to'lewge ma'jbu'r yetti. Erami'zg'a shekemgi 1500-ji'llar a'tirapi'nda firaun Tutmas II u'lken atlani'slar sho'lkemlestiriwge yeristi. Palestina ha'm Siriyani' basi'p ali'w baslandi', bir neshe won ji'l dawam yetken atlani'slarda ti'ni'shli'q su'yer qa'wimlerdi u'zil-kesil boysi'ndi'ri'w qi'yi'n boldi'. Tek g'ana firaun Tutmas III Palestinani' basi'p ali'wg'a yeristi.

Boysi'ndi'ri'lg'an xali'qlar mi'si'rli'lardan g'a'zeplenip, wo'z yerki ha'm azatli'g'i' joli'nda gu'resetug'i'n yedi. Mi'si'r firaunlari' bir neshe ji'l jergi-likli qa'wimler menen uri'sti'. Bul na'rse firaunlardi'n' din'kesin quri'tti', ma'mleket ha'lsirep qaldi', jan'a patshali'q ta wo'z aldi'na «nom»larg'a bo'linip ketti.

Erami'zg'a shekemgi VII a'sirde Mi'si'r tag'i' da bir pu'tin ma'mleketke birlesti, yeldin' ekonomika ha'm ma'deniyati' rawajlana basladi'. Biraq erami'zg'a shekemgi VI a'sirde Mi'si'rg'a jan'a bir dushpan basti'ri'p kirdi. Parsi'lardan u'lken a'sker toplag'an Iran shahanshahi' Kir II nin' balasi' Kambiz erami'zg'a shekemgi 525-ji'li' Mi'si'rdi' basi'p aldi'.

**Yeste saqlan'!**

Firaun Yaxmos giksoslardi' qi'yrati'p, basqi'nshi'lardi' Mi'si'rdan aydap shi'g'ardi'. Yaxmos jan'a firaunlar dinastiyasi'ni'n' tiykari'n sali'wshi'g'a aylandi' ha'm Jan'a patshali'q da'wiri baslandi'.



**Tutmas III a'skerleri qalag'a hu'jim jasamaqta**

Yeste saqlan'!

Kir II ning balasi' Kambiz b.e.sh. 525-ji'li' Mi'si'rdi' basi'p aldi'.

*Wo'zin'izdi si'nan'!*

*Giksoslar — bul...*
*Yaxmos — bul...*
*Tutmas III — bul...*



Ayyemgi parsi' patshasi' Kambiz II ta'repinen tutqi'ng'a ali'ng'an mi'si'rli'lar

*Tayani'sh konspekt*

- → Mi'si'r shegaralari'—Nubiya, Liviya, Palesti'na, Siriya
- → Mi'si'r ta'repinen qon'si' ellerdin' basi'p ali'ni'wi'
- → b.e. shekemgi XVIII a'sir—giksoslar ta'repinen To'mengi Mi'si'rdi'n' basi'p ali'ni'wi'
- → Yaxmos → giksoslardi'n' quwi'p shi'g'ari'li'wi' → Jan'a patshali'q
- → Tutmas II → b.e. shekemgi 1500-ji'llar → basqi'nshi'li'q atlani'slari'

Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. A'yyemgi Mi'si'rg'a qon'si' bolg'an ma'mleketlerdi sanap berin' ha'm kartadan ko'rsetin'.
2. A'yyemgi Mi'si'r firaunlari' qaysi' yellerdi basi'p alg'an yedi?
3. Ne sebep ko'shpeli giksoslar Mi'si'r ushi'n qorqi'ni'shli' ku'shke aylandi'?
4. Qaysi' firaun hu'kimdarli'g'i' da'wirinde giksoslardi' yelden quwi'p shi'g'ari'wg'a yerisildi?
5. Jan'a patshali'q hu'kimdarlari' qaysi' aymaqlardi' basi'p aldi'?
6. Mi'si'r qashan ha'm kim ta'repinen basi'p ali'ndi'?



Geliopoldag'i' Quyash qudayi' Ra ibadatxanasi' (Baolbek)

## 8-§. A'yyemgi Mi'si'r dini

**Mi'si'rli'lardi'n' qudaylari'**

Mi'si'r xalqi' ushi'n din ku'ndelikli turmi'sti'n' aji'ralmas bir bo'legi yesaplang'an. A'yyemgi mi'si'rli'lar qudaylar haywanlar gewdesine wo'tip ali'p, pi'shi'q, qoy, wo'giz, ari'slan, si'yi'r si'yaqli' formalarda adamlar arasi'nda jasaydi' dep yesaplag'an. Mi'si'rli'lar qudaylardi'n' bir neshe jani' bar: wolardan biri haywan denesinde, basqasi' bolsa haywan ha'ykelinde jasaydi' dep woylaytug'i'n yedi. Mi'si'rli'lardi'n' u'yindegi taxtada qudaylardi'n' ha'ykelleri wornati'lg'an. Ruwxani'ylar ibadatxana ruwxani'ylari', wolar qudaylardi' dinshiller sawg'a yesabi'nda ali'p kelgen na'rseler menen bag'adi' dep yesaplag'an.



Apis. Bug'a ti'msali'ndag'i' wo'nimdarli'q qudayi'

A'yyemgi Mi'si'r patshali'g'i'ni'n' paytaxti' Memfista wo'z qudayi' — Ptax bolg'an. Ptax mi'si'rli'lar isenimi boyi'nsha du'nyani' jarati'p ati'rg'anda ha'r bir na'rsenin' ati'n adamg'a u'yretken. Quday sonshelli qu'diretli bolg'anli'qtan, woni' negizgi ko'rinisinde ko'riwdin' ilaji' joq. Soni'n' ushi'n da Ptax degen qudaydi'n' jer betindegi ko'rinisi Apis boli'p, wol peshanasi' ha'm belinde aq qasqasi' bolg'an qara wo'giz ko'rinisinde su'wretlengen.

Mi'si'rli'lar wo'z qudaylari'na berilip isenetug'i'n yedi, ha'r bir isti baslawg'a kirisiwden aldi'n wolardan ma'sla'ha't, ma'det yamasa razi'li'q soraytug'i'n yedi.



Quyash qudayi'-
Amon-Ra

Erami'zg'a shekemgi 2 mi'n'i'nshi' ji'ldan baslap Quyash qudayi' Amon-Ra degen quday bolsa firaunlardi'n' basli' qu'direti ha'm qa'wenderi yesaplang'an. Da'slep yeki quday bolg'an: Fiva qalasi' qa'wenderi Amon ha'm Quyash qudayi' Ra, son'i'nan yekewi bir qudayg'a birlesken.

Geliopolda woni'n' ibadatxanasi' (Baolbek) jaylasqan.

Firaunlar Quyash qudayi'ni'n' perzentleri, hu'kimdarlar barli'q isti wo'zinin' ko'ktegi atasi'ni'n' a'miri menen a'melge asi'radi', degen ko'zqaras bar yedi.

Xapi — Nil qudayi' — Mi'si'rdag'i' tirishiliktin' birlemshi deregi ha'm qorg'awshi'si', Osiris — jer asti' saltanati' qudayi' yesaplang'an. Ra'wiyatta ayti'li'wi' boyi'nsha, Osiris Mi'si'rdi'n' da'slepki patshalari'nan biri boli'p, wo'z xalqi'n diyqanshi'li'qqa u'yretken yeken. Dosti' Set bolsa Osiristi wo'ltiredi. Biraq Osiristin' hayali' Isida woni' mumiyalag'an ha'm qayta tiriltken yeken. Sonnan baslap janni'n' qayti'p keletug'i'n worni' boli'wi' ushi'n barli'q wo'liler mumiyalanadi'. Osiris ibadatxanasi' qaldi'qlari' Abidos qalasi'nda ha'zirge shekem saqlani'p qalg'an.



Isida-Osiristin' hayali'

### Ruwxaniylar ha'm ibadatxanalar

Ruwxaniylar qudaylar ha'm adamlar arasi'nda baylani'sti'ri'wshi' bolg'an. Mi'si'rli'lar isenimine qara-g'anda nabada jer betinde arnawli' ma'resimler wori'nlanbasa, qudaylar adamlarg'a ma'det bermey qaladi'. Ruwxaniylar diniy ma'resimlerdi bilip, qurbanli'q bag'i'shlaytug'i'n yedi. Ku'ndelikli turmi'sta da ruwxani'ylarsi'z bir na'rse islew



Tot-Ay, dani'shpanli'q
ha'm ta'wipshilik
qudayi'



**Anubis-marhumlar ham mumiyalang'anlar qudayi'**



**Maat – haqi'yqatli'q, shi'nli'q ha'm a'dillik qudayi'**



**Xatxor – muzi'ka, go'zzalli'q ha'm muhabbat qudayi'**

qi'yi'n yedi. Ruwxaniylar Nildin' tasatug'i'n waqti'n, qashan tuqi'm sebiw kerekligin ha'm qashan zu'ra'a'tti ji'ynap ali'w mu'ddetin ani'q biletug'i'n yedi. Barli'q «nom»larda ibadatxanalar bolg'an, firaunlar wolarg'a u'lken-u'lken bayli'q ha'm jerler sawg'a yetetug'i'n yedi. Tiykarg'i' qudaylarg'a atap quri'lg'an ibadatxanalar u'lken-u'lken jer mu'lklerine iyelik yetetug'i'n yedi. Ha'r bir tabi'sli' basqi'nshi'li'q atlani'stan keyin firaunlar woljani'n' bir bo'legin ibadatxanalarg'a si'yli'q yetetug'i'n yedi.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Ptax — bul...*** | ***Xatxor — bul...*** |
| ***Apis — bul...*** | ***Isida — bul...*** |
| ***Amon-Ra — bul...*** | ***Maat — bul...*** |
| ***Tot — bul...*** | ***Osiris — bul...*** |

### *Tayani'sh konspekt*

- → qudaylar adamlar arasi'nda jasaydi' dep esaplag'an
- → Amon-Ra
- → Ptax → Apis
- → Xapi, Osiris, Set, Xatxor, Anubis, Tot
- → ibadatxanalar → ruwxaniylar → qurbanli'q etiw

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Mi'si'rli'lardi'n' haywan ti'msali'ndag'i' qudaylarg'a si'yi'ni'wi' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Ne sebep Quyash qudayi' Mi'si'rdi'n' bas qudayi' yesaplang'an?
3. A'yyemgi mi'si'rli'lar dininin' yen' a'yyemgi adamlardi'n' diniy isenimi menen uqsasli'g'i' nede?
4. A'yyemgi Mi'si'r qudaylari'n sanap berin'.
5. Mi'si'r ruwxaniylari'ni'n' abi'royi' ha'm ku'sh-qu'direti nede?

## 9-§. Piramidalar ha'm maqbaralar

**Barli'q na'rse waqi'ttan qorqadi', waqi't bolsa piramidalardan!**

A'yyemgi ha'm Worta patshali'qlar da'wirinde mi'si'rli'lar qurg'an u'lken piramidalar firaunlar jerlenetug'i'n wori'n — maqbaralar bolg'an.

Wo'tken mi'n'ji'lli'qlar dawami'nda ko'plegen qalalar ha'm ma'mleketler joq boli'p ketti, shirkewler ha'm saraylar wayran boldi', tek piramidalar waqi'ttan qori'qpaydi', tek piramidalar g'ana to'rt mi'n' ji'ldan aslam da'wir dawami'nda wo'zgermesten tur.

Yen' belgili piramidalar Memfis qalasi' a'tirapi'nda u'sh firaun—Xufu, Xafra ha'm Menkaura ushi'n quri'lg'an. Bul piramidalar du'nyani'n' jeti ka'ramatlari'nan biri, soni'n' menen birge wolar arasi'nda da ha'zirge shekem saqlani'p qalg'an birden-bir quri'li's yesaplanadi'. Yen' u'lken piramida Xufu (grekler woni' Xeops dep atag'an) ushi'n erami'zg'a shekemgi 2600-ji'li' quri'lg'an yedi. Woni'n' biyikligi 147 metr.

Piramidani'n' ha'r biri yeki tonnadan awi'ri'raq bolg'an 2,5 million dana tas bloklardan quri'lg'an. Bloklar sonshelli da'rejede ani'q wo'lshem menen kesilgenlikten wolardi'n' arasi'ndag'i' jari'q 0,5 millimetrden de aspaydi'. Piramidani'n' ishinde da'liz benen tutasti'ri'lg'an bir neshe wo'jireler bar. Wolardi'n' birinde firaunni'n' mumiyalang'an denesi sali'ng'an tastabi't — sarkofag jaylasqan yedi.

Mi'si'rli'lar insan wo'lgennen son' wo'zge bir du'nyag'a jol aladi', bul turmi'sta paydalani'lg'an na'rselerinin' barli'g'i' wo du'nyada da kerek boladi' dep yesaplag'an.

Maqbaralardi'n' ishi bolsa ayatlar ha'm g'arg'i'slardan ibarat jazi'wlar menen qaplang'an, wolar firaundi' qorg'awi' ha'm wo'zge du'nyag'a wo'tip barati'rg'anda wog'an ja'rdem beriwi mo'lsherlengen.

Iri piramidalardi' wortasha 20 ji'l dawami'nda qurg'an. Bul awi'r miynet yekenligi si'r yemes. Piramidalardi' sfinkslar — denesi ari'slan ha'm basi' adamdikine uqsag'an u'lken ha'ykeller qorg'aydi'.

Jan'a patshali'q da'wirinde basqa piramida quri'lmay qaldi'. Firaunlardi' tawlarg'a woyi'lg'an tas maqbaralarg'a jerleytug'i'n bolg'an. Wolarg'a kire bergendegi jollardi' jawi'p taslag'an.



**Piramida quri'li'si'nda**



**A'yyemgi piramidalar woypati'ni'n' ko'rinisi**



**Piramidani' qorg'ap ati'rg'an Sfinks**



**Tutanxamonni'n' alti'n ni'qabi'**



**Ibadatxana diywallari'**



**Osiris — jer asti' saltanati' qudayi'**

Yen' belgili maqbara firaun Tutanxamong'a tiyisli bolg'an. Maqbara ishindegi qi'yalg'a kelmeytug'i'n bayli'qlar bizge shekem jetip kelgen.

### Mumiyalaw

A'yyemgi mi'si'rli'lar insan du'nyadan wo'tkennen keyin marhumlar saltanati'na ketedi, sol jerde wo'mirin dawam yetedi dep yesaplag'an. Biraq, marhumlar saltanati'ndag'i' turmi's, mi'si'rli'lardi'n' pikirinshe Osiris sudi'ni'n' na'tiyjelerine baylani'sli' boladi'. Ta'rezinin' bir pa'llesine marhumni'n' ju'regi, basqasi'na bolsa qus pa'rleri qoyi'ladi'. Nabada ta'rezi pa'lleleri ten'lesse, demek, insan bul du'nyadag'i' wo'mirinde tek jaqsi'li'q isler islegen boladi', wol du'nyadan wo'tkennen son' a'jayi'p bir sha'rayatta wo'mirin dawam yetedi. Nabada, ju'rek awi'ri'raq kelse, demek insan bir qansha jaman islerdi islegen boli'p shi'g'adi', qorqi'ni'shli' maqluqlarg'a jem boladi'. Osiris aldi'nda go'zzal ko'riniste boy tiklew ushi'n bolsa, mi'si'rli'lar insan denesin mumiyalag'an.

A'dette mumiyalaw 70 ku'nge shamalas dawam yetken. Denege arnawli' islew berilgennen keyin ko'plegen gezlemeler menen worag'an, qi'mbat bahali' tag'i'nshaqlar menen bezetilgen. Gezlemelerdin' qabati' arasi'na talabi'n won'i'nan keltiretug'i'n tumarlar qoyi'lg'an. Solayi'nsha islew berilgen insan tabi'ti' mumiya delingen. Biraq, mumiyalaw tek marhumni'n' izinde qalg'an bay tuwi'sqanlari'na g'ana nesip yetetug'i'n yedi.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

Piramidalar — bul...

Tastabi't — bul...

Mumiyalaw — bul...

Sfinks — bul...

### Qa'sterli haywanlar

Mi'si'rli'lardi'n' diniy isenimi boyi'nsha qudaylar ko'binese qa'sterli haywanlar ko'rinisinde ko'zge ko'rinedi. Mi'si'rli'lardi'n' quday-

lari’ ko’p bolg’ani’ sebepli derlik barli’q haywan quday dep yesaplang’an. Pi’shi’q, qoy, wo’giz, si’yi’r, ari’slan, lashi’n, ji’lan ha’m basqalardi’ qa’sterli haywanlar dep woylag’an.

Ja’nlikler arasi’nda qara qon’i’z ayri’qsha hu’rmet itibarg’a i’layi’q yedi. Mi’si’rli’lar Jer shari’n da qara-qon’i’zlar domalati’p barati’rg’an shar si’yaqli’ aspan ken’isliginde aylani’p gezip ju’redi dep yesaplag’an. So-ni’n’ ushi’n da qaraqon’i’zlar Quyashti’n’ ja’rdemshileri yesaplang’an. Denesinde Bastet degen qu’diret gewdelengen pi’shi’qti’n’ hu’rmetine sho’lkemlestirilgen bayramlarda Mi’si’rdi’n’ barli’q xalqi’ qatnasqan. Qa’sterli haywanlardi’ da misli du’nyadan wo’tken adam si’yaqli’ mumiyalag’an, izzet-hu’rmet penen jerlegen.



**Mumiyalang’an iyt**

### *Tayani’sh konspekt*

- → piramida — firaun maqbarasi’
- → Xufu → Xafra → Menkaura
- → Xufu (Xeops—grekshe)—erami’zg’a shekemgi 2600-ji’llar
- → sfinks
- → Tutanxamon
- → mumiyalaw — 70 ku’n → mumiya



**Muqaddes yesaplang’an qon’i’zlar**

*Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. A’yyemgi Mi’si’r hu’kimdarlari’ piramidalardi’ qanday maqsette qurdi’rg’an?
2. «Barli’q na’rse waqi’ttan qorqadi’, waqi’t bolsa piramidalardan» so’zin qalay tu’sinesiz?
3. Mi’si’rdag’i’ yen’ belgili piramidalar qay jerde quri’lg’an?
4. Ne sebep firaunlardi’ jerlep ati’rg’anda maqbarag’a tiriliginde paydalang’an buyi’mlardi’ qosi’p ko’mgen?
5. Marhumlar qanday maqsette mumiyalang’an?



**Pi’shi’q ko’rinisindegi go’zzalli’q qudayi’— Bastet**

## 10–11-§§. A'yyemgi Mi'si'r ma'deniyati'



Xatker ha'ykeli

### Jazi'w

A'yyemgi Mi'si'rli'lar jazi'wi' birinshilerden boli'p payda bolg'an jazi'wlardan yesaplanadi'. Da'slep ha'r bir so'z su'wret ko'rinisinde jazi'lg'an. Jazi'wdan g'arg'i'slar ha'm ma'resimlerdi jazi'p bari'wda paydalang'an, soni'n' ushi'n da woni' «qa'sterli» yamasa «qudaylar so'zi» dep atag'an.

A'yyemgi grekler wolardi' «ieroglifler» degen. (tasqa woyi'lg'an qa'sterli jazi'wlar ma'nisin an'latadi'). Jazi'wlar maqbaralar diywallari'na ha'm qudaylardi'n' ha'ykellerine woyi'p jazi'lg'an. Mi'si'rli'lar a'lipbesi 750 ierogliften ibarat bolg'an. Ha'r bir so'z wo'zinde bir qansha simvollar ha'm ti'msallardi' sa'wlelendirgen. Ieroglifl erdi u'yreniw ju'da' qi'yi'n jumi's boli'p, sawat ashi'w ko'pshilikke nesip yete bermegen. Ierogliflerdi qami's qi'lqa'lem menen papirusqa, yag'ni'y papirus paqali'nan islengen qag'azg'a jazg'an. Ha'r qi'yli' ren'degi mineral boyawlar si'ya wazi'ypasi'n atqarg'an. Bilim ali'p ati'rg'anda gu'lal buyi'mlar bo'legine yamasa ha'ktasqa jazatug'i'n yedi. Qolda jazi'w wo'nerin iyelegen adamlar joqari' da'rejedegi mag'li'wmatli' ha'm sawatli' adamlar yesaplang'an, u'lken arti'qmashi'li'qlarg'a iye boli'p, izzet-hu'rmetke bo'lengen. Ka'mbag'al shan'araq perzentlerinin' ko'pshiligi sawatsi'z boli'p qala bergen, al wo'nerlerdi bolsa ata-analari'nan u'yrengen.



Papirus

### Ieroglifler si'ri'ni'n'

Belgili francuz ali'mi' Jak-Fransua Shampolyon 1822-ji'li' pu'tkil du'nyali'q a'hmiyetke iye jan'ali'q ashti': Mi'si'r tekstlerin woqi'w giltin tapti'. Bul jan'ali'qqa Kair qalasi'nan wonsha uzaq bolmag'an Rozett qalasi' jani'ndag'i' bir tasqa woyi'lg'an a'yyemgi mi'si'r ha'm grek tillerindegi ha'r qi'yli' ma'nistegi jazi'w sebepshi boldi'. Grek tilinen awdari'w qi'yi'nshi'li'q tuwdi'rmadi', tekstlerdi sali'sti'ri'p ko'rip, ha'r bir ieroglif an'latqan ma'nisti tu'sindirip beriw imkaniyati' tabi'ldi'. Mine, usi' jan'ali'qtan keyin papiruslarg'a jazi'lg'an ko'plegen tek-



Tas bo'legi

stler, ibadatxanalar ha'm piramidalar diywallari'ndag'i' jazi'wlar ko'p a'sirlik u'nsizlikten keyin tilge kirdi. Al, tariyxshi'lar bolsa A'yyemgi Mi'si'r civilizaciyasi'n izertlew ushi'n a'hmiyetli ha'm isenimli derekke iye boldi'. Bu'gingi ku'nde Rozett tas jazi'wi' Londondag'i' Britaniya muzeyinde saqlanbaqta.



Nefertiti – Mi'si'r malikasi'

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| Ieroglifler — bul... | J.-F. Shampolyon — bul... |
| Papirus — bul... | Rozett tas jazi'wi' — bul.... |

**Teoriyali'q bilimlerdin' du'nyag'a keliwi**

Mi'si'rli'lardi'n' teoriyali'q bilimlerinin' du'nyag'a keliwi ha'm rawajlani'wi' wolardi'n' a'meliy iskerligi menen baylani'sli' bolg'an. Diyqanlar qashan jerge tuqi'm sebiw, qay waqi'tta zu'ra'a'tti ji'ynap ali'wdi' biliwi za'ru'r yedi. Bul mu'ddetlerdi mi'si'rli'lar juldi'zlarg'a qarap ani'qlag'an. Sol ta'rizde astronomiya, yag'ni'y juldi'zlar haqqi'ndag'i' pa'n du'nyag'a keldi.



astronom-ali'm jumi's waqti'nda

Juldi'zlardi' baqlay woti'ri'p mi'si'rli'lar ji'ldi'n' dawam yetiwin 365 ku'n yetip da'l belgiledi, birinshi boli'p kalendar du'zdi, al 365 ku'ndi 30 ku'nnen 12 ayg'a bo'ldi, awi'si'p qalg'an 5 ku'nin bayram ku'nleri dep yesapqa kirgizbedi. Mi'si'rli'lar ta'repinen du'zilgen aspanda juldi'zlardi'n' jaylasi'w kartasi' ha'zirge shekem saqlang'an. Mi'si'rli'lar ten'izler ha'm sahralarda juldi'zlarg'a qarap bag'dar alg'an, joldi' belgilegen.

Kanallar qazi'li'p ati'rg'anda, qa'legen imarat ha'm quri'li'sti' quri'p ati'rg'anda maydani'n, ko'lemin wo'lshew za'ru'r yedi, sol ta'rizde geometriya pa'ni — jer betin wo'lshew ilimi du'nyag'a keldi. Mi'si'rli'lar tek g'ana a'piwayi' arifmetikali'q yesaplawdi' yemes, al qaldi'qlar, bo'lshekler ha'm quramali' yesap-sanaqti' da bilgen. Matematika pa'ni de mine sol tiykarda rawajlandi'.



Mi'si'rli'lardi'n' medicina a'sbaplari'

Mi'si'rli'larg'a medicinaday bir pa'n jaqsi' g'ana tani's bolg'an. Mumiyalang'an wo'lilerdi tayarlay



**A’yyemgi Mi’si’r suw saati’**



**"Patsha shi’g’anag’i’ – wo’lshew birligi**



**Osiris—qa’bir du’nyasi’ hu’kimdari’**

woti’ri’p, mi’sı’rli’lar adamni’n’ ishki du’zilisin de jaqsi’ u’yrendi. Dawalawda ko’k sho’pler qaynatpasi’, mineral suw, duzlar ken’ paydalani’lg’an. Mi’si’r qalalari’nda ta’wiplerge bilim beretug’i’n arnawli’ mektepler bolg’an.

Mi’si’rda tiykarg’i’ wo’lshew birligi «shi’g’anaq» boli’p, wol shi’g’anaqtan barmaq ushi’na shekem bolg’an uzi’nli’qqa ten’ yedi. Qollardi’n’ uzi’nli’g’i’ ha’r qi’yli’ bolg’anli’qtan «patsha shi’g’anag’i’» degen birden-bir wo’lshew birligi yengizilgen, wol 52,5 santimetrge ten’ bolg’an. «Patsha shi’g’anag’i’» pu’tkil ma’mleket ushi’n u’lgige aylang’an. Bunnan da qi’sqa uzi’nli’qlardi’ wo’lshewde alaqan yamasa barmaqlardan paydalani’lg’an. 28 barmaq yamasa 7 alaqan wo’lshemi bir «shi’g’anaq» ti’ qurag’an.

Mi’si’rda waqi’t suw saatlari’ ja’rdeminde wo’lshengen, wol 24 bo’lmege bo’lingen arnawli’ i’di’s bolg’an. Bir bo’lmeden yekinshisine ag’i’p wo’tetug’i’n suwdi’n’ ko’lemi 1 saat dep yesaplang’an.

A’yyemgi grekler matematika, arxitektura, medicina ha’m basqa tarawlardag’i’ ko’plegen tabi’slardi’ mi’si’rli’lardan wo’zlestirip alg’an.

### A’debiyat

Mi’si’rli’lar jazi’wi’ sonshelli quramali’ bolg’anli’qtan, ha’r kim de woni’ wo’zlestire almas yedi. Lekin tiykarg’i’ jumi’si’ tekstlerdi jazi’w ha’m woqi’w bolg’an xatkerler miyneti sebepli mi’si’rli’lardi’n’ ko’rkem shi’g’armalari’ bizge shekem jetip kelgen.

Yertekler, a’psanalar, an’i’zlar, qudaylar ha’m patshalarg’a odalar ha’m ta’ripler ken’ tarqalg’an yedi. Ko’pshilik shi’g’armalarda real ha’diyseler woylap tabi’lg’an waqi’yalar menen aralasi’p ketken. Adamlardi’n’ is-ha’reketine qudaylar aralasadi’, jaqsi’li’q jawi’zli’q u’stinen jen’iske yerisedi. Ma’selen, «Yeki ag’a-ini haqqi’nda yertek», «Wo’lim shahzadasi’ haqqi’nda yertek», Isida ha’m Osiris haqqi’nda a’psana, «Sinuxet gu’rrin’i» si’yaqli’ ko’rkem shi’g’armalar belgili bolg’an.

### *Tayani'sh konspekt*

- → iyerogliflar — 750 — «qudaylar so'zi», «ilahiy jazi'wlar»
- → papirus
- → Jak Fransua Shampolyon (1822-ji'l.)
- → Rozett tas jazi'wi'—a'yyemgi' mi'si'r ha'm grek tilleri
- → astronomiya → kalendar
- → geometriya
- → matematika
- → medicina
- → yertekler, a'psanalar, mifler



**Set qudayi' Osiris aldi'ndag'i' saltanat**

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. A'yyemgi Mi'si'r jazi'wlari'ni'n' wo'zine ta'nligi nede?
2. Ne sebep mi'si'rli'lar ierogliflerdi «qa'sterli so'z» dep atag'an?
3. Mi'si'r jazi'wi'n kim woqi'wg'a yerisken? Qalayi'nsha?
4. Sizin'she, pa'n ne sebepli payda bolg'an?
5. Mi'si'rli'lardi'n' pa'n tarawi'ndag'i' yerisken tabi'slari'n sanap berin'.
6. Sizin'she, piramidalar quri'li'si'na basshi'li'q yetken ruwxaniylar qanday bilimlerge iye boli'wi' kerek yedi?



**Shumer gu'lal i'di'slari'**

## 12-§. Mesopotamiya civilizaciyalari'

**Ta'biyiy sha'rayat** Tigr ha'm Evfrat da'ryalari' arali'g'i'ndag'i' woypatli'qti' grekler Mesopotamiya dep atag'an, bul atamani'n' awdarmasi' *Eki da'ryali'q* yamasa *Eki da'rya arali'g'i'* degen ma'nisti an'latadi'. Adamlar Mesopotamiyag'a a'yyem zamanlarda ko'ship jaylasqan.

Ta'biyiy sha'rayati' jag'i'nan Mesopotamiya Mi'si'rdi' yeske saladi'— da'ryalardi'n' turaqli' tasi'wi', jazirama i'ssi', qayta islew ushi'n qolay wo'nimdarli' jerler, tog'aylar ha'm batpaqli'qlar bolsa hesh ushi'raspaydi'. Qi'sta u'zliksiz jawi'n ha'm da'ryalardi'n' tasi'wi' basladi'. Sol sebepli Mesopotamiyada ja'ha'ndegi yen' a'yyemgi miflerden biri — Jer betin pu'tkilley suw basi'wi' haqqi'ndag'i' Topan ra'wiyati' du'nyag'a keldi.



**Xatker jumi's waqti'nda**



Xurma ag'ashi' –
«Tirishilik teregi»

Xurma teregin Mesopotamiya xalqi' «tirishilik darag'i'» degen. Bir tu'p terek 50 kilogrammg'a shekem zu'ra'a't bergen. Xurmani'n' miywesinen palg'a uqsas may si'g'i'p ali'ng'an. Terektin' ag'ashi' quri'li's materiali' ha'm woti'n si'pati'nda paydalani'lg'an. Xurmani'n' da'nesinen qara mallardi' bag'i'w ushi'n jem tayarlang'an. Xurma da'nelerin sonday-aq temirshilik ustaxanalari'nda woti'n worni'nda da paydalang'an. Ag'ash beretug'i'n tog'aylar bolmag'ani' ushi'n u'ylerdi topi'raq ha'm tastan qurg'an.

Erami'zg'a shekemgi IV mi'n'ji'lli'qta Mesopotamiyada shumerler qoni'slari' payda bola basladi'. Wolar Qubla Mesopotamiyag'a wornalasi'p, bul jurtti' Shumer dep atadi'. Eldin' Akkad dep atalg'an arqa bo'limine ko'shpeli sharwalar akkadlar jaylasti'. Erami'zg'a shekemgi III mi'n'ji'lli'qti'n' aqi'ri'nda shumerlerge sin'isip ketken akkadlar pu'tkil Mesopotamiyani' iyelep aldi'.

**Yeste saqlan'!**

Eramı'zg'a shekemgi IV mı'n' ji'lli'qta Mesopotamiyada shumerler qonı'sları' payda bola basladı'. Wolar qubla Mesopotamiyag'a jaylası'p, bul jurttı' Shumer dep atadi. Mesopotamiyani'n' Akkad dep atalg'an arqa bo'limine ko'shpeli sharwalar akkadlar wornalastı'.

### Mesopotamiya xalqi'ni'n' ka'sibi

Mesopotamiya xalqi'ni'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q bolg'an. Tigr ha'm Evfrat da'ryalari' ha'r ji'lg'i' suw tasqi'ni' waqti'nda ati'zlarg'a wo'nimdarli' i'lay-suw menen birge ag'i'p kelgen.

Mesopotamiyada ag'ash, tas, metall si'yaqli' xojali'q ushi'n za'ru'rli materiallar bolmag'an, biraq da'n ko'p jetilistiriletug'i'n yedi, sharwa mallari'ni'n' sani' ko'p yedi. Soni'n' ushi'n Mesopotamiya xalqi' sawdasati'q penen de shug'i'llanadi'. Qon'si' Kavkaz arti' ha'm Iran u'lkelerinen da'nge almaslap, alti'n, mi's, gu'mis, qalayi' ha'm siyrek ushi'rasatug'i'n taslardi' ali'p keletug'i'n yedi. Siriyadan bolsa Kedr ag'ashi' ali'p kelinetug'i'n yedi.



A'yyemgi shumerler

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

*Shumer — bul...* *Akkad — bul...*




Mesopotamiya



Si'na jazi'wi'



Shumerdin' Ur qalasi'

Mesopotamiyada ha'r qi'yli' wo'nimler ha'm wo'nermentshilik buyi'mlari' menen sawda yetken. Metall buyi'mlar, bezeniw zatlari', qural-jaraqlar ha'm gu'lalshi'li'q buyi'mlari' ju'da' qa'dirlengen. Sawda-sati'qta gu'mis quymasi' ko'rinisindegi metall ten'geler paydalang'an. Mesopotamiyadag'i' awi'rli'q wo'lshemi bolg'an «mino» 550 gramm gu'miske ten' yedi.

Erami'zg'a shekemgi 4-mi'n'ji'lli'qta shumerler yen' a'yyemgi jazi'w — si'na jazi'wdi' woylap tapqan. Shumerler ushi' yegelgen tayaqshalar menen qam i'lay — gu'lalg'a jazg'an. Shumerler qoli' gu'l quri'li'sshi'lar ha'm wo'nermentler bolg'an. Zergerlik wo'neri shumerlikler arasi'nda joqari' da'rejege ko'terildi. Qoli' gu'l ustalar alti'n ha'm gu'misten ha'r qi'yli' bezeniw zatlari'n jasag'an.

## Qala-ma'mleketler

Waqi'tti'n' wo'tiwi menen a'ste-aqi'ri'n qoni'slar ju'da' ken'eyip ketti. Erami'zg'a shekemgi IV mi'n'ji'lli'q aqi'ri'nda Mesopotamiyada, Uruk, Umma, Lagash Ur ha'm basqa qalalar payda bola basladi'. Wolar qala–ma'mleketler dep atalg'an, qalani'n' wo'zi ha'm wog'an tutasqan diyqanshi'li'q rayonlari'nan ibarat bolg'an. Ha'r bir qalani'n' hu'kimdari' joqari' quday – qala qa'wenderi yesaplang'an. Qudaydi'n' ati'nan ruwxaniylar hu'kimdarli'q yetip, qudaylar ibadatxanasi' bolsa, ma'mlekettegi ha'kimiyat worayi' yedi. Mesopotamiyani'n' a'yyemgi ibadatxanalari' — zikkurat-

**Yeste saqlan'!**

Eramı'zg'a shekemgi IV mı'n'jı'llı'q aqı'rı'nda Mesopotamiyada Uruk, Umma, Lagash, Ur qalaları' payda bola baslag'an. Wolardı' qala-mamleketler dep atag'an.



**Ishtar—
wo'nimdarli'q,
muhabbat ha'm
uri's qudayi'**

lar qam gerbishten wo'rip shi'g'i'lg'an imarat ko'rinisinde bolg'an.

Quyash qudayi' Shamash wo'z aldi'na izzetke i'layi'q quday bolg'an. Shamash joqari' hu'kimdar yesaplang'an, jaman isleri ushi'n adamlardi' sudlag'an. Sonday-aq, Ay qudayi' Sina, suw qudayi' Ea, al wo'nimdarli'q ha'm muhabbat, uri's, jen'is qudayi' Ishtar yeki ju'zli bolg'an.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Shamash — bul...*** | ***Ishtar — bul...*** |
| ***Sina — bul...*** | |

Qala-ma'mleketlerdin' basi'nda hu'kimdarlar turatug'i'n yedi. Erami'zg'a shekemgi III mi'n'i'nshi' ji'lli'qlarda Shumer qalalari' arasi'nda yen' qu'diretlisi Ur qalasi' bolg'an. Arxeologlar qazi'p ashqan patshalar maqbarasi'nan tabi'lg'an tabi'lmalar da Urdi'n' ku'sh-qu'diretinen derek beredi. Bular alti'n buyi'mlar, da'bdebeli qural-jaraqlar, gu'mis i'di'slar yesaplanadi'.

Mesopotamiyadag'i' u'lken-u'lken jer mu'lkleri hu'kimdarlar ha'm ruwxaniylardi'n' qol asti'nda bolg'an. Ati'zlarda qullar ha'm yerkin jallanba miynetkeshler islegen. Qalalardi'n' a'tirapi'nda jasawshi' xali'q kishkene-kishkene jerlerge iyelik yetetug'i'n yedi. Wo'z shan'arag'i'n bag'i'w ushi'n ka'mbag'allar patsha ha'm shirkew mu'lklerinde miynet yetetug'i'n yedi.



**Urdag'i' u'lken
ibadatxana**

Erami'zg'a shekemgi III mi'n'i'nshi' ji'lli'q wortalari'nda Lagash ma'mleketi rawajlana basladi'. Shumer ha'm Akkadti'n' ko'p g'ana qalalari' Lagashqa qosi'p ali'ndi'.

Shumer qalalari' qorg'an diywallar menen qorshalg'an yedi. Qalani'n' bas da'rwazasi'nan baslang'an ko'sheler worayli'q maydang'a, ibadatxana ha'm hu'kimdarlar sarayi'na baratug'i'n yedi. Quri'li's tas, qam ha'm pisken gerbish penen a'melge asi'ri'lg'an. Lagashtag'i'

ibadatxana qudaylar ha'm qaharmanlar ha'ykelleri menen ko'rkem yetip bezetilgen yedi. Ibadatxanalarda qazi'lg'an ha'wizde bali'qlar ju'zip ju'retug'i'n yedi, sonday-aq kepterler ku'n keshiretug'i'n bag' ha'mde ha'r qi'yli' haywanlar, quslar jasaytug'i'n haywanatlar bag'i' da quri'lg'an.



**Gu'ldi ali'p qashi'p barati'rg'an ji'lan**

Uri's waqti'nda qala xalqi'ni'n' sa'rdari'n saylag'an. Bara-bara wolardi'n' abi'royi' artti', sa'rdarlar turaqli' hu'kimdarli'q yete basladi'. Wolardi' patshalar dep atag'an. Patsha qala-ma'mleketti aristokratlar, ruwxaniylar ha'm armiyag'a su'yengen halda ha'meldarlar ja'rdeminde basqaratug'i'n yedi.

**Gilgamish haqqi'ndag'i' ra'wiyat**

Mesopotamiyani'n' yen' su'yikli qaharmani' Gilgamish Uruk qalasi'ni'n' patshasi' bolg'an, wo'miri son'i'nan ko'plegen an'i'zlarg'a aylandi'.

An'i'zlarda ayti'li'wi'na qarag'anda, Gilgamish du'nyag'a kelgennen keyin ma'mleket hu'kimdari' bolg'an babasi' aqli'g'i'ni'n' wonnan taxtti' tarti'p ali'wi'nan qori'qqanli'g'i' sebepli, Gilgamishti jarg'a ati'p jiberiwge buyri'q berdi. Biraq, jarg'a tu'sip barati'rg'an Gilgamishti bu'rkit uslap qali'p, ko'terip ali'p ketedi, woni' bir bag'mang'a apari'p beredi, bag'man Gilgamishti mehribanshi'li'q penen bag'i'p ta'rbiyalaydi'. Yerjetkennen keyin Gilgamish atasi'nan ha'kimiyatti' tarti'p aladi', wo'zi Uruk qalasi'n basqara baslaydi'. Gilgamish Enkidu degen bati'r menen dos boladi'. Yekewi birlesip jawi'z maqluqlarg'a qarsi' gu'resedi, buni'n' ushi'n qudaylar Enkiduni' jazalaydi' ha'm qaharman du'nyadan wo'tedi. Ma'n'gilik tirishilikke yerisiw ushi'n Gilgamish ten'iz tu'binde wo'setug'i'n si'yqi'rli' sho'pti izlep tabadi', woni' wo'z xalqi' menen birge tati'wg'a qarar yetedi. Biraq, izine qayti'p kiyati'ri'p bir ko'lde shomi'li'p ati'rg'anda gu'ldin' iysin ji'lan sezip qaladi' ha'm woni' urlap ketedi. Sonnan berli an'i'zda ayti'li'wi'na qarag'anda ji'lanlar ha'r ji'li' tu'lep jasaradi'. Al, Gilgamish janajan qalasi'ni'n' diywallari' woni' qutqaratug'i'ni'n, jaqsi' niyetleri woni'n' wo'zin ma'n'gilik yetetug'i'ni'n tu'sinip jetedi.

**Yeste saqlan'!**

Mesopotamiyani'n' yen' su'yikli qaharmani' Gilgamish esaplanadi'. Wol Uruk qalasi'ni'n' patshasi' ha'm ko'plegen a'psanalar qaharmani' bolg'an.



**Uruk qalasi'ni'n' patshasi'– Gilgamish**



**Yeki da'rya arali'g'i' patshasi' – Sargon I**

**Akkadti'n' abadanlasi'wi'** Qala-ma'mleketler bir-birleri menen ti'ni'msi'z uri'satug'i'n yedi. Mine usi' uri'slar na'tiyjesinde Sargon I pu'tkil Shumer patshasi' boli'p aladi'. Erami'zg'a shekemgi III mi'n'ji'lli'qti'n' wortalari'nda wol Akkadti' wo'z ha'kimiyati' qarami'na birlestiredi. Sawda-sati'qti' rawajlandi'ri'w maqsetinde Sargon I barli'q qalalar ushi'n birden-bir bolg'an uzi'nli'q, maydan ha'm awi'rli'q wo'lshemlerin yengizedi. Ja'ha'n tariyxi'nda birinshi boli'p turaqli' a'sker ji'ynaydi'. Bul jawi'ngerler 5400 den ibarat bolg'an, al keyin Sargon ko'plegen qalalar ha'm ma'mleketlerdi basi'p ali'wg'a imkaniyat jaratqan u'lken armiyag'a tiykar saldi'. Sargon I Mesopotamiyadan Arabstan, Iran ha'm Hindstang'a baratug'i'n ten'iz sawda jollari'n iyelep aldi'. Wo'z hu'kimdarli'g'i'ni'n' son'i'nda Sargon I «du'nyani'n' to'rt ta'repi ma'mleketinin' patshasi'» atag'i'n aldi'. Jalg'i'z ma'mleket uzaq jasamadi'. Sargon wo'lgennen keyin bir-biri menen gu'resti dawam yetken ko'plegen qala-ma'mleketlerge bo'linip ketti. Erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'qta Shumer-Akkad ma'mleketi ko'shpeli qa'wimlerdin' soqqi'si'nan i'di'rap ketti.

### *Tayani'sh konspekt*

- Mesopotamiya → Eki da'rya arali'g'i' (Tigr ha'm Evfrat)
- b.e. shekemgi IV mi'n'ji'lli'q → qublada shumerler, arqada akkadlar
- diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik, sawda-sati'q
- qalalar — Uruk, Umma, Ladash, Ur
- zikkurat — ibadatxanalar
- qudaylar — Shamash, Sina, Ea, Ishtar
- Gilgamish — Uruk patshasi'
- Sargon I—Shumer patshasi'
- erami'zg'a shekemgi 2 mi'n'ji'lli'q—Shumer-Akkad ma'mleketinin' qulawi'

**Yeste saqlan'!**

Shah Sargon erami'zg'a shekemgi III mi'n'i'nshi' ji'lli'qti'n' ekinshi yari'mi'nda wo'z hu'kimdarli'g'i' asti'nda Akkadti' birlestirdi ha'm «Dunyani'n' to'rt ta'repi ma'mleketinin' patshasi'» atag'i'n aldi'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Kartadan Aldi'n'g'i' Aziyada jaylasqan ma'mleketlerdi tabi'n'.
2. Mi'si'r ha'm Mesopotamiyani'n' ta'biyiy sha'rayati'nda qanday uqsasli'q ta'repleri bolg'an?
3. Mesopotamiya a'yyem zamanlarda qalay atalg'an?
4. Mesopotamiyani'n' qaysi' bo'limi yeldin' da'slepki xalqi' ta'repinen wo'zlestirilgen yedi? Qashan?

## 13-§. Bobil patshali'g'i'

**Bobil—«qudaylar da'rwazasi'»**

Erami'zg'a shekemgi II mi'n' ji'lli'qta *Bobil patshali'g'i'* Mesopotamiya qublasi'ndag'i' yen' iri qu'diretli ma'mleketke aylandi'. Bobil qolay geografiyali'q wori'ng'a iye boli'p, Tigr ha'm Evfrat da'ryalari'ni'n' arnalari' derlik bir-birine qosi'li'p ketetug'i'n bir ma'kanda jaylasqan yedi. Kemelerde tovarlari' menen birge ju'zip kelgen sawdagerlerdin' ko'pshiligi bul qalada qoni'p wo'tetug'i'n yedi. «Bobil» so'zinin' wo'zi bolsa «*qudaylar da'rwazasi'*» degen ma'nisti an'latadi'. Bobil qalasi'nda a'jayi'p saraylar, ko'rkem shirkewler bolg'an. Bobildin' bas ko'shesi jen'is qudayi' Ishtar da'rwazasi' menen tamamlang'an. Bobil ma'mleketinde diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik isleri, wo'ndiris ha'm sawda-sati'q jaqsi' rawajlandi'. Biraq, wo'z ara uri'slar bug'an kesent berdi.



Bobil



Ishtar qudayi' da'rwazasi'ni'n' nag'i'slari'

Erami'zg'a shekemgi XVIII a'sirde (erami'zg'a shekemgi 1792-1750-ji'llar) Bobil patshasi' *Xammurapi* pu'tkil Mesopotamiyani' bir ma'mleketke birlestiriwge yeristi. Xammurapi hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Bobil yen' qu'diretli ma'mleketke aylandi'.

**Xammurapi ni'zamlari'**

Xammurapi tariyxta ni'zamlar du'zetug'i'n hu'kimdar si'pati'nda at qaldi'rg'an. Xammurapi ni'zamlari' ko'lemi jag'i'nan turmi'sti'n' ha'r qi'yli' ta'replerin qamti'wi' menen buri'ng'i' barli'q ha'rekettegi ni'zamlardan u'stemlik yetetug'i'n yedi. Xammurapi ni'zamlari' ha'mme ushi'n – bay ha'm ka'mbag'al adamlar ushi'n birdey bolg'an. Ni'zamni'n' tekstleri yeldin' barli'q qalalari'nda wornati'lg'an tas su'tinlerge jazi'p qoyi'latug'i'n yedi.



Xammurapi

Xammurapi ni'zamlari' qatan'li'g'i' menen adamlardi' lal qaldi'radi'. Atap aytsaq, shi'paker a'melge asi'rg'an operaciya na'tiyjesinde nawqas biymezgil du'nyadan wo'tse, shi'pakerdin' barmaqlari' kesip taslani'wi' sha'rt bolg'an. Nabada arxitektor qurg'an u'y tosattan qulap, birew asti'nda qalsa arxitektor wo'limge hu'kim yetilgen.



A'skerler qorg'ang'a hu'jim jasamaqta

Qari'zi'n waqti'nda qaytari'p bermegen adam wo'z shan'araq ag'zalari'n qari'z bergen adamg'a u'sh ji'l mu'ddetke qulli'qqa beriwi sha'rt yedi. Nabada ayi'plani'wshi' ja'birleniwshinin' ko'zlerin jaraqatlasa, wo'zi de solayi'nsha jazalani'wi' sha'rt bolg'an. Wo'rt payti'nda urli'q u'stinde qolg'a tu'sken adam sol waqi'tti'n' wo'zinde-aq wotqa taslang'an. Quli'pti' buzg'an uri' bunnan da awi'ri'raq jazag'a hu'kim yetilgen: wol wo'zgenin' mu'lkine sug'i'li'si'p kirgen jerinde wo'ltirilip, sol jerdin' wo'zinde ko'mip taslanatug'i'n yedi.

Xammurapi ni'zamlari' tek ko'zabag'a g'ana patshani'n' qararlari' boli'p qalmay qudaydi'n' qa'lewi menen dodalang'an, soni'n' ushi'n da wolardi' so'zsiz wori'nlaw talap yetiletug'i'n yedi. Qatan'li'g'i' ha'm ayaw-si'zli'g'i'na qaramay Xammurapi ni'zamlari' ja'miyettin' rawajlani'wi'na imkaniyat jarati'p berdi, wo'ytkeni talan-taraj, urli'q ha'm ma'mleket mu'lkin urlaw si'yaqli' ji'nayatlar derlik ju'z bermeytug'i'n yedi.



Sawashtag'i' woqjayshi'lar

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

> ***Bobildin' mag'anasi' — ...***
> ***Xammurapi — bul ...***

Xammurapi derlik woti'z ji'l dawami'nda qon'si' yellerdi wo'zine boysi'ndi'ri'w ushi'n ti'ni'msi'z uri'slar ali'p baradi'. Xammurapi wo'liminen keyin qalani' tawli' *kassitler* qa'wimi basi'p aladi'. Kassitlerdin' basi'p ali'wshi'li'g'i' Bobildin' ha'lsirewine tiykar tayarladi', uzaq dawam yetken i'di'raw erami'zg'a shekemgi VII a'sirde *Jan'a Bobil* patshali'g'i'ni'n' payda boli'wi' menen juwmaqlanadi'.

**Jan'a Bobil patshali'g'i'** *Navuxodonosor* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Bobil wo'z rawajlani'w shi'n'i'na yeristi. Bul hu'kimdar Mi'si'rdi' Jan'a Bobil

patshali'g'i'na  qosi'p aladi'. *Ierusalim* (Quddus)di ku'l-talqan yetip taslaydi', al Bobildi boysi'nbas qorg'ang'a aylandi'radi'. Navuxodonosor II turaq jay imaratlari' ha'm qorg'ani'w diywallari' quri'li'si'nda pisken gerbish paydalani'w haqqi'nda pa'rman beredi. Wol hu'kimdarli'q yetken da'wirde Bobildin' segiz da'rwazasi' bolg'an, wolardi'n' ha'r biri yeldin' bas qudaylari'ni'n' birinin' ati' menen atalatug'i'n yedi. A'sirese, Ishtar qudayı' ati'ndag'i' da'rwaza suli'w ha'm saltanatli' bolg'an, haywanlar ha'm quslardi'n' su'wreti' sali'ng'an qara-qoqshi'l nag'i'sli' tas taxtashalar menen bezetilgen.



**Navuxodonosor II**

Iranli'lar a'skerleri erami'zg'a shekemgi 539-ji'li' basi'p kiredi. Parsi'lar Bobildi iyelep aladi'. Ayti'lg'an sa'neden baslap Jan'a Bobil patshali'g'i' Parsı' ma'mleketi qurami'na kiredi. Parsi'lardi' Bobildan Aleksandr Makedonskiy quwi'p shi'g'ardi'. Aleksandr Makedonskiy wo'liminen keyin Bobil Salavkiyler ma'mleketi qurami'na kirdi.

**Yeste saqlan'!**

Erami'zg'a shekemgi 539-ji'li' parsi'lar Bobildi basi'p aldi'. Jan'a Bobil patshali'g'i' Parsi' ma'mleketi qurami'na kirdi.

### Bobil ma'deniyati'

Shumer ha'm Akkad Bobil ma'deniyati'ni'n' yen' a'yyemgi woshaqlari' yedi. Du'nyadag'i' yen' a'yyemgi jazi'wlardan biri bolg'an Shumer si'na jazi'wi' erami'zg'a shekemgi IV mi'n'ji'lli'qta payda bolg'an yedi. Bul jazi'w da'slep «suw», «quyash» ha'm basqa wo'z aldi'na so'zlerdi an'latqan su'wretlerden ibarat bolg'an.

Hu'kimdarlar saraylari' ha'm ibadatxanalarda, aristokratlar ha'm bay adamlar shan'araqlari'ni'n' perzentleri bilim alatug'i'n mektepler sho'lkemlestirilgen yedi. Woqi'wshi'lar qatpag'an gu'lal *taxtayshalarg'a* su'yek ha'm ag'ashtan islengen tayaqshalar menen jazg'an. Gu'lal taxtayshalar da'slep quyashta keptirilgen, son' qumbi'zda pisirilgen. Bul taxtayshalar tun'g'i'sh kitaplar boli'p, woqi'wshi'lar an'i'zlar ha'm a'psanalardi' ko'shirip jazg'an,  wo'simlikler, quslar, haywanlar ha'm qurt-qumi'rsqalardi'n' atlari' jazi'lg'an dizimler du'zilgen. Gu'lal tastaxtayshalarda ma'mleketler,  qalalar ha'm awi'llardi'n' atlari' da  ko'rsetip wo'tilgen.



**Shumer gu'lal taxtayshalari'ndag'i' jazi'wlar**



**A'yyemgi jazi'wlardi'n' payda boli'wi'**



**Bobil minarasi'**

Shumerler sanaw sistemasi', quyash ha'm ay kalendarlari'n da do'retti. Quyash ji'li'ni'n' dawam yetiwi shumerliler ta'repinen 365 ku'n, al ay ji'li' 354 ku'n yetip belgilengen. Shumerlik ha'm Bobilli ruwxaniylar – astrologlar astranomiyag'a tiyisli bilimlerge iye bolg'an. Yen' a'yyemgi observatoriyalar biyik, ko'p teksheli shirkewler – *zikkuratlar* joqari'si'ndag'i' maydanshasi'nda quri'lg'an.

Erami'zg'a shekemgi III mi'n'ji'lli'qti'n' wo'zindeaq Mesopotamiyada ha'r qi'yli' da'ri-da'rmaqlardi' tayarlaw boyi'nsha bag'darlama du'zilgen yedi.

Geografiya tarawi'ndag'i' bilimler shumerliler ha'm bobilli'larg'a kemelerde ten'iz boylap ju'ziwge mu'mkinshilik bergen.

Du'nyani'n' jarati'li'wi' haqqi'ndag'i' yen' a'yyemgi a'psanalardan biri Mesopotamiyada jarati'lg'an yedi.

### *Tayani'sh konspekt*

- b. e. shekemgi II mi'n' ji'lli'q — Bobil patshali'g'i'
- Bobil — «qudaylar da'rwazasi'»
- b.e. shekemgi XVIII a'sir — Xammurapi birden-bir patshali'q
- Xammurapi ni'zamlari'
- Navuxodonosor hu'kimdarli'g'i' — gu'lleniw da'wiri
- b.e. shekemgi 538-ji'l — parsi'lardi'n' basi'p ali'wi'
- si'na jazi'wi', kalendar
- A'lemnin' jarati'li'wi' haqqi'nda, Bobil minarasi' haqqi'nda an'i'zlar

**Yeste saqlan'!**

A'yyemgi jazi'wlardan biri – shumer si'na xati' – erami'zg'a shekemgi IV mi'n'ji'lli'qta payda bolg'an. Shumerliler wo'zlerinin' sanaw sistemasi', quyash ha'm ay kalendari'n do'retti.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Kartadan Bobil patshali'g'i' ha'm woni'n' paytaxti'n tabi'n'.
2. Ne sebep Bobil qalasi'n «qudaylar da'rwazasi'» dep atag'an?
3. Qaysi' hu'kimdar da'wirinde ha'm qashan Bobil birden-bir ma'mleketke aylandı'?
4. Xammurapi ni'zamlari' qanday maqsette jarati'lg'an yedi? Bul ni'zamlar kimlerge tiyisli yedi?
5. Sizin'she, nege Bobilda jazalar bunshelli qatan' bolg'an?
6. Navuxodonosor II hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Jan'a Bobil patshali'g'i'nda qanday wo'zgerisler ju'z berdi?
7. Bobil ma'deniyati' haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## 14-§. Aldi'n'g'i' Aziya ma'mleketleri ha'm wolardi'n' a'skerleri



Ossuriyali' woqjayshi'

Erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'q wortalari'nda Aldi'n'g'i' Aziya aymag'i'nda u'lkede jasag'an xali'qlardi' birlestirgen da'slepki ma'mleketler payda bola basladi', atap aytqanda: *Xett, Mitanni, Ossuriya, Urartu, Finikiya qala-ma'mleketleri*. Bul ma'mleketler ba'rhama basqi'nshi'li'q ha'm qorg'ani'w uri'slari'nda ku'n keshirgen.

### Xett ha'm Mitanni patshali'g'i'

Shama menen erami'zg'a shekemgi XVIII a'sirde Kishi Aziya worayi'nda (ha'zirgi Turkiya aymag'i'nda) xettler degen arqa betli xali'q wo'z ma'mleketine tiykar saladi'. *Xattusas* qalasi' mine usi' ma'mlekettin' paytaxti' bolg'an. Xali'qti'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q yedi.



Ari'slan menen ali'si'w.
*Nineviyada saray diywali'ndag'i' freska*




Ossuriya patshali'g'i'

Xettler qon'si' ma'mleketler menen turaqli' uri'slar ali'p barg'an. Jawi'nger arbalar ha'm da'l wortasi'na ushli' temir wornati'lg'an qalqanlardan paydalang'an. Xettler Siriyani'n' bir qansha qalalari'n basi'p ali'p, Bobildi' talan-taraj yetken.

Ha'zirgi Siriya aymag'i'nda payda bolg'an qon'si' *Mitanni patshali'g'i'* xettlerdin' qa'wipli dushpani'na aylandi'. Uri'slarda mitannili'lar atli' a'skerlerden paydalang'an. Xettler paytaxti' Xattusani' basi'p ali'w waqti'nda atli' a'skerler sheshiwshi rol woynag'an yedi. Solay bolsa



Ossuriya a'skerleri qalani' woqqa tutpaqta

da erami'zg'a shekemgi XIV a'sir baslari'nda Xettler patshali'g'i' tag'i' da ku'sheye basladi'. Xettler Jer Worta ten'izi boylari'n uri'si'p qaytari'p aldi', Mitanni patshali'g'i'n iyelep aldi'. Tek Ossuriya abay yetiw qa'wip-qa'teri asti'nda xettler Mi'si'r hu'kimdari' menen pitim du'ziwge ma'jbu'r boldi'. Ossuriyali'lar Bobildi basi'p aldi', biraq xettler wolardi'n' qi'si'mi'n toqtati'wg'a miyasar boldi'.



**Ossuriya paytaxti' Nineviya.**
*Rekonstrukciya*

Erami'zg'a shekemgi XIII a'sirdin' aqi'ri'nda ta-riyxta atlari' belgisiz xali'qlar (wolardi' *«ten'iz xali'qlari'»* dep atag'an) xettler paytaxti'n basi'p ali'p, pu'tkilley qarabaqanag'a aylandi'rdi'. Ma'mleket i'di'radi', xettler bolsa basqa xali'qlarg'a sin'isip ketti.

> **Yeste saqlan'!**
>
> Xett patshali'g'i' ha'zirgi Turkiya, al Mitanni ma'mleketi ha'zirgi Siriya ayma-g'i'nda bolg'an.

**Ossuriya patshali'g'i'** A'yyem zamanlarda ossuriyali'lar Tigr da'ryasi'ni'n' joqari' ag'i'mi'ndag'i' kishkene aymaqti' iyelegen. Da'slep *Oshshur* qalasi', keyin ala *Nineviya* qalasi' paytaxt bolg'an. Xali'qti'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q ha'm sawda-sati'q yedi. Ossuriyali'lar ma'mleketi erami'zg'a shekemgi XX a'sir a'tirapi'nda payda boldi'.

Ossuriyali'lar jawi'nger xali'q bolg'an. Wolar qon'si' jerlerge tez-tez hu'jim jasap turg'an. Ossuriyali'lardi'n' qu'diretli a'skerleri ha'r ji'li' jan'a jerlerdi basi'p ali'wg'a atlanatug'i'n yedi. Bag'i'ndi'ri'lg'an xali'qlar Ossuriya hu'kimdari'na u'lken mug'darda sali'q to'leytug'i'n yedi. Erami'zg'a shekemgi XIII a'sirde patsha *Salmanasar* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Ossuriya patshali'g'i' wo'z rawajlani'wi'ni'n' joqari' shi'n'i'na yerisedi. Erami'zg'a shekemgi VIII-VII a'sirlerde Ossuriya patshali'g'i' qayta rawajlang'an da'wirde *Bobil, Bibl, Tir, Sidan* ha'm Palestinani'n' bir bo'legi de basi'p ali'nadi'.



**Xettlerdin' jawi'nger arbalari' sawashtan aldi'n**

Ierusalim (Quddus) qalasi'n basi'p alg'an ossuriyali'lar qorg'an diywallari'n, u'yler ha'm shirkewlerdi buzi'p taslap, xali'qti' tutqi'n yetip ali'p ketedi.

Hu'kimdarlardi'n' ha'dden ti'sqari' miyrimsizligi sebepli Ossuriya paytaxti' *Nineviyani'* «qang'a batqan

qala» yamasa «ari'slanlar wo'tkeli» dep ta'riyiplegen. Atlani'slarda talan-taraj yetip ali'ng'an barli'q na'rse paytaxtqa ag'i'p keletug'i'n yedi. Saltanatli' saraylar ha'm shirkewler bayli'qqa toli'p ketken yedi. *Oshshurbanapal* hu'kimdarli'g'i' ji'llari'nda Nineviyada Aldi'n'g'i' Aziyadag'i' yen' iri, gu'lal taxtayshalardan ibarat bolg'an kitapxana toplang'an yedi.

A'ste-aqi'ri'n Ossuriya ma'mleketi a'zzilep bardi'. Erami'zg'a shekemgi 627-ji'li' da'slep Bobil, son'i'nan Midiya Ossuriyadan bo'linip shi'qti'. Son'i'nan Bobil ha'm Midiya birlesip bir topi'li's penen Oshshur ha'm Nineviyani' erami'zg'a shekemgi 612-ji'li' basi'p aldi'. Erami'zg'a shekemgi 605-ji'li' Ossuriya a'rmiyasi' birotala qi'ri'p taslang'annan keyin bul ma'mleket te ha'lsirey basladi'.

**Yeste saqlan'!**

Ossuriya ma'mleketi erami'zg'a shekemgi XX a'sirde payda boldi'; B.e.sh. XIII a'sirlerde rawajlani'wdi'n' joqari' shi'n'i'na eristi; erami'zg'a shekemgi VII a'sirde tariyx saxnasi'nan wo'shti.

**Urartu patshali'g'i'**

*Urartu ma'mleketi* Kavkaz arti', *Van*, *Urmiya* ha'm *Sevan* ko'lleri arali'g'i'nda jaylasqan yedi. Xalqi'n urartlar dep atag'an. Birden-bir ma'mlekettin' du'ziliwi Ossuriya hu'jimlerinen qorg'ani'w za'ru'rligin tezlestirdi. Ossuriyali'lardi' qi'yrati'w imkaniyati' bolmag'an Urartu a'skerleri tikkeley sawashqa kirmew taktikasi'n basshi'li'qqa aldi'.

Erami'zg'a shekemgi IX–VIII a'sir baslarında Sardur I ha'm Menua hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Urartu ma'mleketi gu'llep jasnadi'. Tushpa qalasi' Urartu ma'mleketinin' paytaxti'na aylandi'. Urartlar bir neshe basqi'nshi'li'q atlani'slari'na shi'qti', ossuriyali'lar u'stinen jen'iske yeristi. Biraq erami'zg'a shekemgi 704-ji'li' ossuriyali'lar a'skerleri urartlar armiyasi'n ku'l-talqan yetip tasladi'. Bir qansha Urartu hu'kimdarlari' da'wirinde ja'mlengen u'lken g'a'ziyne jen'impazlar qoli'na wo'tedi. *Teyshebaini* qalasi'ndag'i' qorg'an basi'p ali'ndi' ha'm wayran yetip taslandi'. Sonnan son' Urartu patshali'g'i' biraz ha'lsirep qaldi', woni' ko'shpeli skif qa'wimleri ha'm Midiya patshali'g'i' wo'zine bag'i'ni'shli' yetip aldi'. Erami'zg'a shekemgi 590-ji'li' Urartu patshali'g'i' da tariyx saxnasi'nan ketti.



**Teyshebaini qalasi'ndag'i qorg'an**



**Oshshurbanapaldi'n' si'na jazi'wi'ndag'i' kitapxanasi'**



**Finikiyler**

### Finikiya ha'm Palestina

A'yyemgi zamanlarda Finikiya Jer Worta ten'izinin' shi'g'i's jag'alawi'n boylap ha'zirgi Livan aymag'i'nda ha'm Siriyani'n' bir bo'liminde jaylasqan yedi. Finikiyali'lar diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an, bag'lar ha'm ju'zimzarlar jarati'p, ta'rbiya qi'lg'an. Finikiya tiken japi'raqli' daraq — kedrli tog'aylardi'n' ka'ni yedi. Kedr ag'ashi'nan kemeler sog'atug'i'n yedi. Kedr smolasi' mumiya tayarlaw ushi'n Mi'si'rg'a ali'p kelinetug'i'n bolg'an.

Sawda-sati'q finikiyali'lardi'n' tiykarg'i' ka'siplerinen biri bolg'an. Finikiyali'lar qon'si'larg'a ag'ash, metallar ha'm gezlemeler satatug'i'n yedi. Jer Worta ten'izi boyi'nda *Tir, Sidan, Ugarit* si'yaqli' iri ten'iz qalalari' payda boldi'.



**Solomon—Izrail patshali'g'i'ni'n' dani'shpan hu'kimdarlari'nan biri**

Finikiyali'lar ten'izshilik jumi'slari'n ag'la da'rejede bilgen. Erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'qti'n' wo'zinde-aq wolar *Kipr atawi'* ha'm Kishi Aziya boylari'nda koloniyalarg'a tiykar saldi'. Sonnan keyin finikiyali'lar Afrika, Ispaniya jag'alari'nda, *Sardiniya* ha'm *Siciliya* atawlari'nda da payda boldi'.

Erami'zg'a shekemgi X—IX a'sirlerde Finikiyada *Tir-Sidon* patshali'g'i' payda boldi'. Erami'zg'a shekemgi VII a'sirde bul ma'mleketti Ossuriya patshali'g'i' basi'p aldi'.

Erami'zg'a shekemgi X a'sirde Finikiyada 22 dawi'ssı'z ha'ripten ibarat bolg'an a'lipbe jarati'ldi'. Grekler mine usi' a'lipbeni wo'zlestirip aldi', wolarg'a dawi'slı' ha'riplerdi de qosi'p qoydi'.

Erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'q wortalari'nda Palestinag'a a'yyemgi yahudiy (evrey) qa'wimleri ko'ship qoni'slandi'. Erami'zg'a shekemgi IX a'sirde Palestina aymag'i'nda *Izrail* patshali'g'i' payda boldi', son'i'n ala wol *Evrey* patshali'g'i'na birlestirildi. Izrail patshali'g'i' ossuriyali'lar soqqi'si'nan bo'lsheklenip ketti. Erami'zg'a shekemgi 586-ji'li' Evreyler Bobil patshali'g'i' ta'repinen basi'p ali'ndi'.



**Yahudiyler patshali'g'i'nda hu'kimdarlar sarayi'.**
*Rekonstrukciya*

A'yyemgi izrailli'lardi'n' a'psanalari' diniy kitaplarg'a jazi'p bari'lg'an. Bul kitaplar toplami' «Bibliya»g'a ja'mlengen, bul so'z greksheden «kitap» degen mag'anani' an'latadi'. «Bibliya» da Du'nya, Jer betindegi alg'ashqi' adamlar  Adam ata ha'm Hawa Enenin'

jarati'li'wi', Jer betin Topan suwi' basqanli'g'i' haqqi'nda ha'm basqa ra'wiyatlar bar.



«Bibliya» beti

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Xettlar — bul...* | *Sardur — bul...* |
| *Nineviya — bul...* | *Urartu — bul...* |
| *Oshshurbanapal — bul...* | *Tushpa — bul...* |

***Tayani'sh konspekt***

- b.e. shekemgi II mi'n' ji'lli'qti'n' wortalari' — da'slepki ma'mleketler: Xett, Mittani, Ossuriya
- b.e. shekemgi XVIII a'sir — Xett patshali'g'i' paytaxti' — Xatussa
- b.e. shekemgi XIII a'sirge kelip —«ten'iz xali'qlari'» Xatussani' wayran etiwi, ma'mlekettin' bo'lshekleniwi
- Ossurya patshali'g'i' — paytaxti' Oshshur — Nineviya
- Oshshurbanapal — si'na jazi'wi' kestelerinen du'zilgen kitapxana
- b.e. shekemgi 605-ji'l — Ossuriya Midiya ha'm Bobil ta'repinen basi'p ali'ndi'
- Urartu ma'mleketinin' ju'zege keliwi, paytaxti' Tushpa
- b.e. shekemgi IX a'sir — Urartu ma'mleketinin' gu'llenip rawajlang'an da'wiri
- Finikiya—Tir, Sidon, Ugarit qalalari'



**Yahud (Evrey) xalqi'n bobilli'lar tutqi'nli'qqa ali'p kelmekte**

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Erami'zg'a shekemgi II mi'n' ji'lli'qta Aldi'n'g'i' Aziyada bar bolg'an ma'mleketlerdi kartadan tabi'n' ha'm atlari'n sanap berin'.
2. Aldi'n'g'i' Aziya aymag'i'nda da'slepki ma'mleketler qashan payda bola basladi'?
3. Xett patshali'g'i' qalay du'zildi? Xett patshali'g'i' hu'kimdarli'g'i'ni'n' wo'zine ta'nligi nede?
4. Xett patshali'g'i' qalayi'nsha ha'lsiredi?
5. Ossuriya patshali'g'i' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
6. Ossuriya hu'kimdari' Oshshurbanapal tariyxta nesi menen at qaldi'rg'an?
7. Urartu ma'mleketinin' rawajlani'wi' ha'm ha'lsirewinin' sebebi nede?

**Yeste saqlan'!**

Erami'zg'a shekemgi VI a'sirde ha'zirgi Iran aymag'i'n (Persiya qolti'g'i' jag'alawlari') da ahamoniyler dinastiyasi'na tiyisli shah — Kir II tiykar salg'an Parsı' patshali'g'i' payda boldi'.

## 15-§. Ahamoniyler ma'mleketi

### A'yyemgi Iran xalqi'

Erami'zg'a shekemgi VI a'sirde ha'zirgi Iran aymag'i'nda *Ahamoniyler* dinastiyasi'na tiyisli shahlar tiykar salg'an *Parsi' patshali'g'i'* payda boldi'. Ahamoniyler

patshali'g'i' du'nyadag'i' yen' iri ma'mleketlerden biri bolg'an.

Bul aymaqta a'yyem zamanlarda *kassiyler, elamiyler* si'yaqli' ha'r qi'yli' qa'wimler jasap kelgen. Erami'zg'a shekemgi IX a'sirde bul yelge *midiyali'lar* ha'm *parsi'lar* kelip wornalasqan.

Iran wo'zinde u'lken jazi'q tawdi' iyelegen ma'mleket yesaplanadi'. Ma'mleket aymag'i' derlik barli'q ta'repinen tog'ay menen qaplang'an tawlar menen qorshalg'an. Taw yetegi woypatlari'nda xali'q diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an, jazirama sho'l regionlari'nda sharwalar miynet yetken ha'm ku'n keshirgen.

Iran ha'm Kishi Aziya, Mesopotamiya, Kavkaz arti', Worta Aziya, Hindstan yellerin baylani'sti'ri'p turg'an ka'rwan jollari' kesispesinde jaylasqan yedi.

**Yeste saqlan'!**

Erami'zg'a shekemgi 3-mi'n'ji'lli'qta Iranni'n' bati's bo'liminde Mesopotamiya menen shegarada Elam ma'mleketi payda boldi'. Bul ma'mlekettin' paytaxti' Suza qalasi' bolg'an.



**Parsi'lar sawashta.** *Glazur plitasi'ndagi' su'wret*




**A'yyemgi Parsi' ma'mleketi**

**A'yyemgi ma'mleketler** Erami'zg'a shekemgi III mi'n' ji'lli'qta Iranni'n' bati's bo'liminde Mesopotamiya menen shegarada *Elam ma'mleketi* payda boldi'. Bul ma'mlekettin' paytaxti' *Suza* qalasi' bolg'an. Elamda du'nyadag'i' yen' a'yyemgi jazi'wlardan biri jarati'lg'an yedi.

Erami'zg'a shekemgi IX a'sirde Kaspiy ten'izinde qubla-bati'sta jaylasqan *Midiya* da qa'wimler awqamlari' payda boldi'. Erami'zg'a shekemgi VII a'sirde patsha *Kiaksar* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Midiya qu'diretli ma'mleketke aylandi'. Erami'zg'a shekemgi 612–605-ji'llarda Midiya ma'mleketi Bobil menen awqamlas boli'p Ossuriyani' basi'p aldi'.

**Yeste saqlan'!**

Eramı'zg'a shekemgi VII asirde patsha Kiaksar hu'kimdarlı'g'ı' da'wirinde Midiya qu'diretli ma'mleketke aylandı'. B. e. sh. 612-605-jilları' Midiya ma'mleketi Bobil menen awqamlas bolı'p Ossuriyanı' basıp aldı'.

**Parsi' patshali'g'i'ni'n' payda boli'wi'** Iranni'n' qublasi'nda, Parsi' qoltı'g'i'na tutasi'p ketken jerlerde Parsi' wa'layati' — a'yyemgi parsi'lar wornalasqan u'lke jaylasqan yedi.

Erami'zg'a shekemgi 558-ji'li' Ahamoniyler dinastiyasi'nan bolg'an patsha Kir II barli'q parsi'lardi' wo'z ha'kimiyati' qol asti'na birlestirdi. Midiya patshali'g'i'n boysi'ndi'rg'ani'nan son' Kir II u'lken la'shker ji'ynadi' ha'm basqi'nshi'li'q atlani'slari'n dawam yetti. Armeniya, Midiya ha'm Bobil basi'p ali'ndi'. (b.e.sh.539-ji'l) Iranli'lar Jer Worta ten'izi boyi'na shi'qti', Palestina ha'm Finikiyani' boysi'ni'wg'a ma'jbu'r yetti. Kir II nin' Worta Aziyag'a, saklar ha'm massagetlerge atlani'si' sa'tsiz tamamlandi'.



Kir II

Kir II nin' basqi'nshi'li'q siyasati'n miyrasxorlari' Kambiz ha'm Dara I de dawam yetti. Kambiz Mi'si'rdi' basi'p ali'wi' menen Iran ma'mleketinin' aymag'i'n ju'da' ken'eytti.

**Dara I din' reformalari'** Erami'zg'a shekemgi 522-ji'li' shah Dara I (e.sh. 522—486-ji'llarda hu'kimdar) A'yyemgi Iran ma'mleketi taxti'na woti'rdi'. Bul waqi'tta basi'p ali'ng'an barli'q ma'mleketlerde qozg'alan'lar ha'wij ali'p ketti. Ahamoniyler patshasi' Dara I wolardi' basti'ri'wg'a kiristi.



Dara I taxtta

Dara I pu'tkil ma'mleket ushi'n «darayi'» dep atalg'an birden-bir alti'n ten'geni aylani'sqa qosti'. Persepoldan Jer Worta ten'izine shekem «shah joli'» degen patshali'q sawda joli' quri'lg'an yedi. Dara I qaytadan armiya du'zdi, saltanatti' «satrapli'qlar» dep atalg'an wo'z aldi'na a'skeriy okruglerge bo'ldi.

Dara I Qara ten'iz boylari'nda jasawshi' skiflerge topi'li's jasadi'. Dara I nin' Kishi Aziyadag'i' grekler koloniyalari' ha'm *Frakiyani'* basi'p ali'wi' grek-parsi' uri'si'ni'n' baslani'p ketiwine sebep boldi'. Dara I hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Hindstanni'n' arqa ta'repinen Jer Worta ten'izine shekem jayi'lg'an u'lken imperiya payda boldi'.



Alti'n ten'ge – дарик



**Dara I saqshi'lari'**



**Dara I ge tutqi'ng'a ali'ng'an ko'terilis bas-shi'lari' ali'p kelinbekte.** *Beistun jartasi'ndag'i' relefli su'wretler.*

**Yeste saqlan'!**

Aleksandr Makedonskiy erami'zg'a shekemgi 330-ji'li' Persiya ma'mleketin basi'p aldi'. Ahamoniyler ma'mleketi 200 ji'ldan aslam hu'kimdarli'q yetken.

**A'yyemgi parsi' ma'deniyati'** *Suza, Ekbatana* ha'm basqa qalalar Ahamoniyler ma'mleketindegi a'hmiyetli sawda woraylari' yedi. *Persepol* qalasi'nda Dara I ha'm Kserkstin' u'lken wo'jireleri ha'm ju'z wo'reli (su'tinli) zali' bolg'an sarayi'ni'n' qaldi'qlari' saqlani'p qalg'an. Saray a'psanali'q ha'm qi'yali'y quslardi'n' su'wreti menen bezelgen yedi. Persepol bo'rtpe nag'i'slarda Ahamoniyler bag'i'ndi'rg'an ko'p g'ana xali'qlar ha'm yelatlardi'n' atlari' saqlani'p qalg'an. Wolar tiykari'nan Iran shahlari'na sawg'a ha'm sali'qlari'n ali'p kiyati'rg'an halatta su'wretlengen.

A'yyemgi parsi'lar si'na jazi'w ta'rizli belgiler menen jazg'an. Parsi' shahlari'ni'n' jazi'wlari' *Behistun* ha'm *Naqshi Rustam* jartaslari'na, sonday-aq, Persepol sarayi'ni'n' diywallari'na woyi'p jazi'lg'an. Wolar atlani'slar, ko'terilisler ha'm ma'mleket turmi'si'ndag'i' a'hmiyetli waqi'yalar haqqi'nda mag'li'wmat beredi.

Aleksandr Makedonskiy erami'zg'a shekemgi 330-ji'li' Parsi' ma'mleketin basi'p aldi'. Ahamoniyler ma'mleketi yeki ju'z ji'ldan aslam hu'kimdarli'q yetken.

### *Tayani'sh konspekt*

- → kassiyler, elamiylar, midiyali'lar, parsi'lar
- → Elam, Midiya ma'mleketleri
- → b.e. shekemgi 558-ji'l—Parsi' ma'mleketinin' ju'zege keliwi (Kir II)
- → Kir II—Armenstan, Bobil ha'm Midiyag'a basqi'nshi'li'q uri'slari'
- → b.e. shekemgi 530-ji'l—Kir II—Orta Aziyada qaza tapti' (Tumaris)
- → b.e. shekemgi 522-ji'l—Dara I
- → saltanatti'n' satrapliklerge bo'liniwi
- → b.e. shekemgi 330-ji'l—Ahamoniyler saltanati'ni'n' Aleksandr Makedonskiydin' basi'p ali'wi'
- → Ahamoniyler ma'mleketi 200 ji'ldan ko'birek wo'mir su'rgen.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Iran patshali'g'i' qashan du'zildi?
2. Qaysi' dinastiya hu'kimdarlari' Iran patshali'g'i'na tiykar salg'an?
3. Elam ma'mleketi qashan payda bolg'an?
4. Erami'zg'a shekemgi VI a'sirde Kir II qaysi' ma'mleketlerdi basi'p aldi'?
5. Dara I wo'z ma'mleketinde qanday reformalar yengizdi?
6. Ahamoniyler ma'mleketin kim ha'm qashan basi'p aldi'?

## 16-§. Hindstan civilizaciyalari'

**A'yyemgi Hindstan xalqi'**

Hindstan ma'mleketi Hindstan yari'm atawi' ha'mde Aziya kontinentinin' *Hind* ha'm *Ganga* da'ryalari' alaplari'ndag'i' bir bo'limdi iyelegen. Ta'biyiy sha'rayati' jag'i'nan bul woypat Mi'si'r ha'm Mesopotamiyag'a uqsap ketedi. Issi' klimat ha'm suw menen birge wo'nimdar i'laydi' ag'i'zi'p kelip ati'rg'an ken' jayi'li'p ag'atug'i'n da'ryalar diyqanshi'li'qti'n' ju'zege keliwi ha'm rawajlani'wi' ushi'n imkaniyat jaratti'. Gimalay tawlari' arqa-shi'g'i'stan dushpanlar ha'm suwi'q samallar qa'wpinen wo'zine ta'n ta'biyiy qorg'ani'w diywali' boli'p xi'zmet yetetug'i'n yedi.

Gang alabi'ndag'i' tropikali'q tog'aylar u'lken daraqlar ha'm ra'n'ba'ra'n' wo'simlikler ma'kani' bolg'an. Tereklerdin' bekkem ag'ashlari'na wo'zine ta'n torlardi' payda yetetug'i'n aybatli' shi'rmawi'qlar menen shi'rmali'p wo'sip turatug'i'n yedi. Junglilerde tek balta ja'rdeminde g'ana jolg'a shi'g'i'w mu'mkin bolg'an.



**Hind da'ryasi' alabi'**

**Yeste saqlan'!**
Hindstan hindstan yari'm atawi' ha'mde Aziya kontinentinin' Hind ha'm Ganga daryalari' alaplari'ndag'i' bir bo'limdi iyeleydi.




**A'yyemgi Hindstan**



**Jawi'nger pil**



**Moxenjodarodag'i' ko'she**

Eramı'zg'a shekemgi 3-mı'n'jı'llı'qta Hind da'ryası' alabı'nda birden-bir mamleketke birleshen u'lken qalalar payda bola basladı'.

### Hindstan civilizaciyalari'

*Moxenjodaro* ha'm *Xarappa* qalalari' Hind da'ryasi' basseyninin' yen' iri civilizaciyalari' yedi. Yekewi de bekkem qorg'ani'w diywalları' menen qorshalg'an, ishki sarayi' bolg'an. Ko'sheler menen bir-birinen bo'lingen wori'nlardan pisken gerbishten sali'ng'an jaylar tabi'ldi'. U'lken ha'm suli'w qala bolg'an. Moxenjodaro xalqi' sheber gu'lal, zerger ha'm shashta'rez yedi.

Xalqi'ni'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q bolg'an. Wolar qant qami'si', paxta wo'simliklerin jetistirgen, pillerdi qolg'a u'yretken. Biraq erami'zg'a shekemgi XVIII a'sirden keyin Hind da'ryasi' alabi'ni'n' qoni'slari' tez-tez ju'z beretug'i'n suw tasqi'nlari', tog'aylar ha'm shen'gelzarlardi'n' ken'eyiwi ha'mde topi'raq ari'qlab ketiwi sebepli ha'lsirey basladi'.

**Yeste saqlan'!**

**Moxenjodaro** ha'm **Xarappa** qalalari' Hind da'ryasi' basseyninin' yen' iri qalalari' bolg'an. Xali'qti'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q bolg'an.

Erami'zg'a shekemgi 1500-ji'llarda Hindstan aymag'i'na basqi'nshi'lar basi'p kiredi. Ali'mlardi'n' boljawlari' boyi'nsha basqi'nshi' *oriylar*—Shi'g'i's Evropa ha'm Uralda jasag'an ko'shpeli qa'wimler bolg'an. Oriylar hu'jiminen keyin Moxenjodaro ha'm Xarappa birotala qarabaxanag'a aylanadi', bul qalalar qayti'p wo'zin tikley almadi'.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***Hindstan — bul...***
***Moxenjodaro — bul...***
***Oriylar — bul...***

### Diniy isenimler

A'yyemgi hindler misli mi'si'rli'lar ha'm bobilli'lar si'yaqli' ta'biyatti'n' ko'plegen qubi'li'slari' aldi'nda a'zzi yedi: tropikali'q no'serler, suw tasqi'nlari', qurg'aqshi'li'qtan qorqatug'i'n yedi. Hindlerdin' pikirlewinshe ta'biyatti' qudaylar basqari'p turg'anday tu'yiletug'i'n yedi. A'yyemgi hind ra'wiyatlari'nda ayti'lg'ani'nday, Quyash qudayi' ha'r tan'da alti'n arbada aspandi' boylap jolg'a shi'g'adi'.



**Usi'nday ari'slanlar ko'rinisi menen ibadatxanalar bezetilgen**

Quyash tu'ngi qaran'g'i'li'qti' serpip taslap adamlarg'a i'ssi'li'q ha'm jaqti'li'q inam yetiw niyetinde shi'g'i'stan bas ko'teredi. Gu'ldirmama qudayi' Indira aspandag'i' suwdi' tutqi'nli'qtan qutqarg'annan son', jer betinde qurg'aqshi'li'q joq boli'p ketipti.



Dani'shpan qudayi' Ganesha

Hindler ayi'ri'm qudaylardi' jabayi' haywanlar ti'msali'nda ko'z aldi'na keltirgen. Ma'selen, pilge si'yi'ng'an: Bas qudaylardan biri basi' pildikine uqsas dani'shpan Ganesha bolg'an. Si'yi'r bolsa hindler arasi'nda wo'z aldi'na hu'rmetke i'layi'q. Si'yi'r muqaddes haywan yesaplang'an. Si'yi'rdi' wo'ltirgen adam ji'nayatshi' dep tabi'li'p, wol ja'miyetten quwi'p jiberilip, hesh kimnin' woni'n' menen qatnasta boli'wg'a haqi'si' joq yedi.

Hindler janni'n' bir deneden basqa bir denege ko'ship wo'tiwine isengen.



Si'yi'r Hindstanda muqaddes yesaplanadi'

Wolar wo'lgennen keyin adam birotala wo'lmeydi, al basqa bir maqluqqa aylani'p wo'z si'rtqi' ko'rinisin wo'zgertedi, haywang'a, qumi'rsqag'a ha'm wo'simlikke aylanadi' dep yesaplag'an. Insan du'nyadan wo'tkennen son' kimge ha'm nege aylani'p qalatug'i'ni' bolsa woni'n' bul wo'mirdegi is-ha'reketleri ha'm boysi'ni'wlari'na baylani'sli'.

**Hind kastalari'** A'yyemgi hindler qanday jumi'slar menen shug'i'llani'wi'na qarap to'rt toparg'a bo'lingen yedi. Bul toparlar kasta yamasa varna dep atalg'an, atap aytqanda; ruwxaniylar — *braxmanlar*, jawi'ngerler — *kshatriylar*, diyqan, wo'nerment ha'm sawdagerler — *vayshilar*, xi'zmetshi ha'm qullar — *shudralar*.



Hind kastalari'

Hindlerdin' isenimi boyi'nsha kastalardan ha'r birin joqari' quday Braxma wo'z gewdesinin' qandayda bir bo'liminen du'nyag'a keltirgen yeken. Ma'selen, ruwxaniylar woni'n' jelkesinen, jawi'ngerler qollari'nan, diyqanlar jambasi'nan, al xi'zmetshiler ayaqlari' tabani'nan jarati'lg'an. Balalar ba'rqulla ata-analari'ni'n' kastasi'na tiyisli dep yesaplang'an. Bir kastadan basqasi'na wo'tiwdin' de ilaji' bolmag'an. Ha'r qi'yli' kastalarg'a tiyisli adamlar arasi'nda nekege de jol qoyi'lmag'an.



Quday Braxma

Kastalardan hesh birine tiyisli bolmag'anlar bolsa wo'z aldi'na belgige iye bolg'an. Bundaylardi' «shandal», yag'ni'y «jerkenishliler» dep atag'an. «Shandallar» kastalarg'a tiyisli adamlar menen birge bir u'yde jasay almaytug'i'n yedi, wolar menen bir da'sturxanda woti'ri'w qadag'an yetilgen yedi. Uzaqtan ko'rinip aji'rali'p turi'wi', birewdin' wog'an tiyip ketpewi ushi'n «Shandallar» arnawli' lipas kiyip ju'riwi kerek yedi. Wolar awi'llardan si'rtta jasawg'a ma'jbu'r yedi.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***Hind ha'm shang — bul...***
***Kastalar — bul...***
***Shandallar — bul...***

***Tayani'sh konspekt***

- Hindstan yari'm atawi' (Hind ha'm Gang da'ryalari')
- b.e. shekemgi III mi'n' ji'lli'q—Moxenjodaro ha'm Xarappa qalalari'ni'n' ju'zege keliwi
- b.e. shekemgi 1500-ji'llari' koshpeli woriylar ta'repinen wayran etiliwi
- qudaylar—Indira, Ganesha
- kastalar: (varnalar):
  — ruwxani'ylar-braxmanlar
  — jawi'ngerler-kshatriylar
  — diyqan, wo'nerment ha'm sawdagerler-vayshilar
  — xi'zmetkerler ha'm qullar-shudralar
- «shandallar»



Gu'ldirmama qudayi' – Indira

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Kartadan Hindstandi' tabi'n'. Woni'n' geografiyali'q worni'ni'n' wo'zgeshelikleri haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Hindstan ja'miyeti qanday kastalarg'a bo'lingen?
3. Xali'qti' kastalarg'a bo'liw kim ushi'n paydali' yedi?
4. Sizin'she, nege bir kastadan basqasi'na wo'tiwge ruqsat berilmegen?
5. Mi'si'rli'lar ha'm hindler diniy isenimlerinin' uqsasli'g'i' ha'm ayi'rmashi'li'g'i' nede?

## 17-§. Erami'zg'a shekemgi I mi'n'ji'lli'qtag'i' Hindstan

**Hindstan ma'mleketleri** Diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik ha'm sawda-sati'qti'n' rawajlani'wi' menen Hindstanda a'skeriy aristokratlar ha'm ruwxani'ylar bir qansha ku'sheyedi. Qullar ha'm basqa miynet yetip ati'rg'an adamlardi' bag'i'ni'shli' yetip qoyi'w ushi'n a'rmiyasi', a'meldarlari', sudyalari', qorg'awshi'lari' ha'm sali'q ji'ynawshi'lari' bolg'an ku'shli ma'mleket za'ru'r yedi. A'skeriy sa'rdar ha'm aqsaqallar arasi'nan bo'linip shi'qqan ha'kimler ha'kimiyatti' miyras joli' menen perzentlerine qaldi'ri'wshi' patshalarg'a aylandi'. Usi' taqi'lette erami'zg'a shekemgi VII-VI a'sirlerde Hindstanda bir neshe ma'mleketler payda boladi', atap aytqanda, *Magadxa, Koshala, Malla* ha'm basqalar.

Aleksandr Makedonskiy Worta Aziyani' basi'p alg'annan keyin erami'zg'a shekemgi 327-ji'li' *Panjab* u'lkesi aymag'i'na basti'ri'p kiredi. Bul u'lkede jaylasqan ma'mleketlerdin' hu'kimdarlari' basqi'nshi'larg'a qatti' qarsi'li'q ko'rsetedi. Aleksandr Makedonskiy u'lken qi'yi'nshi'li'qlar menen Hind woypatli'g'i'na shekem jetip baradi', erami'zg'a shekemgi 325-ji'li' Bobilg'a qayti'p ketedi. Erami'zg'a shekemgi 318-ji'li' grek-makedon a'skerleri Hindstannan pu'tkilley quwi'p jiberiledi. Grek ha'm makedon a'skerlerine qarsi' gu'reske ataqli' hind sa'rkardasi' Shandragupta basshi'li'q yetedi.

Grek ha'm makedonlar a'skerleri quwi'p shi'g'ari'lg'annan keyin *Shandragupta* Arqa Hindstandag'i' barli'q ma'mleketlerdi wo'z qurami'na alg'an *Maurya ma'mleketine* tiykar saladi'. *Pataliputra* qalasi' bolsa Maurya ma'mleketinin' paytaxti'na aylandi'. Erami'zg'a shekemgi III a'sirde patsha *Ashoka* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Maurya rawajlani'wdi'n' joqari' shi'n'i'na yeristi. Biraq, patsha Ashoka du'nyadan wo'tkennen son' wo'z ara uri'slar ha'wij aldi', Hindstan tag'i' da mayda-mayda ma'mleketlerge bo'linip ketti. Ko'p wo'tpey-aq wolardi'n' ko'pshiligin *Kushan patshali'g'i'* basi'p aldi'.



**Sa'rkarda Chandragupta.**
*Zamanago'y su'wret*

**Yeste saqlan'!**
Grek ha'm makedon a'skerleri quwi'p jiberilgennen keyin Shandragupta Arqa Hindstandag'i' barli'q ma'mleketlerdi wo'z qurami'na alg'an, paytaxti' Pataliputra bolg'an Maurya ma'mleketine tiykar saldi'.



**Mauriya ma'mleketinin' patshasi' – Ashoka**

5 — Tariyx, 6-kl.



Hindler ta'repinen woylap tabi'lg'an shaxmatlar




Sanskrittegi jazi'w



Siddhartha Gautama

### Ilim ha'm ma'deniyat

Erami'zg'a shekemgi I mi'n'ji'lli'qta Hindstan ilim, pa'n, atap aytqanda, astronomiya ha'm matematika tarawi'nda joqari' da'rejege yerisedi. Hindler 360 ku'nnen quralg'an Quyash kalendari'n du'zedi. Bul da'wirde sanaw ha'm yesaplawdi'n' wonli'q sistemasi' ken' tarqaladi': hindler «nol»di bildiretug'i'n arnawli' belgini woylap tabadi', sanlardi' bolsa bu'gingi ku'nde pu'tkil du'nya quwatlaytug'i'n bir ta'rtipte jazatug'i'n boladi'. Biz bul sanlardi' arab sanlari' dep ataymi'z, wo'ytkeni bul sanlardi' hindlerden qabi'l yetken arablar arasi'nda wolar ken' tarqalg'an yedi. Bul ma'mlekette woylap tabi'lg'an, hindlerdin' wo'zi *«jawi'ngerlerdin' to'rt tu'ri»* dep ataytug'i'n woyi'n bu'gingi ku'nde pu'tkil du'nyada «shaxmat» ati' menen belgili.

Hindler birinshi boli'p qantli' qami'stan qant alg'an yedi. Metallarg'a islew beriw tarawi'nda da hindler adamdi' tan' qaldi'rarli'q na'tiyjelerge yeristi. Ha'zirgi ku'nge shekem Deli qalasi'nda saqlang'an taza temirden quyi'lg'an minara wo'resi yele de tat baspay, korroziya qubi'li'si' wog'an a'sirler dawami'nda ta'sirin wo'tkere almag'an.

A'yyemgi hind tilleri tiykari'nda jan'a a'debiy til bolg'an sanskrit islep shi'g'i'ldi'. *«Mahabxarat», «Ramayana», «Panshatantra»* eposlari' ha'm de basqa shi'g'armalar mine sol tilde jazi'li'p, bizge shekem jetip kelgen.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

> ***Pataliputra — bul...***
> ***Sanskrit — bul...***
> ***"Jawingerlerdin' to'rt tu'ri" —dep...***

### "Qudaylarsi'z din"

Ja'miyettegi wo'zgerislerdin' ta'sirinde hindlerdin' diniy isenimleri de reformag'a ju'z burdi'. Jan'a buddali'q dinnin' jarati'li'wi' Budda laqabi'n alg'an shahzada *Siddhartha Gautama* ati' menen baylani'sli'.

Ra'wiyatta ayti'li'wi'nsha shahzada Siddhartha Gautama 20 jasqa tolg'ang'a shekem hu'kimdar a'kesinin' sarayi'nda ta'shwishsiz abadan ku'n keshirgen. Ku'nlerden bir ku'ni seyil yetip ju'rgen bir waqi'tta bu'kshiygen g'arri'g'a uqsap qalg'an, dawasi'z da'rtke joli'qqan sawlatli' bir adamg'a,son'i'nan bolsa jerlew ma'resimine ko'zi tu'sedi. Bul ushi'rasi'wlar shahzada Siddhartha Gautama turmi'si'n birotala wo'zgertip jiberdi. Wol saraydag'i' abadan turmi'stan waz keshti, turmi's mazmuni'n izlep tabi'w maqsetinde du'nya boylap sayaxatqa atlandi'.

**Yeste saqlan'!**

Budda dinine Budda ati'n alg'an shahzada Siddhartha Gautama tiykar salg'an.

Bir ku'ni ag'arti'wg'a yerisken bilimdan Budda insan yesap-sansi'z ma'rtebe tuwi'li'wi' ha'm wo'liwin tu'sinip jetedi. Keyingi turmi'sta adamni'n' kim boli'p tuwi'li'wi' da woni'n' is-ha'reketlerine ha'm jol tuti'wi'na baylani'sli'. Budda ha'm woni'n' dawam yettiriwshleri bolg'an buddali'qlar wo'tirik so'ylemewi, mal-du'nya ji'ynamawi', tiri maqluqlardi'n' qani'n to'kpewdi lazi'm dep yesaplaydi'. Insan ha'r qanday niyetlerden waz keshiwi za'ru'r, woytkeni ha'r qanday tilek-a'rman azap-aqi'betke ali'p keledi. Buddali'qlar Jer betinde wo'rmelep barati'rg'an qurt-qumi'rsqalardi' bilmesten basi'p ali'p, azar bermew ushi'n ha'tte qi'sta da jalan' ayaq ju'rgen.



**Budda**

Da'slep buddali'qlarda quday bolmag'an, wo'ytkeni wolar qudaylar insan azap-aqi'betlerin jen'illete almaydi' dep yesaplag'an. Biraq, ko'p wo'tpey Buddani'n' wo'zi qudayg'a aylandi'. Bu'gin de budda shirkewlerinde woni'n' ha'ykellerin ko'riw mu'mkin. Budda nilufar gu'linde teren' woylarg'a shu'mgeninshe qi'lt yetpey ju'z ko'rinisi menen qabaqlari'n tu'siriwi' menen maldas quri'p woti'rg'an hali'nda su'wretlenedi.

**Yeste saqlan'!**

Da'slep buddali'qlarda quday bolmag'an. Sebebi, wolar qudaylar insanni'n' azap-aqi'betlerin jen'illestire almaydi' dep esaplag'an.

Jan'a din aldi'n'g'i'lardan insan abi'royi' kastalarg'a da, ja'miyettegi tutqan worni'na da baylani'sli' bolmawi' menen pari'qlanadi'. Buddali'qlardi'n' pikirinshe barli'q na'rse insanni'n' wo'zine baylani'sli': woni'n' jetiklikke umti'li'wi' arti'qsha na'rselerden waz keshiwi ruwxi'y rawajlani'wdi'n' negizi yesaplanadi'.



Xuanxe da'ryasi' – «sari' da'rya»

### *Wo'zin'izdi si'nan'!*

***Buddali'q — bul...***
***Shandragupta — bul...*** ***Budda — bul...***

### *Tayani'sh konspekt*

- b.e. shekemgi VII-VI a'sirler — Magadha, Kashala, Malla ma'mleketleri
- b.e. shekemgi 327-ji'l — Aleksandr Makedonskiydin' Hindstang'a atlani'si'
- Shandragupta — paytaxti' Pataliputra bolg'an Maurya ma'mleketinin' tiykari'n sali'wshi'
- b.e. shekemgi III a'sir — Ashoka hu'kimdarli'g'i' — gu'llepjaynag'an da'wiri
- jan'ali'qlar: sanlar, «nol» sani', shaxmat
- «Mahabxarat», «Ramayana», «Panshatantra»—xali'q da'stanlari'
- buddali'q—qudaylarsi'z din

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Erami'zg'a shekemgi VII-VI a'sirlerde Hindstanda qaysi' ma'mleketler payda boldi'?
2. Ulli' jawlap ali'wshi'lardan qaysi'si'na Hindstan ma'mleketin wo'zine boysi'ndi'ri'w nesip yetpedi? Ne sebep?
3. Mauriya ma'mleketinin' tiykari'n sali'wshi'ni'n' ati'n ayti'n'.
4. Qaysi' hu'kimdar da'wirinde Mauriya ma'mleketi rawajlani'wdi'n' joqari' shi'n'i'na yeristi?
5. Hindlerdin' yen' a'hmiyetli jan'ali'q ha'm woylap tabi'wlari'n ayti'p berin'.
6. Hindler qaysi' dindi «qudaylarsi'z din» dep atag'an? Ne sebep?



Qala saqshi'lari' minarasi'ni'n' ko'rinisi. Erami'zg'a shekemgi I a'sir

## 18-§. Qi'taydi'n' a'yyemgi civilizaciyalari'

### Qi'tayda civilizaciyalardi'n' baslani'wi'

Mi'si'r, Mesopotamiya ha'm Hindstandag'i' si'yaqli' Qi'tayda da da'slepki civilizaciyalar *Xuanxe* ha'm *Yanczi'* atli' u'lken da'ryalar boylari'nda erami'zg'a shekemgi III—II mi'n' ji'lli'qlarda bu'rtik jara basladi'. A'yyemgi Qi'tay ma'mleketi Xuanxe da'ryasi'ni'n' worta ag'i'mi'nda payda boladi' (qi'taysha «Xuanxe»–*«Sari' da'rya»* ma'nisin an'latadi').

Qi'tayli'lar *«turaqsi'z da'rya»*, *«mi'n'lap apatshi'li'q keltiriwshi da'rya»* dep te ta'riyplegen Xuanxe bag'dari'n tez-tez wo'zgertip turatug'i'n yedi. Wortasha ha'r yeki-u'sh ji'lda bir ma'rtebe ku'shli ha'm apatli' suw tasqi'nlari' boli'p wo'tetug'i'n yedi. Adamlar bul tasqi'nlardan biyik jerlerde jan saqlap qalatug'i'n yedi.



**Qi'tay a'meldari'**




**A'yyemgi Qıtay**

**Yeste saqlan'!**

Qi'tayda da'slepki civilizaciyalar Xuanxe ha'm Yanczi da'ryalari' boylari'nda b.e.sh. 3-2-mi'n'ji'lli'qlarda payda bolg'an.

Erami'zg'a shekemgi III mi'n'ji'lli'qta Qi'tayda qa'wimler awqamlari' payda bola basladi'. Erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'q wortalari'nda awqam-qalalar bir ma'mleketke birlesti, bul ma'mlekettin' ati' da woni'n' bas qalasi'ni'n' ati' si'yaqli' «Shan» dep atalg'an. Erami'zg'a shekemgi II mi'n'ji'lli'q aqi'ri'nda Shang'a qon'si'las shjou qa'wimi basti'ri'p kiredi, woni'n' hu'kimdari' Shan jerlerin wo'zinikine qosi'p aldi' ha'm «Shjou» degen u'lken ma'mleketti qurdi'.



**Sali' ati'zi'**



Qalani'n' saqshi'lar minaralari'

Ma'mlekettin' u'lkenligi sebepli hu'kimdarlar woni' *«Zafaryor»* yamasa *«Worta patshali'q»* dep, wo'zlerin bolsa «Aspan ullari'» dep ataydi'. Pu'tkil worayli'q Qi'tay mine usi' ma'mleket qurami'na kirgen yedi.

### Xalqi'ni'n' ka'sipleri

Diyqanshi'li'q Qi'tayda a'zelden itibarli' ha'm maqtani'shli' ka'sip yesaplani'p kelgen. Tiykarg'i' diyqanshi'li'q yeginleri qara biyday ha'm biyday bolg'an. Son'i'n ala qi'tayli'lar sali' jetistire basladi', sali' tuqi'mi' Hindstannan ali'p kelingen. Sali' jetistiriw an'sat is yemes. Tuqi'm sewmesten buri'n ati'z wo'giz qosi'lg'an gu'nde menen shu'digarlanadi'. Shu'digardan keyin tisleri kelte awi'r mala menen tegislenedi. Sali' tuqi'mi' aldi'n ala i'zg'arda qoyi'lg'ani' sebepli tez ko'gere baslaydi'. Ko'gergen tuqi'm na'li jerge woti'rg'i'zi'ladi'. Yegiletug'i'n maydan basti'ri'p suwg'ari'ladi', na'ldin' boyi' 20-25 santimetr bolg'ani'nda ati'zlarg'a woti'rg'i'zi'ladi'. Sali' paqali' 5-10 sm qali'n'li'qta basti'ri'p suwg'ari'ladi'. Shama menen 100 ku'nnen keyin sali' pisip jetiledi, zu'ra'a'tti ji'ynasti'ri'p alg'annan keyin ag'ashtan islengen toqpaqlar menen jenshiledi.

Qi'tay xalqi' son'i'n ala «shay» darag'i'n da jetistire basladi', woni'n' japi'raqlari'nan shi'pali' ishimlik bolg'an «shay» tayarlanadi'. Shay tez arada pu'tkil du'nyag'a tarqaldi'.



Chjou ma'mleketinin' hu'kimdari'

Tut darag'i'n jetistiriw Qi'tay xalqi'ni'n' tiykarg'i' ka'sibinen biri bolg'an. Tut japi'rag'i' menen jipek qurti' bag'i'ladi'. Jipek qurtlari' pillelerge talshi'qlardi' woraydi', pilleden bolsa ju'da' jen'il ha'm ti'ni'q gezleme bolg'an jipek tayarlanadi'.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

> ***Xuanxe ha'm Yanczi' — bul...***
> ***Shan — bul...***
> ***Shjou — bul...***

### Qi'tay «ko'p patshali'qlar» da'wirinde

Erami'zg'a shekemgi VIII-VII a'sirlerde Shjou ma'mleketinde worayli'q ha'kimiyat ha'lsirey bas-

ladi'. Ayi'ri'm wa'layatlar nayi'plari' patsha ha'kimiyati'nan azat boli'wg'a umti'latug'i'n yedi. Qi'tayg'a ko'shpeli qa'wimler hu'jim jasay baslag'ani'nan paydalani'p qalg'an shetki wa'layatlar xalqi' bo'linip shi'g'i'p, wo'z ma'mleketin qura basladi'. Usi' taqi'lette erami'zg'a shekemgi VII—V a'sirlerdegi u'lken da'wir tariyxta *«Ko'p patshali'qlar»* da'wiri ati'n alg'an. Qi'tayda usi' waqi'tta *«gu'resip ati'rg'an patshali'qlar»* da'wiri de baslandi'. *«Zafaryor»* imperiyasi'ni'n' joqari' hu'kimdarlari' menen bo'linip shi'qqan ma'mleketler hu'kimdarlari' arasi'nda baslang'an uri'slar 200 ji'ldan ko'birek dawam yetti. Bul da'wir Sin ma'mleketi hu'kimdari' wo'zinin' barli'q qarsi'laslari'n joq yetip taslap, erami'zg'a shekemgi III a'sirde bir ma'mleket du'ziliwi menen juwmaqlandi'.



**Qag'az islep shi'g'ari'w**



**Su'yekke jazi'lg'an qi'tay jazi'wi'**



**Sin Shixuandi— oraylasqan Qi'tay hu'kimdari'**

## *Tayani'sh konspekt*

- b.e. shekemgi III — II mi'n' ji'lli'q — Qi'tayda civilizaciyani'n' ju'zege keliwi
- Xuanxe — «turaqsi'z da'rya», «mi'n'lag'an apatlar da'ryasi'»
- b.e. shekemgi II mi'n' ji'lli'q — Shan, Shjou ma'mleketleri
- diyqanshi'li'q — sali'; shay; jipekshilik
- b.e. shekemgi VII — V a'sirler — «ko'p patshali'qlar da'wiri»
- b.e. shekemgi III a'sir — Sin ma'mleketinin' du'ziliwi

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Qaysi' da'ryalar woypati'nda Qi'taydi'n' da'slepki civilizaciyalari' payda bola basladi'?
2. Ne sebep Xuanxeni «turaqsi'z da'rya» dep atag'an?
3. Qi'tayda birinshi ma'mleket qashan du'zildi? Wol qalay atalg'an?
4. Qi'taydi'n' qaysi' a'yyemgi ma'mleketi "Zafaryor" degen at alg'an? Sizin' she ne sebep?
5. A'yyemgi Qi'tay xalqi'ni'n' tiykarg'i' ka'siplerin sanap berin'.
6. Qi'tay tariyxi'ndag'i' «ko'p patshali'qlar» ha'm «gu'resip ati'rg'an patshali'qlar» da'wirlerinin' atlari'ni'n' ma'nisin tu'sindirip berin'.

## 19-§. Erami'zg'a shekemgi III – erami'zdi'n' I a'sirlerindegi Qi'tay



A'skerlerdin' gu'lal ha'ykelleri. Sin Shixuandi maqbarasi' qazi'lmalari'



Ulli' Qi'tay diywali'

### Woraylasqan ma'mlekettin' du'ziliwi

Qi'taydi' bir ma'mleketke birlestiriw procesine Qi'tay ma'mleketlerinen biri bolg'an *Sin ma'mleketi* hu'kimdari' basshi'li'q yetedi, Sin ma'mleketi hu'kimdari' dushpanlari'n ku'l-talqan yetti, Qi'taydi' wo'z ha'kimiyati' qaramag'i'na birlestirdi. Sonnan son' wol *Sin Shixuandi* (b.e.sh. 246—210-ji'llar) ati'n qabi'l yetken, bul at *«Sinnin' birinshi hu'kimdari'»* degen ma'nisti bildiredi. Wo'z ma'mleketi aymag'i'n 36 wa'layatqa bo'lgen hu'kimdar ha'r birine imperator nayi'plari'n (wori'nbasarlari'n) basshi' yetip tayarladi'.

Tiykari'nda qatti' qol adam bolg'an Sin Shixuandi wo'z dushpanlari'n ayawsi'z qi'ri'p tasladi'. Sin Shixuandi hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Qi'tay gu'llep-jaynadi': diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik ha'm sawdasati'q rawajlandi'.

Sin Shixuandi yele ko'zi tiriliginde-aq wo'zine atap minara quri'wg'a pa'rman bergen yedi. Sawlatli'g'i' ha'm bezewleri jag'i'nan bul minara Mi'si'r piramidalari' menen bellese aladi'. Minarani' 720 mi'n' adam 37 ji'l dawami'nda qurg'an. Minarani'n' tu'bi bir neshe kvadrat km maydandi' iyelegen. Sin Shixuandi qa'birinen imperatordi' «qorg'aw» ushi'n wornati'lg'an 6 mi'n' gu'laldan islengen a'skerler ha'ykelsheleri de tabi'lg'an.

### Ulli' Qi'tay diywali'

Sin Shixuandi hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Qi'tayda ko'shpeli xunnlardi'n' bazi'-bazi'dag'i' hu'jimlerinen qorg'ani'w ushi'n *Ulli' diywaldi'* quri'w baslap jiberildi. Diywaldi'n' biyikligi 12 metr, yeni 5 metr, al uzi'nli'g'i' 4 mi'n' km. di quraydi'. A'yyem zamanlarda dushpan a'skerleri ushi'n bekkem bekinis boli'p xi'zmet yetken, wo'ytkeni, atli' a'skerler wonnan asi'ri'li'p wo'te almaytug'i'n yedi, al qorg'anlardi' shturm menen ali'wg'a ko'shpeliler yele uqi'pli' yemes yedi.

**Yeste saqlan'!**

Qi'tayda Sin Shixuandi da'wirinde ko'shpeli xunnlardi'n' hu'jimlerinen qorg'ani'w ushi'n ulli' diywaldi' quri'p baslag'an.

Patsha ha'm ha'meldarlar ju'z mi'n'lap diyqanlardi' diywal quri'li'si'nda tegin islep beriwge ma'jbu'r yetedi. Ulli' diywaldi' beller, sho'kkishler ha'm za'mber arbalar ja'rdeminde qurdi'. Sol waqi'tlari' diyqan shan'arag'i'nda ul balani'n' tuwi'li'wi' mu'siybet worni'nda bolg'an: yer-jetkennen son' woni' ba'ribir diywal quri'li'si'na jo'netedi, wol jaqtan tiri qayti'p keliw bolsa ha'mmege nesip yete bermeydi.

Mi'n'lap qullar ha'm tutqi'nlar diywal quri'li'si'ndag'i' awi'r miynetten qurban boldi'. Wo'lip qalg'anlari'n sol jerdin' wo'zinde diywallarg'a ko'mip taslaytug'i'n yedi.



Xan dinastiyasi'ni'n' hu'kimdari'—U-Di

### Qi'tayda xali'q qozg'alan'lari'

Erami'zg'a shekemgi 206-ji'li' Sin dinastiyasi'na qarsi' diyqanlar qozg'alan'i' baslani'p ketti. Wog'an *Lyu Ban* degen adam basshi'li'q yetken yedi. Qozg'alan'shi'lar paytaxtti' iyelep aldi'. Imperiya qarabaqanalari'nda Xan dinastiyasi' basshi'li'q yetken jan'a ma'mleket qurdi'. Bul dinastiya ma'mleketi imperator U-Di hu'kimdarli'g'i' da'wirinde (erami'zg'a shekemgi 140—87-ji'llar) yen' qu'diretli ma'mleketke aylang'an ha'm erami'zdi'n' 220-ji'li'na shekem wo'mir su'rgen.



Qi'taydag'i' xali'q ko'terilisi

Shi'g'i'stag'i' basqa ma'mleketler si'yaqli' Qi'taydag'i' jerler hu'kimdardiki yesaplanatug'i'n yedi, xali'q natural sali'qlar to'ler, ha'r qi'yli' miynet minnetlemelerin wori'nlar yedi. Zor miynetinin' yesesine jetistirilgen zu'ra'a't ko'binese diyqanni'n' wo'zine nesip yetpeytug'i'n yedi. Zu'ra'a't ji'ynalg'annan son' ameldarlar ha'm qarawi'llar keletug'i'n yedi. Yegerde diyqan sali'qlardi' waqti'nda to'ley almasa yamasa qari'zi'n qaytarmasa, qari'zlari'ni'n' yesesine balalari'ni'n' birewin berip jiberetug'i'n yedi. Tu'sken pulg'a bolsa wol shan'araqti'n' qalg'an ag'zalari'n jan'a zu'ra'a'tti ji'ynawg'a shekem bag'i'p turi'w imkaniyati'na iye bolatug'i'n yedi.

> **Yeste saqlan'!**
> B.e.sh. 206-ji'li' Sin dinastiyasi' hu'kimdari'na qarsi' qozg'alan' ju'z bergen.

Awi'r awhalg'a narazi'li'q ta'rizinde keyni diyqanlar qozg'alan'i'na aylani'p ketetug'i'n ko'terilisler payda bolatug'i'n yedi. Wolardan biri «qi'zi'lqasli'lar qozg'alan'i'»

ati'n alg'an yedi. Wo'ytkeni, qozg'alan'g'a shi'qqanlar wo'z adamlari'n aljasti'ri'p almaw ushi'n qaslari'n qi'zi'l ren'ge boyap alg'an yedi.

«Sari' woramalli'lar qozg'alan'i'» II a'sirdegi yen' iri qozg'alan' boldi'. Bul qozg'alan'g'a jaqsi' tayarli'q ko'rilgen, qozg'alan'g'a shi'qqanlar arasi'nda a'skeriy wo'ner bilimdanlari' da bolg'an. Qozg'alan' pu'tkil ma'mleketti qamti'p aldi'. Tek hu'kimdardi'n' jaqsi' qurallang'an ha'm jaqsi' a'skeriy ta'rbiya alg'an a'skerleri g'ana woni' basti'ri'wdi'n' yesabi'n tapti'. Biraq, xali'q qozg'alan'lari' yeldin' basqa wa'layatlari'nda da dawam yete berdi. Xunnlardi'n' hu'jimleri ku'sheyiwi menen ma'mleket te ha'lsirep qaldi', erami'zdi'n' IV a'sirinde Qi'tay imperiyasi' u'sh patshali'qqa bo'linip ketti.



Seysmograf



Qi'tay shi'ni'si'

## A'yyemgi Qi'tay ma'deniyati'

A'yyemgi Qi'tayda barli'q so'zlerdi bildiretug'i'n ieroglif jazi'wi' payda bolg'an. Da'slep Qi'tayli'lar bambukka jazg'an. Qi'tayli'lar bambukti' uzi'n-uzi'n taxtashalarg'a bo'leklep ushi' wo'tkirlengen yetip ag'ash tayaqsha menen wolarg'a ierogliflerdi daraq shiresinen tayarlang'an si'ya menen jazatug'i'n yedi. Jin'ishke ha'm uzi'n taxtashalarg'a tek bag'ana ta'rizinde jazi'w mu'mkinshiligi bolg'an, soni'n' ushi'n da joqari'dan to'menge qarap jazi'w formasi' son'i'n ala da saqlani'p qalg'an. Bambuk taxtashalardi'n' joqari' bo'liminde tesik tesilip, wolardi' bir da'ste yetip baylag'an. Bambuk taqtashalar baylami' sol waqi'tta yen' a'yyemgi qi'tay kitaplari' yedi.



Qi'tayda woylap tabi'lg'an kompas

Bunnan 2,5 mi'n' ji'l buri'n bambukti'n' worni'na jipekten paydalani'wg'a wo'tildi. Jipekke tayaqsha menen yemes, kista menen jazi'latug'i'n yedi. Yendi kitap uzi'n jipek bo'legine uqsap, woni' woram yetip tayaqshag'a woraytug'i'n yedi. Erami'zg'a shekemgi I a'sirde qag'az woylap tabi'ldi'.



Bambukten islengen qi'tay kitabi'

Qi'tayli'lardi'n' yen' a'jayi'p jan'ali'qlari'nan biri *kompas* bolg'an. Wol magnitlengen temirden jasalg'an uzi'n sapli' u'lken qasi'qti' yesletedi. Bul u'skeneni kletkalarg'a bo'lingen nag'i'slang'an ag'ashqa wornatqan, woni'n'

sabi' bolsa ba'rqulla qublani' ko'rsetetug'i'n yedi. Qi'tayli'lar kompastan tiyisli jumi'slarda, qurg'aqli'q ha'm ten'izge shi'qqanda paydalang'an.

Qi'tayda sonday-aq jer silkiniwdi aldi'nnan ayti'p beretug'i'n seysmograf ta woylap tabi'lg'an yedi. Qi'tay ali'mlari' tariyx, astronomiya ha'm medicinag'a tiyisli ko'plegen shi'g'armalar do'retken.

**Yeste saqlan'!**

Qi'tayli'lar bunnan eki mi'n' besh ju'z ji'l buri'n shayi'dan jazi'w maqsetlerinde paydalana basladi'.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***Sin Shixuandi — bul...***
***Ulli' Qi'tay diywali' — bul...***



**Ayyemgi qi'tay tariyxshi'si' Si'ma-Cyan**

***Tayani'sh konspekt***

- Sin Shixuandi — Sin ma'mleketi hu'kimdari'
- Ulli' Qi'tay diywali'ni'n' quri'li'wi'
- xali'q qozg'alan'lari':
  - — b.e.sh. — 206-ji'l — Lyu Ban
  - — «qi'zi'lqasli'lar qozg'alan'i'»
  - — b.e.sh. II a'sir — «Sari' woramalli'lar qozg'alan'i'»
- woylap tabi'wlar: ieroglifler, qag'az, kompas, seysmograf

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Qi'taydi' bir ma'mleketke birlestirgen hu'kimdardi'n' ati'n ayti'n'. Bul waqi'ya qashan bolg'an?
2. Hu'kimdar Sin Shixuandi haqqi'nda so'ylep berin', woni'n' jekke wo'zine baha berin'.
3. Ulli' Qi'tay diywali' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
4. Qi'tayda qanday xali'q qozg'alan'lari' boli'p wo'tti? Wolardi'n' sebeplerin ayti'n'.
5. Qi'tayli'lar woylap tabi'wlari'n sanap berin'. Qaysi'lari'nan ha'zir de paydalanami'z?

## 20-§. Wo'zbekstan aymag'i'ndag'i' da'slepki ma'mleketler

### A'yyemgi xali'qlardi'n' etnikali'q qurami' ha'm aymaqli'q jaylasi'wi'

Jazba dereklerdin' mag'li'wmat beriwinshe, erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerde Wo'zbekstan aymag'i'nda *sogdiylar, baktriyali'lar, xorezmliler, sak* ha'm *massaget*

**Yeste saqlan'!**

**Sogd** — Zarafshan ha'm Qashqada'rya woypati'nda, **Xorezm** — A'miwda'ryani'n' to'mengi bo'liminde, **Baktriya** — Surxanda'rya woypati'nda, arqa Awg'anstan ha'm qubla Tajikstan aymaqlari'nda jaylasqan.



**B.e.sh. VI a'sirlerde Worta Aziya xali'qlari'.**
*Rekonstrukciya*




**Orta Aziya ha'm A'yyemgi Shıg'ıs**

etnosli'q ha'm etnikali'q qa'wi'mleri jasag'an. Zarafshan ha'm Qashqada'rya oazisinde diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'wshi' ko'plegen xali'qlar jasag'an. Jazba dereklerde bul aymaq *Sog'da* («Avesto»da) Su'g'uda (Behistun jazi'wlari'nda), Arrian, Strabon, Kvint Kursiy Ruf shi'g'armalari'nda *Sog'diana* dep atalg'an. Bul aymaqta jasag'an xali'q sog'diylar dep atalg'an.

A'miwda'ryani'n' to'mengi ag'i'mi'nda jasag'an woti'ri'qli' diyqan yelatlari' *xorezmliler* dep atalg'an. Wolardi'n' jurti' *Xvarizam* («Avesto»da), *Xvarazmish* (Behistun jazi'wlari'nda), *Xorezmiya* (Arrian, Strabon shi'g'armalari'nda) delingen.

Sog'diylardi'n' yen' jaqi'n qon'si'lari' *baktriyali'lar* boli'p, wolardi'n' jurti' Surxan woypatli'g'i', Awg'anstanni'n' arqasi', Ta'jikstanni'n' qubla aymaqlari'nda jaylasqan. Jazba dereklerde wol *Baxdi* («Avesto»da), *Baktrish* (Behistun jazi'wlari'nda) dep atalg'an. Grek-rim avtorlari' woni' *Baktriyana* yamasa *Baktriya* dep atag'an.



**Sak a'skeri.**
*Rekonstrukciya*

Sho'ller ha'm A'miwda'rya boylari'nda ko'shpeli massaget qa'wimleri jasag'an. Worayli'q Aziyani'n' tawli', dala ha'm sho'l jerlerinde tiykarg'i' ka'sibi sharwashi'li'q bolg'an saklar jasag'an. Bizin' erami'zg'a shekemgi VI

a'sirde wolar wo'z jerlerin basqa qa'wimler hu'jiminen qorg'aw ushi'n a'skeriy-qa'wimlik awqam du'zgen.

A'yyemgi rim ha'm grek tariyxshi'lari'ni'n' jazi'wlari'na qarag'anda, saklar u'sh sotsialli'q toparg'a bo'lingen. Wolardi'n' ko'pshi'li'k bo'limi *saka-tigra-xauda*, yag'ni'y wo'tkir ushli' kiyiz qalpaq kiyip ju'riwshi saklar dep atalg'an. Wolar ha'zirgi Tashkent wa'layati' ha'm Qubla Qazaqstan jerlerinde jasag'an.

Ekinshi topar *saka-tiay-taradarayya*, yag'ni'y da'r-yani'n' arg'i' ta'repinde jasawshi' saklar dep atalg'an. Wolar Aral ten'izi boylari'nda, Si'rda'ryani'n' (bul da'ryani'n' a'yyemgi ati' Yaksart) to'mengi ag'i'si'nda jasag'an.

Pamirdin' tawli' rayonlari'nda ha'm Ferg'anada *saka-xaumovarka* dep atalatug'i'n saklar jasag'an.



Ko'shpeli



Gu'lalshi'li'q u'skenesinde gu'lal i'di's islew

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Saklar*** | ***tigraxauda — bul...*** |
| | ***tiay-taradarayya — bul...*** |
| | ***xaumovarka — bul...*** |

## Erami'zg'a shekemgi VII-VI a'sirlerde ekonomikani'n' rawajlani'wi'

Xorezm, Sog'diyana ha'm Baktriya xalqi'ni'n' tiykarg'i' ka'sibi sol waqi'tta jasalma suwg'ari'wg'a tiykarlang'an diyqanshi'li'qtan ibarat bolg'an. Ja'miyetlik turmi'sta wo'nermentshilik ha'm sawdani'n' worni' u'lken bolg'an. Adamlar jasag'an qoni'slardan joqari' si'patli' gu'lalshi'li'q i'di'slari', temir ha'm qola buyi'mlari' tabi'lg'an.

Ko'shpeli sak ha'm massaget yelatlari'ni'n' tiykarg'i' ka'sibi sharwashi'li'q boli'p, wolardi'n' tu'ye, at ha'm qoy-eshkilerden ibarat su'riwleri bolg'an.

Haywan terisinen ayaq kiyimler, shati'rlar tigip, g'alle ha'm miywege almasti'rg'an. Worta Aziyani'n' xali'qlari' Shi'g'i's yelleri menen jaqi'nnan ma'deniy baylani'sta bolg'an.Usi'layi'nsha Worta Aziyani'n' woti'ri'qli' ha'm ko'shpeli xalqi' arasi'nda wo'zara sawda almasi'w bolg'an.



**Baktriyali'lar u'yinin' saqlani'p qalg'an bir bo'limi.**
*B.e.sh. VI – V a'sirler.*



**A'yyemgi Baktriya u'y-qorg'ani' Surxanda'rya woypati'. B.e.sh. VII-IV a'sir**

Wo'nermentshilik ha'm sawdani'n' rawajlani'wi' na'tiyjesinde erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerde a'yyemgi qalalar rawajlang'an. Wolar bekkem qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'an boli'p, wo'nermentshilik wo'ndirisi ha'm sawda woraylari' yedi.

**Erami'zg'a shekemgi VII-VI a'sirlerde a'yyemgi qala ma'deniyati'**

A'yyemgi tariyxti' izertlewshiler *Afrasiyab* (Samarqand), *Jerqorg'an* ha'm *Uzi'nqi'r* (Qashqada'rya woypati'), *Gu'zeliqi'r* (Xorezm), *Qi'zi'ltepa* (Surxanda'rya) si'yaqli' a'yyemgi qalalardi' izertlegen. Wo'zbekstanni'n' bunday a'yyemgi qalalari' qanday ko'riniske iye bolg'an?

A'yyemgi qalalarg'a ta'n uli'wma belgi wolardi'n' qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'anli'g'i' boli'p yesaplanadi'. Qalada ha'kim jasaytug'i'n qorg'an bolg'an. Qorg'anda qam gerbishten quri'lg'an u'lken saray jaylasqan. Qalalardi'n' bir topari' sawda ha'm wo'nermentshilik woraylari' bolsa, basqalari' bo'lek rayon ha'm wa'layatlar woraylari' yesaplang'an. Ma'selen, da'slepki Qi'zi'ltepa qalasi' bekkem qorg'ani'w diywallari' menen qorshali'p, diywal suw tolti'ri'lg'an qa'ndek qorshaw menen aylandi'ri'lg'an. Diywaldi'n' mu'yesh minaralari' ha'm woq ati'w ushi'n arnawli' wori'nlari' da bolg'an. Qala ishkerisinde u'yler ha'm wo'nermentshilik ustaxanalari' jaylasqan.



**Qi'zi'ltepa gu'lal i'di'slari'**

**A'yyemgi ma'mleketler**

Erami'zg'a shekemgi VII a'sirde du'zilgen A'yyemgi Baktriya ma'mleketi Worta Aziya aymag'i'nda a'yyemgi ma'mleketlerdin' biri boli'p yesaplanadi'.

> **Yeste saqlan'!**
>
> **Ayyemgi Baktriya ma'mleketi** Worta Aziya aymag'i'nda b.e.sh. **VII — VI a'sirlerde du'zilgen.**

Marg'iyana ha'm Sogdiyana da Baktriyani'n' siyasiy ha'm ma'deniy ta'sirinde bolg'an. Sonli'qtan da wol buri'nnan bir-birine tuwi'sqan bolg'an yelatlardi'n' ma'mleket birlespesi delingen. Erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerde Surxanda'rya, Qashqada'rya, Zarafshan alaplari' ha'm Wo'zbekstang'a shegaralas wa'layatlar A'yyemgi Baktriya ma'mleketinin' ta'sirinde bolg'an. Qi'zi'ltepa, Uzi'nqi'r, Jerqorg'an ha'm Afrasiyab

worni'nda Baktriya ha'm Sogdti'n' worayli'q qalalari' jaylasqan. Bul qalalar Wo'zbekstan aymag'i'nda yen' a'yyemgileri boli'p, wolardi'n' jasi' 2700 ji'ldan kem yemes.

Ja'ne bir a'yyemgi ma'mleket Xorezm aymag'i'nda duzilgen. Bul ma'mleket Xorezmnen ti'sqari'da bolg'an jerlerdi de birlestirgen. A'yyemgi Xorezm woraylari'ni'n' biri Gu'zeliqi'r qalasi' bolg'an. Wol qali'n' ha'm bekkem qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'an. Woni'n' diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an xalqi' ha'r qi'yli' u'y qorg'anlarda ha'm awi'llarda jasag'an. A'yyemgi Xorezmde wo'nermentshilik, jay sali'w ha'm sawda-sati'q joqari' da'rejede rawajlang'an.

Jergilikli gu'lalshi'li'q, qural sog'i'w, zergerlik buyi'mlari'ni'n' dawri'g'i' wo'zge jurtlarg'a da tarqalg'an yedi. Qalalarda sawda-sati'q rawajlang'an. Xorezmliler sheber quri'li'sshi', wo'nerment ha'm diyqan bolg'an.

Solay yetip, erami'zg'a shekemgi IX—VIII a'sirlerde Wo'zbekstan aymag'i'nda birinshi temir asirine wo'tiw baslang'an. Erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerde bul jerde a'yyemgi iri ma'mleketler bolg'an. Qalalarda wo'nermentshilik, sawda-sati'q rawajlang'an. A'yyemgi Shi'g'i's yelleri menen ma'deniy baylani'slar wornati'lg'an. A'yyemgi da'wirde Wo'zbekstan aymag'i'nda ma'mleketshiliktin' rawajlani'wi' jergilikli xali'qti'n' joqari' da'rejede rawajlang'an diyqanshi'li'g'i'na tiykarlang'an yedi.

### *Tayani'sh konspekt*

- erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirler—sogdiylar, baktriyali'lar, xorezmiyler, saklar, massagetler
- Sogd → Soguda → Sogdiyana
- Xvarizam → Xvarazmish → Xorezmiya
- Baxdi → Baktrish → Baktriyana (Baktriya)
- A'miwda'rya (Oks) — saklar, massagetler
- B.e.sh. VII a'sir — A'yyemgi Baktriya ma'mleketleri — Qi'zi'ltepa, Jerqorg'an, Uzi'nqi'r, Afrasiyab
- Xorezm - Gu'zeliqi'r

**Yeste saqlan'!**

**Afrosiyab** — ha'zirgi Samarqandti'n' shi'g'i's shegarasi' aymaqlari'nda erami'zg'a shekemgi VIII–VII a'sirlerde tiykar sali'ng'an a'yyemgi qala. Bul jerde Samarqandti'n' eski bo'limi jaylasqan. A'yyemgi qala qorg'anlari', turaq jaylardi'n' qarabaqanalari' ha'zirgi ku'nge shekem saqlani'p qalg'an.



**A'yyemgi qalani'n' qaldi'qlari'**

**Yeste saqlan'!**

Qi'zi'ltepa, Jerqorg'an Uzi'nqi'r ha'm Afrasiyab Wo'zbekstan aymag'i'ndag'i' yen' a'yyemgi qalalar yesaplanadi'.

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerde Wo'zbekstan aymag'i'nda qaysi' qa'wim ha'm yelatlar jasag'an?
2. Etnos, etnikali'q birlespe degen ne?
3. Erami'zg'a shekemgi VII—VI a'sirlerde Wo'zbekstan aymag'i'nda rawajlang'an wo'nermentshilik tu'rlerin sanap berin'.
4. Wo'zbekstanni'n' yen' a'yyemgi ma'mleketleri qaysi'lar?
5. Wo'zbekstanni'n' da'slepki qalalari' qanday ko'riniste bolg'an?
6. Jazi'wsi'z kartada Wo'zbekstanni'n' da'slepki qalalari'n belgilen'.
7. Wo'zbekstanni'n' qaysi' wa'layatlari'nda yen' a'yyemgi qalalar ha'm ma'mleketler du'zildi?




**Zardusht. Zamanago'y su'wret**

## 21–22-§§. Zardushtiylik

### Zardushtiyliktin' payda boli'w tariyxi'

Erami'zg'a shekemgi I mi'n' ji'lli'qta Worta Aziyada *zardushtiylik* dep atalg'an din ken' tarqaldi'. Bul din yele adamlar ta'biyatti' ilahiylasti'rg'an bir waqi'tta payda bola baslag'an yedi. Zardushtiyler wotqa (Quyash), topi'raq, suw, ay, juldi'zlarg'a si'yi'ng'an, wolardi' muqaddes dep yesaplag'an.

«Zardushtiylik» so'zi de Zardusht (ha'r qi'yli' tillerde Zaratushtra, Zoroastr) atamasi'nan kelip shi'qqan. B.e. shekemgi I mi'n'ji'lli'qti'n' birinshi yari'mi'nda jasap wo'tken tariyxi'y shaxs.

Keyinirek Greciyada payg'ambar Zardushtti'n' ati' «Zoroastr» tu'rinde jan'g'i'rdi'. (grekshe «astron»— «juldi'z» so'zinen), wo'ytkeni Greciyada woni' birinshi gezekte dani'shpan, juldi'z izertlewshi, boljawshi' si'pati'nda biletug'i'n yedi. Zardushtti'n' ati'nan kelip shi'qqan halda woni'n' ta'liymati' da zardushtiylik dini dep ju'rgizile basladi'.

**Yeste saqlan'!**

Zardusht — zardushtiylik dininin' tiykari'n sali'wshi'.

### Zardushtiyliktin' tarqali'wi'

Zardushtiylik tarqala baslag'an waqi'tlarda ibadatxanalar da, adamlar duwa tekstlerin u'yreniw ushi'n arnawli' kitaplar da bolmag'an. Diniy ma'resimler ashi'q aspan asti'nda, wotti'n' qasi'nda yamasa u'ydegi woshaq woti' jani'nda wo'tkizilgen.

Erami'zg'a shekemgi 1-mi'n'ji'li'qti'n' baslari'nda ha'r qi'yli' qa'wimlerdi basqi'nshi'lar menen gu'reste birlestiriw za'ru'rligi tuwi'ldi'. Zardusht wo'z wazlari'nda birlikke shaqi'rg'an yedi.

Zardushttin' son'g'i' na'siyatlari' din xi'zmetkerleri bolg'an ruwxaniylar ta'repinen jazi'p ali'ng'an. Zardushtiylik ruwxaniylari' diniy tekstlerdi yadlap, dinshillerge woqi'p beretug'i'n yedi. Zardusht wo'lgennen keyin bir neshe a'sirlerden son', barli'q diniy maresimler, ta'ripler ha'm duwalar zardushtiyler ushi'n muqqades bolg'an bir kitapqa ji'ynaldi'. Bul kitapti'n' ati' «Avesto» boli'p, «qatan' belgilengen ni'zam-qag'i'ydalar» degen ma'nisti an'latadi'.



**Axuramazda**

**Yeste saqlan'!**

*Astrolog* — juldi'zlardi'n' jaylasi'wi'na qarap keleshekti boljaytug'i'n adam.

### Qudaylari'

Zardushtiyliktin' hu'rmetine i'layi'q qudaylari' *Axuramazda, Mitra* ha'm *Anaxita* boli'p tabi'ladi'. Axuramazda zardushtiylerdin' ulli' ha'm dani'shpan jo-qari' qudayi' yesaplanadi'. Mitra — Quyash ha'm jaqti'li'q qudayi', diyqanlar ha'm sharwalardi'n' wo'nim, abadanli'q ha'm mal-da'wlet bag'i'shlawshi' qa'wenderi boli'p yesaplanadi'. Mitra Axuramazda ha'm adamlar arasi'nda bas na'siyhatlawshi'si' bolg'an. Mitra wo'spirim ha'm gu'resshen' ko'rinisinde su'wretlengen. Wol wotli' shaqmaqlar ja'rdeminde jawi'zli'q ha'm wo'lim qudayi' bolg'an Axriman menen gu'resedi. Jawi'nnan keyin payda bolatug'i'n raduga Mitrani'n' woq ati'lg'an sadag'i'nday iyilgen. Anaxita zardushtiylikte wo'nimdarli'q ha'm suw qudayi' yesaplang'an. Zardushtiylik dini ta'liymati' adamzatti'n' Jaqsi'li'q ha'm Jawi'zli'q haqqi'ndag'i' dualistlik ko'zqaraslari' jetilisiwine u'lken ta'sir ko'rsetti.



**Zardushtiyler ta'jim yetetug'i'n quyashti'n' shi'g'i'wi'**

### Zardushtiylik ma'resimleri

Ali'mlardi'n' izleniwleri na'tiyjesinde bu'gingi ku'nde biz zardushtiylerdin' muqaddes kitabi' «Avesto» tekstleri menen tani'si'w imkaniyatlari'na iye boldi'q. Francuz ali'mi' A.Dyuperron birinshi ma'rtebe «Avesto»ni'n' ayi'ri'm bo'limlerin awdari'w baxti'na miyasar bolg'an.

Zardushtiyliktin' du'nyag'a keliwi haqqi'nda mi'naday



Mitra – Quyash qudayi’

bir a’psana bar. Bir ku’ni yerte tan’da Zardusht suw ali’w ushi’n da’rya boyi’na bari’pti’. Ti’ni’q suwda wol Axuramazda yelshilerinen birinin’ sa’wlesin ko’rip qali’pti’, wol nur menen qaysi’ ta’repke bari’wg’a jol ko’rsetipti. Zardusht si’yqi’rli’ nur izinen bari’pti’. Ko’p wo’tpey joqari’ quday aldi’na bari’p qali’pti’. Axuramazda wog’an Zardushti’ quday Axuramazda ha’m woni’n’ arzi’w-u’mitleri haqqi’ndag’i’ bilimlerdi tarqati’w ushi’n tan’lap ali’ng’ani’n ma’lim qi’li’pti’.

Usi’ ta’rizde Zardusht 30 jasi’nda jan’a diniy ta’limatti’n’ payg’ambari’na aylang’an. «Payg’ambar» so’zinin’ wo’zi bolsa «arzi’w-u’mitler haqqi’nda xabar beriwshi» ma’nisin an’latadi’.

«Avesto»ni’n’ da’slepki bo’limi erami’zg’a shekemgi IX-VIII a’sirlerde payda bolg’an.

Zardushtti’n’ na’siyat tekstlerinin’ ha’mmesi bizin’ erami’zg’a shekemgi III a’sirde 21 kitapqa ji’ynalg’an, bul kitaplar «Avesto»ni’n’ tiykari’n qurag’an yedi. «Avesto» tekstlerine tu’sinik bolsa «Zand» (tekstke tu’sinik jazi’w) dep ju’rgiziledi.

Zardushtiylik ta’liymati’ boyi’nsha pu’tkil du’nya ha’m bizdi qorshap turg’an ha’mme na’rse yeki na’rseden, yag’ni’y Jaqsi’li’q ha’m Jawi’zli’qtan quralg’an. Jaqsi’li’q ha’m Jawi’zli’q wortasi’nda ha’mme waqi’t gu’res dawam yetedi. Mi’sali’, jaqti’li’q qaran’g’i’li’q penen, tirishilik wo’lim menen, jaqsi’li’q jamanli’q penen, haqi’yqatli’q—a’dalatsi’zli’q penen gu’resedi.



Zardushtiylik ruwxani’yi’

Zardushtiyler wo’mirinin’ tu’p ma’nisi jaqsi’ niyet, jaqsi’ so’z ha’m jaqsi’ pikirden ibarat boli’wi’ lazi’m. Insanni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ yen’ da’slep a’dil turmi’s keshiriw boli’p yesaplang’an. Jawi’zli’q penen gu’resinde Jaqsi’li’qqa ja’rdem beriw lazi’m: Jalg’an so’ylemew, aldamaw, wa’dege wopali’ boli’w, tek g’ana jaqsi’ islerdi a’melge asi’ri’wdan ibarat.

Zardushtiylik ta’liymati’ boyi’nsha insan wo’z joli’n wo’zi tan’laydi’, kimnin’ ta’repin ali’w, kimdi qorg’awdi’ da wo’zi sheshedi.

Wot, topi'raq, suw ha'm hawani' zardushtiyler muqaddes yesaplag'an. Wolardi' Jawi'zli'qti' bildiriwshi buyi'mlar menen aralasti'ri'p jibermew kerek.

Jer ju'zindegi yen' qorqi'ni'shli' Jawi'zli'q wo'lim yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da zardushtiylerde wo'lgen adamlardi' jerlew waqti'nda wo'z aldi'na ma'resim payda bolg'an. Insan wo'lgende bul jag'day wog'an Jawi'zli'q baslamasi'—o'limnin' kirip kiyati'rg'ani'n an'latadi', Jawi'zli'q penen Jaqsi'li'q bolg'an Topi'raqti' pataslamaw kerek. Marhumni'n' denesin jerge ko'miwge de, jandi'ri'p taslawg'a da, suwg'a taslap jiberiw de mu'mkin yemes. Soni'n' ushi'n da wo'linin' denesin quslar ha'm haywanlar jep ketiw ushi'n tiyisli wori'nlarg'a apari'p taslang'an. Jawi'nlar pa'klegen ha'm quyash qaqlag'an su'yeklerdi arnawli' i'laydan islengen tabi'tshalar—ossuariylar (su'yek sali'natug'i'n i'di'slar) da jerlengen.

**Yeste saqlan'!**

«Avesto»ni'n' da'slepki bo'limi b.e.sh. IX-VIII a'sirde payda bolg'an. Zardusht wazlari' tekstlerinin' barli'g'i' b.e.sh. III a'sirde 21 kitapqa ja'mlengen, bul kitaplar «Avesto»ni'n' tiykari'n qurag'an.



**Ossuariy**

**Yeste saqlan'!**

Zardushtiylar wo'mirinin' negizgi ma'nisi jaqsi'li'q is, jaqsi' so'z ha'm jaqsi' pikirden ibarat bo'liwi kerek. Insanni'n' tiykarg'i' wazi'ypasi' yen' da'slep a'dil turmi's ta'rizi esaplang'an.

### *Tayani'sh konspekt*

Zardushtiylik (b.e. shekemgi I-mi'n' ji'lli'q)

- → Zardusht — jan'a dinnin' tiykari'n sali'wshi'
- → "Zoroastr"—"astrolog"
- → "Avesto"
- → qa'wimler birlesiwi za'ru'rligi
- → otqa siyi'ni'w
- → Mitra, Axuramazda, Axriman, Anaxita, Qumay
- → "Zand"—"Avesto" g'a tu'sinik
- → Jaqsi'li'q ha'm Jawi'zli'q gu'resi
- → jerlew maresimleri
- → ossuariylar

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Zardushtiyliktin' da'slepki izertlewshisi kim?
2. Worta Aziya aymag'i'nda zardushtiylik tarqalg'an da'wirdi ayti'p berin'.
3. Zardushtiylar si'yi'natug'i'n joqari' qudaydi'n' ati'n ayti'p berin'.
4. Zardushtiyliktin' qaysi' ma'resimlerin bilesiz?
5. Zardushtiyliktin' muqaddes kitabi' «Avesto»ni'n' a'hmiyeti nede?



# III BO’LIM
# A’YYEMGI GRECIYA

## 23-§. Antik tariyxi’ni’n’ baslani’wi’



A’yyemgi Greciyani’n’ ji’rali’ jag’alawlari’

### Aymag’i’ ha’m ka’sipleri

A’yyemgi Greciya — *Balqan yari’m atawi’nda* ha’m *Jer Worta ten’izi* atawlari’ndag’i’ a’yyemgi Greciya ma’mleketlerinin’ uli’wma atamasi’ boli’p tabi’ladi’. Arqa ta’repinen ti’sqari’ A’yyemgi Greciyani’ Jer Worta ten’izi qorshap turadi’.

Greciya aymag’i’ni’n’ u’shten-bir bo’legin tawlar iyeleydi. Greciyani’n’ yen’ biyik tawi’ Olimp boli’p tabi’ladi’. Bul taw yeldin’ arqa-shi’g’i’s bo’liminde jaylasqan.

Wo’nimdarli’ dalalar tek g’ana alaplarda bolg’an. Tog’ayli’qlar wonsha ko’p yemes. Tawlar ha’r qi’yli’ wo’simlikler ha’m puta ta’rizliler menen qaplang’an. Grekler ushi’n ju’da’ qa’dirli bolg’an iyne japi’raqli’ tog’aylar Greciyani’n’ arqa ta’repinde




A’yyemgi Greciya

ha'm Peloponneste wo'sken. Puta ta'rizli ag'ashlardan woti'n si'pati'nda paydalang'an, wolardi'n' qabi'g'i' ha'm japi'raqlari' yeshki ha'm qoylarg'a jem worni'na berilgen.

A'yyemgi zamanlarda Greciya tawlari'nda don'i'z, ayi'w, qasqi'r ha'm ha'tte ari'slan jasaytug'i'n yedi.

### Civilizaciyani'n' payda boli'wi'

Grekler a'yyemgi wo'tken zamanlarda diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q penen shug'i'llang'an. Diyqanshi'li'qti'n' miynet qurali' gu'nde yedi. Qoy-eshkilerdi bag'i'p ko'beytken. Woqjaydan qural si'pati'nda paydalang'an.

Bizin' erami'zg'a shekemgi II mi'n' ji'lli'qta da'slepki qala-ma'mleketler payda bola basladi', wolardan: *Knoss, Miken, Tirinf, Pilos*. Bizin' erami'zg'a shekemgi II mi'n' ji'lli'qta Krit atawi'nda civilizaciya ju'zege keledi. A'psanag'a aylang'an patsha Minos ati' menen woni' *Minoy civilizaciyasi'* dep atag'an. Krit atawi'ndag'i' Minoy civilizaciyasi' ku'shli jer silkiniw ha'm suw tasqi'ni'na se-bep bolg'an vulkan ati'li'wi' aqi'betinde wayran boldi'. Ko'p wo'tpey qayta tiklengen. Erami'zg'a shekemgi 1450-ji'llari' kontinenttegi Greciya aymag'i'nan *mikena* qa'wimleri basti'-ri'p kiredi, woni'n' tiykarg'i' xalqi'n axeylar dep atag'an. Sol axeylar Minoy civilizaciyasi'ni'n' qulawi'na ali'p keldi.

Erami'zg'a shekemgi 1200-ji'li' *doriylar* Qubla Gretsiyag'a basti'ri'p kirdi. Miken ma'mleketin ku'l-talqan yetip, Sparta ma'mleketine tiykar saldi'.

### Greklerdin' ten'iz sayaxatlari'

Egey ten'izindegi ko'p sanli' u'lken-kishi atawlar, qolayli' ten'iz jag'alawlari' ha'm qolti'qlari' grekler arasi'nda ten'izshiliktin' rawajlani'wi'na mu'mkinshilik jarati'p berdi. Biraq greklerde u'lken kemeler bolmag'an, kishkene yeskekli qayi'qlarda jag'adan uzaqqa ju'zip bari'w ju'da' qa'wipli yedi. Bunnan ti'sqari', greklerde yele kompas bolmag'an, adasi'p qali'wdan qa'wiplenip, ko'z-ko'retug'i'n qi'sqa arali'qlarda — atawdan atawg'a yamasa jag'a jani'nda ju'zip ju'retug'i'n yedi. Ta'jiriybeli ten'izshiler jelqomlardan paydalani'p ali's sayaxatlarg'a — Mi'si'rg'a ha'm



**Grekler da'ryada**



Minoy civilizaciyasi' quri'lislari'ni'n' qaldi'qlari'



**Mikena qalasi'.** *Rekonstrukciya*

de Jer Worta ten'izi ha'm Qara ten'iz jag'ali'g'i'ndag'i' qalalarg'a qayi'qta ju'zip barg'an. Adamlar jasaytug'i'n aymaqlardi' grekler Woykumeniya dep atag'an.



Grek gopliti

### *Tayani'sh konspekt*

- Balkan yari'm atawi', Peloponnes yari'm atawi'
- b.e. shekemgi II mi'n' ji'lli'q—Miken, Krit ma'mleketleri
- b.e. shekemgi 1450-ji'llar – axeyler (mikena qa'wimleri)—Minoy (Krit) civilizaciyasi'n wayranag'a aylandi'rdi'
- b. e. shekemgi 1200-ji'l — doriylar Miken ma'mleketin wayranag'a aylandi'rdi'

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Kartadan a'yyemgi Greciya ha'm Krit atawi' aymaqlari'n ko'rsetin'. Eldin' geografiyali'q worni'n si'patlan'.
2. A'yyemgi Greciyada da'slepki civilizaciya qay jerde ju'zege keldi? Ne sebep wol ha'lsirey basladi'?
3. A'yyemgi Greciyani'n' geografiyali'q worni'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligi nede?
4. Qanday geografiyali'q sha'rayatlar a'yyemgi greklerdin' xojali'q ka'siplerine ta'sir jasadi'?
5. Ne ushi'n A'yyemgi Greciya tariyxi'nda «antik» so'zi qosi'p ayti'ladi'? Bul so'z qanday ma'nini an'latadi'? Qi'ynalsan'i'z, so'zlikke qaran'.



Afina porti'nda

## 24–25-§§. A'yyemgi Greciyani'n' gu'lleniwi

**Grek qalalari'**

Bizin' erami'zg'a shekemgi IX—VII a'sirlerde diyqanshi'li'q ha'm wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi' menen qoni'slar ha'm qalalar sani' da arti'p baradi'. Grek qalalari'ni'n' ko'pshiligi bir qansha qoni'slardi'n' birlesiw joli' menen payda boladi'. Bunday qalalar ha'm wolardi'n' a'tirapi'nda jaylasqan awi'llar qala-ma'mleketlerdi payda yetedi. *Afina ha'm Sparta* ma'mleketleri yen' u'lken ma'mleketler bolg'an.

*«Polis»* dep atalg'an barli'q qala-ma'mleketler wo'z a'rmiyasi'na iye bolg'an (grekshe «polis» so'zi «qala» ma'nisin an'latadi'). Polisler bir-biri menen tez-tez uri'si'p turg'an, soni'n' ushi'n da a'skerlerge ta'lim-ta'rbiya beriw ha'm jaqsi' qurallandi'ri'wg'a umti'lg'an. A'rmiyani'n'

**Yeste saqlan'!**

Afina ha'm Sparta ma'mleketleri A'yyemgi Greciyani'n' yen' iri qala-ma'mleketleri yedi.

tiykari'n awi'r qurallang'an a'skerler—*goplit*lar qurag'an. Wolar to'rt mu'yeshli ta'rizde bir-birine ti'g'i'li'p alg'an qatarlar menen sawash ju'rgizgen. Jawi'ngerlik sapqa usi' ta'rizde diziliw *falanga* dep atalg'an. Nabada aldi'nda barati'rg'an goplit wo'ltirilse, woni'n' arti'nda turg'an jawi'nger wo'lgen a'skerdin' worni'n iyelegen. A'skerler qi'li'shlar ha'm nayzalar menen qurallang'an, wolardi' qola ha'm teriden jasalg'an ko'kirek sawi'ti' ha'm teri qaplang'an ag'ashtan jasalg'an qalqan qorg'aytug'i'n yedi. Basi'n bolsa qoladan jasalg'an bekkem dubulg'a qorg'aytug'i'n bolg'an.



**Grek piyadalari'ni'n' sapqa ti'g'i'z diziliwi (falanga)**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Qala-ma'mleketler — bul...*** | ***Polislar — bul...*** |
| ***Goplitler — bul...*** | ***Falanga — bul...*** |

**Afina ma'mleketi**

Worta Greciyani'n' qubla-shi'g'i's bo'liminde tawli' *Attika* wa'layati' jaylasqan yari'm ataw bar yedi. Erami'zg'a shekemgi II mi'n' ji'lli'qta Attikani'n' bati's bo'leginde grekler *«Akropol»*, yag'ni'y *«Joqarg'i' qala»* dep atalg'an qorg'an quradi'. Bara-bara *Akropol* a'tirapi'na adamlar ko'ship kelip jaylasa basladi', solay yetip Afina qalasi' payda boldi'.

**Yeste saqlan'!**

Attika xalqi' u'sh u'lken toparg'a bo'lingen yedi, soni'n' ishinde **qullar**, **ko'shpeliler** (metekler) ha'm **puqaralar**.

Attika xalqi' u'sh u'lken toparg'a bo'lingen yedi, wolardan: qullar, ko'shpeliler (metekler) ha'm puqaralar. A'kesi ha'm anasi' azat afinali' bolg'an yerkekler g'ana Afina puqarasi' bola alatug'i'n yedi. Afina ma'mleketinin' puqarasi' boli'w tek g'ana maqtani'sh yemes, qalaberse paydali' yedi, sebebi erami'zg'a shekemgi V a'sirden baslap ma'mleket worganlari'nda islewge belgili da'rejede haqi' to'lene basladi'.

Tek g'ana puqaralar barli'q huqi'qlardan paydalanatug'i'n yedi. Puqaralar sonday-aq awi'r miynet ha'm den sawli'qqa zi'yan keltiriwshi jumi'slardan azat yetilgen. Parsi'lar u'stinen jen'iske yeriskennen keyin qul iyeleri qullardi'n' turmi'si'n qa'dirlemedi, sebebi, wolar sol



**Afina puqaralari'**

da'rejede ko'beyip ketken boli'p, arzi'maytug'i'n pulg'a sati'latug'i'n yedi.

Gu'mis ka'nleri wo'nimi ha'm duz qazi'p ali'w Afina ma'mleketine u'lken payda keltiretug'i'n yedi. Bunnan ti'sqari', Afina ten'iz awqami'ni'n' bekkemleniwi menen ten'iz sawdasi' da rawajlandi'. Afinani'n' tiykarg'i' porti'na aylang'an *Pirey* ten'iz porti'nan yelge mi'n'lap qullar ha'm ha'r qi'yli' tovarlar keltiriletug'i'n yedi.

Afina ten'iz awqami' qaznasi' Afina qalasi'nda jaylasqan. Qala hu'kimdarlari' wonnan wo'z qa'lewinshe paydalanatug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

Grek mu'sinshileri ha'ykeller arqali' ha'r bir wo'spirim – ku'shli, fizikali'q jaqtan shi'ni'qqan ha'm wo'z Watani'n qorg'awg'a tayar boli'wi' kerekligin an'latqan.

**Afinada bilimlendiriw**

Afinada ma'mleket mektepleri bolmag'an. Ata-analar wo'z ba-lalari'n woqi'ti'w ushi'n pedagogqa haqi' to'ler yedi (greksheden «pedagog» so'zi «balani' jolda baqlap bari'wshi'» ma'nisin an'latadi'). Ni'zam boyi'nsha tek yer balalar ushi'n bilim ali'w ma'jbu'riy yedi.

Jeti jastan baslap balalarg'a jazi'w ha'm yesap-law u'yretilgen. Metall tayaqsha — stil menen mum jag'i'lg'an taxtayshag'a ha'riplerdi jazg'an. Ko'pshilik puqaralar ushi'n bilim ali'w usi'nnan g'ana ibarat yedi. Pulli' ata-analardi'n' perzentleri bolsa palestrlarda bilim ali'wdi' dawam yettiredi. Palestrda a'debiyat woqi'ti'li'p, qosi'q jazi'w ha'm muzi'ka u'yretiletug'i'n yedi.

Yer balalar 14 jastan baslap gimnastika menen shug'i'llang'an. Soni'n' menen birge wolarg'a gu'res, nayza ha'm disk i'laqti'ri'w, uzi'nli'qqa ha'm biyiklikke sekiriw ha'm de juwi'ri'wdi' da u'yretken. Jas wo'spirimler sonday-aq mushlasi'w uri'slari'n, a'skeriy isler ha'm atta ju'riwdi u'yrengen.



**Disk i'laqti'ri'wshi'. Mu'sinshi Miron**

Palestrlarda belgili mu'sinshiler islegen mu'sinler wori'n alg'an. Mi'sali', palestrlardi'n' birinde Mironni'n' *«Diskobol»* (Disk i'laqti'ri'wshi') ha'm *Poliklettin'* «Nayzali' a'sker» dep atalg'an mu'sinleri wornati'lg'an. Mu'sin ja'rdeminde yer-jigit qanday boli'wi' — ku'shli, fizikali'q jaqtan jetilisken ha'm wo'z watani'n qorg'awg'a tayar turi'wi' kerekligi tu'sindirilgen.

Afinada joqari' mag'li'wmat beretug'i'n woqi'w wori'nlari' da bolg'an. Biraq wolarda wog'ada bay ata-analar wo'z perzentlerin woqi'ti'w mu'mkinshiligine iye bolg'an. Bunday woqi'w wori'nlari'nda astronomiya, geometriya, geografiya ha'm tariyx woqi'ti'lg'an. Bilim ali'w mu'ddeti 3-4 ji'l dawam yetken. A'ne sonnan keyin ma'mlekette belgili bir lawazi'mdi' iyelew mu'mkinshiligi payda bolg'an.



Sparta puqaralari' (spartali'lar)

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Pedagog — bul...* | *Stil — bul...* |
| *Palestr — bul...* | *Miron — bul...* |

**Sparta**

Erami'zg'a shekemgi XII a'sirde Qubla Greciya (Lakonika) ay-mag'i'na ko'shpeli doriylar qa'-wimi basti'ri'p kirdi. Wolar jergilikli qa'wimlerdi bag'i'ndi'ri'p, Sparta ma'mleketine tiykar saldi'. Sparta yen' iri grek ma'mleketlerinin' birine aylandi'. Spartali'lar qulg'a aylandi'rg'an jergilikli xali'q *ilotlar* da tiykari'nan grekler boli'p, wolar menen bir tilde so'ylesetug'i'n yedi.



Periek gu'lallar jumi's waqti'nda

Bizin' erami'zg'a shekemgi VIII—VII a'sirlerde qullar sani' wonsha ko'p bolmag'an Afinadan pari'qlani'p, Spartada qulg'a aylandi'ri'lg'an xali'q ko'pshilikti quraytug'i'n yedi, wolar da spartali'lardi' qatti' jek ko'retug'i'n yedi. Bunday sha'rayatta wo'z hu'kimdarli'g'i'n tek birlesken ku'shli ma'mleketti du'ziw menen g'ana saqlap qali'w mu'mkin bolg'an. Soni'n' ushi'n da spartali'lar wo'z ma'mleketinde ayri'qsha sha'rt-sha'rayatlar jaratqan: Soni'n' ishinde ha'm-me wori'nlawi' lazi'm bolg'an qatal ta'rtip ha'm ani'q belgi-lengen turmi's qa'lpi ja'ne de jen'ilgenlerge qarsi' miyrimsiz boli'w na'zerde tuti'lg'an.



Ilotlar zu'ra'a't ji'ynawda

Sparta uri'sqa tayarli'q ko'rip ati'rg'an bir qalag'a qusap qalg'an. Shet yellikler Spartag'a kirgizilmegen. Sawdasati'q to'men rawajlang'an, ko'rkem wo'ner shi'g'armalari', shi'rayli' ibadatxanalar ha'm turaq jay imaratlari' da joq yedi. Barli'q u'yler bir-birine uqsas boli'p, Spartada filosoflar da, su'wretshiler de, ali'mlar da qalmadi'.

**Yeste saqlan'!**

Spartali'lar ta'repinen da'rdeser bolg'an negizgi xali'q— ilotlar greklerden ibarat bolg'an. Wolardan ti'sqari' Spartada puqarali'qqa toli'q iye bolmag'an — periekler de jasag'an.



**Spartali'lar sawashta**



**Spartak jawi'ngeri**

Ilotlar yel boylap jaylasqan kishi-kishi awi'llarda jasaytug'i'n yedi. Wolar wo'z aldi'na spartali'lardi'n' yemes, al pu'tkil ma'mlekettin' mu'lki boli'p yesaplanatug'i'n yedi. Ilotlar wo'z aldi'na spartali'lar shan'arag'i' jerinde islep, sharwasi'n bag'i'p ha'm basqa da ko'plegen minnetlerdi wori'nlaytug'i'n yedi. Spartali'lar bolsa tek g'ana jawi'ngerlik penen shug'i'llanadi'. Wolar diyqanshi'li'q pe-nen de, sharwashi'li'q penen de shug'i'llanbaytug'i'n yedi. Wolar hesh qashan quraldan ali's ketpedi.

Ilotlardan basqa, Spartada hesh qanday huqi'qlarg'a iye bolmag'an puqaralar — periyekler de jasaytug'i'n yedi. Wolardi'n' wo'zleri yerkin adamlar bolsa da Xali'q ken'esine qatnasa almaytug'i'n yedi, sonday-aq armiyada xi'zmet yete almaytug'i'n yedi.

A'yyemgi Spartada ku'shli ha'm shi'damli' adamlar qa'dirlengen. Balalar ju'da' qatti' sha'rayatta jetilisken. Basi'nan yerkinlikke u'yretiw maqsetinde wolardi' derlik baqpaytug'i'n yedi. Balalar wo'zlerine jegendey azi'q-awqat tabi'wg'a ma'jbur yetilgen yedi. Bunday sha'rayatta balalardi'n' urli'q islewden basqa ilaji' qalmas yedi.

Sparta mekteplerinde balalardi' a'skeriy islerge u'yre-tip, wolardi' ku'shli ha'm shi'damli' yetip ta'rbiyalaytug'i'n yedi.

Spartali'q hayallardi' da dene shi'ni'qti'ri'w menen shug'i'llani'wg'a ha'm sport jari'slari'na qatnasi'wg'a ma'jbu'r yetetug'i'n yedi.

### Jan'a aymaqlardi' wo'zlestiriw sebepleri

A'yyemgi Greciyada aristokratlardan qari'zdar boli'p qalg'an, wo'z jer ha'm mu'lkleri bolmag'an ko'plegen adamlar, sonday-aq baspanasi'z jupi'ni' ha'm ash adamlar payda bola basladi'. Wolardi'n' ko'pshiligi watandi' ta'rk yetiwge, jat u'lkelerge baxti'n si'nap ko'riwge ma'jbu'r bolg'an yedi.

Grek sawdagerleri kemelerde ten'iz arti'ndag'i' u'lkelerge tez-tez bari'p turatug'i'n yedi. Wolar Jer Worta ten'izi jag'ali'g'i'nda iyesiz jatqan wo'nimdar jerler haqqi'nda zawi'qlani'p gu'rrin' yetip beretug'i'n yedi.

Kriziske ushi’rag’an diyqanlar saparg’a shi’g’i’wg’a tayarlana basladi’.

Bay qul iyeleri ko’ship barati’rg’anlarg’a ja’rdem berdi. Wolar jolg’a jo’nep ketip barati’rg’anlarg’a duzli’ bali’q, un, zaytun mayi’, miynet qurallari’ ha’m awi’si’q jelqomlar berdi. Sonday-aq ten’iz jollari’n jaqsi’ biletug’i’n ha’m ko’ship barati’rg’anlar baratug’i’n jerlerde boli’p qaytqan jol ko’rsetiwshisi de belgilendi.

Jo’nep ketiw aldi’nan grekler qudaylarg’a qurban-li’qlar bag’i’shlag’an. Wo’zleri menen birge i’lay su’rtilgen qami’stan toqi’lg’an sebetlerde wot ta ali’p ketken yedi. Jali’n sol waqi’tta wolar wo’mirlikke ta’rk yetken watani’ni’n’ bir bo’legi yedi.



**Grek ten’geleri**




**Ulli’ grek koloniyalasti’ri’li’wi’**

### Greciya koloniyalari’ni’n’ payda boli’wi’

Greciyadan ko’ship kelgenler Sitsiliya atawi’ jag’ali’g’i’ ha’m Apennin yari’m atawi’ qublasi’na wornalasqan. Wolardi’n’ qoni’slari’ Jer Worta ha’m Qara ten’iz boylari’nda payda boldi’. Greklerdin’ qoni’slari’ a’ste-aqi’ri’n qala-ma’mleketlerine aylana basladi’. Wolar wo’z a’skeriy ku’shlerin du’zdi ha’m wo’z ni’zamlari’n shi’g’ardi’. Bul qalalarda sawda-sati’q ha’m wo’nermentshilik rawajlandi’.



**Greklerdin’ Qara ten’iz boylari’na jaylasi’wi’**

Derlik barli’q koloniyalar g’a’rezsiz qulshi’li’q ma’mleketi bolg’an. Wolardi’n’ xalqi’ Greciya qalalari’— polislari’ menen turaqli’ baylani’sta bolg’an. Grekler wo’zin



**Xersones qalasi'ndag'i' ibadatxana su'tinleri**

bir pu'tin xali'q — *ellinler* dep yesaplap, wo'z watani'n Ellada dep atag'an. Grekler wo'zlerin «varvarlarg'a» qarsi' qoyi'p, wolar wo'zlestirgen jerler a'tirapi'nda jasawshi' grek bolmag'an xali'qlardi' usi'layi'nsha ataytug'i'n yedi.

G'alaba ko'ship jaylasi'w ha'm koloniyalar du'ziw bizin' erami'zg'a shekemgi VII a'sirden VI a'sirlerge shekem dawam yetti. Bul da'wir tariyxta *Ulli' grek koloniyalasti'ri'wi'* atag'i'n alg'an. Qara ten'iz jag'alawlari'nda *Olviya, Xersones, Pantikapey, Tanais, Fasis, Trapezund* ha'm basqa da iri koloniyalar ju'zege keldi. Jer Worta ten'izi jag'ali'g'i'nda ju'zden zi'yat grek koloniyalari' du'zildi.

Jan'a yeller menen tani'si'w grek ma'deniyati'n bayi'tti'. Mi'sali': bizin' erami'zg'a shekemgi VIII a'sirde Greciyada Finikiya a'lipbesine tiykarlang'an jan'a jazi'w ju'zege keldi. A'lipbe 24 ha'ripten ibarat bolg'an. Wolar arasi'nda dawi'sli' ha'ripler payda boldi'. Koloniyalar ha'm grek qalalari' wortasi'ndag'i' tovar almasi'w, sawda-sati'q ha'm wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi'na mu'mkinshilik berdi. Elladag'a g'a'lle, metallar ha'm qullar ali'p kelinetug'i'n yedi. Koloniyalarg'a bolsa sati'w ushi'n vino, zaytun mayi', gu'lalshi'li'q buyi'mlari', temirshiler ha'm zergerler jasag'an buyi'mlar ali'p kelinetug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

Ulli' grek koloniyalasti'ri'wi' bizin' erami'zg'a shekemgi VIII—VI a'sirlerde dawam yetti.

## *Tayani'sh konspekt*



**Pantikapeyde xali'q Ma'jlii'sii'**

- erami'zg'a shekemgi IX-VIII a'sirler—qoni'slardi'n' qala-ma'mleketlerge (polis) aylani'wi'
- goplit → falanga
- Akropol → "Joqari' qala"
- qullar → meteklar → puqaralar
- pedagog — "balani' baqlap bari'wshi'"
- stiller
- palestra
- Miron — "Disk ilaqti'ri'wshi'", Poliklet — "Nayzali' a'sker"
- erami'zg'a shekemgi XII a'sir—doriylar Spartani' basi'p aldi'
- periyekler—ilotlar
- erami'zg'a shekemgi VIII—VI a'sirler—Xersones, Pantikapey, Tanais, Fasis, Trapezund koloniyalari'

*Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Grek qalalari’ qalayi’nsha payda boldi’?
2. Polis degen ne? Polistin’ wo’zine ta’n wo’zgesheligi nede?
3. Attika xalqi’ qanday toparlarg’a bo’lingen yedi?
4. Nege Afina puqarasi’ boli’w tek maqtani’sh yemes, ha’tteki paydali’ da yedi?
5. Afinada balalarg’a neler u’yretilgen?
6. Sparta ma’mleketi qalayi’nsha payda boldi’? Bul ma’mlekettin’ xalqi’n kim dep atag’an?
7. Spartali’lar qanday ni’zamlar tiykari’nda jasaytug’i’n yedi?
8. Ilotlar ha’m periyekler degen kim? Wo’z abi’royi’ boyi’nsha ne menen wo’zgeshelengen?
9. Grek koloniyalasti’ri’wi’ni’n’ baslani’w sebebi nede?
10. Ne ushi’n ma’mleket koloniyashi’lardi’ qollap-quwatladi’?
11. Kartadan grek koloniyalari’n ko’rsetip berin’.
12. Ko’shken adam ati’nan gu’rrin’ jazi’n’. Nege Greciyadan ko’ship ketkenin’iz, jan’adan qoni’slasqan wori’nda nelerdi ko’rgenin’iz haqqi’nda so’ylep berin’.

**Yeste saqlan’!**

Qara ten’iz boylari’nda Olviya, Xersones, Pantikopey, Tanois, Fasis, Trapezund ha’m basqa da u’lken koloniyalar payda boldi’. Jer worta ten’izi boylari’nda ju’zden zi’yat grek koloniyalari’ duzildi.

## 26-§. Afinada demokratiya

### Demokratiyani’n’ qa’liplesiwi

Afina qalasi’nda worayli’q maydan boli’p, woni’n’ a’tirapi’n tu’rli imaratlar qorshap turatug’i’n yedi. Maydan bolsa *agora* dep ju’ritilgen. Qala xalqi’ni’n’ ko’pshiligin wo’nermentshiler ha’m sawdagerler quraytug’i’n yedi.

Afina qalasi’nda barli’q yer puqaralar ma’mleketti qanday basqari’w kerekligi haqqi’nda wo’zlerinin’ woypikirin ayta alatug’i’n yedi. Wolar ha’r ayda to’rt ma’rte ju’zege kelgen mashqalalar ha’m jan’a ni’zamlardi’ dodalaw ushi’n Akropolg’a ji’ynaladi’. Barli’q qararlar dawi’s beriw joli’ menen qabi’l yetilgen. Basqari’wdi’n’ bul formasi’ demokratiya dep ataladi’, yag’ni’y, bul atama «xali’q ha’kimiyati’» degen ma’nisti an’latadi’ («demos» – xali’q+«kratos» – ha’kimiyat).



**Afina. Wortada – Akropol**



**Dilwardi’n’ Afina puqaralari’ aldi’nda shi’g’i’p so’ylewi**

***Wo’zin’izdi si’nan’!***

***Agora — bul...***
***Demokratiya — bul...***



**Drakont ni'zamlari'na muwapi'q wo'lim jazasi'**

## Drakont ni'zamlari'

Greciyani'n' basqa qalalari' si'yaqli' Afinada da xali'qti'n' bir bo'legi aristokratlar mal-mu'lk ha'm bayli'qti'n' derlik barli'g'i'na iyelik yetetug'i'n basqa bir bo'legi "xali'q" (demos) wolardi'n' paydasi'na islewge ma'jbu'r yedi. Bul na'rse yel xalqi' wortasi'ndag'i' turaqli' narazi'li'q ha'm qarama-qarsi'li'qlardi'n' deregi bolg'an.

A'dalatli'qqa yerisiwdi qa'lewshi ha'r yeki ta'rep *Drakont* degen hu'kimdarg'a mu'ra'jat yetedi. Wolar Drakonttan huqi'q ha'm minnetler haqqi'nda ha'mmeni ten'lestiretug'i'n ni'zamlar jazi'wdi' wo'tinish yetedi. Bizin' erami'zg'a shekemgi 621-ji'lda Drakont xali'qti'n' basqari'wi'n biykar yetken ni'zamlardi' jazadi' ha'm a'melge asi'radi'. Bul ni'zamlar sonshelli qatan' ha'm ayawsi'z boli'p, afinali'lar wolarg'a «si'ya qali'p, qan menen jazi'lg'an» dep baha bergen. Ni'zamdi' arzi'mas da'rejede buzg'anli'g'i' ushi'n da Drakont birdey jaza—o'lim jazasi'n belgilegen. Mi'salg'a, Drakont ni'zamlari' boyi'nsha basqa kisinin' bag'i'nan alma urlag'an adam wo'ltiriletug'i'n, qari'zdarlar bolsa qulli'qqa hu'kim yetiletug'i'n yedi.

> **Yeste saqlan'!**
> Afinani'n' xalqi' aristokratlar ha'm demos atli' eki bo'limge bo'lingen.

Buri'n afinali'lar bul ni'zamlarg'a bag'i'ng'an, son'i'nan narazi' bola baslag'an ha'm ni'zam shi'g'arg'an Drakontti' qaladan quwi'p jibergen.

## Solon reformalari'

Xali'qti'n' awhali' keskin to'menledi, sonli'qtan adamlar wo'z haq-huqi'qlari' ushi'n gu'reske bel bayladi'. Tayaqlar, gavronlar, sho'kkishler, jabalar me-nen qurallani'p alg'an yen' ka'mbag'allar belgili aristokratlar qorg'anshalari'na hu'jim jasay basladi'. Wo'z jeri ha'm jani'nan qa'weterlengen aristokratlar kelisimge keliwge ha'm xali'q talaplari'ni'n' bir bo'legin wori'n-lawg'a qarar yetti.



**Greklerdin' Solon reformalari'nan keyingi qulli'qtan qayti'wi'**

*Solon* degen aqi'lli' ha'm ta'jiriybeli aristokrat kelisimge keliw ta'repdari' yedi. Solon aristokratlar topari'na bi'lay dep bildirdi: «Greciyani'n' ko'plegen qalalari'nda boldi'm, xali'q aristokratlarg'a qarsi' bas ko'terip ati'r-

g'ani'n wo'z ko'zim menen ko'rdim. Ka'mbag'allarg'a qullar kelip qosi'lmay turi'p, xali'q talaplari'ni'n' bir bo'legin wori'nlaw kerek».

Aristokratlar Solong'a isendi ha'm woni' Afina hu'kimdari' yetip sayladi'. Bizin' erami'zg'a shekemgi 594-ji'li' Solon ma'mleketti basqari'wdi'n' aldi'ng'i' sistemasi'n wo'zgertti. Buri'ng'i' basqari'w sistemasi' — aristokratiya (aristrokrat adamlar ha'kimiyati') ni' Solon demokratiya (xali'q ha'kimiyati') g'a almasti'rdi'. Ma'mleketti basqari'wda tek puqaralar qatnasatug'i'n boldi'. Hayallar ha'm shet ellikler (olardi' metekler dep atag'an) qabi'l yetilip ati'rg'an ni'zamlardi' dodalawg'a ha'm dawi's beriwge qatnasa almaytug'i'n yedi.

Solon reformalari'ni'n' barli'g'i' diyqanlar qari'zlari' ha'm qari'zdarli'qtan qulli'qti' biykar yetiwden ibarat bolg'an. Aristokratlar shan'arag'i'nan bolg'an Solon aristokratlardi' renjitpesten tek xali'q qozg'alan'i'ni'n' aldi'n ali'wg'a umti'ldi'. Ma'mleket basqari'wdag'i' reformalar Xali'q ma'jilisi xi'zmetinin' tikleniwi ha'm a'wladi' kim boli'wi'na qaramastan afinali'lar ushi'n ma'mleket lawazi'mlari'n iyelew imkaniyati'n na'zerde tutatug'i'n yedi. Solon reformalari'nan keyin Attika xalqi' puqaralar ha'm qullar dep bo'linetug'i'n boldi'.

**Yeste saqlan'!**

B.e. shekemgi 594-ji'li' Solon ma'mleketti basqari'wdi'n' aldi'n'g'i' ari'stokratiya sistemasi'n demokratiyag'a almasti'rdi'.



**Solon – Afina ma'mleketinin' hu'kimdari'**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Aristokratiya — bul...*** | ***Reformalar — bul...*** |
| ***Metekler — bul...*** | |

## Afinada demokratiyani'n' rawajlani'wi'

Barli'q yer puqaralar 20 jastan baslap *Xali'q ma'jlisine* qatnasatug'i'n yedi. Xali'q ma'jlisinin' u'lken bo'legi bay qatlamlardan bolmag'an wo'nermentler, sawdagerler, uzaq ku'nlikshi jumi'sshi'lar, diyqanlardan ibarat yedi. Xali'q ma'jlisinde pu'tkil ja'miyetke paydali' bolg'an qararlar qabi'l yetiletug'i'n yedi.

***Xali'q ma'jlisi***
↓
***Strateg***
↓
***Besju'zler ken'esi***
↓
***Xali'q sudi'***

Na'wbettegi ma'jilis bolatug'i'n ku'n aldi'n ala ja'riya

yetiletug'i'n yedi. Ma'jlis azang'i' waqi'tta wo'tkeriledi, sebebi, miynetkesh adamlar ku'ndiz ma'jiliske kele almaytug'i'n yedi. Awqatlani'wg'a azi'q-awqat islep tabi'wi' kerek yedi.

Patsha ta'repinen lawazi'mg'a tayi'nlani'wshi' a'meldarlardan parqi', Afinada lawazi'mli' adamlar Xali'q ma'jilisi ta'repinen belgili mu'ddetke saylanatug'i'n ha'm ma'jiliske yesap beretug'i'n yedi. Nabada lawazi'mli' adam wo'z minnetlerin atqara almasa Xali'q ma'jilisi bul adamdi' mu'ddetinen buri'n lawazi'mi'nan bosatatug'i'n yedi.



**Beshju'zler ken'esinin' ji'ynali'si'**

Xali'q ma'jilisi jan'a ni'zamlardi' tasti'yi'qlap, yeski ni'zamlardi' biykar yetip, basqa qararlar, mi'salg'a: jan'a quri'li'slar quri'wg'a, a'rmiyag'a ha'm tag'i' basqalarg'a qarji' aji'rati'w haqqi'nda qarar qabi'llaytug'i'n yedi.

Ha'r ji'li' saylanatug'i'n *Besju'zler ken'esi* ku'ndelikli yengizíletug'i'n ma'selelerdi sheship woti'radi'. Woni'n' qararlari' Xali'q ma'jlisinde tasti'yi'qlanatug'i'n yedi. Besju'zler ken'esine *strateg* basshi'li'q yetken.

Xali'q sudi' da Afinada a'hmiyetli ma'mleket worgani' bolg'an. 30 jasqa tolg'an puqaralar woni'n' xi'zmetinde qatnasa alatug'i'n yedi. Sudta ayi'plani'wshi' adam wo'zin-o'zi qorg'ay ali'wi' yamasa sheshenlik penen so'yley alatug'i'n ha'm ni'zamlardi' biletug'i'n adamdi' jallawi' sha'rt yedi.



**Xali'q ma'jilisi**

### Perikl a'siri

Bizin' erami'zg'a shekemgi 443-429-ji'llarda 15 ma'rte strateg lawazi'mi'na saylang'an *Perikl* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Afina yen' qu'diretli ma'mleket boldi', yelde demokratiya rawaj tapti'. Bul da'wir soni'n' ushi'n da «Perikl a'siri» dep atalg'an. Belgili grek jazi'wshi'lari', ali'mlari' ha'm su'wretshileri Perikldin' jaqi'n doslari' bolg'an. Perikl tariyxshi' Gerodot, mu'sinshi Fidiy menen dos bolg'an. Perikl u'lken abi'ray ha'm hu'rmetke iye bolg'an. Perikl hesh waqi'tta xali'qti' tek wo'zine kerekli qarar qabi'l yetiwge ma'jbu'rlemedi, al xali'qti' isendiriwge su'yenip is ali'p bardi'. Perikl hesh waqi'tta wo'zinin' siyasiy qarsi'laslari'n ha'm woni'n' ha'-reketlerin si'ng'a alg'an adamlardi' quwdalamag'an.

Perikl Xali'q ma'jilisindegi lawazi'mlarg'a is haqi' to'lewdi yengizdi. Endi ka'mbag'al puqaralar da ma'mleket isleri menen shug'i'llanatug'i'n boldi'. Perikl hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Afinada u'lken quri'li's isleri a'melge asi'ri'ldi'. Akropoldag'i' *Parfenon binasi'* — Afina qudayi'ni'n' ibadatxanasi' yen' belgili imarat yedi.

Parsi'lar jen'ilgennen keyin Sparta Afinani'n' tiykarg'i' qarsi'lasi'na aylandi'. Qalani' qa'wip-qa'terden saqlaw ushi'n Perikl Afinadan Pirey ten'izi porti'na shekem qorg'ani'w diywallari'n quri'w haqqi'nda buyri'q berdi.

Perikldi'n' xi'zmeti qalada jasawshi' bay qatlamlarg'a jaqpadi', wol ari'stokratlardi'n' qi'sqi'lari'n qaytari'p turi'wg'a ma'jbu'r bolatug'i'n yedi. Ti'ri'spay keseline shali'ng'an Perikl wo'lgennen keyin wol iske asi'rg'an ko'plegen jan'ali'qlar biykar yetildi.




**Perikl—Afina strategi**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Besju'zler ken'esi — bul...*** | ***Perikl — bul...*** |
| ***Strateg — bul...*** | ***Parfenon — bul...*** |

**Yeste saqlan'!**

B.e. shekemgi 443-429-ji'llari' 15 ma'rte Strateg lawazi'mi'na saylang'an Perikl da'wirinde Afina yen' qu'diretli ma'mleket boldi'. Ma'mlekette demokratiya wo'sip rawajlandi'.

### *Tayani'sh konspekt*

- agora—xali'q ji'ynali'slari' ushi'n maydan
- demokratiya
- aristokratlar → demos
- erami'zg'a shekemgi 621-ji'l—Drakont ni'zamlari'
- erami'zg' shekemgi 594-ji'l—Solon reformalari'
- erami'zg'a shekemgi 443—429-ji'llar—Perikl 15 ret strateg lawazi'mi'na qayta saylang'an
- Parfenon—Afina qudayi' ibadatxanasi'

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Kartadan Afina ma'mleketin ko'rsetin' ha'm woni' su'wretlep berin'.
2. Demokratiya degen ne? Afinada demokratiya qanday formada belgili bolg'an?
3. Solon reformalari' wo'tkizilgennen keyin xali'q turmi'si'nda neler wo'zgerdi?
4. Solon reformalari' boyi'nsha Afina ma'mleketi basqari'wi'ni'n' tiykarg'i' worganlari'n sanap berin'.
5. «Drakont ni'zamlari'» tu'sinigi bu'gingi ku'nde qanday ma'ni bildiredi?
6. «Perikl a'siri» degen ne?



**Afinali'lar qa'wenderi—Afina**

## 27-§. Grek-parsi' uri'slari'



Greciya jag'alawlari'ndag'i' parsi' kemeleri

**Grekler ha'm parsi'lar**

Erami'zg'a shekemgi V a'sir baslari'nda Greciyag'a parsi'lar qa'wip tuwg'i'za basladi'. Dara I hu'kimdarli'q yetip ati'rg'an Persiya ma'mleketi jan'a-jan'a yellerdi basi'p ali'wg'a umti'lar yedi. Parsi'lardi'n' Greciyag'a a'skeriy atlani'slari' grek-parsi' uri'slari' ati'n alg'an, wolar erami'zg'a shekemgi 490-ji'ldan baslani'p 449-ji'lg'a shekem dawam yetti.

Greciyani'n' barli'q qalalari'nda parsi' yelshileri payda boldi', wolar: «Bizin' hu'kimdari'mi'z, ulli' shaxanshax Dara, ku'n shi'g'i'stan ku'n bati'sqa shekem barli'q adamlardi'n' birden-bir iyesi sizden jer ha'm suw talap qi'lmaqta», dep baqi'ri'p aytar yedi.

Greciyadag'i' ayi'ri'm qalalardi'n' xalqi' parsi'larg'a qarsi'li'q ko'rsetiwdin' sira' ilaji' joq dep yesapladi', shaxanshax Dara I nin' sha'rtlerin qabi'l qi'li'wg'a razi' boldi'. Afina ha'm Sparta basqi'nshi'larg'a bag'i'nbawg'a ant yetti. Parsi' yelshileri Afinag'a kelgende, qala xalqi' g'a'zepten wolardi' wo'ltirip, jardan taslap jiberdi. Elshilerdi teren' qudi'qqa taslap jibergen spartali'lar ashi'wi'za menen: «Jeterlishe suwdi' da, jerdi de qudi'qti'n' tu'binen tabasi'z-da!» degen yeken.

Bizin' erami'zg'a shekemgi VI a'sirdin' aqi'ri'nda Parsi' shahlari' Kishi Aziyadag'i' grek qala-ma'mleketlerin basi'p aldi'. Afina hu'kimdari' grek polislari'na ja'rdem qoli'n sozdi'. Bunnan g'a'zeplengen Dara I Afinadan ayawsi'z wo'sh ali'wg'a ant etti.



Parsi' jawi'ngerleri

**Marafon sawashi'**

Bizin' erami'zg'a shekemgi 490-ji'ldi'n' sentyabrinde parsi' a'skeriy floti' Egey ten'izin kesip wo'tti ha'm Attika jag'ali'g'i'nda ko'shki tasladi'. Parsi'lardi'n' kemeleri qolaysi'z ha'm buri'li'wi' qi'yi'n yedi. Marafon tegisliginde woq-jaylar menen qurallang'an parsi' atli' a'skerleri kemeden tu'se basladi'. Bul tegislik atli' a'skerlerdin' ha'reket etiwi ushi'n qolayli' yedi, parsi'lar tap usi'




**Grek-parsi' uri'slari'**



**Parsi' jawi'ngerleri Tegislikte islengen bo'rtpe mu'sin**

jerde sawash ju'rgiziwge sheshim qabi'lladi'. Grekler parsi'larg'a qarag'anda bir qansha az yedi, soni'n' ushi'n da parsi' atli' a'skerleri jetip baralmaytug'i'n jarlarg'a wornalasi'p aldi'.

Grek a'skerleri parsi'lardi'n' Attika ishkerisine baratug'i'n jollari'n beklep qoydi'. Biraq ashi'q sawashqa kirisiwden seskenetug'i'n yedi. Bir ha'pte waqi't wo'tti. Parsi'lar hiylekerlik etti. Tu'nde wolar atli' a'skerlerdi kemelerge ju'kledi, Attikani' aylani'p wo'tip ku'tilmegen soqqi' menen Afinani' basi'p ali'wg'a qarar etti. Grek a'skerlerine basshi'li'q etken Miltiad azanda boli'p wo't-ken waqi'yadan xabardar bolg'annan son' Marafon maydani'nda qalg'an parsi' a'skerlerin qi'yrati'p taslawdi' maqset etti. Grek piyada a'skerleri falanga boli'p sapqa dizildi. Parsi'lar woni'n' wortasi'n jari'p wo'tti. Biraq Greciya falangalari'ni'n' eki qaptali'nda jaylasqan ku'shli wotryadlar parsi'lardi' ti'mti'raqay qashi'wg'a ma'jbu'r yetti.

Usi'nday waqi'tta grekler tegislikte qalg'an parsi' a'skerlerinin' arqa ta'repinen ishkerige kirip bardi'. Tutqi'n boli'wdan seskengen parsi'lar wo'z kemelerine qarap qashi'wg'a asi'qti'. Grekler sheshiwshi sawashta parsi'lardi'n' jeti kemesin iyelep aldi'. Parsi'lardi'n'



**Marafon woypati'ndag'i' sawash kestesi**

**Yeste saqlan'!**

Marafon sawashi' bizin' erami'zg'a shekemgi 490-ji'li' grekler menen parsi'lar arasi'nda boldi' ha'm greklerdin' jen'isi menen tamamlandi'.



**Fermopil sawashi'**

qalg'an a'skerlerin qi'yratti' ha'm tutqi'ng'a aldi'. Solay yetip, grekler jen'is quwani'shi'na bo'lenedi.

Miltiadti'n' buyri'g'i' boyi'nsha bir jawi'nger parsi'lar u'stinen yerisken jen'is haqqi'nda xabardi' jetkeriw ushi'n Afina qalasi'na qarap juwi'rdi'. Naq 42 kilometr joldi' basi'p wo'tken a'sker «jen'is! jen'is!» dep baqi'rdi'-da, demi jetpesten wo'letug'i'n jag'dayda ji'g'i'li'p tu'sedi. Bunnan keyin ali's arali'qqa juwi'ri'w tariyxta marafon juwi'ri'w dep atala basladi'.

### Fermopil sawashi'

Jan'adan uri'sqa tayarli'q ko'rip ati'rg'anda Dara I qazalandi'. A'skerlerdi Greciyag'a woni'n' balasi' Kserks baslap keldi.

Parsi' a'skerleri ha'r qi'yli' qa'wimlerden du'zilgen boli'p, qural-jaraq ha'm sawash ju'rgiziw usi'llari' bir qi'yli' yemes yedi.

Kserksti'n' a'skeri Gellespont bug'azi'na jetip keldi. Patsha buyri'g'i' menen bir kilometrden uzi'n ko'pir quri'ldi'.

Greciya shegarasi'na keship wo'tken Kserks la'shkerleri Arqa Greciyani' basi'p ala basladi'.

Tawlardag'i' Fermopil wo'tkeli Greciyani'n' arqasi'nan qublasi'na ali'p baratug'i'n birden-bir jol yedi. Grekler wol jerde buqqi' taslawg'a qarar yetti, biraq parsi'larg'a tawlar arqali' joldi' ko'rsetip bergen bir satqi'n payda boldi'. Grekler a'skerlerine Sparta Patshasi' Leonid basshi'li'q yetken. Wol 300 spartali'qtan basqa barli'q grek jawi'ngerlerine sheginiwdi buyi'rg'an. Sparta ni'zamlari' boyi'nsha, spartali'q a'skerler sawash maydani'nan sheginiwi mu'mkin yemes yedi. Wolardi'n' barli'g'i' qaharmanlarsha nabi't boldi'. Bul waqi'ya "u'sh ju'z spartali'lar yerligi" dep tariyxta belgili boldi'. Kserks a'skerleri Qubla Greciyag'a jetip bardi'.

**Yeste saqlan'!**
Fermopil sawashi' bizin' erami'zg'a shekemgi 480-ji'li' boldi'.

### Salamin sawashi'

Femistokldi'n' ma'sla'ha'ti menen grekler 200 a'skeriy keme—triera qurdi'. Bul a'skeriy kemeler jar taslar arasi'nan ha'm sayi'z jerlerden an'sat ju'zip, sol da'wir

ushi'n u'lken tezlikte — saati'na 18 kilometr tezlikte ju'ze alatug'i'n yedi.

Sheshiwshi ten'iz sawashi' erami'zg'a shekemgi 480-ji'li' tar Salamin bug'azi'nda boli'p wo'tti. Greciya ma'mleketlerinin' birlesken floti' parsi'lardi'n' a'skeriy floti'nan ku'shli yekeni ma'lim boldi'. Jen'ilgennen keyin Kserks floti'ni'n' qalg'anlari' menen Greciyani' ta'rk yetiwge ma'jbu'r boldi'.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 479-ji'li' parsi'lar ja'ne de Afinani' basi'p ali'wg'a uri'ni'p ko'rdi. Biraq greklerdin' birlesken a'skeri Plateya qalasi' jani'nda parsi' a'skerlerin ku'l-talqan yetti. Bul grek-parsi' uri'slari'ndag'i' iri sawash yedi. Parsi' shahi' menen du'zilgen sha'rtnamag'a muwapi'q wol Aldi'n'g'i' Aziyadag'i' ba'rli'q grek polislari' g'a'rezsizligin moyi'nladi', greklerge qarsi' a'skeriy ha'reket ali'p barmawg'a wa'de berdi.

Solay yetip, grek qalalari' ko'pshiliginin' birligi ha'm azatli'q ushi'n sawash ju'rgizgen greklerdin' qaharmanli'g'i' wog'ada ku'shli qarsi'lasi' u'stinen jen'iske yerisiwine imkaniyat berdi. 40 ji'ldan ko'birek dawam yetken grek-parsi' uri'slari' greklerdi'n' toli'q jen'isi menen juwmaqlandi'.

**Yeste saqlan'!**

Salamin bug'azi'ndag'i' uri's b.e.sh. 480-ji'lda, Plateya qalasi' jani'ndag'i' uri's bolsa b.e.sh. 479-ji'lda boli'p wo'tti.



**Solomin sawashi'ndag'i' grekler kemesi**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***B.e.sh. 490-ji'l — bul...***
***B.e.sh. 479-ji'l — bul...***
***B.e.sh. 480-ji'l — bul...***

***Tayani'sh konspekt***

- b.e. shekemgi 490 — 449-ji'llar — grek-parsi' uri'slari'
- b.e. shekemgi 490-ji'l — Marafon sawashi'
- b.e. shekemgi 480-ji'l — Fermopi'l sawashi' — u'sh ju'z spartali'q jawi'ngerdin' yerligi
- b.e. shekemgi 480-ji'l — Salamin sawashi'
- b.e. shekemgi 479-ji'l — Platey qalasi' jani'ndag'i'

**Yeste saqlan'!**

B.e. shekemgi 479-ji'li' parsi'lar ja'ne Afinani' basi'p ali'wg'a uri'ni'p ko'rdi. Greklerdin' birlesken la'sh-keri Plateya qalasi'na jaqi'n jerde parsi' a's-kerlerin qi'yratti'.

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Parsi'lardi'n' Elladag'a basi'p kiriwinin' sebeplerin ayti'p berin'.
2. Kartadan Parsi'lar Ellada u'stine atlani'slari'ni'n' tiykarg'i' bag'darlari'n ko'rsetin'.
3. Marafon sawashi' qatnasi'wshi'si' ati'nan gu'rrin' jazi'n' (parsi'lar yamasa grekler Armiyasi' jawi'ngeri).
4. Salamin sawashi' qalay wo'tti ha'm ne menen juwmaqlandi'?
5. Salamin atawi'nda Parsi' ma'mleketi floti' jen'iliwinin' tiykarg'i' sebeplerin ayti'n'.



**Filipp II**

## 28-§. Greciyani'n' Makedoniya ta'repinen basi'p ali'ni'wi'

### Greciyani'n' jen'iliw sebepleri

Grekler bir-biri menen uri'si'p ati'rg'an waqi'tta Makedoniya patshasi' Filipp II Elladani' basi'p ali'w maqsetinde sawash taktikasi'n jetilistiredi ha'm a'sker ji'ynadi'. Woni'n' a'skerleri atli'lar ha'm piyadalardan quralg'an yedi. Piyada a'skerler 16 qatardan ibarat falangada saplang'an. Falangani'n' alti'nshi' qatari'ndag'i' nayza birinshi qatardag'i' a'skerdi qorg'aytug'i'n yedi. Sawash waqti'nda pu'tkil falanga bronlang'an temir maqluqqa usap qalar yedi. Falanga qanatlari'n atli'lar qorg'aydi'.

Grekler Filipp II ta'rtip wornatadi' ha'm polisler wortasi'nda ti'ni'shli'qti' turaqlasti'radi' dep u'mit yetetug'i'n yedi. Tek belgili dilwar Demosfen Ellada qalalari'n gezip, wolardi'n' xalqi'n birlesiw ha'm makedoniyali'larg'a qarsi' gu'resiwge shaqi'rdi'. Biraq tek g'ana Fiva qalalari' xalqi' Filipp II a'skerlerine qarsi' Afina qalalari' awqami'na qosi'ladi'.



**Demosfen jasli'g'i'nan-aq dilwar boli'wdi' a'rman yetetu'g'i'n yedi. Lekin wol ju'da pa's dawi'sta so'yler ha'm tutli'g'atug'i'n yedi. Dawi'si'n jogari' ko'teriwdi ha'm ten'iz shawqi'mi'nanda qatti'raq baqi'ri'wga ha'reket yetetug'i'n yedi.**

### Xoreney jani'ndag'i' sawash

Demosfen Filipp II ni basqi'nshi' si'pati'nda bahalawdi' dawam yettirdi ha'm grek ma'mleketleri basli'qlari'n dushpang'a qarsi' gu'resiw ushi'n birge boli'wg'a shaqi'radi'. Demosfen grek qala-ma'mleketleri hu'kimdarlari'ni'n' bir bo'legin isendiriw ha'm ko'ndiriwge

yerisedi, wolar bir awqamg'a ji'ynaladi'. Qatan' qarsi'li'q ko'rsetiwine qaramastan, Filipp II qalalardi' birme-bir basi'p ala basladi'. Erami'zg'a shekemgi 338-ji'l 2-avgustta grekler ha'm makedonlardi'n' tiykarg'i' ku'shleri Xoreney qalasi' jani'ndag'i' Beotiyada soqli'g'i'sti'. A'skerler sani' jag'i'nan ten' yedi. Biraq grekler aldi'nda Makedoniyani'n' yerkin puqaralardan du'zilgen jaqsi' u'yretilgen a'skerleri turg'an yedi. Greklerdin' a'skerleri bolsa belgili bir haqi' yesesine sawashqa jallanba a'skerler ha'm puqaralardi'n' duri'sli' ta'lim ko'rmegen toparlari'nan ibarat yedi.

**Yeste saqlan'!**
Falanga – piyadalardi'n' 16 qatar boli'p ti'g'i'z jaylasi'wi'.

Qatan' sawash uzaq dawam yetedi. A'skeriy hiyle qollag'an grekler u'stin keledi. Makedonlar shegine baslaydi'. Jen'iske yerisip ati'rg'ani'na isene baslag'an grekler wolardi'n' izinen quwadi'. Greklerdi'n' a'skerleri usi' waqi'tta yeki bo'lekke aji'raladi'. A'ne usi' bo'leklerden birine Filipp II nin' balasi' Aleksandr a'skerbasi'li'q yetken atli' a'skerler ku'shli soqqi' beredi. Grek a'skerlerinin' basqa bir bo'legi shegine baslaydi' ha'm ku'l-talqan yetiledi. Sawashta greklerdin' ko'pshiligi qi'ri'li'p bolg'an yedi. «Xeroney jani'ndag'i' sawashta, — dep jazadi' sol zamanlarda jasag'an avtor, — wo'lgenlerdin' deneleri menen birge greklerdin' azatli'g'i' da, yerki de ko'milgen yedi». Jen'iliw na'tiyjesinde Greciya Makedoniyag'a g'a'rezli boli'p qaldi'.



**Filipp II piyadalari'**

**Greciya Makedoniya qurami'nda**

«Grekler azatli'g'i' Xeroneya bosag'asi'nda nabi't bolg'anlar menen birge jerlendi», — degen yedi Demosfen. Bul jen'ilisten keyin Greciya xalqi' wo'z ta'g'dirin qorqi'ni'sh penen ku'tip alar yedi. Biraq Filipp II wo'zin Greciya patshasi' dep ja'riyalamadi'. Filipp II grekler menen parsi'larg'a qarsi' awqam du'zedi. Wol wo'zin birlesken a'skerlerdin' bas a'skerbasi'si' dep ja'riyaladi'. Grek qalalari'na bolsa Filipp II azat yekenligin ha'm wo'z ma'mleketinin' keyingi ta'g'diri haqqi'nda bir-biri menen sha'rtnama du'ziwi lazi'm yekenligin ja'riyalaydi'.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 337-ji'li' Spartadan ti'sqari' barli'q grek qala-ma'mleketlerinin' wa'killeri Korinfke ji'ynaldi' ha'm Makedoniya ha'kimiyati' asti'nda Greciya ma'mleketleri awqami'n du'zdi. Wolar kelisimde ti'ni'sh-tati'w jasaw, wo'z-ara uri'slar ali'p barmawg'a ha'm bir-birinin' ishki islerine aralaspaw haqqi'nda sha'rtnama du'zedi. Barli'q narazi'li'qlardi' Grek qala-ma'mleketleri ken'esi sheshiwi lazi'mli'g'i' na'zerde tuti'ldi'.

**Yeste saqlan'!**

Greciyani'n' Makedoniyag'a bag'i'ndi'ri'li'wi' bizin' erami'zg'a shekemgi 338-ji'li' Xeroney jani'ndag'i' jen'ilisten son' ju'zege keldi.

Parsi' ma'mleketin basi'p ali'wdi' rejelestirgen a'skerler tiykari'n Greciya la'shkerlerinen du'ziw ko'zde tuti'lg'an yedi. Filipp II ha'tte greklerdi qanaatlandi'ratug'i'n uri's ushi'n sebep te woylap tabadi': grek-parsi' uri'slari' waqti'nda keltirilgen zi'yan ushi'n wo'sh ali'w ha'm shah Kserks Irang'a ali'p ketken grek qudaylari' mu'sinlerin tutqi'nli'qtan azat yetiw!

Biraq Filipp II parsi'larg'a qarsi' salb atlani'si'n a'melge asi'ra almadi'. Wol b.e. shekemgi 336-ji'li' wo'z saray a'meldarlari' ta'repinen satqi'nli'q penen wo'ltirildi. Woni'n' balasi' Aleksandr Makedonskiy hu'kimdar boldi'.

### *Tayani'sh konspekt*

- → Makedoniya patshasi' Filipp II
- → b.e.sh. 338-ji'l—Xeroney jani'ndag'i' sawash
- → b.e.sh. 337-ji'l—Korinf awqami'ni'n' ju'zege keliwi
- → barli'q kelispewshilik ha'm qarama-qarsi'li'qlardi' Grek qala-ma'mleketleri ken'esinin' sheshiwi
- → b.e.sh. 336-ji'l—Filipp II wo'ltirildi Aleksandr

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Sizin'she, ne sebep grekler wo'z yeli g'a'rezsizligin saqlap qala almadi'?
2. Demosfennin' Ellada xalqi' aldi'ndag'i' xi'zmetleri nede?
3. Kartadan Fillip II atlani'slari'ni'n' bag'dari'n ko'rsetin'.
4. Makedoniyali' a'skerler greciyali'lardan qanday wo'zgeshelikke iye?
5. Greciyani'n' basi'p ali'ni'wi' qashan ha'm qaysi' sawashta iske asti'?
6. Filipp II Greciyani' basi'p alg'annan keyin grek polislari'ni'n' basqari'wi'nda qanday wo'zgerisler boldi'?

## 29–30-§§. A’yyemgi Greciya ma’deniyati’

**Puqara ta’rbiyasi’** Grekler balali’qtan baslap puqaralar sanasi’na ja’miyet isleri jeke jumi’slardan joqari’ turatug’i’nli’g’i’ haqqi’nda du’nyag’a ko’zqarasti’ qa’liplestiretug’i’n yedi. Mektepler ja’miyettin’ belsendi puqaralari’n, ma’mlekettin’ qorg’awshi’lari’n ta’rbiyalawi’ lazi’m yedi. Sportti’n’ rawajlani’wi’ ha’m Olimpiada woyi’nlari’na g’alaba qi’zi’g’i’wshi’li’q ta sog’an xi’zmet yetetug’i’n yedi. Balali’qtan-aq yer balalarg’a qosi’q ha’m muzi’kag’a qi’zi’g’i’wshi’li’q sezimin qa’liplestiriletug’i’n yedi.

Ari’slandi’ jen’gen Gerakl ha’ykeline na’zer taslaymi’z. A’yyemgi grek mu’sinshisi Gerakldi’ iri gewdeli palwan si’pati’nda su’wretlegen. Artqi’ ayaqlari’nda turi’p alg’an jawi’z ari’slan bolsa, Gerakldi’n’ iynine de kelmeydi. Biraq, ne sebep Gerakl kiyimsiz su’wretlengen? Bul a’yyemgi grek ma’deniyati’ni’n’ wo’zine ta’n pazi’yletlerinin’ biri boli’p tabi’ladi’. Mu’sinshinin’ na’zerinde Gerakldin’ ku’sh-qu’diretin ko’rsetiw a’hmiyetli yedi. Yegerde sheber mu’sinshi bahadi’rdi’ kiyim menen su’wretlese, woni’n’ ari’slandi’ jen’ip ati’rg’an mu’she bulshi’q yetlerinde ha’m pa’njelerindegi ku’shti ko’rmegen, qu’diretli, shi’ni’qqan denesinin’ go’zzalli’g’i’n seze almag’an bolar yedik.



**Gerakldi’n’ ari’slan menen ayqasi’wi’**

G’alaba bilim beriwden ti’sqari’ yer balalar yeki ji’lli’q a’skeriy ta’limdi de wo’tegen. Birinshi ji’li’ wolar u’ylerinde jasap ha’m qatarda ju’riw, qural tag’i’p ju’riw, ashli’q ha’m suwi’qqa shi’damli’ boli’wdi’ u’yretetug’i’n yedi. Yekinshi ji’li’ bolsa ayi’ri’mlari’ Attika shegarasi’ qorg’anlari’nda a’skeriy xi’zmetti wo’tese, basqalari’ Pirey porti’nda ten’izshilik wo’neri tiykarlari’n u’yrenetug’i’n yedi.

Yeldi qorg’aw za’ru’rligi ju’zege kelgen ta’g’dirde 30 jasqa tolmag’an jigitlerdin’ barli’g’i’ qural-jaraqlari’ ham a’skeriy kiyim-kenshekleri menen ko’rikke jetip keliwi sha’rt bolg’an. Al, son’i’nan wo’z qudaylari’, janajan shan’arag’i’ ha’m yeli ushi’n sawashqa kirisken. Watang’a muhabbat ma’mlekettin’ ha’r bir puqarasi’ni’n’ joqarg’i’ pari’zi’ ha’m minneti boli’p yesaplang’an.



**Bilim beriw protsesi**

Greciyali'larg'a joqari' watan su'yiwshilik sezimi ta'n bolg'an. Watandi' qorg'aw joli'nda sheyit bolg'anlar qaharmanlar dep dag'azalanar yedi. Qaharmanlar jerlengen jerlerde qurbanli'qlar berilgen.



**Olimpiada stadioni'na kiriw**

**Olimpiada woyi'nlari'** Sport barli'q grekler ushi'n uli'wma yermek yedi. Bizin' erami'zg'a shekemgi 776-ji'lda tung'i'sh ret wo'tkizilgen Olimpiada woyi'nlari' ha'r tu'rli sport jari'slari' arasi'nda yen' tiykarg'i'si' yesaplang'an. Usi' sa'neden baslap ha'r to'rt ji'lda bir ret Olimp tawi'nda muqaddes wot Quyash nurlari'nan jandi'ri'latug'i'n, Greciyani'n' to'rt ta'repinen kelgen sportshi'lar sportti'n' bes tu'ri boyi'nsha bellesetug'i'n yedi. Sportti'n' bes tu'ri bolsa, uzi'nli'qqa sekiriw, disk i'laqti'ri'w, nayza i'laqti'ri'w, juwi'ri'w ha'm gu'resten ibarat yedi. At shabarda bolsa arbalarda ha'm atlarda ba'ygi sho'lkemlestiriletug'i'n yedi. Adamlar ha'm sportshi'lar Olimpiadag'a aman-yesen jetip keliwleri ushi'n woyi'nlar wo'tkizilip ati'rg'an waqi'tta uri'slar toqtati'latug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

Da'slepki Olimpiada woyi'nlari' bizin' erami'zg'a shekemgi 776-ji'ldan erami'zg'a shekemgi 394-ji'lg'a shekem wo'tkerilgen 1896-ji'li' wolimpiada woyi'nlari' qayta tiklendi ha'm ha'zir de dawam yetpekte.

Greciyadag'i' Olimpiada woyi'nlari' Olimp qudayi' Zevsti'n' hu'rmetine bag'i'shlani'p wo'tkizilgen. A'psanalar boyi'nsha Olimpiada woyi'nlari'ni'n' tiykari'n sali'wshi' Gerakl yesaplang'an. Olimpiada woyi'nlari'nda tek g'ana ji'nayat yetip, abi'rayi'na daq tu'sirmegen azat grek sportshi'si' qatnasi'wg'a haqi'li' yedi. Jari'sta u'sh ma'rtebe jen'iske yerisken sportshi' Olimp tawi'nda wo'zinin' ha'ykelin wornati'wg'a haqi'li' bolg'an. Grekler ji'l yesabi'n da Olimpiada woyi'nlari'na qarap ju'rgizgen.

Jen'impazlar qu'diretli zaytun ag'ashi'ni'n' shaqalari'nan tag'i'lg'an gu'l shen'ber menen si'yli'qlang'an. Hayallar Olimpiada woyi'nlari'na qatnasa almag'an. Hayallar woyi'n waqti'nda ha'tteki Olimp tawi' jani'na da kele almaytug'i'n yedi. Hayallar ushi'n juwi'ri'w boyi'nsha wo'z aldi'na jari'slar wo'tkiziletug'i'n yedi.



**Olimpiya woyi'nlari'ndag'i' juwi'ri'w jari'si'. Idi'sqa si'zi'lg'an su'wret**

394-ji'li' u'sti-u'stine payda bolg'an jer silkiniw na'tiyjesinde Olimpia wayran boli'p ketkenligi sebepli a'yyemgi Olimpiada woyi'nlari' da wo'tkizilmesten qa-

Idi'. Aqi'ri'nda, 1896-ji'li' Olimpiada woyi'nlari' qayta tiklendi. Olimpiada woyi'nlari' ashi'latug'i'n ku'nde jali'n jag'i'w a'deti ha'zirgi ku'nge shekem saqlani'p qalg'an. Quyash nurlari'nan jandi'ri'lg'an jali'n Olimpiada jari'slari' wo'tkeriletug'i'n jerge ali'p kelinedi.



Boksshi' ha'ykeli. Olimpiada woyi'nlari'ni'n' jen'impazi'

### Gomerdin' «Iliada» ha'm «Odisseya» da'stanlari'

Bizin' e. sh. 1200-ji'llarda grekler Kishi Aziyada jaylasqan Troyag'a atlani's jasag'an. Mol du'nya u'stinde uri's ali'p bari'lg'an. Biraq grek ra'wiyatlari' basqa bir sebepti bayan yetedi. Yen' go'zzal hayal Sparta patshasi'ni'n' hayali' Sahibjamal Elena yedi. Troya patshasi' Paris Sparta pat-shali'g'i'na keledi ha'm Sahibjamal Elenani' Troyag'a urlap ketedi. Waqi'yadan xabar tapqan Sparta patshasi' Paristen wo'sh ali'wg'a ant yetedi ha'm barli'q spartali'qlardi' Troya menen uri'sqa shaqi'radi'. Grekler tog'i'z ji'l Troyani' jazi'qsi'z qamal yetedi.

**Yeste saqlan'!**

394-ji'l izli-izinen ju'z bergen jersilkiniw aqi'betinde Olimpiya wayran bolg'anli'g'i' sebepli, Olimpiada woyi'nlari' wo'tkerilmey qoyi'lg'an.

«Iliada» degen belgili grek da'stani' sol uri'sti'n' son'g'i' woni'nshi' ji'li' haqqi'nda so'z yetedi. Odisseydin' ken'esi menen grekler hiylekerlikti woylap tabadi': ishi bos u'lken ag'ash at jasaydi'. Sol ag'ash atti'n' ishine grek a'skerlerinin' bir bo'limi jasi'ri'ng'an — basqa bir bo'limi bolsa jaqi'n jerdegi atawlardan birine wornalasi'p alg'an yedi. Troyali'lar greklerdi qamal yetiwdi toqtatti' ha'm Troya qa'wenderi Afina Palladag'a aman keliwi ushi'n wo'zlerine at sawg'a yetti, degen sheshimge keledi ha'm ag'ash atti' qalag'a ali'p kiredi.

Keshke taman atti'n' ishinen shi'qqan jawi'ngerler da'rwazalardi' ashadi', Troya basi'p ali'nadi'. Ha'zirgi tillerde «Troya ati'» tu'sinigi a'wmetsiz sawg'a-sa'lem ma'nisin an'latadi'.



Gomer—A'yyemgi grek shayi'ri'

«Iliada» da'stani'ni'n' bas qaharmani' Axilles boli'p tabi'ladi'. Balasi'ni'n' ma'n'gi jasawi'n qa'legen ana wo'z na'restesin Stiks da'ryasi'na bati'ri'p aladi'. Usi' ma'ha'lde Axillestin' anasi'ni'n' uslag'an tabani'na suw tiymesten qaladi'. Sawashlardi'n' birinde Axilles



Troya ati'

tabani'na tiygen woqtan wo'ledi. Sol waqi'tlardan beri «Axilles tabani'» tu'sinigi usi' na'zik jerdi an'latadi'.

A'yyemgi grek shayi'ri' Gomer «Illiada» ha'm «Odisseya» poemalari' avtori' yesaplanadi'. Woni'n' wo'miri haqqi'nda derlik hesh na'rse saqlani'p qalmag'an. A'psanalarda jazi'li'wi'nsha wol soqi'r boli'p yelme-yel gezip, shertetug'i'n a'sbap penen qosi'qlari'n aytqan.

Troya uri'si' juwmaqlandi'. Grekler Troyani' talan-taraj yetti ha'm mol-molaqay wolja menen u'ylerine qaytpaqshi' boldi'. Wolar Egey ten'izi arqali' uzaq ha'm qa'wipli jollardan wo'tiwi kerek yedi. Biraq yen' ko'p mashaqat ha'm qi'yi'nshi'li'qlar Odissey ha'm woni'n' joldaslari'ni'n' shegine tu'sedi. Odissey janajan Itakag'a jetip kelgenge shekem ten'iz ha'm jat jurtlarda sergizdan boladi'.



«Axilles tabani'»

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda nemis ali'mi' Genrix Shliman Gomer da'stanlari'n izertlep, Troya jaylasqan jerdi yesaplap shi'qti'. 1870-ji'li' Turkiyadag'i' Xisorlik to'beligi qarabaxanalari' aymag'i'nda qazi'lma jumi'slari'n baslap jiberdi, haqi'yqattan da Troya qaldi'qlari'n tapti'.

Yegerde ha'zirgi ali'mlardi'n' bildiriwinshe «Iliada» ha'm «Odisseya» da'stanlari' bolmag'anda biz bunnan u'sh mi'n' ji'l buri'n jasag'an greciyali'lar haqqi'nda hesh na'rse bilmegen bolar yedik.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Troya — bul...* | *Shlimann — bul...* |
| *Gomer — bul...* | *«Axilles tabani'» — bul...* |



Troya uri'si'

**Greciyada teatr**

Bunnan yeki yari'm mi'n' ji'l buri'n Greciyada teatr du'nyag'a keldi. «Teatr» so'zin grek tilinen awdarg'anda «tamashalar ushi'n wori'n», «tamashaxana» degen ma'nilerdi an'latadi'. A'yyemgi grek teatrlari'ni'n' maydani' ken'ligi menen aji'rali'p turg'an. Afina teatri' 17 mi'n' tamashago'ylerge mo'lsherlengen yedi. Tamashalar tek bayramlarda sho'lkemlestirilgen. Yerte

tan'nan baslang'an tamashalar ku'n boyi' dawam yetetug'i'n yedi. Tamashago'ylerge bir neshe piesalar qoyi'latug'i'n yedi.

Teatrg'a kiriw ushi'n azmaz haqi' ji'ynalg'an. Ka'mbag'al puqaralarg'a teatrg'a bari'wi' ushi'n pul beriletug'i'n yedi. Aldi'n'g'i' qatarlardag'i' wori'nlar biypul boli'p, ruwxani'ylar, strategler, ma'mleketke a'hmiyetli xi'zmet yetken puqaralar si'yaqli' joqari' ma'rtebeli tamashago'ylerge mo'lsherlengen yedi.

Wo'z-ara gu'resti bayanlaytug'i'n, a'dette qatnasi'wshi' adamlardi'n' wo'limi menen tamamlanatug'i'n pesalar tragediya dep atalg'an. «Shah Edip» ha'm «Antigona» si'yaqli' yen' ataqli' tragediyalardi' Sofokl jazg'an yedi.

A'jayi'p si'n so'zler, quwnaq saxnalar, na'zik yumorg'a bay komediyalar bolsa insan kemshilikleri u'stinen ku'ledi. Aristofan belgili komediyalar ustasi' yedi. «Ha'rreler», «Quslar», «Baqalar» degen belgili komediyalardi' Aristofan jazg'an.

**Yeste saqlan'!**

Belgili tragediyalardi' Sofokl jazg'an. Aristofan bolsa komediyalar ustasi' yedi.



**Greciya teatri'**



**Teatr ni'qaplari'**

### Mu'sinshilik ha'm arxitektura

Grekler tek patshalar ha'm aristokratlar ushi'n g'ana saraylar ha'm maqbaralar qurmay, al barli'q adamlar paydalanatug'i'n ja'miyetlik imaratlar da qurg'an. Mu'sinler ha'm basqa da mu'sinshilik shi'g'armalari' tek saray diywallari'n bezemesten, sol da'wirde qala maydanlari', ibadatxanalar, ba'rshege ashi'q tamasha bag'lari' ha'm stadionlardi' da bezep turatug'i'n yedi.

Bizin' erami'zg'a shekemgi VII a'sirden baslap ibadatxanalar ha'm basqa da ja'ma'a't quri'li'slari' tastan quri'la basladi', ja'ne sol waqi'tta jeke u'yler gerbishten' ha'm paqsadan quri'latug'i'n yedi. U'stinler ja'miyet imaratlari' ha'm ibadatxanalardi'n' ayri'qsha bezewi ha'm ko'rki yedi. Su'tinler metall ko'sherler ja'rdeminde bir-birine bekkemlengen bir neshshe tas bo'lekshelerinen jasalg'an.



**Sofokl—tragediya avtori’**




**Aristofan—komediya avtori’**



**Zevs ha’m Apollon Parfenon peshtaxtasi’ni’n’ joqarg’i’ bo’legi**

A’yyemgi Mi’si’rda mu’sinler firaunlardi’ su’wretlegen bolsa, Greciya ko’rkem wo’neri mu’sinshileri wo’z zamanlaslari’ni’n’ ha’ykelin jasag’an. Wolar mu’sinlerde yepshillik, ku’sh-qu’diret, salamatli’q ha’m go’zzalli’q si’yaqli’ ha’r bir puqarani’ ta’rbiyalawda za’ru’r bolg’an pazi’yletlerdi ayri’qsha bo’rttirip ko’rsetiwge ha’reket yetken. Bul na’rse a’sirese Mironni’n’ «Disk i’laqti’ri’wshi’» degen mu’sinshilik shi’g’armasi’nda ani’q su’wretlengen. Grek mu’sinshileri qaharmanlar, Olimpiada woyi’nlari’ni’n’ jen’impazlari’ yamasa sawashta jen’iske yeriskenler hu’rmetine yestelikler wornatqan. Ha’ykeller sonshelli ko’p bolg’anli’qtan tariyxshi’lar Afinada tiri adamlarg’a qarag’anda jansi’z ha’ykeller ko’birek dep jazg’an.

Yen’ ulli’ grek mu’sinshilerinin’ biri Fidiy yedi. Wol Afinada Parfenon quri’li’si’ ha’m Akropoldi’n’ qayta quri’li’wi’na basshi’li’q yetken. Woni’n’ belgili shi’g’armalari’ni’n’ biri Jer ju’zinde jeti a’jayi’pti’n’ biri boli’p yesaplang’an, bul yestelik Olimpiali’ Zevs ha’ykeli bolg’an. Arxitektor ha’m mu’sinshi Dedal Minos degen patsha ushi’n belgili Labirint sarayi’n qurg’an.

Akropol worayi’nda Parfenon imarati’ quri’ldi’. Parfenon Greciyadag’i’ yen’ ag’la mramor taslardan quri’lg’an. Jaqti’li’q tu’siwine qarap wol wo’z ren’in alti’n ren’nen ti’ni’q ko’gis yamasa aqshi’l ren’ge shekem wo’zgertip tu’rlenip turg’an. Biyik to’belik Parfenonni’n’ irge tasi’ boli’p xi’zmet yetken. Ibadatxana tap jar tas arasi’na sin’isi’p ketip, woni’n’ bir bo’legine aylani’p qalg’anday tu’yiledi. Su’tinler menen imarat aldi’na shi’g’i’p turg’an peshtaxta (portal) Parfenong’a ayri’qsha ko’rk bag’i’shlag’an. Peshtaxtani’n’ joqarg’i’ bo’leginde qudaylar tulg’asi’ su’wretlengen.

### *Tayani'sh konspekt*

- Olimpiada woyi'nlari' — b.e. shekemgi 776-ji'l—birinshi ret; b.e. shekemgi 394-ji'l—aqi'rg'i' ret; 1896-ji'l—qaytadan tiklendi
- Gomer — "Iliada"—Troya uri'si' haqqi'nda; "Odisseya"—Odisseydin' basi'nan keshirgenleri haqqi'nda
- 1870-ji'l — Genrix Shliman — Troya qalasi'ni'n' jaylasqan worni'
- teatr — tragediyalar → Sofokl; komediyalar → Aristofan
- Fidiy → Parfenon


**Parfenon**

#### *Wo'zin'izdi si'nan'!*

***Fidiy — ...*** ***Dedal — ...***
***Parfenon — bul...***

#### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. A'yyemgi Greciya woqi'ti'wshi'lari' aldi'na qanday maqset qoyi'lg'an yedi? Grek mektepleri ha'zirgi mekteplerden ne menen wo'zgeshelenedi?
2. Olimpiada qatnasi'wshi'si' ati'nan gu'rrin' jazi'n'. Siz wol jerde nelerdi ko'rgenin'izdi ayti'p berin'.
3. Gomerdin' «Odisseya» qaharmanli'q da'stani'nda neler haqqi'nda so'z yetiledi?
4. Qaysi' da'standa Gomer Troya ati' haqqi'ndag'i' a'psanani' su'wretleydi? Sizin'she, usi'nday waqi'ya haqi'yqattan da ju'z beriwi mu'mkin be?
5. A'yyemgi Greciyada teatr qanday ko'riniste bolg'an?
6. Grek arxitekturasi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligi haqqi'nda ayti'p berin'.
7. Qaysi' grek mu'sinshilerin ha'm wolardi'n' shi'g'armalari'n bilesiz?

## 31–32- §§. Ali'mlar ha'm woyshi'llar

**Ilim** A'yyemgi Greciyada filosoflardi' dani'shpanlar, turmi's danalari' si'pati'nda bilgen.

Grek woyshi'llari' A'lemnin' du'zilisi ha'm insan tirishiligi ma'nisin tu'sindiriwge ha'reket yetip ko'rgen. Wolar wo'simliklerdi, haywanlar, adam denesi, Quyash ha'm juldi'zlardi' u'yrengen.



**A'yyemgi grek filosofi' Diogennin' jasaytug'i'n bochkasi'**



**Qoljazba woqi'p ati'rg'an ali'm**



**Arximed rimliler korablin jaqpaqta**

Belgili grek filosofi' *Geraklit* Jer ju'zindegi barli'q na'rse wottan kelip shi'qqan dep uqti'ratug'i'n yedi. «Bir da'ryag'a yekinshi ma'rtebe su'n'giy almaysan'», «Barli'q na'rse ag'adi', barli'q na'rse wo'zgermeli» degen belgili hikmet so'zler wog'an tiyisli yedi.

Frakiyali' *Demokrit* degen filosof Geraklittin' pikirine qarsi'li'g'i'n bildirgen, bizdi qorshap turg'an barli'q na'rse ko'zge ko'rinbeytug'i'n mayda-mayda bo'leksheler—atomlardan du'zilgen degen ma'nistegi pikirdi bayan yetken yeken.

Grek filosofi' Diogen «Insanda hesh qanday za'ru'r-lik bolmawi' sha'rt» degen pikirdi wo'zinin' ta'limati'na tiykar yetip aldi'. Turmi'stag'i' barli'q qolayli'qlardan waz keshken Diogen bir boshkada ku'n keshirgen. Aleksandar Makedonskiy wonnan: «Sag'an qanday ja'rdem beriwim mu'mkin?» dep sorag'ani'nda, Diogen: «Arrag'i'raq tursan'shi', quyashti' tospa!» dep mi'sqi'lli' so'z aytqan yeken.

Bizin' erami'zg'a shekemgi V a'sirde jasag'an Gerodot "Tariyx" dep atalg'an kitap jazg'an. Mi'si'r, Mesopotamiya ha'm Arqa Qara ten'iz boyi' koloniyalari' boylap sayaxati'n tamamlag'anda Gerodotti' yele Greciyada hesh kim tani'maytug'i'n yedi. Wo'z watanlaslari'n «Grek-parsi' uri'slari' haqqi'nda tariyx» shi'g'armasi' menen tani'sti'rg'annan son' birden belgili insang'a aylandi'. Tiri waqti'nda-aq Gerodotqa «Tariyx atasi'» degen hu'rmetli ataq berilgen yedi.

A'yyemgi grek ali'mi' *Aristotel* toplang'an bilim-lerdi ayri'qsha tarmaqlarg'a aji'ratti' ha'm wolardi' wo'z aldi'na ilimler si'pati'nda ta'riplep berdi. Aristo-teldi shi'g'i'sta "Arastu" dep ayti'w keyin-ala a'detke aylang'an.

Barli'q zamanlarda ali'mlar ilimiy ma'selenin' sheshimin tapqan grek fizigi ha'm matematigi *Arx-imedtin'* «Evrika!» (Tapti'm, tapti'm:) dep baqi'rg'ani'n ta'kirarlap ju'redi. Mu'mkin, bul bir a'psana shi'g'ar, biraq grekler toli'q isenim menen Arximed shi-

yshe du'zilisinen paydalani'p jaqti'li'qti' bir bag'i'tqa ja'mlegen ha'm grekler u'stine hu'jim jasap kiyati'rg'an rimlilerdin' kemelerin jandi'ri'p jibergeni haqqi'nda gu'rrin' yetip beredi. Arximed ri'chag ni'zami'n is-lep shi'qti' ha'm belgili boli'p ketken bir ibarani' aytti': «Mag'an tayani'sh noqati'n tawi'p berin', Jerdi wo'z ko'sherinen shi'g'ari'p jiberemen!»


**Arximed ha'm rimli jawi'nger**

Arximed basi' menen ilim ten'izine shu'mgen ali'm ti'msali'na aylanadi'. Rimliler woni'n' janajan qalasi' Sirakuzdi' basi'p alg'ani'nda qumda si'zi'lmalar si'zi'p matematikag'a baylani'sli' bir ma'seleni sheshiwge uri'ni'p woti'rg'an yeken. Rimli a'sker jetip kelgeninde: «Menin' si'zi'lmalari'ma qol tiygizbe!» dep ayti'wg'a u'lgerdi, bolg'ani': Arximedke nayza shanshi'lg'an yedi.


**A'yyemgi grek filosofi' Platon**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Geraklidtin' ayti'wi'nsha...* | *Gerodot — bul...* |
| *Diogen — bul...* | *Demokrittin' ayti'wi'nsha...* |
| *Filosofiya — bul...* | *Arximed — bul...* |

## Afinali' dani'shpanlar

Afinali' belgili filosof Sokrat (Shi'g'i'sta "Suqrat" tu'rinde ayti'lg'an) wo'zinin' danali'q hikmet so'zleri se-bepli qalani'n' yen' aqi'lli' insanlari' dep ja'riyalang'an yedi. Bug'an juwap retinde Sokrat bi'lay depti: «Menin' dani'sh-panli'g'i'm hesh na'rseni bilmeytug'i'ni'mdi' biliwimde!».

Sokrat hesh waqi'tta wo'z shi'g'armalari'n qag'azg'a tu'sirmegen. Sokratti'n' ideyalari' Atlantida degen qi'-yali'y (ideal) ma'mleket haqqi'nda ta'liymatti' jaratqan Platon degen tag'i' bir grek filosofi'ni'n' ayti'wlari' arqali' bizge shekem jetip kelgen. Platondi' keyinirek "Aplatun" si'pati'nda da bilemiz. Aytpaqshi', bizge shekem Sokratti'n' belgili bir hikmeti de jetip kelgen: «Quday bizin' wo'zimizdedur!».


**A'yyemgi Grek woyshi'li' Aristotel**

Sokrat puqaralardi'n' a'dep-ikramli' ruwxi'y ta'rbiyasi'na u'lken a'hmiyet bergen. Delfiya ibadatxanasi'ndag'i' jazi'w woni'n' su'yikli hikmeti

yeken: «Wo'z-wo'zin'di an'la ha'm bil!» Qarsi'lasi' menen dialoglari'nda Sokrat Jaqsi'li'q ha'm Jamanli'q ne yekenligine juwap beriwge ha'reket yetken. Jaman, aldawshi', jawi'z boli'wi'na qarag'anda jaqsi', hadal, aq-ko'kirek boli'w a'dewir jaqsi'raq, dep tu'sindirgen filosof.



Sokratti'n' mu'sini

Sokrat a'sirese ashko'zlik ha'm du'nyaparazli'q si'yaqli' nuqsanlardi' qatti' si'n'g'a alg'an. Bazar boylap seyil yetip ju'rgeninde bi'lay degen yeken: «Bularsi'z da ku'n keshiriw mu'mkin bolg'an usi'nsha na'rseler bar yekenligi qanday jaqsi'!" Sokrat du'nyada Jaqsi'li'q ni'zamlari'ni'n' bar yekenligin tek g'ana wolardi' biliw ha'm wolarg'a itibar bergen halda jasaw kerekligin da'lillegen.

Afinadag'i' ayi'ri'm u'rp-a'detlerdi qori'qpastan si'n'g'a alg'ani' sebepli woni' wo'lim jazasi'na hu'kim yetken. Sokratti'n' basqa bir ma'mleketke qashi'p ketiw imkaniyati' bolsa da ketpegen. Sokrat tariyxta insani'yli'q, sabi'r-taqat ha'm ma'rtlik ti'msali' boli'p qalg'an.

*Tayani'sh konspekt*






Frakiyali' filosof Demokrit

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Filosofiya degen ne ha'm wol qalay ju'zege keldi?
2. Grek filosoflari' qanday ma'selelerdi sheshken?
3. Grek ali'mlari' ha'm filosoflari'ni'n' ashqan jan'ali'qlari' ha'm jetiskenliklerin ayti'p berin'.
4. Arximedtin' «Mag'an tayani'sh noqati'n tawi'p berin', Jerdi wo'z ko'sherinen shi'g'ari'p jiberemen!» degen so'zinin' ma'nisin tu'sindirip berin'.
5. Sizin'she, Sokratti'n' «Wo'zin'di-wo'zin' an'la ha'm bil!» hikmeti neni an'latadi'?
6. Sokrat haqqi'nda nelerdi bilesiz? Sokratti'n' qaysi' ideyalari'n maqullamaysi'z?

## 33–34- §§. A'yyemgi Greciya mifleri

**Mifler: haqi'yqat ha'm a'psanalar**

Grek mifleri (an'i'zlari') — qudaylar ha'm bahadi'rlar haqqi'ndag'i' ra'wayatlardi'n' qaharmanlari' ha'r qi'yli' titanlar (qudaylardan tuwi'lg'an qu'diretli palwanlar), jawi'z maqluqlar, sirenalar (yari'm qus, yari'm hayallar), kentavrlar (yari'm atlar, yari'm adamlar), cikloplar — man'layi'nda bir domalaq ko'zi bolg'an fantastik maqluqlar boli'p tabi'ladi'. A'psanalar— (grek tilinde «mif») yel tariyxi'ndag'i' a'yyemgi da'wir haqqi'nda ko'p na'rselerdi biliwge imkaniyat beredi. Wolar A'lemnin' jarati'li'wi', Jer ju'zinde tirishilik ha'm adamni'n' payda boli'wi', qaharmanlardi'n' yerligi ha'm ten'iz sayaxatlari' haqqi'nda gu'rrin' yetedi.



Sirenalar — qi'yaliy maqluq

Grek mifleri ra'n'ba'ra'n' ha'm qi'zi'qli'. A'lem ha'm qudaylardi'n' kelip shi'g'i'wi' haqqi'ndag'i' a'psana da wog'ada qi'zi'q. Yen' aldi' menen Jer ha'm Aspan — *Geya* ha'm *Uran* payda bolg'an. Wolar A'lemdi basqari'wshi' titanlardi' du'nyag'a keltirgen, *Olimp tawi'nda* jasawshi' qudaylar wolardi' taxttan awdarg'ang'a shekem hu'kimdarli'q yetti.



Kentavr ha'm jawi'ngerdin' ali'si'wi'

Miflerde ayti'li'wlarg'a qarag'anda, buri'nnan Jer ha'mme ta'repinen ten'izler menen qorshalg'an yedi. Da'slep wolardi'n' hu'kimdari' *Okean* degen titan bolg'an. U'lken aspan gu'mbezi Jerdin' bir shetinde turatug'i'n *Atlas* degen titanni'n' iynine su'yenip turg'an.

Greklerdin' ra'wayatlari' *Gerakl, Axilles, Tesey* ha'm *Ayaks* si'yaqli' bahadi'r qaharmanlardi'n' yerligi haqqi'nda an'i'zlar aytadi'. Wolardi'n' barli'g'i' turaqli', ku'sh-quwat ha'm aqi'l-parasat usag'an pazi'yletlerge iye bolg'an. Won yeki yerligi sebepli Gerakl Olimp tawi'ndag'i' qudaylar saltanati'nda hu'rmetli wori'ng'a iye bolg'an yeken.



Ciklop — qi'yali'y maqluq

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Titanlar — bul...* | *Sirenalar — bul...* |
| *Kentavrlar — bul...* | *Cikloplar — bul...* |



**Gefest—temirshilik ha'm wo'nermentshilik qudayi'**



**Artemida — an'shi'li'q qudayi'**



**Ares—uri's qudayi'**

**A'yyemgi greklerdin' qudaylari'**

A'yyemgi grekler de wolardi'n' turmi'si' ha'm a'tiraptag'i' a'lem ko'zge ko'rinbeytug'i'n si'rli' ku'shlerge g'a'rezli yekenligine isenetug'i'n yedi. Bul ko'rinbes ku'shlerdi grekler qudaylar dep atadi'. Qudaylar wolardi'n' Jer ju'zi ha'm marhumlar saltanati'ndag'i' turmi'si'nda hu'kimdar yedi. A'yyemgi greklerdin' u'sh qudayi' A'lemge hu'kimdarli'q yetetug'i'n yedi. *Zevs* aspanda, *Paseydon* ten'izde, *Aid* marhumlar saltanati'nda joqarg'i' quday dep yesaplang'an. Al qalg'an qudaylar bolsa diyqanshi'li'q ha'm wo'nermentshilik, ko'rkem-wo'ner ha'm qosi'q, ishqi'-muhabbat ha'm go'zzalli'q qawenderleri yesaplang'an. Uri's ha'm jen'is, a'dillik, uyqi' ha'm tan'g'i' sa'wle qudaylari' da bolg'an. *Satirlar* ha'm *nimfalar* degen si'n qudaylar da bar yedi. Wolar tog'aylar, da'ryalar ha'm tawlarda jasag'an dep tu'singen.

### A'yyemgi greklerdin' qudaylari'

| | |
|---|---|
| Zevs | joqarg'i' quday ha'm qalg'an barli'q qudaylardi'n' qudayi' |
| Paseydon | Zevstin' inisi, ten'iz hu'kimdari' |
| Afina | Zevstin' qi'zi', jawi'nger hayal, dani'shpanli'q qudayi' |
| Apollon | Zevstin' balasi', jaqti'li'q, muzi'ka ha'm qosi'q qudayi' |
| Gelios | Quyash qudayi' |
| Demetra | diyqanshi'li'q ha'm zu'ra'a't qudayi' |
| Geya | Jer qudayi' |
| Femida | adillik qudayi' |
| Gefest | temirshiler ha'm wo'nermentshiler qudayi' |
| Afrotida | i'shqi' muhabbat ha'm go'zzalli'q qudayi' |
| Ares | uri's qudayi' |
| Dionis | sharap qudayi' |
| Germes | sawda qudayi' |

| | |
|---|---|
| Nika | jen'is qudayi' |
| Xronos | Zaman qudayi' |
| Artemida | tog'aylar ha'm awshi'li'q qudayi' |
| Eros | muhabbat qudayi' |
| Gipnos | uyqi' qudayi' |



Demetra – diyqanshi'li'q ha'm zu'ra'a't qudayi'

Greklerdin' isenimi boyi'nsha, qudaylar Makedoniya ha'm Fessaliya shegarasi'ndag'i' bir tawda, Greciya wa'layatlari'nan biri Yelidada, Olimp tawi'nda jasag'an. A'yyemgi greklerdin' qudaylari' da adamlarg'a a'dewir usaydi'. Olimp tawi' qudaylari' ti'msali'n su'wretlep, grekler qudaylardi' qi'zg'anshaq ha'm zuli'm, ku'ndi ba'zim quri'p ha'm kewil ko'teriwshilik penen wo'tkeredi, bir-biri menen tarti'sadi', dep yesaplag'an. Qudaylar qatti' qol ha'm wo'sh ali'wshi'. Greklerdin' qudaylari' yerkine qarsi' barg'anlardi' ayawsi'z jazalaydi'. Soni'n' ushi'n da grekler wo'zleri jaratqan qudaylardan qorqi'p, wolarg'a qurbanli'qlar shaladi' ha'm ko'plegen ibadatxanalardi' wolarg'a bag'i'shlap salatug'i'n yedi.



Aid — marhumlar saltanati'ni'n' qudayi'

### *Tayani'sh konspekt*

- A'psanalar qaharmanlari'
  - titanlar
  - kentavrlar
  - cikloplar
  - Gerakl (12 qaharmanli'q)
- A'yyemgi grek qudaylari'

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. A'yyemgi Greciya tariyxi'n u'yrengende mifler qanday a'hmiyetke iye?
2. Grekler qudaylar haqqi'ndag'i' miflerde ta'biyatti'n' ha'r qi'yli' a'yyemgi Greciya a'psanalari' qubi'li'slari'n qay ta'rizde tu'sindirgen?
3. A'yyemgi grek miflerinin' tiykarg'i' qaharmanlari'n sanap berin'.
4. Sizin'she, nege grekler qudaylardi' qi'zg'anshaq ha'm miyrimsi'z, ku'ndi woyi'n-zawi'q ha'm yermek penen wo'tkeredi, bir-biri menen tarti'sadi' dep yesaplag'an?



Dionis—sharap qudayi'



# IV BO'LIM

# BIZIN' ERAMI'ZG'A ShEKEMGI V—ERAMI'ZDI'N' IV A'SIRLERINDEGI WORTA AZIYA

## 35–36- §§. Worta Aziyag'a Ahamoniylerdin' basqi'nshi'li'q atlani'slari'



**Tumaris – massagetler malikasi**

**Kir II ha'm woni'n' basqi'nshi'li'q atlani'slari'**

Erami'zg'a shekemgi VI a'sirdin' wortalari'nda A'yyemgi Parsi' shahlari'ni'n' a'wladi'nan bolg'an Ahamoniyler shan'arag'i' hu'kimdarlari' qurami'na du'nyani'n' barli'q iri yelleri ha'm qalalari' kiretug'i'n imperiya du'ziwge ha'reket yete baslag'an yedi. *Kir II* Worta Aziya aymag'i'n basi'p ali'wg'a ha'reket yetip ko'rgen da'slepki parsi' patshasi' bolg'an. B.e.sh. 545 ha'm 540-ji'llar arali'g'i'nda wol Parfiya, Margiyana ha'm Baktriyani' basi'p aldi'. B.e. sh. 530-ji'li' Kir II ko'p a'skerler menen massagetler u'stine ju'riske atlandi'.

Massagetler yeli qalayi'nsha basi'p ali'ng'ani' tuwrali' «tariyxti'n' atasi'» Gerodot gu'rrin' yetip bergen. Parsi'lar massagetler aymag'i'na basti'ri'p kirgeninde wolardi'n' malikasi' Tumaris basqi'nshi'lardan ti'ni'sh-aman qayti'p ketiwin usi'ni's yetedi. Biraq, Parsi' shahi' bul usi'ni'sti' qabi'llamadi' ha'm Araks — A'miwda'ryadan keship wo'tiwdi baslaw tuwrali' buyri'q beredi.

Gerodot massagetlerdin' tiykarg'i' ku'shleri menen parsi'lardi'n' sawashi' tuwrali' bi'lay gu'rrin' yetedi: «Bul sawash... barli'q sawashlardan da qorqi'ni'shli'raq yedi. Da'slep ha'r yeki dushpan ku'shler bir-birine qarsi' jawi'ngerlik sap du'zip, woqjaydan woq jawdi'rdi'. Woqlari' tu'wesiliwi menen wolar qollari'na qanjar ha'm nayzalar ali'p, dushpanlarg'a qarsi' umti'ldi'. Sawash uzaq dawam yetti. Hesh kim sheginiwdi qi'yali'na keltirmedi. Ko'p qan to'gildi. Aqi'ri'nda, massagetlerdin' qoli' ba'lent keldi. Parsi' a'skerlerinin' ko'pshiligi qi'ri'ldi'.Sawash maydani'nda Kir II nin' wo'zi de nabi't boldi'».

**Yeste saqlan'!**

Ko'plegen ma'mleketlerdi basi'p alg'an Ahamoniyler dinastiyasi' wa'kili Kir II- b.e.sh. 530-ji'ldag'i' massagetler menen bolg'an sawashta nabi't boldi'.




**Wo‘rta Aziya Ahamoniyler ma’mleketi qurami’nda**



**Parsi’ patshasi’**

### Dara I ni’n’ saklarg’a qarsi’ atlani’slari’

Erami’zg’a shekemgi 522-ji’li’ Ahamaniyler a’wladi’ni’n’ wa’killerinen biri Dara I taxtqa woti’rdi’. Wol erami’zg’a shekemgi 522—486-ji’llari’ hu’kimdarli’q yetken.

Dara I hu’kimdarli’g’i’ni’n’ birinshi ji’li’ Margiyanada parsi’ basi’p ali’wshi’lari’na qarsi’ iri xali’q qozg’alan’i’ ko’terildi. Qozg’alan’g’a Frada basshi’li’q yetedi. Qozg’alan’shi’lar menen parsi’lardi’n’ a’skerleri wortasi’nda sheshiwshi sawash erami’zg’a shekemgi 522-ji’li’ boladi’. Fradani’n’ wo’zi tutqi’ng’a ali’nadi’ ha’m erami’zg’a shekemgi 521-ji’li’ wo’ltiriledi. Bul waqi’ya haqqi’nda mag’li’wmat Behistun jazi’wlari’nda keltirilgen.

Dara I hu’kimdarli’g’i’ni’n’ u’shinshi ji’li’nda (erami’zg’a shekemgi 519-ji’li’) saklar u’stine atlani’s jasadi’. Bul atlani’s haqqi’nda Behistun jazi’wlari’nda bi’lay delingen: “shah Dara aytti’: keyin a’sker menen saklar yeline atlani’s jasadi’m. Keyin ushi’ wo’tkir bas kiyim kiyip uri’si’wshi’ saklar sawashqa kiristi. Men da’ryadan wo’tkennen keyin, saklardi’ birotala qi’yratti’m, qalg’an bo’limin tutqi’ng’a aldi’m... Wolardi’n’ Skunxa degen sa’rdari’n qolg’a tu’sirip, aldi’ma ali’p keldi. Sonda men wolarg’a basqa bir

> **Yeste saqlan’!**
>
> B.e. shekemgi 522-ji’li’, Dara I hu’kimranli’g’i’ni’n’ birinshi ji’li’ Marg’iyonada parsi’ basqi’nshi’lari’na qarsi’ xali’q qozg’alan’i’ ko’terildi.



**Shi’raq**

sa'rdar tayi'nladi'm. Men solay boli'wi'n qa'ledim. Son'i'nan bul yel mag'an g'a'rezli boldi'".

Sol da'wirde bul atlani's haqqi'nda tariyxshi' *Polien* (erami'zg'a shekemgi II a'sir) keltirgen basqa bir ra'wayat ta bar. Saklar ra'wayati'na tiykarlani'p, wonda ayti'li'wi'nsha, parsi'lardi'n' qasi'na sak qa'wiminen shopan Shi'raq keledi, wol parsi' a'skerlerin wo'zinen basqa hesh kim bilmeytug'i'n soqpaq benen saklardi'n' arqa ta'repine baslap barg'ani'n aytadi'. Suwsi'z sho'listan boylap jeti ku'n jol ju'rgennen son', sho'lden dozaq azabi'n shekken parsi'lar wo'zlerinin' aldang'ani'n sezip qaladi'. Parsi'lar yer ju'rek shopandi' shawi'p taslaydi', Dara I nin' saklarg'a atlani'si' sa'tsiz tamamlanadi'.



**Shi'raq parsi'lardi' baslap barmaqta**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

|  |  |
|---|---|
| ***Dara I — bul...*** | ***Shi'raq — bul...*** |
| ***Frada — bul...*** |  |

### Axamoniylar hu'kimdarli'g'i' da'wirinde ma'mleket basqari'wi'

Basi'p ali'ng'an yellerdi bag'i'ndi'ri'p qoyi'w ushi'n Ahamoniylar bir pu'tin ma'mleketti wo'z aldi'na wa'layatlarg'a—*satrapli'qlarg'a* bo'lip tasladi'. Bul so'z parsi'sha "xshatra"—"wa'layat" so'zinen kelip shi'qqan. Wa'layat basli'g'i'—satrapqa sheklenbegen ha'kimshilik berilgen yedi. Satraplardi'n' ko'pshiligi Ahamaniylar dinastiyasi' wa'killeri bolg'an.



**Worta Aziyali' jawi'ngerler**

Worta Aziyani'n' parsi'lar basi'p alg'an wa'layatlari' u'sh satrapli'qqa bo'linedi. Ha'r bir satrapli'q ji'lli'q sali'q to'legen. Bunnan ti'sqari', g'a'rezli xali'qlar saray ha'm ibadatxanalar quri'li'si'na da jegilgen. Sali'qti' gu'mis, sharwashi'li'q mallari' (atlar, tu'yeler, qoylar), wo'nermentshilik buyi'mlari' (i'laydan islengen buyi'mlar, qural-jaraq, tag'i'nshaqlar), kiyim-kenshek ha'm haywanlar terisi menen to'legen.

Dara I, woni'n' miyrasxori' Kserks hu'kimdarli'g'i' da'wirinde (erami'zg'a shekemgi 486 — 465-ji'llar) basi'p ali'ng'an wa'layatlardan Worta Aziya xali'qlari'

siyasiy turmi'sta ha'm grek-parsi' uri'slari'nda da qatnasti'. Belgili Marafon sawashi'nda (erami'zg'a shekemgi 490-ji'l) parsi' a'skerleri worayi'nda tabi'sli' uri'sqan saklar wo'zin ko'rsetedi.

Gerodot Kserks basshi'li'g'i'nda greklerge ashqan uri'sta Worta Aziyali' jawi'ngerlerdin' qural-jaraqlari'n izbe-izlik penen su'wretlegen. Baktriyali'lar woqjay ha'm nayzalar penen, saklar qanjar ha'm aybaltalar menen, xorezmlikler ha'm sogdiylar baktriyali'qlardiki si'yaqli' qural-jaraqlari' menen sawashqa kirisken. Sak ha'm baktriya atli'lari' Kserks armiyasi'nda jaqsi' jawi'ngerlerden bolg'an.



**Massagetlerdin' kiyim ha'm qurallari**

Belgili a'yyemgi grek dramaturgi Esxil wo'zinin' "Parsi'lar" tragediyasi'nda Salamin jani'ndag'i' ten'iz sawashi'nda nabi't bolg'an jas baktriyali'q jawi'ngerlerdi tilge aladi'.

Worta Aziya xali'qlari' u'stinen ahamoniylar hu'kimdarli'g'i' 200 ji'ldan ko'birek dawam yetti. Tek erami'zg'a shekemgi IV a'sirde saklar menen massagetler Ahamoni'ylar ma'mleketinin' qurami'nan shi'g'i'p g'a'rezsiz boldi'.



**Worta Aziyali' jawi'ngerdin' Qoladan jasalg'an dubulg'asi'**

### Ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'

Erami'zg'a shekemgi VI—IV a'sirlerde ma'deniyatti'n' rawajlani'wi' jazba ha'm arxeologiyali'q derekler tiykari'nda izertlengen. Wolar Worta Aziya xali'qlari'ni'n' wo'nermentshilik, zergerlik, tigiwshilik, gu'lalshi'li'q ha'm jay sali'w quri'li'si'ni'n' rawajlani'wi'nda joqari' da'rejege yeriskeninen derek beredi.

Surxanda'rya, Qashqada'rya, Zarafshan woypatlari', sonday-aq, A'miwda'ryani'n' to'mengi ag'i'si'nda Qi'zi'l-tepa, Uzi'nqi'r, Afrasiyab, Gu'zeliqi'r, Jerqorg'an ha'm basqalar si'yaqli' iri wo'nermentshilik woraylari' bolg'an.

**Yeste saqlan'!**

Erami'zg'a shekemgi VI — IV a'sirlerde — Qi'zi'ltepa, Jarqorg'an, Uzi'nqi'r, Afrasiyab, Ku'zeliqi'r iri wo'ner-mentshilik woraylari' bolg'an.

Dereklerde alti'n, gu'mis, yaqi't, firuza rudalari' qazi'p ali'ng'ani', mi's ha'm temir yeritilgeni, gu'lalshi'li'q rawajlang'ani', Worta Aziyani'n' Shi'g'i's yelleri menen baylani'sqan a'yyemgi ka'rwan jollari'nda ali'p bari'lg'an sawda-sati'q isleri haqqi'nda mag'li'wmat beriledi.



Alti'n bilezik. A'miwda'rya g'a'ziynesinen

B.e.shekemgi V—IV a'sirlerde Worta Aziya aymag'i'nda da'slepki ten'ge pullar tarqalg'an. Zergerlik wo'nerinin' joqari' da'rejede rawajlang'ani'na bu'gingi ku'nde Britaniya muzeyinde saqlani'p turg'an *A'miwda'rya g'a'ziynesinen* tabi'lg'an alti'n ha'm gu'mis buyi'mlari' ayqi'n mi'sal bola aladi'.

Ha'r bir qala worayi'nda qorg'an — arklar bolg'an. Wolardi'n' a'tirapi'n iyelegen diyqan xojali'qlari'nda ata ruwi'na tiyisli u'lken-u'lken shan'araqlar ku'n keshiretug'i'n yedi. Diyqanshi'li'q qorg'anshalari' u'yler, xojali'q ha'm ja'rdemshi yegislik binalari'nan ibarat bolg'an.

Arxeologlar qala ha'm qorg'anlar a'tirapi'nda ati'zlarg'a suw ali'p kelgen kanallar ha'm japlardi'n' izlerin tapqan.



Worta Aziya turg'i'nlari' b.e.sh. VI a'sir

### *Tayani'sh konspekt*

- erami'zg'a shekemgi 545 ha'm 540-ji'llar—Kir II Parfiya, Marg'iyana ha'm Baktriyani' basi'p aldi'
- erami'zg'a shekemgi 530-ji'l — Kir II massagetler menen sawashta wo'ldi (Tumaris)
- erami'zg'a shekemgi 522-ji'l — Frada qozg'alan'i'
- erami'zg'a shekemgi 519-ji'l — Dara I → saklar (Polien Shi'raqti'n' yerligi haqqi'nda)
- satrapli'qlar → Worta Aziya — u'sh satrapli'q
- erami'zg'a shekemgi IV a'sir — xorezmiyler ha'm massagetler Ahamoniylar yeziwshiliginen azat boldi'
- erami'zg'a shekemgi VI—IV a'sirler—qalalar Qi'zi'ltepa, Jerqorg'an, Uzi'nqi'r, Afrasiyab, Ku'zeliqi'r



Alti'nnan jasalg'an at arba nusqasi'. B.e.sh. V-IV a'sirler

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Kir II Worta Aziya aymag'i'na qashan basti'ri'p kirdi?
2. Worta Aziyani'n' qaysi' ma'mleketleri Kir II ta'repinen basi'p ali'ndi'?
3. Kir II nin' gezektegi uri'si' kimge qarsi' qarati'lg'an yedi?
4. Margiyanada Dara I ge qarsi' qashan qozg'alan' ko'terildi? Wog'an kim basshi'li'q yetken?
5. Jazi'wsi'z kartada Worta Aziya boylap basqi'nshi'lar joli'n belgilen'.
6. Ahamoniylar Worta Aziyada qaysi' sali'qlardi' yengizgen?
7. Shi'raq tutqan joldi' qalay bahalaysi'z?

## 37–38-§§. Worta Aziya xalqi'ni'n' grek-makedon basi'p ali'wshi'lari'na qarsi' gu'resi

**B.e.sh. IV a'sirde Makedoniyani'n' rawajlani'wi'**

Aleksandr erami'zg'a shekemgi 336-ji'li' Makedoniya patshasi' boladi'. Usi' ji'li' wol 20 jasqa tolg'an yedi. Aleksandr Makedonskiy ha'dden ti's ku'sh-quwat ha'm yer ju'rek iyesi bolg'an, qurallaslari' ha'm jawi'ngerleri wog'an ju'ta' sadi'q yedi. Erami'zg'a shekemgi 334-ji'li' wol Shi'g'i'sqa uri's basladi', bul uri's 11 ji'l dawam yetti. Mine usi' uri's dawami'nda wol Kishi Aziya, Siriya, Mi'si'r, Iran ha'm Hindstanda u'lken-u'lken aymaqlardi' basi'p aladi'. Aleksandr Makedonskiy u'lken aymaqta grek ma'deniyati' tarqali'wi'na imkaniyat jarati'w maqsetinde basi'p ali'ng'an qalalarg'a greklerdi jaylasti'rdi'. Aleksandr Makedonskiy atlani'slari'nda qatnasqan tariyxshi' *Aristobul* wolar haqqi'nda toli'q mag'li'wmatlar qaldi'rg'an.

**Yeste saqlan'!**

Aleksandr Make-donskiy atlani'slari'nda qatnasqan tariyxshi Aristobul wolar haqqi'nda toli'q mag'li'wmatlar qaldi'rg'an.



**Aleksandr Makedonskiy**

**Worta Aziya xali'qlari'ni'n' qural-jarag'i' ha'm a'skeriy wo'neri**

Erami'zg'a shekemgi VII — IV a'sirlerde Worta Aziya jawi'ngerleri ne menen qurallang'an yedi? Jawi'ngerler sawashqa sawi't kiyip kirisken, baslari'nda duwli'g'a (dubulg'a) bolg'an. Qanjar ha'm qi'li'sh penen qurallang'an. Jawi'nger aybalta ha'm nayza da paydalang'an. Woqjay wog'i' ha'm shapqi'lar temir ha'm jezden jasalg'an. Jawi'ngerler atta da, piyada da sawash ju'rgize alg'an.

Worta Aziya xali'qlari' arasi'nda qanjar "aqinak", al jawi'nger aybalta bolsa "sagaris" dep atalg'an. Uzaq arali'qtan turi'p sawash ju'rgiziw qurali' si'pati'nda woqjay woqlari'nan paydalani'lg'an. Jawi'nger atlar u'stine ha'm ko'kiregine temirden toqi'lg'an bargustvon jabi'lg'an.



**Akinak**



**Worta Aziyali' jawi'nger—sagarislerdin' jawi'nger balg'asi'**

*Wo'zin'izdi si'nan'!*

*Aleksandr — bul...   Sagaris—bul...   Aqinak—bul...*

Dushpang'a qarsi' hu'jimdi atli'lar baslap bergen. Wolar at shapti'ri'p kiyati'ri'p woqjay, nayza yamasa qi'li'sh penen dushpang'a topi'li's jasag'an. Atli'lar basqa bir taktikani' da qollang'an: jortag'a sheginiwi ha'm basqa ta'repten dushpandi' qorshap ali'wlari' da mu'mkin yedi.

Qorg'an ha'm qalalardi' qorg'awda woqjay ha'm palaqpannan paydalang'an. Tas i'laqti'rg'an, qaynap turg'an suwdi' serpken. Qorg'ani'w maqsetinde tas ha'm pisken gerbishtin' si'ni'qlari'nan da paydalang'an.

**Yeste saqlan'!**

B.e. shekemgi VII – IV a'sirlerde Qi'zi'ltepa, Afrasiyab ha'm Uzi'nqi'r si'yaqli' u'lken qalalardi'n' mu'yeshleri ha'm woq ati'w wori'nlari' bolg'an bekkem diywal menen qorshalg'an.

Erami'zg'a shekemgi VII—IV a'sirlerde Qi'zi'ltepa, Afrasiyab ha'm Uzi'nqi'r si'yaqli' qalalar mu'yesh ha'm woq ati'w wori'nlari' bolg'an bekkem diywallar menen qorshap ali'ng'an yedi. Diywallar to'besinde woqjayshi'lar ushi'n jollar sali'ng'an. Diywallar si'rti'ndag'i' mu'yesh ha'm woq ati'w wori'nlari'na da woqjayshi'lar qoyi'lg'an. Suw tolti'ri'lg'an shuqi'r ha'm ken' qa'ndek qorg'ang'a baratug'i'n joldi' beklep turatug'i'n yedi.

## Aleksandr Makedonskiydin' basi'p ali'wshi'li'g'i'

Erami'zg'a shekemgi 330-ji'li' Aleksandr Makedonskiy A'yyemgi Parsi' ma'mleketinin' Ahamoniyler dinastiyasi'nan bolg'an son'g'i' shahi' *Dara III* a'skerlerin qi'yratti'. Wol Hindstang'a atlani's jasawdan aldi'n armiya arqasi'n qa'wipsizlendiriw maqsetinde A'miwda'ryani'n' arg'i' jag'i'nda jasawshi' yelatlardi' boysi'ndi'rmaqshi' boladi'.



**Aleksandr Makedonskiydin' la'shkerleri**

Birinshi boli'p woni'n' joli'n tosqan qala Baktriya paytaxti' *Baktra (Zariasp)* boldi'. Bul jerde satrap Ahamoniylar dinastiyasi'nan bolg'an *Bess* yedi. Wol Baktra qalasi'n qorg'awshi'larg'a taslap, A'miwda'ryani'n' arg'i' ta'repine qashqan yedi.




**Aleksandr Makedonskiydin' atlani'slari'**

Sogdiyana g'a'rezsizliginshe qalg'an yedi. Aleksandr Makedonskiy wo'z ustazi', a'yyemgi grek filosofi' Aristoteldin' A'miwda'ryadan yeki patsha — Kir II ha'm Dara I keship wo'tkeni, yekewi de sa'tsizlikke ushi'rag'ani', soni'n' ushi'n da wol atlani'sqa jaqsi' tayarli'q ko'riwi lazi'mli'g'i' haqqi'ndag'i' ma'sla'ha'tin yadta tutatug'i'n yedi.

### Maroqandti'n' basi'p ali'ni'wi'

Erami'zg'a shekemgi 329-ji'li' Aleksandr Makedonskiy a'skerleri A'miwda'ryadan wo'te basladi'. Aleksandrdi'n' jawi'ngerleri bul tosi'qtan wo'tip aldi'. Al a'skerler qarsi'si'nda bolsa Nautaka (Qashqada'rya woazisinin' shi'g'i's bo'limi) ha'm Maroqand turg'an yedi.



Baktriyali' tu'yekesh

Erami'zg'a shekemgi 329-ji'li' Aleksandr Makedonskiydi'n' a'skerleri Maroqandti' iyeledi. Aleksandr a'skerlerinin' bir bo'limin qaldi'ri'p, al wo'zi bolsa Quru-

shkat (Kiropolis) qalasi'n basi'p ali'w ushi'n tiykarg'i' ku'shler menen Si'rda'rya jag'alari'na qaray ji'lji'y basladi'. Ra'wiyatlarg'a qarag'anda, bul qalag'a parsi' shahi' Kir II tiykar salg'an yeken.



**Spitamen**

Sogdiana xalqi' basqi'nshi'larg'a qarsi' gu'reske ko'terildi. Tez arada sogdiylarg'a baktriyali'lar, sak ha'm massagetler qosi'ladi'. Qozg'alan'g'a talantli' basshi' ha'm a'sker basi' *Spitamen* basshi'li'q yetedi.

A'dewir a'sker toplag'an Spitamen Maroqandti' qorshawg'a aldi'. Aleksandr qamalda qalg'anlarg'a ja'rdemge u'sh mi'n'g'a jaqi'n jawi'ngerden ibarat a'sker jo'netedi. A'yyemde "Politimet" dep te atalg'an Zarafshan da'ryasi' boyi'nda makedonlarg'a duzaq qoyg'an Spitamen dushpan topari'n birotala qi'ri'p taslaydi'. Sonda Aleksandrdi'n' wo'zi qozg'alan'di' basti'ri'wg'a atlanadi'. Greklerdin' u'lken ku'shleri jaqi'nlasi'p kiyati'rg'ani'nan xabar tapqan Spitamen qamaldi' toqtatadi', wo'z a'skerlerin sahrag'a qaray baslap ketedi.

**Yeste saqlan'!**

B.e.sh. 329-ji'li' grek-makedon a's-kerleri Maroqandti' iyeledi. Wolarg'a qarsi' qozg'alan'g'a Spitamen basshi'li'q yetti.

Saklar ha'm Massagetlerge qarsi' gu'res ushi'n Aleksandr Si'rda'rya boyi'nda, Xojend jani'ndag'i' bir tayani'sh worni'n quri'wg'a buyri'q beredi. Bul qorg'an *Aleksandriya Esxata* (Uzaqtag'i' Aleksandriya) dep ataladi'.

Aleksandr Maroqandta garnizon — arnawli' a'sker-lerin qaldi'ri'p, tiykarg'i' a'skerleri menen qi'slaw ushi'n Zariasp (Baktra) g'a jo'neydi.Sol ji'ldi'n' ba'ha'rinde Aleksandr qozg'alan'di' basti'ri'w ila'ji'n ko'redi. Wo'z la'shkerlerin u'sh bo'limge bo'lip, Sogdianani'n' ana basi'nan mi'na basi'na gezip shi'g'adi' ha'm ti'ni'sh xali'qti'n' 120 mi'n' adami'n qi'ri'p taslaydi'.



**Duzaq**

Bizin' erami'zg'a shekemgi 328-ji'li' gu'zde Spita-mennin' Aleksandr menen sheshiwshi sawashi' boli'p wo'tti. Ku'shler ten' bolmag'anli'qtan Spitamen jen'ilip, ja'ne sho'lge sheginedi. Sol jerde ko'shpeli qa'wimler basli'qlari' satqi'nlarsha woni' wo'ltiredi.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Oks — bul...* | *Qurushkat—bul...* |
| *Nautaka—bul...* | *Spitamen—bul...* |
| *Maroqand—bul...* | *Baqtriya — bul...* |

**Gu'restin' dawami'**

Spitamennin' wo'limi sogdiylar ha'm baktriyali'lardi'n' yerkin qayi'sti'rmadi'.

Xoriyen ha'm Oksiartti'n' Gisar tawlari'nda jaylasqan taw qorg'anlari'n qolg'a kirgizip, Aleksandr Woksiartti'n' qi'zi' Ravshanakqa u'ylenedi. Solay yetip, Aleksandr Makedonskiy itibarli' Sog'd qa'wimi basli'qlari'nan biri menen ag'ayin tuti'nadi'.

Worta Aziya jerlerin basi'p ali'w ushi'n Aleksandr derlik u'sh ji'l uri'ndi', biraq wonsha u'lken bolmag'an aymaqti': Margiyana, Baktriya, Sogdiyana ha'm ha'zirgi Bekabad ha'm Xojentten ibarat Si'rda'rya a'tiraplari'n bag'i'ndi'ri'wg'a miyasar boldi'. Xorezm, Tashkent woazisi ha'm Ferg'ana wo'z g'a'rezsizligin saqlap qaldi'.

Spitamen qozg'alan'i' basti'ri'li'wi'na qaramay, grek-makedon a'skerleri birinshi ma'rte bir qatar jen'ilislerge ushi'radi'.



**Sawash ko'rinisinen**

**Basqi'nshi'li'q aqi'betleri**

Grek-makedon a'skerlerinin' basqi'nshi'li'q atlani'slari' Worta Aziya jerlerin qarabaxanag'a aylandi'rdi', xalqi'ni'n' u'lken bo'legi qi'ri'li'p ketti, ko'plegen qalalar wayran yetildi.

Grek tariyxshi'lari'ni'n' jazi'wi'nsha, Aleksandr Makedonskiy Worta Aziyada 12 qala qurdi'rg'an. Bul qalalar woni'n' ati' menen Woksta'gi' Aleksandriya, Aleksandriya Yesxata, Margiyana Aleksandriyasi' ha'm tag'i' basqa tu'rinde atalg'an. Wolardi'n' ayi'ri'mlari' wayran yetilgen Sogdiyana ha'm Baktriya qalalari' worni'nda, al basqalari' tayani'sh qorg'ani' si'pati'nda jan'adan quri'lg'an. Bul qalalarda grek-makedon piyada ha'm atli' a'skerleri jaylasti'. Bizin' erami'zg'a shekemgi 324-ji'ldan baslap bul a'skerlerdin' siyreklesken

**Yeste saqlan'!**

Aleksandr Worta Aziya jerlerin basi'p ali'w ushi'n u'sh ji'l ha'reket yetti. Biraq wol wonsha u'lken bolmag'an aymaqti' g'ana wo'zine bag'i'n-di'ri'wg'a yeristi.



Aleksandr ten'gesi

qatari' Makedoniya ta'rtibinde qurallandi'ri'lg'an Baktriya ha'm Sogdiyana jaslari' yesabi'na tolti'ri'ladi'.

Bara-bara wo'nermentshilik ha'm sawda qayta tiklendi. Jergilikli ha'm grek ma'deniyatlari' da'stu'rleri wo'z ara qosi'li'p kete basladi'. Usi' tiykarda Worta Aziyada Grek-Baktriya ha'm Parfiya si'yaqli' antik ma'mleketler rawajlanadi'.

### *Tayani'sh konspekt*

- B.e. shekemgi 334-ji'l—Aleksandr Makedonskiydi'n' Shi'g'i's u'lkelerine atlani'si'
- Aleksandr atlani'slari'n tariyxshi' Aristobul su'wretlegen
- qural-jaraq: aqinak, sagaris
- b.e. sh. VII—IV a'sirler—qalalar—Qi'zi'ltepa, Afrasi'yab, Uzi'nqi'r
- Bess—Baktriya satrapi'
- b.e.sh. 329-ji'l Maroqandti'n' basi'p ali'ni'wi' → Spitamen
- Politimet (Zarafshan da'ryasi') boyi'ndag'i' sawash
- Aleksandriya Esxata → 12 qala
- b.e. sh. 328-ji'l—Spitamennin' sawashta sa'tsizlikke ushi'rawi'



Selevkidler armiyasi'

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Worta Aziyali' jawi'ngerlerdin' qurallari'n su'wretlep berin'.
2. Bizin' erami'zg'a shekemgi VI-IV a'sirlerde Worta Aziya qalalari'ni'n' ko'rinisi qanday bolg'an? Wolardi' sanap berin' ha'm kartadan ko'rsetin'.
3. Aleksandr Makedonskiy Sogdiyanag'a qashan atlani's basladi'?
4. Aleksandr Makedonskiy basi'p ali'ng'an aymaqlarda wo'z ha'kimiyati'n qaysi' jollar menen iske asi'rg'an?
5. Spitamen qozg'alan'i' qashan boli'p wo'tti? Qozg'alan' qalay juwmaqlandi'?
6. Grek-makedon a'skerlerinin' Worta Aziyag'a basti'ri'p kiriwinin' unamsi'z aqi'betlerin ko'rsetin'.
7. Jazi'wsi'z kartada Aleksandr Makedonskiydin' Worta Aziya boylap wo'tken jollari'n belgilen'.



Salavka

## 39–40-§§. Salavkiyler ma'mleketi ha'm Grek-Baktriya patshali'g'i'

**Worta Aziya Salavkiyler ma'mleketi qurami'nda**

Bizin' erami'zg'a shekemgi 323- ji'li' 13-iyunda Aleksandr Makedonskiy du'nyadan wo'tti. Wol jaratqan imperiya u'sh bo'limge: Makedoniya, Mi'si'r ha'm Siriyag'a bo'linip ketti. Bul ma'mleketler Aleksandrdi'n' yen' jaqi'n a'sker basi'lari' ta'repinen basqari'lg'an.

Uzaq dawam yetken wo'z ara uri'slardan keyin bizin' erami'zg'a shekemgi 312-ji'li' Aleksandr Makedonskiydin' a'sker basi'lari'nan biri Salavka Bobil (Mesopotamiya) ma'mleketi hu'kimdari' boldi'. Salavka ma'mleketi qurami'na Mesopotamiya, Iran, Parfiya, Baktriya, Sog'diyana, Margiyana kiretug'i'n yedi.

Wo'z ma'mleketi qurami'na kirgen Worta Aziyani' Salavka satrapli'qlarg'a wa'layatlarg'a bo'ldi, wolardi'n' ha'r birine satrap hu'kimdarli'q yetti. Ma'mleketti qorg'aw ha'm a'skerlerdi du'ziw menen buri'ng'i' a'sker basi'lardan tayi'nlang'an *strateg* shug'i'llanatug'i'n yedi.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 293-ji'li' Salavka Shi'g'i's wa'layatlar—Parfiya, Margiyana, Baktriya, Sog'diyana nayi'bi' yetip wo'z uli' Antioxti' tayi'nladi'. Bizin' erami'zg'a shekemgi 280-ji'li' Salavka wo'liminen son' Antiox u'lken ma'mleket hu'kimdari'na aylandi' ha'm 20 ji'lg'a shekem yeldi basqardi'.

**Yeste saqlan'!**

B.e. shekemgi 323-ji'li' Aleksandr Makedonskiy qayti's boldi'. Wol du'zgen ma'mleket u'sh bo'limge bo'linip ketti: Makedoniya, Mi'si'r, Siriya. Worta Aziya aymag'i' Siriya ma'mleketine tiyisli boldi'.



**Selevkidler armiyasi' jawi'ngerleri**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Salavka — ...*** | ***Strateg — bul...*** |

Grek-makedon basqi'nshi'li'g'i' sebepli bu'lginshilikke ushi'rag'an turmi's ta'rizi Sog'diyana, Baqtriya ha'm Margiyanada a'ste-aqi'ri'n qayta tiklene basladi'. Bul jerlerde jan'adan xali'q jasaytug'i'n qoni'slar, qalalar quri'ldi', sawda-sati'q, diyqanshi'li'q ha'm wo'nermentshilik rawajlana basladi'. Baktra,



**Salavka**

Maroqand, Antiox Margiyanasi' (Marv), Termiz iri qala ha'm ma'deniyat woraylari'na aylandi'.

Grek-makedon basqi'nshi'li'g'i'nan keyin Worta Aziya tariyxi'nda antik yamasa ellinlestiriw da'wiri baslandi'. Bul atlani'slar juwmag'i'nda Bati's ha'm Shi'g'i's wortasi'nda ma'deniy baylani'slar ha'm almasi'wdi'n' ken'eyiwine ali'p keldi. Baktriyada grek jazi'wi', grek salmaq wo'lshem birlikleri, aqsha qatnasi'qlari', wo'nermentshilik ha'm ko'rkem wo'ner buyi'mlari' tarqaldi'. Wo'z gezeginde grekler de Baktriyani'n' quri'li's ha'm wo'nermentshilik da'stu'rlerin wo'zlestirdi.



**A'yyemgi Baktriya tawlari'**

## Grek-Baktriya ma'mleketi

Bizin' erami'zg'a shekemgi III a'sirdin' wortalari'nda Baktriya Salavkiler ma'mleketi qurami'nan aji'rali'p shi'g'adi'. Antik da'wiri tariyxshi'lari'ni'n' xabar beriwinshe *Diodot* — mi'n'lag'an Baktriya qala hu'kimdari' wo'zin patsha dep ja'riyaladi'. Sol waqi'yadan Grek-Baktriya ma'mleketi tariyxi' baslanadi'. Bizin' erami'zg'a shekemgi 250-ji'lda Salavkiyler ma'mleketinin' qurami'nan aji'rali'p shi'qqan Parfiya Baktriyani'n' qarsi'lasi'na aylanadi'. Baktriyadan basqa, Grek-Baktriya patshali'g'i' qurami'na Sog'diyana ha'm Margiyana da kirgen yedi.

**Yeste saqlan'!**

Grek-Baktriya ma'mleketleri hu'kimdarlari' — **Diodot, Evtidem, Demetriy**.




**Erami'zg'a shekemgi II a's. basi' Grek-Baqtriya ma'mleketi**

Diodottan keyin Grek-Baqtriyada hu'kimdarli'q ma'mleket tariyxi'nda sezilerli iz qaldi'rmag'an *Evtidem*ge wo'tti. Evtidemnin' balasi' *Demetriy* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde (bizin' erami'zg'a shekemgi 199-167-ji'llar) Grek-Baqtriya patshali'g'i' yen' u'lken ma'mleket shegarasi'na iye boldi'. Hindstan jerlerinin' bir bo'limi usi' ma'mleketke qosi'p ali'ng'an yedi.

Parfiyada ha'kimiyat *Mitridat I* qoli'na wo'tiwi menen Baktriyag'a a'skeriy qi'si'm jasawdi' ku'sheytti. Grek-Baqtriya ma'mleketi ti'ni'msi'z uri'slar ali'p bari'wg'a ma'jbu'r bolg'an, bul jag'day woni'n' ku'shsizleniwine sebep boldi'. Bunnan paydalang'an ko'shpeliler yueshji qa'wimleri bizin' erami'zg'a shekemgi 140—130 -ji'llarda Grek-Baqtriya ma'mleketin basi'p aldi'.



**Grek—Baktriya ma'mleketinin' ten'geleri**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Diodot — ...*** | ***Demetriy — ...*** |
| ***Evtidem — ...*** | ***Mitridat I — ...*** |

**Ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'**

Grek-Baktriya ma'mleketi 120 ji'l jasag'an. Usi' da'wir ishinde woni'n' ekonomikasi' ha'm ma'deniyati' joqari'ladi'. Wo'nermentshilik ha'm sawda rawajlandi', ko'plegen qalalar payda boldi'. Baktriya, Sogdiyana ha'm Margiyana wo'nermentshilerinin' islegen buyi'mlari' ko'p g'ana qon'si' qalalar ha'm ma'mleketlerge de tarqaldi'.

Grek-Baktriya ma'mleketinde ten'geler hu'kimdardi'n' su'wreti qoyi'p islengen. Tigr da'ryasi'ni'n' boyi'—Salavkiyadan Baktriyag'a shekem ka'rwan joli' quri'li'p pitkerilgennen son', du'nyadag'i' ko'plegen ma'mleketler menen xali'q arali'q sawda ha'm ma'deniy baylani'slar rawajlandi'. Baktriya arqali' Qi'taydan Hindstang'a baratug'i'n ka'rwan joli', sonday-aq, Ulli' Jipek joli'ni'n' qubla tarmaqlari' wo'tetug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

B.e. shekemgi 140-130-ji'llari' Grek-Baktriya ma'mleketi yueshji qa'wimleri ta'repinen basi'p ali'ndi'.

### *Tayani'sh konspekt*

- erami'zg'a shekemgi 323-ji'l—Aleksandr Makedonskiy wo'ldi
- patshali'q → Makedoniya, Mi'si'r, Siriya
- erami'zg'a shekemgi 312-ji'l → Salavka — Salavkiyler ma'mleketinin' tiykari'n sali'wshi'
- erami'zg'a shekemgi 280-ji'l → Antiox — Salavkiyler ma'mleketinin' hu'kimdari'
- ellinizm (antik) da'wiri
- ellinlestiriw → Creciya ha'm Shi'g'i's ma'deniyati'ni'n' aralasi'wi'
- erami'zg'a shekemgi III a'sirdin' wortalari' — Grek-Baktriya ma'mleketinin' duziliwi → Diodot, Evtidem, Demetriy
- erami'zg'a shekemgi 140—130-ji'llar—yueshjiler (kushanlar) ta'repinen basi'p ali'ni'wi'

**Yeste saqlan'!**

Baktriya, Maroqand, Antiox Margi'yanasi' (Marv) ha'm Termiz-Salavkiyler ma'mleketinin' iri qalalari' yesaplanadi'.



**Qoy qi'ri'lg'an qala.**
*Rekonstrukciya*

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Aleksandr Makedonskiy imperiyasi' qaysi' g'a'rezsiz ma'mleketlerge bo'linip ketti?
2. Salavka ha'm Antiox haqqi'nda nelerdi bilesiz?
3. Parfiya ha'm Baktriya qashan Salavkiyler ma'mleketinen g'a'rezsiz boldi'?
4. Grek-Baktriya patshali'g'i' qashan payda boldi'?
5. Grek-Baktriya ma'mleketi tariyxi'nda ko'shpeli yueshjilerdin' qanday worni' bar?
6. «Ellinlestiriw» so'zinin' ma'nisin tu'sindirip berin'.
7. Jazi'wsi'z kartada Salavkiyler ma'mleketi ha'm Grek-Baktriya patshali'g'i' aymaqlari'ni'n' shegaralari'n belgilen'.

## 41-§. A'yyemgi Xorezm, Qan'ha ha'm Dovon ma'mleketi



**A'yyemgi Xorezmlilerdin' kelbetleri**

**A'yyemgi Xorezm**

Bizin' erami'zg'a shekemgi IV a'sirde Xorezm Axamoniyler ma'mleketinen g'a'rezsiz ma'mleketke aylandi'. Aleksandr Makedonskiy ha'm Salavkiyler hu'kimdarli'g'i' waqti'nda da Xorezm ma'mleketi g'a'rezsiz yedi. Bul u'lke xalqi' xojali'g'i'ni'n' tiykari'n diyqanshi'li'q qurag'an.

Xorezmde arxitekturani'n' baslani'wi' bizin' erami'zg'a shekemgi VII a'sirge bari'p taqaladi' (*Gu'zeliqi'r* qala-qarabaxanalari'). Bizin' erami'zg'a shekemgi

V—IV a'sirlerde bul jerde jergilikli hu'kimdardi'n' rezidenciyasi'—sarayi' bolg'an u'lken qorg'an quri'lg'an yedi (*Qalali'qi'r* qalasi' qarabaxanalari').

Bizin' erami'zg'a shekemgi III-II a'sirlerde Xorezmde a'yyemgi qalalar— *Jambasqala* ha'm *Qoyqi'ri'lg'anqala* bolg'an. Qoyqi'ri'lg'anqala qarabaqaxanalari' asti'nan do'n'gelek formasi'nda quri'lg'an bekkem ibadatxana qaldi'qlari' tabi'lg'an.

Erami'zdi'n' II-III a'sirlerinde *Topi'raqqala* qalasi'nda bunnan da u'lken bekkem quri'li's isleri a'melge asi'ri'lg'an yedi. Qala qu'diretli qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'an, diywal mu'yeshlerinde mu'yesh minaralari' quri'lg'an. Woraydan wo'tken ko'she qalani' yeki bo'limge bo'lgen, wonnan ha'r ta'repke ko'sheler bo'lingen, ma'ha'lleler bir-birinen aji'rali'p turg'an. Worayli'q maydanda bekkem saray ha'm ibadatxanalar jaylasqan.

Qorg'andag'i' saray diywallari' su'wretler menen bezetilgen boli'p, shahlar, la'shkerler, atqari'wshi'lar, haywanlar ha'm quslardi'n' su'wretleri sali'ng'an. Zallardan birinde diywal jani'ndag'i' biyiklikke 20 dan ko'birek gu'lal mu'sinler wornati'lg'an yedi.

Xorezmde a'sirese wo'nermentshilik joqari' da'rejede ra'wajlang'an. Gu'lalshi'li'q, temir, mi's a'sbaplar, qurallar, zergerlik buyi'mlari'na talap u'lken bolg'an. Xorezm xalqi' Sogdiyana, Margiyana, Baktriya ha'm sahra ko'shpelileri menen jaqi'nnan sawda qatnasi'qlari'n wornatqan. Bul u'lkeden a'hmiyetli ka'rwan jollari' wo'tken. Bizin' erami'zg'a shekemgi I a'sirde ha'm erami'zdi'n' da'slepki a'sirlerinde Xorezmde gu'mis ha'm mi's ten'geler islep shi'g'ari'lg'an.

Xorezm aymag'i'nan Worta Aziya boyi'nsha yen' a'yyemgi jazi'wlar tabi'lg'an. Bular *Aybu'yirqala* (bizin' erami'zg'a shekemgi V—IV a'sirler) yesteliginen gu'ze si'rti'na jazi'lg'an jazi'w ha'm Qoyqi'ri'lg'an qaladan (bizin' erami'zg'a shekemgi IV—III a'sirler) tabi'lg'an ayi'ri'm jergilikli jazi'wlar boli'p tabi'ladi'.



**Qalani'n' qorg'ani'w diywallari'.**
*B.e.sh. III-II a'sirler.*

**Yeste saqlan'!**

Xorezmde qala quri'li'si' baslani'wi' b.e. shekemgi VII a'sirge bari'p taqaladi'.



**A'yyemgi Xorezm jawi'ngeri**



**Руины крепости. Хорезм**

Erami'zdi'n' I a'sirinde Xorezmde islep shi'g'i'lg'an jergilikli kalendardan Xorezmliler VIII a'sirge shekem paydalang'an.

## Qan'ha ma'mleketi

Qi'tay dereklerinen bul ma'mlekettin' *Qang'yuy* dep atalg'ani' ma'lim. Erami'zg'a shekemgi III a'sirde wog'an saklar tiykar salg'an. A'yyemgi da'wirdi izertlewshilerdin' ani'qlawi' boyi'nsha, Tashkent wa'layati'ni'n' Aqqorg'an rayoni'ndag'i' Qan'ha qala qarabaxanasi' saklardi'n' sol gezlerdegi paytaxti' *Qang'dez* boli'p, wog'an erami'zg'a shekemgi III a'sirde tiykar sali'ng'an. Qi'tay tariyxshi'lari' bul qalani' *Bityan* dep atag'an.

Qan'ha ma'mleketinin' tiykarg'i' qalalari' Si'rda'rya oazisi'ni'n' jag'alari' boylap jaylasqan yedi.

Erami'zg'a shekemgi II a'sirdin' aqi'ri'nda Qan'ha qa'wimlerdin' yen' qu'diretli ma'mleket birlespesine aylanadi'. Woni'n' hu'kimdarlari' ha'tte wo'z ati'nan ten'ge basi'p shi'g'arg'an. Qan'ha ma'mleketinde u'lken qorg'ani'slar, qorg'an, qala ibadatxanalari', sawda ha'm wo'nermentshilik ma'ha'lleleri payda boldi'.

Ma'mleket woraylari'ni'n' biri Tashkent oazisi yedi. Mine sol aymaqlarda woti'ri'qli' diyqanlar ha'm sawda-wo'nermentshilik ma'deniyati' juzege keldi.

### Yeste saqlan'!

Qan'ha (Qangyuy) — ha'zirgi Tashkent woazisi, Shi'mkent wa'layati' ha'm Si'rda'rya basseyni shegaralari'n iyelegen a'yyemgi ma'mleket birlespesi boli'p yesaplanadi'.

### *Wo'zin'izdi si'nan'!*

| | |
|---|---|
| *Qan'ha — bul...* | *Qan'dez — bul...* |
| *Qan'gyuy — bul...* | *Qan'h — bul...* |

Yel ekonomikasi'ni'n' gu'llep-jasnawi'na woni'n' aymag'i'nan Ulli' Jipek joli'ni'n' arqa tarmag'i' wo'tkenligi imkaniyat jaratti'. Biraq, mine usi' jag'day Qi'tay menen uri'slardi'n' kelip shi'g'i'wi'na sebep boldi'. Bul uri'slarda qang'arlar (Qan'h ma'mleketi xalqi'n usi'lay atag'an) ko'binese jen'ip shi'g'atug'i'n yedi. Mi'sali', Qan'h ma'mleketine atlani'slardi'n' birinde jo'netilgen 60000 qi'tayli' jawi'ngerden 10000 g'a jaqi'ni' g'ana Qi'tayg'a tiri qaytqan.

Erami'zdi'n' III a'sirine kelip Qan'h ma'mleketi bo'lsheklenip ketti.



**Atti'n' ha'ykeli**

**Dovon ma'mleketi**

Ma'mleketshiligimiz tariyxi' boyi'nsha yele ashi'lmag'an ma'seleler wog'ada ko'p. Dovon tariyxi'nda (Qi'tay dereklerinde bul u'lke usi' atama menen tilge ali'nadi', basqa da'reklerde Parkana delingen) tariyxshi'lar ushi'n a'hmiyetli bolg'an woni'n' sho'lkemlesken ha'm ha'lsirey baslag'an ji'llari' ani'qlanbag'an. Bul ma'mleket, shama menen, erami'zg'a shekemgi III a'sirden tap erami'zdi'n' II a'sirine shekem wo'mir su'rgen.

Dovon ma'mleketi tariyxi' haqqi'ndag'i' toli'q mag'li'wmat Qi'tay ji'lnamalari'nda ushi'rasadi' ha'm wolar erami'zdi'n' I — II a'sirine tiyisli. Qi'tay tariyxshi'si'ni'n' jazi'wi'na qarag'anda, bul ma'mleket xalqi' 70 ten aslam qalalarda jasag'an. Ma'selen, Dovonda bolg'an qi'tay sayaxatshi'si' *Shjan Syan* bi'lay dep jazadi': "Dovon yelinde 70 tey u'lken-kishi qalalar bar; xalqi'ni'n' sani' bir neshe ju'z mi'n'g'a jetedi. Woqjay ha'm nayzalar menen qurallang'an. Xalqi' at shapti'ri'p woq ati'wg'a sheber". Basqa bir qi'tay ji'lnamasi'nda: "Ansi (iran) qalalari' Dovondag'i'g'a usaydi'", dep jazi'lg'an.

Qi'tay tariyxshi'lari'ni'n' gu'wali'q beriwinshe, Dovon ma'mleketi aymaqlari' ha'zirgi Tashkentke shekem barg'an: "Xan dinastiyasi' zamani'nda Shi mu'lkleri Dovon ma'mleketinin' arqa rayonlari'n quraytug'i'n yedi ha'm arqada Qang' ma'mleketine shekem, al qublada yueshjiler ma'mleketine shekem baratug'i'n yedi".

Qi'tay hu'kimdarlari' bir neshe ret bul ma'mleketti basi'p almaqshi' boldi', biraq wolardi'n' ha'reketleri bosqa ketti. A'skeriy atlani'slardi'n' birinde wolar Dovon ma'mleketinin' paytaxti' Ershini qolg'a kirgizdi, biraq xalqi'ni'n' qi'si'mi' asti'nda jer sali'g'i' worni'na woni' taslap shi'g'i'wg'a ma'jbur boldi'.

Dovon ma'mleketi Qi'tay ha'm Shi'g'i'sti'n' basqa yelleri menen bolg'an xali'q arali'q sawdada a'hmiyetli wori'n tutqan. Qi'tay hu'kimdarlari'n ko'birek

**Yeste saqlan'!**

Dovon (Qi'tay dereklerinde bul u'lke usi' atama menen tilge ali'nadi', basqa dereklerde Parkana delingen) ma'mleketinin' paytaxti' – Ershi (Erish). Shorabashat, U'shqorg'an xalqi' diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an.



**Sawash ko'rinisi**



Ferganani'n' na'silli atlari' qi'zi'qti'ratug'i'n yedi. Atlar na'silini'n' birin ha'tte wolar "Du'ldu'l" dep atag'an. *«Du'ldu'l atlar»* mi'qli' ha'm go'zzal ko'riniske iye bolg'an.

A'yyemgi da'wirdi izertlewshiler tapqan da'liller Qi'tay ji'lnamalari'ndag'i' mag'li'wmatlardi' tasti'yi'qladi': b.e. shekemgi II—I a'sirlerde Fergana joqari' da'rejede rawajlang'an, xalqi' ko'p sanli', jaqsi' qurallang'an ha'm shi'ni'qqan qouralli' ku'shlerge iye ma'mleket bolg'an.

Ferg'ana ma'mleketinin' *Shurabashat, U'shqorg'an* usag'an ha'm basqa qalalari' a'tirapi'ndag'i' xali'q jerdi islew, sali' ha'm biyday jetistiriw, bag'shi'li'q ha'm ju'zim jetistiriwde u'lken tabi'slarg'a yerisken.

Ali'mlardi'n' ani'qlawi'nsha, erami'zdi'n' II a'sirinde Ferg'ana ma'mleketi tamam bolg'an.

**Yeste saqlan'!**

II a'sirde Dovon ko'shpeli qawimler ta'repinen basi'p ali'n-g'an.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***Parkana — bul...*** ***Ershi — bul...***
***Du'ldu'l — bul...***
***Dovonni'n' diyqanshi'li'q oazisleri—bul...***

***Tayani'sh konspekt***

**A'yyemgi Xorezm (b.e. shekemgi IV a'sirden erami'zdi'n' IV a'sirine shekem)**
- suwg'ari'w tarmaqlari'
- wo'nermentshilik ha'm sawda
- qala ha'm qorg'anlar
- quri'li'sti'n' joqari' da'rejesi
- skulptura ha'm diywal su'wretleri
- A'yyemgi Xorezm jazi'wi'
- Jambasqala, Qoyqi'ri'lg'anqala, Topi'raqqala

**Qan'ha ma'mleketi (b.e. shekemgi III a'sirden erami'zdi'n' III a'sirine shekem)**
- Qan'g'yuy (Qan'ha)
- qan'harlar
- Kanka—qang'dez (Bityan)
- Qi'tay menen uri'slar
- ko'shpeliler ta'repinen basi'p ali'ni'wi'

**Dovon — Ferg'ana ma'mleketi (b.e. shekemgi III a'sirden erami'zdi'n' II a'sirine shekem)**
- Parkana
- 70 qala
- Qi'tay menen uri'slar
- Ershi—paytaxt
- «du'ldu'l» atlar
- U'shqorg'an Shurabashat
- ko'shpelilerdin' basi'p ali'wlari'



Du'ldu'l – atlar

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Xorezm qaysi' a'sirde Ahamoniyler ma'mleketinen g'a'rezsiz boldi'?
2. Xorezm wo'nermentshiligin su'wretlep berin'.
3. A'yyemgi Xorezm qalalari' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
4. Xorezmnin' wo'zine ta'n ma'deniyati' haqqi'nda so'ylep berin'.
5. Qan'h ma'mleketi tu'rli dereklerde qalay atalg'an?
6. Qan'h ma'mleketi qashan du'zildi ha'm qaysi' waqi'tqa shekem jasadi'?
7. Jazi'wsi'z kartada Qan'h ma'mleketi aymaqlari'n belgilen'.
8. Ne sebepten Qan'h ma'mleketi tarqadi'?
9. Dovon ma'mleket birlespesi haqqi'nda nelerdi bilesiz?
10. Dovon ma'mleketinin' qanday diyqanshi'li'q woazislerin bilesiz?
11. Jazi'wsi'z kartada Ferg'ana ma'mleketinin' shama menen aymaqlari'n belgilen'.



**B.e.sh. II-I a'sirlerge tiyisli gu'ze**

## 42–43-§§. Kushan patshali'g'i'

### Kushan ma'mleketinin' du'ziliwi

Bizin' erami'zg'a shekemgi 140—130-ji'llar arali'g'i'nda ko'shpeli yueshjiyler qa'wimi Grek-Baktriya ma'mleketi aymag'i'na basi'p kiredi. Tariyxta bul qa'wimler *«kushanlar»* ati' menen tilge ali'nadi'. Kushanlardi'n' Grek-Baktriya ma'mleketine basi'p kiriwi woni'n' u'zil-kesil bo'linip ketiwine ali'p keldi. Kushanlar Arqa Baktriya jerlerine ko'ship kelip wornalasti'.



**Wo'spirimnin' basi'.**
*Diywal jivopisi*




**Kushan patshali'g'i' (I-III asr)**



**Kushan hu'kimdari'**

**Yeste saqlan'!**

Kushan ma'mleketine b.e.sh. I a'sirde yueshji qa'wimleri ta'repinen tiykar sali'ndi'.

Birlesken bes yueshji qa'wiminin' birinshi hu'kimdari' *Kudzula Kadfiz* boldi'.

Kudzula Kadfiz hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Awg'anstan ha'm Kashmir Kushan ma'mleketine qosi'p ali'ng'an. Woni'n' miyrasxori' *Vima Kadfiz* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Kushan ma'mleketi aymag'i' ja'ne de ken'eydi. Patsha *Kanishka* hu'kimdarli'g'i' da'wirinde paytaxt Baktriyadan Peshovarg'a ko'shiriledi, Kushan ma'mleketi bolsa u'lken saltanatqa aylanadi'. Woni'n' aymag'i' Hindstan ha'm Xotannan Wo'zbekstanni'n' Qubla wa'layatlari' ha'm Awg'anstang'a shekem bolg'an aymaqlardi' qamti'g'an yedi. Rim, Parfiya, Qi'tay ma'mleketleri qatari'nda Kushan ma'mleketi de u'lken imperiyalardi'n' birine aylang'an. Erami'zdi'n' III a'sirinde toqtawsi'z uri'slar aqi'betinde Kushan ma'mleketi ha'lsirey basladi'.



**Kushan patshali'g'i' ten'geleri**

### Xojali'qti'n' rawajlani'wi'

Vima Kadfiz hu'kimdarli'g'i' da'wirinen Kushan patshali'g'i'nda hu'kimdardi'n' ismi ko'rsetilgen ten'ge basi'p shi'g'ari'la basladi'. Hu'kimdar aqsha reformasi'n wo'tkeredi, ten'gelerdin' quni' artadi'. Ten'geler alti'n, gu'mis ha'm mi'stan islep shi'g'ari'lg'an.

Erami'zdi'n' I—II a'sirlerinde Kanishka hu'kimdarli'g'i' da'wirinde (erami'zdi'n' 78—123-ji'llari') Kushan patshali'g'i' wo'z rawajlani'wi'ni'n' joqarg'i' shi'n'i'na yerisedi. Jan'a-jan'a qalalar quri'ldi', Hindstan, Qi'tay ha'm Rim imperiyasi' menen sawda ha'm yelshilik qatnasi'qlari' wornati'ldi'.



**Saz shertip ati'rg'an hayaldi'n' ko'rinisi**

Wo'nermentshilik te joqari' da'rejede rawajlang'an. Kushan ma'mleketi yestelikleri bolg'an Xalshayan, Dalvarzinto'be, Ayri'tam, Zerto'be, Qarato'be ha'm basqalardi' izertlew bari'si'nda ani'qlang'an tabi'lmalar buni' tasti'yi'qlaydi'.

Kushan ma'mleketi yekonomikasi'ni'n' tiykari'n suw-g'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q, sawda ha'm wo'nermentshilik qurag'an.

Kushan ma'mleketi da'wirinde suw digirmani', shi'g'i'r tu'rlerinen ken' paydalandi', jerge islew beriw qurallari' jetilistirildi.



Suw shi'g'ari'wshi' shi'g'i'r

### Kushan ma'mleketindegi jazi'w

Kushan ma'mleketinde jasag'an xali'qlardi'n' wo'z ara ma'deniy ha'm sawda baylani'slari' sebepli Worta Aziyada a'yyemgi aramiy jazi'wi' ken' tarqaladi'. Bul jazi'w Bati's Aziyada payda boli'p, a'lipbege tiykarlang'anli'qtan wo'zlestiriw biraz an'sat bolg'an.

A'yyemgi Termiz yesteliklerin izertlew na'tiyjesinde aramiy jazi'wi' tiykari'ndag'i' kushan-baktriya a'lipbesindegi jazi'w u'lgileri tabi'lg'an.

Kushan yelindegi tag'i' bir tu'rdegi jazi'w – kushan ko'rinisindegi jazi'w bolg'an, bunda ha'ripler mu'yeshli, to'rtmu'yeshli ha'm aylana ko'rinisinde bolg'an.



Hayal adamni'n' bas du'zilisinin' ha'ykeli. I-II a'sir

Kushan patshali'g'i'nda jazi'wdi'n' a'yyemnen bar yekenligin *Surxkotal* (Awg'anstandag'i' Qundi'z qalasi' jani'nda) yesteliginde tabi'lg'an grek a'lipbesindegi kushan jazi'wlari' da tasti'yi'qlaydi'.

A'miwda'ryani'n' quyar ag'i'si'nda, Zarafshan ha'm Qashqada'rya alaplari'nda a'ramiy a'lipbesi tiykari'ndag'i' xorezmiy ha'm sog'diy jazi'wlar da ken' tarqalg'an yedi.

Jazi'wlardi'n' tu'rli ko'rinisine baylani'sli' tabi'lmalar Kushan imperiyasi'ni'n' du'nyadag'i' ko'plegen ma'mleketler menen ken' ko'lemdegi baylani'slari'nan gu'wali'q beredi.

### Diniy isenim

Kushan ma'mleketi du'zilip ati'rg'an waqi'tta Baktriya, Sog'diyanani'n' tiykarg'i' xalqi' zardushtiylik dininde yedi. Kanishka hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Hindstanni'n' bir bo'legi qosi'p ali'ni'p, jaqi'nnan baylani'slar wornati'lg'annan son', Kushan ma'mleketi aymag'i'na kirip kele baslag'an buddali'q zardushtiylik penen birge erami'zdi'n' VIII a'sirine shekem Worta Aziyada wo'mir su'rgen.

Yeski Termiz, Ayri'tam ha'm Dalvarzinto'bede saltanatli' buddali'q ibadatxanalari' bolg'an. Usi' jerden buddali'q pu'tkil Worta Aziya boylap ken' tarqala basladi'.

**Yeste saqlan'!**

Xalshayan, Dalvarzinto'be, Ayri'tam, Zerto'be, Qarato'be, Kushan da'wirindegi arxeologiyali'q yestelikler yesaplanadi'.

**Yeste saqlan'!**

Shi'g'i'r — suw shi'g'aratug'i'n u'skene.



**Kushan shahzadasi'ni'n' ko'rinisi**



**Budda basi'ni'n' ko'rinisi Dalvarzinto'be. II–III a'sirdin' baslari'**

## Arxitektura ha'm ko'rkem wo'ner

Kushanlar da'wirinde Wo'zbekstan aymag'i'nda quri'li's ha'm arxitektura joqari' da'rejede rawajlandi'. Dalvarzin ha'm Yeski Termiz si'yaqli' qalalar qam gerbishten quri'lg'an bekkem qorg'ani'w diywallari' menen qorshalg'an. Qorg'ani'w diywallari' arti'nda bolsa hu'kimdar rezidenciyasi' jaylasqan. Qalalardi'n' wo'zi bolsa wo'nermentshiler ko'shelerine ha'm turaq jay wori'nlari'na aji'rati'lg'an yedi.

Tiykarg'i' itibar saraylar ha'm ibadatxanalar quri'li'si'na qarati'lg'an. Xalshayandag'i' (Surxan oazisi) Kushan hu'kimdarlari' sarayi', Yeski Termiz (Qarato'be, Fayazto'be) ha'm Dalvarzinto'bedegi buddali'q ibadatxanalari'nan sol da'wirdegi diywal su'wretleri ha'm mu'sinshiliktin' joqari' ko'rkem wo'ner u'lgileri tabi'lg'an. Bul shaxzadalar ha'm saray malikalari', jawi'ngerler su'wreti, Budda ha'ykeli, sonday-aq, si'rnay shertip ati'rg'an qi'zlar su'wretlengen belgili Ayri'tam frizi boli'p tabi'ladi'.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Shi'g'i'r — bul...* | *Oromiy jazi'wi' — bul...* |
| *Kushan jazi'wi' — bul ha'r qi'yli'...* | *Buddali'q — bul...* |

Temir ha'm su'yekke woyi'p islengen su'wretler de joqari' da'rejege yerisken yedi. Dalvarzinto'bede pil su'yeginen jasalg'an shaxmat taslari' tabi'ldi'. Kushan ko'rkem-wo'nerinde jergilikli da'stu'rler, A'yyemgi Shi'g'i's ha'm ellin ko'rkem wo'neri usi'llari' rawajlani'wi'n dawam yetken.

***Tayani'sh konspekt***

Kushan ma'mleketi (b.e.sh. I a'sir – eram. IV a'siri)

- → B.e.sh. 140-130-ji'llar—yueshjilar basqi'nshi'li'g'i'
- → yueshjiler → kushanlar
- → Baktriyag'a jaylasi'wi'
- → Dalvarzinto'be, Ayri'tam, Xalshayan
- → Kudzula Kadfiz
- → Vima Kadfiz
- → Kanishka
- → jazi'wlar
- → zardushtiylik, buddali'q

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Kushanlar Baktriyag'a qashan basi'p kirdi?
2. Kanishka da'wirinde Kushan imperiyasi'nda qanday wo'zgerisler bolg'an?
3. Qaysi' patsha da'wirinde hu'kimdar ismi jazi'lg'an ten'geler quyi'p shi'g'ari'la basladi'?
4. Kushan ma'mleketinde wo'nermentshiliktin' qaysi' tu'rleri rawajlandi'?
5. Kushan imperiyasi'nda qaysi' dinler tarqalg'an yedi?
6. Kushanlar qaysi' jazi'wlardan paydalang'an?



**Dombi'rashi'. Ayi'rtam yesteliklerinen u'lgi**

## 44-§. Ulli' Jipek joli'

### Payda boli'wi' ha'm tarmaqlari'

Erami'zdi'n' XVI a'sirine shekem Shi'g'i's penen Bati's xali'qlari' wortasi'ndag'i' tariyxi'y-ma'deniy ha'm sawda qatnasi'qlari'ni'n' rawajlani'wi'nda a'yyemgi du'nyada belgili bolg'an Ulli' Jipek joli' a'hmiyetli wori'n tutatug'i'n yedi. Bul bizin' erami'zg'a shekemgi II a'sirde payda bolg'an ha'm *«Ulli' meridianal jol»* dep atalg'an. Bul jolg'a «Jipek joli'» degen at 1877-ji'li' nemis geografi' F. Rixtgofen ta'repinen berilgen.



**Gu'lal i'di'slar.**
*B. e. I – II a'sirler.*

Ulli' Jipek joli' du'zilmesten buri'n Worta Aziya ha'm A'yyemgi Shi'g'i's aymag'i'nda sawda ha'm ma'deniy jaqtan almaslaw ushi'n ha'r qi'yli' jollar bolg'an.

Yen' a'yyemgi jollardi'n' biri bizin' erami'zg'a shekemgi III-II mi'n' ji'lli'qlarda ju'zege kelgen *«Yaqi't joli'»* («Lal joli') boli'p yesaplanadi'. Wol Pamir tawlari'nan baslani'p, Iran ha'm Aldi'n'g'i' Aziya ha'm Mi'si'r arqali' wo'tken Pamirden qazi'p ali'natug'i'n yaqi't tasi' (lojuvard) A'yyemgi Shi'g'i's yelleri zergerleri ta'repinen joqari' bahalang'an. Badaxshan yaquti'nan islengen buyi'mlar Mi'si'r firaunlari'ni'n' maqbaralari'nan da tabi'lg'an.



**Tu'yedegi shabandoz ha'ykeli**

Basqa bir ka'rwan joli' Iran Ahamoniyleri dinastiyasi'ni'n' joli' boli'p, *«Shah joli'»* dep atalg'an. Wol bizin' erami'zg'a shekemgi VI—IV a'sirlerde Kishi Aziya qalalari'n, Jer Worta ten'izi boyi'ndag'i' *Efes, Sard* qalalari'n Iran paytaxtlari'nan biri — *Suza* menen

Yeste saqlan'!

Ulli' Jipek joli' b.e. sh. II a'sirde payda bolg'an. Wol «Ulli' meridianal jol» dep atalg'an. Bul jolg'a «Jipek joli'» degen at 1877-ji'li' nemis geografi' F. Rixtgofen ta'repinen berilgen.

baylani'sti'ri'p turg'an. Tag'i' bir jol Iran, Baktriya arqali' Sogdiyana, Tashkent woazisi ha'm Qazaqstan aymag'i'nan wo'tken ha'm Altayg'a shekem barg'an.

Ulli' Jipek joli' 12 mi'n' kilometrge shekem uzi'nli'qta bolg'an. Wol Sari' ten'iz jag'ali'g'i'nan baslani'p,




**Ulli' jipek joli'**

Shi'g'i's Tu'rkstan, Worta Aziya, Iran, Mesopotamiya arqali' Jer Worta ten'izi jag'alari'na shekem barg'an. Bul jolda *Sian, Dunxuan, Yarkent, Samarqand, Buxara, Termiz, Marv* ha'm basqa bir qansha a'yyemgi qalalar jaylasqan yedi.

Sogdiyanadan Qi'tayg'a ju'n gezleme, gilem, bezeniw buyi'mlari' ha'm qi'mbat baha taslar ali'p bari'lg'an; Baktriyadan tu'yeler, Ferg'anadan tuqi'm atlar, Badaxshannan yaqi't, Hindstannan Worta Aziyag'a jip-gezlemeler ha'm paxta shigiti ju'klengen ka'rwanlar kelgen; Qi'taydan gu'rish ali'p kelingen; Worta Aziyadan Qi'tayg'a ju'zim, g'oza, a'nar ha'm basqa diyqanshi'li'q wo'nimleri tasi'lg'an.



**Pil su'yeginen islengen shaxmat taslari'**

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***F. Rixtgofen — bul...*** | ***«Shah joli'» — bul...*** |
| ***«Yaqi't joli'» — bul...*** | ***Ulli' Jipek joli' — bul...*** |



**Gu'lal i'di'slar**

**Ulli' Jipek joli' Shjan Syan ta'riplewinde**

Erami'zg'a shekemgi 138-ji'li' Qi'tay imperatori' U Di yelshi Shjan Syandi' ko'shpeli' xunn qa'wimlerine qarsi' gu'reste awqamlas ha'm

doslar tabi'w ushi'n jiberedi. Xunnlar Qi'taydi'n' arqa rayonlari'n talan-taraj yetetug'i'n yedi. Yelshi xunnlar qoli'na tutqi'n boli'p tu'sedi ha'm won ji'lg'a shekem qamaqta jatadi'. Wol qamaqtan qashi'p, Worayli'q Tyan-Shan wo'tkelleri arqali' Issi'qko'lge shi'g'adi'. Nari'n da'ryasi' boylap Ferg'ana alabi'na keledi. Bul jerde wo'zi ushi'n alaptag'i' qalalardi' u'yrenedi. Bul qalalar Ferg'ana patshali'g'i'na qarasli' yekenligin bilip aladi'. Yelshi Qi'taydi'n' xunnlarg'a qarsi' gu'reste Ferg'ana hu'kimdari'ni'n' ja'rdemin almaqshi' bolg'ani' ani'q. Biraq Ferg'ana hu'kimdari' tek sawda-sati'q baylani'slari'n wornati'w tilegin bildiredi. Shjan Syan qublag'a qaray sayaxati'n dawam yettiredi. Alay alabi'nan wo'tip, ja'ne xunnlar qoli'na tu'sip qaladi'. Bir ji'ldan keyin watani'na qaytadi'. Yelshi Qi'tay imperatori'na ko'rgen-bilgenlerin ayti'p beredi. Wol Qi'tayg'a Ferg'ana atlari'nan birewin ha'm jon'i'shqa tuqi'mi'nan ali'p kelgen yedi. Bul atti' qi'tayli'lar "du'ldu'l" dep atag'an. Imperator U Di wo'z sarayi' jani'nda jon'i'shqa yektiredi. Keyin ala wol Qi'taydi'n' pu'tkil arqasi' boylap yegiletug'i'n boladi'. Qi'tayli'lar a'nar, ju'zim, qi'yar ha'm g'oza yegiwdi de jolg'a qoyadi'.


**Ulli' Jipek joli' boylap**

**Yeste saqlan'!**
Shjan Syanni'n' ju'rgen joli' Ulli' Jipek joli'na tiykar boldi'.

Shjan Syan ju'rgen jol boylap erami'zg'a shekemgi II — I a'sirlerde Qi'tay yelin Worayli'q ha'm Bati's Aziya menen baylani'sti'ri'wshi' jer ju'zilik a'hmiyetke iye Ulli' Jipek joli' dep atali'wshi' ka'rwan joli' wo'tetug'i'n boldi'. Ferg'ana woypati'nda Jipek joli' yeki tarmaqqa bo'lingen. Birinshisi U'zgennen Axsi qalasi', Qamshi'q wo'tkeli arqali' (jazda) Ilaq oazisi ha'm Tashkentke kelgen. Yekinshisi qubla tarmaq boli'p, U'zgennen Osh, Quva, Marg'ulan, Qoqan arqali' Xojent, Samarqand, Buxarag'a wo'tken.

### Ulli' Jipek joli'ni'n' a'hmiyeti

Ulli' Jipek joli'ni'n' tariyxi' Shi'g'i's ha'm Bati's xali'qlari'ni'n' ken' ko'lemdegi ma'deniy baylani'slari' ha'm sawda almaslawi' tariyxi' boli'p yesaplanadi'. Bul tariyx wo'z ara birge islesiw, almaslaw ha'm ma'deniyatlar bayi'ti'li'wi' tariyxi' boli'p, ti'ni'shli'q ha'm


**Sho'ldegi qum to'belikleri**

Yeste saqlan'!

Ulli' Jipek joli' Shi'g'i's ha'm Bati's ma'mleket-leri xali'qlari'n wo'z-ara ma'deniy baylani'slar-dan paydalani'w imka-niyati'n berdi.

rawajlani'w tiykari'n qurag'an. Wo'zbekstan aymag'i' bul joldi'n' kesispesinde jaylasqan.

Worayli'q Aziya xali'qlari' Ulli' Jipek joli' sebep-li Shi'g'i's ha'm Bati's yellerinin' ekonomikasi' ha'm ma'deniyati' menen jaqi'nnan tani's bolg'an. Bati's yelleri xali'qlari' bolsa Worayli'q Aziya xali'qlari'ni'n' joqari' da'rejede rawajlang'an ma'deniyati'n wo'zleri ushi'n paydalandi'. Wo'zbekstan xalqi' Qi'tay shayi'si'n qa'dirlese, Qi'tayda Sogdiyana gilemleri, ju'n gezle-meler, wo'nermentshilik buyi'mlari'na talap joqari' bolg'an.

Ulli' Jipek joli' Shi'g'i's ha'm Bati's ma'mleketleri xali'qlari'na wo'z ara ma'deniy baylani'slardan paydalani'w imkaniyati'n berdi.

Worta Aziya bul joldi'n' tiykarg'i' bag'darlari' kesip wo'tetug'i'n worayda jaylasqan. Bul jerde ha'r qi'yli' ma'mlketlerden sawdagerler, wo'nermentler, ali'mlar ha'm muzi'kantlar keletug'i'n yedi.

Ulli' Jipek joli' sharapati' menen Worta Aziya xali'qlari' Bati's ha'm Shi'g'i'sti'n' ekonomikali'q ha'm ma'deniy tabi'slari' menen tani'sti'.



**Jipek qurtının' pillesi**

## *Tayani'sh konspekt*

Ulli' Jipek joli' (b.e. shekemgi II a'sir — erami'zdi'n' XVI a'siri)

- → 1877 — F. Rixtgofen
- → 12000 km
- → Qi'tay, Worta Aziya, Iran, Mesopotamiya, Aldi'ng'i' Aziya
- → Sian — Dunxuan — Yarkend — Samarqand — Buxara — Marv
- → bag'dari'
  - Marv → Bag'dad → Damask
  - Samarqand →Termiz → Balx → Hindstan
- → wo'zara tasir: ma'deniy ha'm sawda baylani'slari'

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Du'nyani'n' ko'plegen yellerin baylani'sti'ri'p turi'wshi' ka'rwan jollari' tarmaqlari'n birinshi boli'p kim "Jipek joli'" dep atag'an?
2. Ulli' Jipek joli'ni'n' uzi'nli'g'i' qansha?
3. Wo'zbekstanni'n' qaysi' qalalari' Ulli' Jipek joli'nda jaylasqan yedi?
4. Jazi'wsi'z kartada Ulli' Jipek joli'ni'n' Wo'zbekstan aymag'i'ndag'i' tarmaqlari'n belgilen'.
5. Sawdagerler Ulli' Jipek joli' boylap qaysi' yellerden nelerdi ali'p kelgen?



# V BO'LIM
# A'YYEMGI RIM

## 45-§. Italiya ha'm woni'n' xalqi'

### Aymag'i' ha'm ta'biyiy sha'rayati'

*Apennin* yari'm atawi'nda klimati' ji'lli' boli'p, ji'l boyi' jawi'n-shashi'n bir qa'lipte jawatug'i'n yedi. Yari'm atawdi' toli'q iyelegen Italiya yelinde qurg'aqshi'li'q ta, qatti' suwi'q ta bolmaydi'. Azi'q-awqat wo'nimlerinin' ko'pligi ha'm topi'raq wo'nimdarli'g'i' sebepli ko'p a'sirler dawami'nda A'yyemgi Italiya xalqi'ni'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q bolg'an. Tawlar yel u'lkelerin bir-birinen aji'ratpas yedi, soni'n' ushi'n da Italiyada jaylasqan ha'r qi'yli' qa'wimler birge jasaytug'i'n yedi.



Rimlilerdin' a'yyemgi ma'kani'

«Italiya» so'zinin' wo'zi bolsa greksheden «buzawlar u'lkesi» dep awdari'lg'an. Koloniya qurg'an grekler bul yelde, si'yi'rlardi' wotlati'w ushi'n a'jayi'p wotlaq jerdi birinshi boli'p tapqan yedi.

Apennin yari'm atawi'ni'n' yen' u'lken suw deregi *Po* da'ryasi'. Apennin yari'm atawi'ni'n' ba'rshe qa'wimleri italiylar dep atalg'an. Wolar arasi'ndag'i' lati'nlar, samniylar ha'm sabiniylar ko'pshilikti qurag'an. Kelip shi'g'i'wi' boyi'nsha wolar greklerge jaqi'n tuwi'sqan bolg'an. Italiyani'n' bati's bo'liminde Kishi Aziyadan bul yelge ko'ship kelgen yetrusklar jasag'an. Wolardi'n' tiykarg'i' ka'sibi diyqanshi'li'q bolg'an. B. e. sh. VIII a'sirge kelip




Qadimgi Italiya



**A'yyemgi Rim xalqi'. Pompeydegi diywalg'a islengen su'wret**

etrusklar Italiyada 12 qala-ma'mleket du'zgen. Bizin' erami'zg'a shekemgi VII a'sirde Shi'g'i's yelleri menen yerkin sawda-sati'q yetiw ushi'n grek koloniyalari' menen gu'res basladi'. Karfagen ma'mleketi de wolarg'a qosi'ldi'. Da'slep, karfagenler ha'm etrusklar jen'iske yeristi, biraq ko'p wo'tpey grek a'skerleri wolardi' qurg'aqli'qta ha'm ten'izde qi'yratti'. Solay yetip, Italiya aymag'i'nda payda bolg'an etrusk civilizaciyasi' ha'lsirey basladi', biraq woni'n' ko'plegen jetiskenliklerine Rim xalqi' mu'na'sip miyrasxor boldi'.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

*«Italiya»ni'n' ma'nisi — bul...* *Etrusklar — bul...*
*Italiylar — bul...*

**Yeste saqlan'!**

Erami'zg'a shekemgi 753-ji'li' Rimge tiykar sali'ng'an sa'ne dep qabi'l yetilgen.

**Rimge tiykar sali'ni'wi'**

Rim qalasi' *Tibr* da'ryasi' boyi'ndag'i' i'qsham g'ana diyqanshi'li'q ma'kan jaylari'nan baslang'an. Tibr boylap jaylasqan kishi qoni'slar birlesip, u'lken qalag'a aylandi'. Rim jeti to'belikte jaylasqan. Tibr tasqan waqi'tlarda to'belikler arasi'ndag'i' woypatli'q adam wo'te almaytug'i'n batpaqli'qqa aylani'p qalatug'i'n yedi. Qalani'n' jaylasi'wi' a'skeriy ko'zqarastan ju'da' qolay bolg'an. Da'rya ha'm batpaqli'q lati'nlardi' qon'si' qa'wimlerdin' hu'jimlerinen qorg'aytug'i'n yedi.

Ra'wiyatqa qarag'anda, erami'zg'a shekemgi 753-ji'li' Rim qalasi'na ag'a-inili Romul ha'm Rem ta'repinen tiykar sali'ng'an. Du'nyag'a kelgennen son' ag'a-inilini Tibr da'riyasi' boyi'nda wo'lsin dep taslap ketedi. Da'rya boyi'nda wolardi' Ana qasqi'r tawi'p aladi', bir shopan kelip ali'p ketemen degenshe ag'a-inilerdi yemizedi ha'm bag'adi'. Yer jetkennen son' bolsa Tibr boyi'nda qala quri'wg'a bel baylaydi'. Biraq ag'a-inililer ja'njellesip qali'p, Ramul wo'z inisin wo'ltirip qoyadi', al qalag'a wo'z ati'n beredi. Bu'gingi ku'nde



**Rem ha'm Romuldi yemizip ati'rg'an ana bo'ri ha'ykeli**

de, a’psanada ayti’lg’anday, yegizeklerdi yemizgen ana qasqi’r Rimnin’ ti’msali’ yesaplanadi’.

Erami’zg’a shekemgi VI a’sirde Rim xalqi’ ko’p bir qalag’a aylandi’. Kapitoliy to’beliginde bolsa dushpanlardan qorg’ani’w ushi’n qorg’an quri’ladi’.



**Tarkviniydin’ qaladan quwg’i’n yetiliwi**

### A’yyemgi Rimdi basqari’w

Da’slep rimliler wo’z hu’kimdarlari’n saylaytug’i’n yedi. Hu’kimdarlar ha’m a’skeriy basli’q, ha’m sudya, ha’m ruxani’y bolg’an. B. e. sh. 509-ji’lg’a shekem usi’ tu’rde dawam yetti, laqabi’ “Takabbi’r” bolg’an Tarkviniy degen adam saylap qoyi’lg’an hu’kimdardi’ wo’ltirip ha’kimiyatti’ iyelep aldi’. G’a’zebi kelgen xali’q qozg’alan’ ko’terip, Tarkviniydi qaladan quwi’p jiberdi. Qala xalqi’ pu’tkil ha’kimiyat bir adam qoli’nda ja’mleniwine jol qoymaytug’i’n basqari’w formasi’na wo’tiwge qarar yetti. Patsha ha’kimiyati’ni’n’ awdari’li’wi’ Rim respublikasi’ni’n’ tiykari’n jaratti’.

**Yeste saqlan’!**

Ta’kabbir Tarkviniy quwi’p jiberilgennen keyin, b.e.sh. 509-ji’li’ Rim respublika dep dag’aza’landi’.

### *Tayani’sh konspekt*

→ Apennin yari’m atawi’
→ Italiya — “buzawlar u’lkesi”
→ lati’nlar, samniylar, sabiniylar, etrusklar
→ b.e. shekemgi VIII a’sir — 12 qala-ma’mleket awqami’
→ b.e. shekemgi 753-ji’l — Tibr da’ryasi’ boyi’nda Rim qalasi’na tiykar sali’ni’wi’

### *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Kartadan Italiya aymag’i’n ko’rsetin’ ha’m woni’n’ geografiyali’q wo’zgesheliklerin ayti’p berin’.
2. Italiyag’a adamlar ko’ship kelip jaylasi’wi’ qashan ju’z bergen? Woni’n’ xalqi’ qalay atalg’an?
3. «Italiya» so’zi qalay payda bolg’an? Bul so’z qanday ma’nisti an’latadi’?
4. Ne ushi’n Ana qasqi’r Rimnin’ ti’msali’ yesaplanadi’?
5. A’yyemgi Rimde basqari’w qay ta’rizde a’melge asi’ri’lg’an?



**Rimdegi Kapitoliy xrami’.** *Rekonstrukciya*

## 46-§. Rim respublikasi'

**Yeste saqlan'!**

Lati'nshadan awdari'lg'anda «**senat**» so'zi «**Aqsaqallar ken'esi**» degen ma'nisti an'latadi'. Senatordi'n' a'wladlari' **patritsiyler**, al a'piwayi' xali'q **plebeyler** dep atalg'an.

**Respublikani' basqari'w**

Rim patshalari' a'hmiyetli ma'selelerdi sheshiw ushi'n Xali'q ma'jlisin shaqi'ratug'i'n yedi. Xali'q ma'jlisi uri'sti' dag'azalag'an, sha'rtnama du'zgen, ni'zamlar qabi'l yetken ha'm biykarlag'an, za'ru'rli barli'q a'meldar adamlardi' saylap tayi'nlaytug'i'n yedi. Bul ma'jlistin' qarari'n *Senat* tasti'yi'qlaytug'i'n yedi, lati'nshadan awdarg'anda «senat» so'zi *«aqsaqallar ken'esi»* degen ma'nisti bildiredi. Senatorlardi'n' a'wladlari' *patriciyler*, al Rimnin' a'piwayi' xalqi' *plebeyler* dep atalg'an. Rim basqari'wi'nda tek patriciyler qatnasatug'i'n yedi. B. e. sh. VI a'sir baslari'nan Rim ma'mleketi *respublika* dep ju'ritile basladi'.



**Rimnin' worayli'q bo'limi**

Lati'n tilinen awdarg'anda «respublika» so'zi «xali'q isi, uli'wma is» degen ma'nislerdi an'latadi' («res» — is, «publika» — xali'q). Negizinde bolsa, Rim respublikasi' basqari'wi'nda tek aristokrat, qul iyeleri qatnasatug'i'n yedi.

Ma'mleketke xi'zmet yetiw yesesine haqi' to'lenbegeni sebepli kambagal adam, mi'sali', konsul bola almaytug'i'n yedi. Saylawlardi' sho'lkemlestiriw ushi'n ko'p qa'rejetti talap yetetug'i'n yedi. Bay qul iyeleri tu'rli jollar menen saylawshi'lardi' wo'z ta'repine awdi'ri'p, biypul tu'slik uyi'mlasti'ri'p, sawg'a-sa'lem tarqati'p ha'm wog'an uqsas islerdi a'melge asi'ratug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

B.e.sh. VI a'sirdin' aqi'ri'nan baslap Rim ma'mleketi **respublika** dep atala baslag'an.

Saylaw ku'ni konsulli'qqa wo'z kandidaturasi'n qoyg'an bay qul iyeleri *«kandida»* dep atali'wshi' juqa aq jipek lipas kiyip alg'an. Ha'zirgi «kandidat», yag'ni'y qanday da bir lawazi'mdi' iyelewge ha'reket yetiwshi talaban adam ma'nisin beriwshi so'z de «kandida» dan kelip shi'qqan. Aq ren' kandidatti'n' hu'jdani' da woni'n' lipasi'nday taza ha'm pa'k yekenligin bildirip turatug'i'n yedi.

***Wo’zin’izdi si’nan’!***

| | |
|---|---|
| ***Senat — bul...*** | ***Plebeyler — bul...*** |
| ***Patriciyler — bul...*** | ***Respublika — bul...*** |



**Konsullar**

Senat yelde u’lken ha’kimiyatqa iye bolg’an. Bir de bir ni’zam Senatta dodalanbay turi’p, Xali’q ma’jlisi ta’repinen qabi’l yetilmeytug’i’n yedi. Tiykarg’i’ lawazi’mli’ adamlar — *konsullar* bolsa tikkeley ma’mleketti basqaratug’i’n yedi. Yegerde a’yyem zamanlarda yen’ ta’jiriybeli ha’m hu’rmetli adamlar Senatta wori’n iyelegen bolsa, waqi’tti’n’ wo’tiwi menen konsullar hesh bir saylawsi’z Senatta wori’n iyelep alatug’i’n ha’m woni’n’ wo’mirlik ag’zasi’na — *senatorg’a* aylanatug’i’n abi’rayg’a yeristi. Uri’s baslang’an jag’dayda yaki xali’q qozg’alan’i’ ju’z bergende diktator ha’m woni’n’ wori’nbasari’ — atli’ a’skerler basli’g’i’ yetip tayi’nlanatug’i’n yedi. Diktator sheklenbegen ha’kimiyatqa iye bolg’an. Biraq wol ha’kimiyatta alti’ aydan ko’p tura almaytug’i’n yedi.

**Yeste saqlan’!**

Senat 300 adamnan ibarat bolg’an. Birdebir ni’zam Senatta talqi’lanbay turi’p, Xali’q ma’jlisi ta’repinen qabi’l yetilmeytug’i’n yedi.

***Rim respublikasi’ni’n’ basqari’wi’***




Ha’r bir konsuldi’ 12 adamnan ibarat hu’rmetli qarawi’l — *liktorlar* qori’qlaytug’i’n yedi. Konsul ji’nayatshi’lardi’ jazalaw mu’mkinshiligine iyelik yetiw belgisi si’pati’nda liktorlar iyinlerinin’ wortasi’na balta shanshi’lg’an qayi’sqaq arqanlardan tu’yin tag’i’p ju’retug’i’n yedi.

Konsullar yeki adam boli’p, wolar a’hmiyetli ma’selelerdi sheshkende bir-birleri menen ma’sla’ha’tlesip ali’wi’ kerek yedi. Konsullar ji’l dawami’nda Rim respublikasi’n basqari’p, rimlilerdi sudlaytug’i’n yedi. A’skeriy jag’-



**Plebeyler qozg’alan’i’**

daylarda bolsa, wolar a'skerlerge a'skerbasi'li'q yetken. Ha'r ji'li' wolar Xali'q ma'jlisine yesap beretug'i'n yedi. Rim respublikasi'nda xali'q tribuni' lawazi'mi' da sho'lkemlestirildi. Xali'q tribunlari' ka'mbag'al rimliler ma'plerin go'zleytug'i'n yedi. Wolar ma'jlislerde barli'q puqaralardi'n' ten' ha'm jasi'ri'n dawi'slari' menen saylanatug'i'n yedi. Xali'q tribuni' «veto» (qadag'an yetemen) so'zin ayti'wi' mu'mkin bolg'an, bunday jag'dayda ni'zam qabi'l yetilmeytug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

Xali'q tribunlari' Rim-nin' ka'mbag'al xalqi' ma'plerin bildirgen. Wolar ma'jlislerde barli'q puqaralar ta'repinen ten' ha'm jasi'ri'n dawi's beriw arqali' saylang'an.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Konsullar — ...* | *Diktator — bul...* |
| *Liktor — bul...* | *Xali'q tribuni' — bul...* |

### "12 keste ni'zamlari'"

A'yyemgi Rim ni'zamshi'li'g'i' awi'zeki ni'zamlarg'a tiykarlang'an yedi. Sudlarda ko'binese a'dalatsi'z ni'zamlar shi'g'ari'wshi' patriciyler ma'jlis qi'latug'i'n yedi. Plebeyler talabi' boyi'nsha uzaq dawam yetken pikirlesiwden keyin Senat ta'repinen ni'zamlar jazi'ladi'. Wolardi' 10 lag'an mi's plastinag'a ko'shirip jazg'an ha'm ha'mme ko'riwi ushi'n ildirip qoyi'lg'an.



**Ni'zam buzi'wshi'larg'a ta'n jazasi' qollani'latug'i'n yedi**

Patriciylerdi bul ni'zamlar qanaatlandi'rmaytug'i'n yedi. Sebebi wolar Greciya hu'kimdari' Solonni'n' ni'zamlari'na tiykarlang'an boli'p, kambag'al xali'q ma'plerin qorg'aytug'i'n yedi. Ni'zamlar biykar yetiletug'i'ni' ta'biyiy. Sol waqi'tta tiykari'nan plebeylerden ibarat bolg'an Rim a'skerleri qozg'alan' ko'teredi. Wolar Rim a'tirapi'ndag'i' Muqaddes tawg'a ketip qaladi', wo'z ni'zamlari'na iye bolg'an jan'a qala qurami'z dep yeskertedi. Solay yetip, patriciyler 12 kesteden ibarat jan'a ni'zamlardi' qabi'l yetiwge ma'jbu'r bolg'an.

Ni'zamlar jeke mu'likti hesh kimge qarasli' yemes dep ja'riyaladi'. Ko'pshilik ni'zamlar plebeyler ha'm patriciylerdin' ten'sizligin ni'zamlasti'rdi', biraq plebey-

lerdi patriciyler zorli'g'i'nan qutqardi'. Tek b.e.shekemgi IV a'sir wortalari'na kelip Rimnin' barli'q puqaralari' iyelegen worni'na qaramastan ni'zam aldi'nda ha'mme ten' dep yesaplanatug'i'n ni'zamlar qabi'l yetildi.

### *Tayani'sh konspekt*

- respublika joqari' ha'kimiyati'—Xali'q ma'jlisi
- Senat — "aqsaqallar ken'esi"
- patriciyler — senatorlar a'wladlari'
- plebeyler — xali'q
- respublika — "xali'q isi"
- konsullar — respublikani'n' bas lawazi'mli' adamlari'
- diktator — uri's ji'llari'nda yel hu'kimdari'
- xali'q tribuni' — Senatta Rim ka'mbag'al xali'q wa'killeri
- veto — "qadag'an yetemen"
- "12 keste ni'zamlari'"

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rimde respublika basqari'wi' qanday formada a'melge asi'ri'lg'an?
2. "Respublika" so'zi qanday ma'nisti an'latadi'?
3. Diktator degen kim? Qanday jag'dayda wol Rim hu'kimdari'na aylang'an?
4. Rim ni'zamshi'li'g'i' haqqi'nda ayti'p berin'. Woni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligi nede? «12 keste ni'zamlari'» kimlerdin' ma'plerin qorg'aytug'i'n yedi?

## 47-§. Rim respublikasi'ni'n' turmi'si'

### Qalalardag'i' turmi's

Imperiya aymag'i' ken'eyip bar-g'an sayi'n qalalar da ko'beydi. Rim qalalari' aldi'nnan puqta islengen reje tiykari'nda quri'lg'an. Qalalarda ko'plep a'jayi'p ja'miyetlik ha'm turaq jay imaratlari', ibadatx-analar, monshalar, sawda wori'nlari' ha'm da'rixanalar bolg'an. Ko'pshilik adamlar 2 — 3 qabatli' imaratlarda jasag'an. Bay adamlar wo'zlerine da'bdebeli imaratlar qurg'an. Bunday u'ylerde worayli'q i'si'ti'w tarmaqlari' bolg'an: pollar i'si'ti'ladi', trubalar arqali' u'ylerge suw wo'tip turadi'. U'y *mozaikalar* — shiyshe yamasa tas

**Yeste saqlan'!**

B.e.sh. IV a'sir worta-lari'na kelip Rimni'n' barli'q puqaralari' abi'-rayi'na qaramastan ni'zam aldi'nda ten' dep yesaplanatug'i'n ni'zamlari' qabi'l yetildi.



**Forum — Rimnin' worayli'q maydani'**



Akveduk (aspali' suw trubalari')

bo'leklerinen islengen su'wretler menen bezelgen. Saltanatli' *villalardi'n'* diywallari'n *freskalar* — keppegen si'bawg'a islengen su'wretler bezep turar yedi. Ha'r bir qala worayi'ndag'i' *Forumda* bazar maydani', xali'q ji'ynali'slari' ushi'n ken' wori'n ha'm worayli'q ibadatxana bolg'an. Suw qalag'a bir neshe qabatli' ko'pirge uqsaytug'i'n *akveduk* arqali' ag'i'p keletug'i'n yedi. Awqat pisiriw ha'm i'si'ti'w ushi'n ag'ash ko'miri jani'p turi'wshi' wotxanalardan (woshaqlardan) paydalang'an.

Rim bazarlari'nda yen' bazari' shaqqan tovar – qullar yedi. Ha'r bir qalada qullar sawdag'a shi'g'ari'latug'i'n bazar bolg'an.



Rimliler kiyimi – toga

Adamlar kiyip ju'retug'i'n lipaslar wolardi'n' ja'miyettegi abi'royi'n bildirip turatug'i'n yedi. Mi'sali', yer balalar 14 jasqa tolg'ang'a shekem qi'zg'i'sh jolaq «toga» kiygen. 14 jasqa tolg'anda wolar yer jetken jigit boli'p yesaplanadi' ha'm appaq toga kiyip baslaydi'. Tap usi'nday juqa jipek togani' senatorlar da kiyetug'i'n yedi. Rimli hayallar tu'rli ren'degi ko'ylekler kiyip, bas ha'm iyinlerine woramal woranatug'i'n yedi.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Mozaika — bul...*** | ***Akveduk — bul...*** |
| ***Freska — bul...*** | ***Toga — bul...*** |



Merkuriy—sawdasati'q qudayi'

**A'yyemgi rimlilerdin' qudaylari'**

Ku'ndelik turmi'sta rimliler wo'z qudaylari'na ku'sh ha'm qa'wenderlik sorap ko'p mu'rajat yetetug'i'n yedi. Qudaylar ushi'n ulli' ibadatxanalar quri'ldi'. Bunnan ti'sqari', ha'r bir rimlilerdin' u'ylerinde wo'z qudaylari' bolg'an. Rimliler qudaylari'ni'n' ko'pshiligi greklerdin' qudaylari'n yeske tu'siredi. A'hmiyetli isti baslawdan aldi'n rimliler bul iste ku'sh-quwat beriw ushi'n qudaylarg'a qurbanli'qlar bag'i'shlaytug'i'n yedi.

Ha'r tu'rli qudaylar turmi'sti'n' tu'rli ta'replerin

basqaratug'i'n yedi. Mi'sali', sawashta jen'iliske ushi'raytug'i'n bolsa, demek, qaysi' bir is penen uri's qudayi' *Marsti'n'* ashi'wi'na tiydik degen woyg'a barg'an (sali'sti'ri'n': greklerde uri's qudayi' Ares).

Rimnin' bas qudayi', aspan, gu'ldirmama ha'm jasi'n patshasi' *Yupiter* boli'p yesaplanadi'. Yupiter Rim ma'mleketinin' qa'wenderi, xali'qlar ha'm ma'mleketlerdin' ta'g'dirin basqari'p turadi' dep yesaplang'an. *Neptun* ten'iz qudayi',uyqi' qudayi' *Morfey*, aw qudayi' *Diana* boli'p yesaplang'an. Rimliler *Vulkandi'* wot ha'm temirshiler qudayi' dep yesaplag'an. *Venera* ba'ha'r ha'm muhabbat qudayi', *Baxus* sharap qudayi' bolg'an. Rimnin' a'dil sudlaw qudayi' bolsa *Yusticiya* boli'p yesaplang'an. Bul quday a'dette ko'zleri baylang'an hayal ko'rinisinde su'wretlengen. Yusticiyani'n' won' qoli'ndag'i' qi'li'sh jaza ti'msali' yesaplang'an, shep qoli'ndag'i' ta'rezi menen ayi'pli' ha'm ayi'psi'zli'qti' sali'sti'ri'p wo'lshegen. Rimnin' ta'g'dir qudayi' bolsa *Fortuna* boli'p yesaplang'an, Fortunani' ko'binese ta'g'dirler jol basshi'si' si'pati'nda yamasa rul menen, arasi'nda ta'g'dirdin' a'dalatsi'zli'q belgisi si'pati'ndag'i' shar menen birge su'wretlegen. Rimnin' wo'sh ha'm kek ali'w qudaylari' bul *Furiyalar* jawi'z, wo'sh ali'wshi' hayallar ko'rinisinde su'wretlengen.



**Neptun—ten'iz qudayi'**



**Yupiter—shaqmaq ha'm gu'ldirmama qudayi'**

Ibadatxanada Rimnin' bas qudayi' *Yupiterdin'* u'lken mu'sini wornati'lg'an. Ibadatxanani'n' qasi'nda *altar* — qurbanli'q bag'i'shlaytug'i'n ko'terme jay bolg'an. A'dette wo'gizler, qoylar, shoshqalar yamasa yeshkiler qurbanli'q qi'li'ng'an.

**Diniy ma'resimler**

Diniy ma'resimler qatan' belgilengen qag'i'ydalar boyi'nsha wo'tkizilgen. Diniy ma'resimler wo'tkiziliwin ruwxaniylar — *pontifikler* — Rim ruwxaniylari' baqlap barg'an. Pontifikler bayramlar kalendari'n, ma'resimler saltanatlari'ni'n' ta'rtibin du'zedi. 5 adamnan 15 adamg'a shekemgi ruwxaniylerdi bildiriwshi pontifikler



**Vulkan—wot ha'm temirshiler qudayi'**



Rim ibadatxanasi’

ja’ma’a’tine Ulli’ pontifik basshi’li’q qi’ladi’.Ulli’ pontifik qudaylar menen ken’esip, u’zil-kesil juwmaq beredi, dep yesaplag’an.

***Wo’zin’izdi si’nan’!***

> ***A’yyemgi rimlilerdin’ qudaylari’ — bul...***
> ***Altar — bul...*** ***Furiyalar — bul...***

Rimliler barli’q za’ru’r islerin pal ashi’wdan baslag’an. Pal ashi’w ruwxaniylar-avgurlar ja’rdeminde a’melge asi’ri’lg’an. Avgurlar quslar pa’rwazi’na, gu’ldirmamag’a, shaqmaqqa, muqaddes quslarg’a sebilgen da’nlerge, jan’g’i’ri’qqa ha’m tag’i’ basqa zatlarg’a qarap pal ashatug’i’n yedi. Yegerde belgiler kewildegidey bolmasa, isler belgili waqi’tqa keshiktiriletug’i’n yedi.

Shan’araq woshag’i’ qudayi’ *Vesta* ibadatxanasi’nda muqaddes wot saqlanatug’i’n yedi. Muqaddes wotti’ saqlaw hayal ruwxani’ylar wazi’ypasi’na kiretug’i’n yedi. Wot jani’p turg’an bolsa, ma’mleket bar dep yesaplag’an. Soni’n’ ushi’n vestashi’ ruwxani’ylardi’n’ ta’siri ha’m abi’royi’ u’lken yedi.



Yusticiya—a’dillik sudi’ qudayi



Fortuna—tag’dir qudayi’

***Tayani’sh konspekt***

- → mozaika
- → freskalar
- → forum
- → akveduk
- → qudaylar
  - Mars
  - Yupiter
  - Neptun
  - Marfey
  - Vulkan
  - Yusticiya
  - Fortuna
- → ruwxani’ylar – pontifikler, ruwxani’ylar – avgurlar – ruwxani’ylar – vestashi’lar

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Pontifikler — bul...*** | ***Vestashi ruwxani'ylar — bul...*** |
| ***Avgurlar — bul...*** | |

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rim qalasi' xalqi'ni'n' turmi'si' haqqi'nda so'ylep berin'.
2. Rimlilerdin' kiyimleri nesi menen aji'rali'p turatug'i'n yedi?
3. Rim qudaylari'n sanap berin'. Wolar grek qudaylari'nan nesi menen parq qi'ladi'?
4. Pontifik ruwxani'ylari' ha'm avgur ruwxani'ylari' degen kimler?
5. Vestashi' ruwxani'ylardi'n' tiykarg'i' wazi'ypasi' ne bolg'an?



**Rim a'skerleri sawash maydani'nda**

## 48-§. Jer Worta ten'izinde u'stemlik ushi'n gu'res

**Rim armiyasi'**

Respublikani' si'rtqi' dushpanlardan qorg'aw za'ru'r yedi. Armiyada 17 jastan 46 jasqa shekem bolg'an yer adamlar xi'zmet yetetug'i'n yedi. 80 adamnan ibarat bolg'an jawi'ngerler topari' *senturiyalar* dep ju'ritilgen. Bir neshe senturiyler *kogorta*ni', 10 lag'an kogorta *legion*di' quraytug'i'n yedi. Jawi'ngerlerdin' ko'pshiligi jaqsi' bilim alg'an a'skerler boli'p, wolar ushi'n armiyada xi'zmet yetiw bir wo'mirlik jumi'sqa aylang'an yedi. Xi'zmet mu'ddeti 25 ji'l bolg'an. Sonsha mu'ddettegi xi'zmeti yesesine legioner u'y-jay, jaqsi' ayli'q is haqi' ali'w ha'm basqa u'lkelerdi ko'riw imkaniyatlari'na da iye bolg'an.

Rimliler wo'zine ta'n sawash ali'p bari'w taktikasi'n islep shi'qqan: aldi'n ala qala qorshap ali'nar, keyin bolsa katapulta degen qamal qurali'nan paydalani'p diywallardi' tesip ha'm qalalarg'a basti'ri'p kiretug'i'n yedi. Pisken metall taqtayshalardan tiklengen uzi'n qamal minaralari' ja'rdeminde biyik diywallardan wo'tetug'i'n yedi.

A'skeriy toparlar imperiya aymag'i' boylap tezirek ha'reketleniwi ushi'n yelde tegis jollar tarmag'i' quri'ldi'. Bul jollar menen imperiyani'n' ha'r qanday u'lkesine jetip ali'wg'a bolatug'i'n yedi. Imperiya shegaralari'nda bolsa tas qorg'anlar quri'lg'an yedi.



**Jaradar Rim a'skeri**



**Rimdegi u'sh bo'limli arka**



Woq ati'w qurali'

Jen'isten son' Senat qarari'na muwapi'q Rim a's-kerleri jen'is (triumf) ti' saltanatli' belgileytug'i'n yedi. A's-kerler aldi'nda to'rt aq tulpar qosi'lg'an arbada basi'na lavr gu'lshen'berin qadap alg'an jen'impaz a'skerbasi' baratug'i'n yedi. A'skerbasi'ni'n' izinen woljalardi' ali'p baradi'. Kapitoliy to'beliginde qolg'a kirgizilgen jen'is ushi'n minnetdarshi'li'q retinde qudaylarg'a qurbanli'q-lar beriletug'i'n yedi.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Senturiyalar — bul...*** | ***Legion — bul...*** |
| ***Kogorta — bul...*** | ***Triumf — bul...*** |



Rim a'skerlerinin' qorg'ani'w qurallari'

### Puni uri'slari'

Rim ma'mleketinin' aymag'i' ti'ni'msi'z ken'eyip bara berdi. Bizin' erami'zg'a shekemgi III a'sirdin' wortalari'na kelip Rim a'skerbasi'lari' yeldin' arqa bo'liminen ti'sqari' pu'tkil Italiyani' basi'p ali'wg'a yeristi. Tez arada wolardi'n' basqi'nshi'li'q rejeleri shegaralas aymaqlarg'a da jayi'la basladi'.

Bul waqi'tta Siciliya atawi'ni'n' bati's bo'legin basqi'nshi'li'q joli' menen wo'z aymaqlari'n ken'eyttirip barati'rg'an basqa bir qu'diretli ma'mleket — *Karfagen* qul iyeleri iyelep alg'an yedi. Sol da'wirde Siciliya ma'selesi Rim ha'm Karfagen arasi'ndag'i' uri'slar sebebine aylani'p ketti.



Gannibal

A'skeriy jaqtan Karfagennin' u'lken ha'm ku'shli floti' bolg'anli'g'i' sebepli Rimge qarag'anda u'stinlikke iye bolg'an yedi. Biraq Karfagen a'skerlerinin' ha'lsiz ta'repi sonnan ibarat, wonda jallanba a'skerler xi'zmet yetti. Jallanba a'skerlerdin' birden-bir maqseti a'skeriy wolja boli'p, wo'zleri ushi'n qolayli' bolg'an qa'legen waqti'nda dushpan ta'repine wo'tip ketetug'i'n yedi.

Rimliler Karfagen menen u'sh ma'rtebe uri'sti'. Bul uri'slar tariyxqa Puni uri'slari' ati' menen kirgen. Ne-likten de rimliler karfagenlilerdi puna dep atag'an. Bi-

rinshi uri'sta rimliler jen'iske yeristi, Siciyaliyani' basi'p ali'p, Karfagenlilerdin' wo'zlerine jer sali'g'i'n to'lewge ma'jbu'r qi'ldi'. Yeki ji'ldan son' rimliler Korsika ha'm Sardiniya atawlari'n basi'p aldi'. Rim Jer Worta ten'izi zonasi'nda yen' ku'shli ma'mleketke aylandi'. Biraq Karfagen Jer Worta ten'izindegi atawlar u'stindegi uri'sta Rimnin' qa'wipli qarsi'lasi' boli'p qala berdi. Sicliyadag'i' jog'alti'wlar ushi'n wo'zlerin si'yli'qlaw ha'm qanaatlandi'ri'w ushi'n Karfagen qul iyeleri Ispaniyani'n' u'lken bir bo'limin basi'p aldi'. Karfagen armiyasi'na ta'jiriybeli a'skerbasi' *Gannibal* basshi'li'q yetetug'i'n yedi. Ispaniyada jallanba a'skerlerge a'skerbasi'li'q yetkeninde Gannibal bir ma'rte de jen'iliske ushi'ramadi'.

**Yeste saqlan'!**

Karfagen Armiyasi'na ta'jiriybeli sa'rkarda Gannibal basshi'li'q yetetug'i'n yedi. Al Rim armiyasi'n sarkarda Scipion basqarg'an.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

*Karfagen — bul...* *Punlar — bul...*
*Gannibal — bul...*



Gannibal jawi'ngerleri

## Karfagennin' wayran yetiliwi

Bati's Jer Worta ten'izinde birden-bir xojeyinge aylani'w ushi'n rimliler Karfagen menen sawashlarg'a tayarli'q ko're basladi'. Rimliler Karfagenlilerge yeki ta'repten soqqi' beriwge qarar yetti. Bir armiya Ispaniyadag'i' Gannibal armiyasi'n ku'l-talqan yetiwi, basqasi' bolsa Karfagendi basi'p ali'wi' kerek yedi. Biraq Gannibal barli'q rejelerdi buzi'p jiberdi. Wo'tiwge bolmastay tuyi'lg'an tawlardan asi'p tu'sken Gannibal Italiya aymag'i'na basi'p kirdi ha'm bizin' erami'zg'a shekemgi 216-ji'li' *Kann* jani'ndag'i' sawashta rimliler armiyasi'n ku'l-talqan yetip tasladi'. Bul sawashta 70 mi'n' rimli legioner nabi't boldi'.

Jen'ilisten keyin rimliler sheshiwshi sawashlardan wo'zin ti'ya basladi'. Italiya xalqi' Gannibaldi' qollap-quwatlamadi', sebebi Karfagen jallanba a'skerleri yeldi talan-taraj yetip taslag'an yedi. Rimli sa'rkarda Scipion



Rim piyadalari' sawashta

ku'tilmegende a'skerleri menen Afrika jag'asi'na kelip tu'skende Gannibal Karfagendi qorg'awg'a asi'qti', biraq bizin' erami'zg'a shekemgi 202-ji'li' woni'n' la'shkeri *Zama* qalasi'na jaqi'n jerde rimliler ta'repinen qi'yrati'ldi'. Bizin' erami'zg'a shekemgi 183-ji'li' uzaq su'rginde ju'rgeninde, rimlilerge tapsi'ri'w ushi'n uslawg'a uri'ng'ani'nda Gannibal za'ha'r ishedi. Rim Bati's Jer Worta ten'izinde haqi'yqi'y ha'kimge aylanadi'. Siriya ha'm Makedoniyani' basi'p alg'annan keyin rimliler Karfagendi de basi'p ali'wg'a qarar yetti.

**Yeste saqlan'!**

B.e.sh. 202-ji'li' Zama qalasi'na jaqi'n jerde Gannibal armiyasi' Rimliler ta'repinen qi'yrati'lg'an.

Bizin' erami'zg'a shekemgi II a'sir wortalari'nda u'shinshi Puni uri'si' boldi'. Rimliler Karfagendi qamal yetti, biraq xalqi' woni' qorg'awg'a kiristi.



**Karfagennin' wayran yetiliwi**

Karfagen qalasi' xalqi' yeki ji'l wo'z qalasi'n qorg'adi', qalada ashli'q baslandi'. Rimli legionerler bir hu'jim menen u'ylerdi birme-bir basi'p ali'p, jolda ushi'rag'an na'rseni talap ha'm wot qoyatug'i'n yedi.

Karfagen won jeti ku'n wot ishinde qaldi'. Xali'q ta'jiriybelerin ha'm dani'shpanli'g'i'n saqlap qalg'an shan'araqlar ha'm kitapxanalardi'n' ku'li ko'kke suwi'ri'ldi'. Karfagen boy tiklegen jer bolsa Senat qarari' boyi'nsha g'arg'i's tiygen ma'ka'n dep ja'riyalandi'. Bul jerde u'y-jay quri'w ha'm diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'w qadag'an yetilgen yedi. Solay yetip, bizin' erami'zg'a shekemgi 146-ji'li' Karfagen uli'wma qarabaxanag'a aylandi'. Rim a'skerleri jen'is, talang'an wolja ha'm mi'n'lag'an qullar menen Italiyag'a qayti'p keldi.

**Yeste saqlan'!**

Karfagen boy tiklegen jer bolsa Senat qarari' boyi'nsha g'arg'i's tiygen ma'ka'n dep ja'riyalandi'. Bul jerde u'y-jay quri'w ha'm diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'w qadag'an yetilgen yedi.

### Rim ta'repinen basi'p ali'ng'an aymaqlar

Puni uri'slari'nan keyin Italiya shegarasi'nan a'dewir uzaqta bolg'an u'lken-u'lken aymaqlar da Rim ha'kimiyati' iyeligine wo'tti. Basi'p ali'ng'an jerlerdi rimliler *provinciya* dep atag'an. Siciliya, Korsika, Sardiniya, Ispaniya, Creciya, Kishi ha'm Aldi'ng'i' Aziya, Mi'si'r ha'm basqa aymaqlar a'ne

usi'lardi'n' qatari'na kiretug'i'n yedi. Provinciyalardi' basqari'wg'a nayi'plar — *prokonsullar* tayi'nlanatug'i'n yedi.

Wolar sheklenbegen ha'kimiyatqa iye bolg'an. Prokonsullar a'dette bir ji'lg'a saylani'p, wolar qol asti'ndag'i' yeldi ayawsi'z talaytug'i'n yedi. Provinciyalar Rimge qarsi' gu'reske birlespewi ushi'n rimliler «Bo'lip taslap u'stemlik yet» principine tiykarlani'p is ju'rgizgen. Rimliler ayi'ri'm qalalarg'a basqalari' wolardi' ko're almawi' ha'm wolar bir-biri menen ja'njellesiwi ushi'n qasaqana jen'illikler beretug'i'n yedi. Biraq provinciyalarda qozg'alan'lar ba'rha' boli'p turatug'i'n yedi, rimliler wolarda dushpan qamali'nda qalg'an qalalarda jasag'anday ku'n keshiretug'i'n yedi.



**Rim armiyasi'ni'n' «Tasbaqa» dep atalg'an qorg'ani'w qalqani'**

### *Tayani'sh konspekt*

- senturiy → kogorta → legion
- Triumf
- Puni uri'slari' — Karfagen → Gannibal; Rim → Scipion
- b.e.sh. 216-ji'l — Rim imperiyasi'ni'n' ku'l talqan yetiliwi — Kann sawashi'
- b.e. shekemgi 146-ji'l — Karfagennin' wayran yetiliwi
- provinciyalar
- prokonsullar
- "Bo'lip taslap, u'stemlik yet!"

**Yeste saqlan'!**

Basi'p alg'an jerlerin rimliler provinciya degen. Provinciyalardi' basqari'wg'a nayi'plar — prokonsullar tayi'nlanatug'i'n yedi.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Triumf degen ne? Qaysi' jag'daylarda triumf belgilengen?
2. Rim a'skerleri kimlerden du'zilgen yedi?
3. Rim a'skerleri karfagenlerdikinen nesi menen aji'ralatug'i'n yedi?
4. Puni uri'slari'ni'n' tiykarg'i' sebebin ayti'n'.
5. Kartadan Gannibal atlani'si'ni'n' bag'dari'n ko'rsetin'.
6. Rimlilerdin' «Bo'lip taslap, u'stemlik yet» principin tu'sindirip berin'.
7. Rim armiyasi' senturioni' ati'nan gu'rrin' du'zin'.
8. Kartadan Rim ta'repinen basi'p ali'ng'an aymaqlardi' ko'rsetin'.
9. Rimliler Karfagendi qalay basi'p aldi'?
10. Rimliler qanday aymaqlardi' provinciya dep atag'an ha'm woni' qalay basqarg'an?

## 49-§. Qullar ha’m gladiatorlar

**Rimde qulshi’li’q**

Jen’isli uri’slar na’tiyjesinde Rimde qullar sani’ ko’beyip ketti. Mi’si’rda da, Greciyada da, qullardi’n’ sani’ Rimdegidey ko’p yemes yedi.



**Rim qul iyeleri**

Yerkin rimlilerdin’ pikirinshe, qul pu’tkilley qul iyelerinin’ i’qti’yari’nda bolg’an bir buyi’m si’yaqli’ yedi. Qullardi’n’ qa’diri bolmag’an, sebebi wolar ju’da’ arzan turatug’i’n yedi.

Uri’slar, basi’p ali’ng’an yellerdegi qullardi’n’ yesabi’na Rimde qullar sonshelli ko’p bolg’anli’qtan, rimliler ha’r dayi’m wolardi’ xojali’q islerinde tuwri’ paydalani’wdi’ bilmegen. Bay rimlilerdin’ bos waqti’ ko’p bolg’an, sebebi ha’mme jumi’slari’n qullar wori’nlaytug’i’n yedi.

Rim ma’mleketindegi qullarda miynetten ma’pdarli’q sezimi hasla bolmag’an. Sabaw ha’m qatti’qolli’q penen wolardi’ duri’s islewge, xojali’q buyi’mlari’n ha’m miynet wo’nimlerin saqlawg’a a’detlendiriwdin’ de ilaji’ joq yedi.

**Yeste saqlan’!**

Mayda jer ijarashi’lari’ kolonlar dep atalg’an.

Erami’zdi’n’ I — II a’sirlerinde qullar miyneti qul iyeleri ushi’n paydali’ yemesligi ma’lim boldi’. Ko’plegen qul iyeleri qullardi’ jer ijarashi’lari’na aylandi’ra basladi’. Qullar qozg’alan’i’nan qori’qqan, wo’nimdarli’qti’ asi’ri’wg’a umti’lg’an jer iyeleri wo’z uchastkalari’n kishi-kishi mu’lklerge bo’lip tasladi’, yerkin ka’mbag’allarg’a ijarag’a tarqati’p bere basladi’. A’ne usi’ uchastkalarda ijarashi’lar diyqanshi’li’q penen shug’i’llandi’. Wolar jerge qansha islew berse, wo’nimnin’ sonsha ko’p u’lesin wo’zlerine qaldi’ratug’i’n yedi.



**Tas joni’p ati’rg’an qullar**

Mayda jer ijarashi’lari’ *kolonlar* dep atalg’an. Jerden paydalani’w ushi’n wolar jer iyesine wo’zleri jetistirgen wo’nimler menen to’leytug’i’n yedi.

Bara-bara qullar sani’ kemeydi. Ayi’ri’m jer iyeleri xojali’q ju’rgiziw ushi’n qullarg’a kishi jer uchastkasi’n yerkin islewge miynet qurallari’n, uruwi’, shan’arag’i’ menen birge jasawg’a ruqsat beretug’i’n yedi. Bunday

qullar *«i'lashi'qli' qullar»* yag'ni'y u'y-jayli' qullar dep atalg'an. Wolar da jerden paydalang'anli'g'i' ushi'n haqi' to'leytug'i'n yedi, biraq ta, wolardi'n' ta'gdiri xojayi'nlari'ni'n' qoli'nda bolg'an.

Qullar ha'm kolonlar Rim imperiyasi'ni'n' yen' yezilgen xalqi' boli'p qala berdi, wolar birgelikte qul iyelerine qarsi' gu'res basladi'.

**Yeste saqlan'!**

«I'lashi'qli' qullar» — bul qul iyelewshiler ta'repinen kishkene jer, miynet qurallari', tuqi'm menen ta'miyinlengen qullar. Wolar-g'a shan'araq ha'm turaq jay quri'w ushi'n da ruqsat berilgen.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

***Kolonlar — bul...***
***Ilashi'qli' qullar — bul...***

### Gladiatorlar sawashlari'

Rimlilerdin' su'yikli tamashalari'nan biri *gladiatorlar* sawashi' bolg'an. Ko'binese gladiatorlar qullar yamasa ji'nayatshi'lar bolg'an. Wolarg'a arnawli' jabi'q mektep-tyurmalari'nda bilim beretug'i'n, son'i'nan bir-birleri menen ali'si'wg'a, tamashago'yler kewlinen shi'g'i'wg'a ma'jbu'r yetetug'i'n yedi.

Ha'r bir gladiatordi'n' ju'rimi ha'm wo'limi tamashago'ylerdin' qa'lewine baylani'sli' yedi. Ha'r bir sawash son'i'nda tamashago'yler jen'ilgen gladiator tiri qali'w-qalmasli'g'i'n sheshetug'i'n yedi. Yeger tamashago'ylerdin' ko'pshiligi won' qoli'ni'n' bas barmag'i'n joqari'g'a ko'terse — jen'ilgen gladiator tiri qalg'an, kerisinshe, to'menge qarati'lsa — woni' tamashago'yler ko'z aldi'nda wo'ltirip taslaydi'. Sawashlar u'lken tas stadionlar yamasa amfiteatrlarda boli'p wo'tetug'i'n yedi. 50 mi'n' tamashago'y si'yatug'i'n Kolizey yen' u'lken amfiteatr bolg'an.



**Kolizeydin' si'rtqi' korinishi**

Bazi'da gladiatorlar u'lken-u'lken toparlarda sawash qi'lg'an, sonda saxna sawash maydani'na uqsap qalatug'i'n yedi: wo'ltirilgen, jaralang'an ha'm jan berip ati'rg'an gladiatorlar ha'mme jerde awnap, jayrap, shashi'li'p jatatug'i'n yedi. Ja'ne de qi'zi'qli' boli'wi' ushi'n gladiatorlar sawashlari' ku'shi ten' qarsi'laslar wortasi'nda wo'tkizilgen. Birewinde tek qi'li'sh ha'm



qalqan bolsa, basqasi'nda tor ha'm shani'shqi' (u'sh tisli nayza) bolg'an. Tor ha'm nayza menen qurallang'an gladiator wo'zin hesh na'rse menen qorg'ay almasa da, wol qarsi'lasi'n tor menen worap taslawi' ha'm shani'shqi' menen wo'ltiriwi mu'mkin yedi. Gladiatorlardi'n' jabayi' ari'slanlar, bari'slar, ashi'wshaq wo'gizler menen gu'resleri de wo'tkizilgen.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| *Gladiator — bul...* | *Kolizey — bul...* |
| *Amfiteatr — bul...* | *Shani'shqi' — bul...* |



**Gladiatorlar sawashi'**



**Kolizey**



**Rim bu'rkiti Rim hu'kimdarlari'ni'n' simvoli' yesaplang'an**

**Spartak ko'terilisi b.e.sh. 74-71-ji'l**

Yezilgen qullar wo'z zali'm yeziwshilerinen g'a'zeplenetug'i'n yedi. «Qullar qansha bolsa, dushpanlar sonsha» dep biykarg'a aytpag'an.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 74-ji'li' baslang'an *Spartak* basshi'li'g'i'ndag'i' qullar qozg'alan'i' a'yyemgi du'nyada yen' g'alaba ha'm uyi'mlasti'ri'lg'an ko'terilislerdin' biri bolg'an.

Rim armiyasi'nda xi'zmet yetiwden bas tartqani' ushi'n Kapuya qalasi'ndag'i' gladiatorli'q mektebine sati'p jiberilgen frakiyali'q qul Spartak qullardi' ko'teriliske shaqi'rdi'. Biraq kimdur bul haqqi'nda rimlilerge xabar jetkizedi. Sonda Spartak ha'm woni'n' 200 ge jaqi'n ta'repdarlari' qarawi'llarg'a hu'jim jasaydi' ha'm tu'rmeden qashi'p shi'g'i'p ketedi. Qalada jasi'ri'ni'w imkaniyati' bolmag'ani' sebepli wolar *Vezuviy* tawi'ndag'i' ji'ralarg'a shi'g'i'p aladi'. A'ste-aqi'ri'n iyesinen qashqan basqa qullar wolarg'a kelip qosi'la basladi', qozg'alan' ko'tergenler topari' ken'eyip bardi'. Ko'p wo'tpey wolar 10 mi'n' adamg'a jetti.



**Spartak qozg'alan'i'**

Qozg'alan' ko'tergen qullardi' qi'yrati'wg'a jo'netilgen u'sh mi'n' a'skerlik armiya Vezuviy tawlari' jani'nda a'skeriy lager qurdi'.

**Yeste saqlan'!**

Spartak qozg'alan'i' b.e.sh. 74-71-ji'llar dawami'nda boli'p, qozg'alan' qullardi'n' jen'iliwi menen juwmaqlang'an.

Qamal baslandi'. Biraq Spartak ku'tilmegen ha'm bati'l rejeni a'melge asi'rdi'. Qullar ju'zimnin' jas paqallari'nan zan'gi toqi'p, ko'rinbeytug'i'n ta'repten biyikten pa'ske tu'sip aldi'. Rimliler topari'ni'n' arqasi'nan soqqi' bergen Spartak wolardi' qi'yrati'p tasladi'. Ko'terilisshiler arasi'nda alawi'zli'q payda boldi'. Qullardi'n' bir bo'limi Rimdi taslap, wo'z jurtlari'na qayti'wdi' maqul ko'rdi.Ko'plegen qullar yelden shi'g'i'p ketpewge, Rimdi qi'yrati'wdi' ha'm wo'z qul iyelerinen wo'sh ali'wdi' maqset yetti.



**Spartakti'n' wo'limi**

Spartakqa qarsi' ta'jiriybeli a'skerbasi' *Mark Krass* basshi'li'g'i'nda ko'p mi'n' sanli' a'sker jiberildi. Bizin' erami'zg'a shekemgi 71-ji'ldi'n' ba'ha'rinde ju'z bergen sheshiwshi sawashta Spartak a'skerleri qi'yrati'ldi', woni'n' wo'zi bolsa sol sawashta nabi't boldi'. 6 mi'n'nan aslam tutqi'nlar Rim — Kapuya arali'g'i'ndag'i' jol boylari'nda darg'a mi'yi'qlap asi'p wo'ltirildi. Qozg'alan' ko'tergenlerdin' ayri'qsha toparlari' bolsa tag'i' 10 ji'l gu'resiwdi dawam yettirdi.

### *Tayani'sh konspekt*

- → qullar miyneti paydali' yemesligi belgili boldi'
- → kolonlar — mayda jer ijarashi'lari'
- → "i'lashi'qli' qullar"
- → gladiatorlar
- → Kolizey amfiteatri'
- → b.e. shekemgi 74-ji'l — Spartak ko'terilisi
- → Vezuviy tawi'ndag'i' lager
- → b.e. shekemgi 71-ji'l — Spartak armiyasi'ni'n' qi'yrali'wi'



**Rim a'skerleri dem almaqta**

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rimde qullardi'n' sani' kimlerdin' yesabi'nan ko'beydi?
2. Qullar, kolonlar ha'm «i'lashi'qli' qullar» worni' bir-birinen qanday pari'q qi'ladi'?
3. Rimliler qullarg'a qanday qatnasta bolg'an?
4. Spartak basshi'li'g'i'nda ko'terilgen qullardi'n' qozg'alan' wori'nlari' ha'm bag'darlari'n kartadan ko'rsetin'.
5. Spartak ko'terilisi Rim qullari'ni'n' basqa ko'terilislerinen nesi menen wo'zgeshelenedi?
6. Rim gladiatorlari'ni'n' birinin' ati'nan gu'rrin' jazi'n'?
7. Qozg'alan' ko'tergen qullar ne sebep jen'iske yerispedi?

## 50-§. Rim respublikasi'ni'n' qulawi'



**Rimlilerdin' bayraqlari'**

**Sebepleri**

Qullar ko'terilisi qul iyelerin qatti' qorqi'wg'a sali'p qoyadi'. Qul iyeleri aldi'nda ku'shli ha'kimiyat boli'p yesaplang'an a'skeriy diktaturani'n' wornati'li'w za'ru'rligi haqqi'nda ma'sele ko'ldenen' turar yedi. Senatorlar ha'm az sanli' lawazi'mli' adamlar u'lken ma'mleketti kewildegidey basqari'wdi' ta'miyinley almaytug'i'n yedi.

Bizin' erami'zg'a shekemgi I a'sirde turaqli' jallanba a'skerlerge tayani'wshi' a'skeriy basli'qlar real ku'shke aylandi'. Jallanba a'skerlerdi Rimnin' a'skeriy ku'sh-qu'direti ha'm ma'mlekettin' ku'sheyiwi yemes, al tek wolja qi'zi'qti'ratug'i'n yedi. Jallanba a'skerler ushi'n kimler menen sawash ju'rgiziw yamasa kimlerdi talawdi'n' parqi' bolmag'an.

Rimde bolsa ma'mleket basli'g'i' boli'wdi' qa'lewshi bir qansha a'skerbasi'lar bolg'an.



Cezar — Rim imperatori'

**Cezar ha'kimiyati'ni'n' wornawi'**

Spartak ko'terilisin basti'ri'p, qi'y-ratqannan keyin Krass ha'm Pompey ha'kimiyat ushi'n uzaq waqi't gu'res ali'p bardi', biraq Rim imperiyasi' ali'p barati'rg'an gu'reslerdin' birinde Krass nabi't boldi'. Yendi Pompey ushi'n Cezar birden-bir qa'wipli qarsi'las boli'p qaldi'. Galliya uri'slari'ndag'i' jen'isler sebepli Cezardi'n' ta'siri ha'm abi'rayi' a'dewir arti'p bardi'. Jallanba a'skerler woni'n' a'jayi'p a'skerbasi'li'q talanti'na isener, Cezardi'n' izinen tuwri' kelgen ta'repke bari'wg'a tayar yedi. Bunnan ti'sqari', nabada Senat ma'jlisine qatnassa, bizge jer aji'-rati'p beredi ha'm qari'zlari'mi'zdi' biykar yetedi dep u'mit qi'l-g'an ka'mbag'allar da Cezardi' qollap-quwatlaytug'i'n yedi.

Yuliy Cezar bizin' erami'zg'a shekemgi 49-ji'li' Galliyadag'i' jen'isli uri'si'nan keyin Rimge baratug'i'n jolda Rubikon da'ryasi'nan keship wo'te woti'ri'p, jeke ha'kimlik ushi'n ashi'q gu'resti baslap jiberdi. Cezar sol waqta bi'lay degen: «Shek taslandi'!».

Rim xalqi'ni'n' qollap-quwatlawi' sheshiwshi a'hmi-yetke iye boldi'. Pompeydin' a'skerleri Ispaniyada yedi, Cezar jen'iske yeristi. Wol Rim imperatori'na aylandi'. Cezardi'n' qa'lew-yerkinligi Rim ushi'n ni'zam ku'shine iye yedi. Wol hesh qanday saylawlarsi'z ha'meldar adamlardi' tayi'nlaytug'i'n yedi. Senat ha'm xali'q ma'jlisine yesap bermey qoydi'.



Imperator Cezardi'n' wo'ltiriliwi

Bul jag'day uzaq dawam yetpedi. Cezardi'n' shek-lenbegen ha'kimiyati'nan narazi' bolg'an senatorlar jasi'ri'n til biriktiriw sho'lkemlestirdi. Wolar Cezardi' wo'ltiriwge ha'm Senatti'n' buri'ng'i' abi'rayi'n qayta tiklewge ant yetti. Til biriktiriwshilerge Cezardi'n' jaqi'n doslari'nan bolg'an Brut basshi'li'q yetedi. Senattag'i' ma'jilis waqti'nda til biriktiriwshiler Cezardi' qorshap aldi' ha'm sha'rtli ko'rsetpe tiykari'nda wog'an qanjar-lar menen soqqi' bere basladi'.

Bizin' erami'zg'a shekemgi 44-ji'li' Cezar hu'kimdarli'g'i' tamamlandi'. Biraq woni'n' wo'ltiriliwi Respublikani'n' qayta tikleniwine ali'p kelmedi. A'skerbasi'lar arasi'nda puqaralar uri'si' baslani'p ketti, bul gu'reste jen'ip shi'qqan Oktavian Avgust Cezardi'n' miyrasxori' boldi'. Wol Rim imperiyasi'ni'n' tiykari'n sali'wshi'g'a aylandi'.



Yuliy Cezar dinari' b.e.sh. 49–48 jj.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

| | |
|---|---|
| ***Krass, Pompey, Cezar — ...*** | ***Brut — ...*** |
| ***Imperator — bul...*** | |

**Ha'kimiyat ushi'n gu'res aqi'betleri**

Cezar wo'ltirilgennen keyin Brut respublikani' qayta tiklewge uri'ni'p ko'redi. Biraq senatorlar aldi'n'g'i' ta'rtip qag'i'ydalarg'a qayti'wdi' qa'lemeytug'i'n yedi. Wolardi'n' ko'pshiligi wo'z bayli'g'i'n Cezar hu'kimdarli'g'i' waqti'nda qolg'a kirgizgen yedi. Brut ha'm woni'n' ta'repdarlari' Greciyag'a qashi'p ketiwge ma'jbu'r boladi'.

Sol waqi'tta Rimde Cezardi'n' aqli'g'i' bolg'an imperator woni' asi'rap alg'ani'nda Gay Yuliy Cezar Oktavian dep at qoyg'an *Oktaviy* payda boladi'. Oktavian yel hu'kimdari'na aylandi'. Bug'an Cezardi'n' jaqi'n ja'rdemshisi Mark Antoniy qarsi' shi'g'adi'. Buni'n' ushi'n Senat Mark Antoniydi respublikani'n' dushpani' dep ja'riyalaydi'.



Kleopatra – Mi'si'r ma'likasi'

Greciyada bolsa Rim respublikasi' ta'repdarlari'n qollap-quwatlaw ku'sheyip baradi'. Oktavian *Mark Antoniy* menen awqam du'zedi ha'm respublikashi'lardi' qi'yrati'p taslaydi'. Sonnan keyin Oktavian Rim ma'mleketinin' Bati's bo'limin, Antoniy bolsa Shi'g'i's bo'legin basqari'wdi' wo'z qoli'na aladi'.

Mi'si'rg'a kelgen Antoniy Mi'si'r ma'likasi' Kleopatrag'a u'ylenedi. Neke sawg'asi' si'pati'nda Antoniy Kleopatrag'a Rimnin' shi'g'i's provinciyalari'n beredi. Bul Oktavianni'n' narazi'li'g'i'na sebep boldi', bizin'

erami'zg'a shekemgi 31-ji'li' Greciya jag'alawlari'nda Antoniy ha'm Oktavian flotlari' wortasi'nda sawash boladi'. Sawash qi'zg'an bir waqi'tta Kleopatra ha'm Antoniy Aleksandriya qalasi'na qashadi'. Armiya ha'm flot Oktaviang'a bag'i'nadi'. Keyingi ji'li' Oktavian a'skerleri menen Mi'si'rg'a jetip keledi. Antoniy ha'm Kleopatra wo'zin-wo'zi wo'ltiredi, Mi'si'r bolsa Rim imperiyasi'ni'n' provinciyasi'na aylanadi'. Solay yetip, Oktavian pu'tkil Rim imperiyasi'ni'n' jeke ha'kimi boli'p qaladi'.



Mark Antoniy

Bizin' erami'zg'a shekemgi 29-ji'li' Oktavian Senattan imperator atag'i'n ha'm Avgust laqabi'n aldi'. Oktavian bir qatar reformalar wo'tkeredi. Oktavian Rim imperiyasi'ni'n' tiykari'n sali'wshi' yedi. Oktavian Avgust senatorlar sani'n qi'sqartti'. Jawi'ngerlerdin' xi'zmet mu'ddeti 20 ji'l yetip belgilendi. Oktavian Avgust zamani'nda Rim imperiyasi' armiyasi'ni'n' uli'wma sani' 300 mi'n'g'a jetti. Imperator ken' ko'lemde quri'li's jumi'slari'n ali'p bardi'. Woni'n' waqti'nda Rimde ko'plegen saraylar ha'm ibadatxanalar quri'ldi'.



Imperator Oktavian Avgust

Oktavian Avgust erami'zdi'n' 14-ji'li'nda du'nyadan wo'tti. Woni'n' miyrasxori' bolg'an Kaligula ha'm Neron hu'kimdarli'g'i' waqti'nda imperiya krizisi baslandi'. Tek erami'zdi'n' II a'sirinin' wortalari'nda Rimnin' ku'shqu'direti qayta tiklendi. Bul da'wir Rim imperiyasi'ni'n' «Alti'n a'siri» dep atalg'an.

Erami'zdi'n' 98-ji'li'nda *Trayan* imperator taxti'n iyeledi. Trayan zamani'nda Dunay da'ryasi'ni'n' boylari'nda jasawshi' daklar menen uri'slar ali'p bari'ldi'. 40 metrlik Trayan kolonnasi' — wo'resin bezep turg'an daklar menen uri's ko'rinisleri su'wretlengen woyi'p islengen su'wretler bul haqqi'nda gu'rrin' yetedi. Ossuriya ha'm Mesopotamiya aymaqlari' Rim imperiyasi'ni'n' qurami'na kirdi. Trayan Parfiya menen uri'slarda jetiskenlikke yeristi, woni'n' hu'kimdarli'g'i' waqti'nda jalg'an shag'i'm yetiwge tiykarlani'p wo'lim jazasi' biykar yetildi.



Trayan su'tini

*Wo'zin'izdi si'nan'!*

| | |
|---|---|
| ***Oktavian Avgust* — ...** | ***Cezar Oktavian* — ...** |
| ***Kleopatra* — ...** | ***Trayan* — ...** |

*Tayani'sh konspekt*

- → ha'kimiyat ushi'n gu'res: Krass ↔ Pompey
- → b.e. shekemgi 49-ji'l — Yuliy Cezar — Rim imperatori'
- → Cezardi'n' wo'ltiriliwi → Brut
- → b.e. shekemgi 31-ji'l — Antoniy ha'm Oktavian sawashi'
- → Oktavian — imperator Avgust
- → b. sh. II a'sir — Rim imperiyasi'ni'n' "alti'n a'siri"
- → erami'zdi'n' 98-ji'li' — imperator Trayan → Trayan kolonnasi'

*Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rimde respublika qulawi'ni'n' tiykarg'i' sebeplerin ayti'n'.
2. Rimde Cezar ha'kimiyati'ni'n' du'ziliwi qalay ju'z berdi?
3. Yuliy Cezardi'n' wo'ltiriliwin kim ha'm nege uyi'mlasti'rdi'?
4. Yuliy Cezar wo'ltirilgennen keyin Rimde qanday wo'zgerisler boldi'?
5. Jeke ha'kimlik ushi'n gu'reste nege Oktavian jen'ip shi'qti'?

## 51-§. Rim imperiyasi'ni'n' qulawi'

### Bati's ha'm Shi'g'i's Rim imperiyalari'

Imperator *Konstantin* zamani'nda erami'zdi'n' 330-ji'li' Rim imperiyasi'ni'n' paytaxti' dep *Bosfor* bug'azi'ndag'i' Vizantiy qalasi' jariyalandi'. Imperatordi'n' buyri'g'i' menen qaladag'i' barli'q yeski imaratlardi' buzi'p tasladi' ha'm jan'a qala quri'ldi', wonda Rim, Afina ha'm Korinften ali'p kelingen ha'ykeller ha'm kolonnalar wornati'ldi'. Qala imperatordi'n' hu'rmetine Konstantinopol dep atala basladi'.

U'lken imperiyani' Konstantinopoldan turi'p basqari'w mu'shkil yedi. Imperator Feodesiy wo'liminen keyin erami'zdi'n' 395-ji'li' Rim imperiyasi' woni'n' yeki uli' wortasi'nda Bati's ha'm Shi'g'i's bo'limlerge bo'listirildi. Shi'g'i's Rim imperiyasi'nda imperatordi'n' jalg'i'z ha'kimiyati' saqlandi', Bati's Rim imperiyasi' wo'z aldi'na ma'mleketlerge bo'line basladi'.

## Imperiyani'n' qulawi'

Erami'zdi'n' III a'sirinde Rim imperiyasi'ni'n' ku'sh-qu'direti ha'lsizlene basladi'. Imperatordi' yendi armiya saylaydi', armiyani'n' wo'zinde de tu'rli toparlar arasi'nda gu'res baratug'i'n yedi. Imperator Trayan da'wirinen baslap rimliler basqi'nshi'li'q uri'slardi' ali'p barmadi'.



**Rim piyadalari'**

Sol waqi'tta imperiya shegaralari'ni'n' arqa-bati's ta'repinde ko'shpeli qa'wimler payda boldi'. Rimliler wolarg'a *«varvarlar»* degen laqab bergen ha'm shegarani' u'lken armiya saqlap turi'wg'a ma'jbu'r yedi.

Aldi'n grek tili wo'zleri ushi'n tu'sinikli bolmag'an barli'q qa'wimler ha'm xali'qlardi' «varvarlar» dep atag'an. Rimliler bolsa, wolardi'n' pikirinshe, ma'deniy rawajlani'wdi'n' anag'urli'm to'mengi basqi'shi'nda turi'wshi' xali'qlardi' usi'lay atag'an.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

> ***"Varvarlar" dep...***

## Gotlar Rimde

Erami'zdi'n' IV—V a'sirlerinde pu'tkil Rim imperiyasi'n qullar ha'm kolonlar ko'terilisleri qamti'p aldi'. Jerlerdi ha'm mol-mol woljalardi' qolg'a kirgiziw maqsetin go'zlegen «varvarlar» di'n' imperiyag'a hu'jimleri de ku'sheyip bardi'. Bul da'wir 150 ji'ldan aslam dawam yetti.

Erami'zdi'n' 410-ji'li' *Alarix* basshi'li'g'i'ndag'i' gotlar Rimdi qorshap aldi'. Rimliler wolar menen so'ylesiwler ali'p bara basladi', biraq tu'nde qullar da'rwazalardi' ashi'p berdi, basqi'nshi'lar qalag'a jalpi'lamay kirdi. Gotlar mu'sinlerdi joq yetip, bahali' kitaplardi' wo'rtep, ani'q u'sh ku'n Rimdi taladi'. Talan-taraj yetilgen Rim bosap qaldi'.


**Rim bosag'asi'ndag'i' varvarlar**

Germanlar sawatsi'z boli'p, hesh waqi'tta teatrlar, kitapxanalar ha'm monshalarg'a barmag'an yedi. Rim



Gotlar Rimdi talamaqta

**Yeste saqlan'!**

Erami'zdi'n' 410-ji'li'nda Alarix basshi'li'g'i'ndag'i' gotlar Rimdi qi'yrati'p tasladi'.



Vandal a'skeri

imperiyasi' shegarasi'na kirgennen son' Rim imaratlari', arxitekturasi' ha'm mu'sinler go'zzalli'g'i' ha'm ulli'li'g'i'n mu'na'sip bahalay almadi'. Bulardi'n' ba'rin ayawsi'z joq yetip tasladi'. Germanlar qorg'anlari'n qorshap worap turg'an diywallardi' bekkemlew ushi'n Rim ibadatxanalari' ha'm kitapxanalari' imaratlari'nan tas taqtalardi' ko'shirip ali'p ketetug'i'n yedi. Kitaplar, mu'sinler ha'm basqa ko'rkem-wo'ner shi'g'armalari' da nabi't boldi'.

### Bati's Rim imperiyasi'ni'n' qulawi'

Gotlardi'n' Rimdi basi'p ali'wi' imperiya xalqi'n la'rzege saldi'. Ju'z ji'llar dawami'nda rimliler wo'zlerinin' barli'q qarsi'laslari' u'stinen jen'iske yerisken, Jer Worta ten'izi boylari'ndag'i' barli'q yellerdi basi'p alg'an, wo'zlerin bolsa du'nya hu'kimdari' yesaplaytug'i'n yedi. Rimdi bolsa «ma'n'gi qala» dep ta'riplegen. Tap rimliler qu'direti ma'ngi bolatug'i'nday tu'yiletug'i'n yedi. Na'zer salsan'i'z, pu'tkil jer ju'zinen ali'p kelingen du'rdana g'a'ziynesi turpayi' qa'wimler woljasi'na aylandi'. Rimnin' qulawi' haqqi'nda sol da'wir tariyxshi'si' ayani'shli' tu'rde bi'lay jazg'an yedi: «Pu'tkil Jer ju'zin boysi'ndi'rg'an ja'ha'n shamshi'rag'i' da wo'shti». Rim xalqi'ni'n' ko'pshiligi Rimnin' ha'lsirewi menen pu'tkil du'nya joq boli'p ketiwine isenetug'i'n yedi. Biraq du'nya nabi't bolmadi'. Alarix ta wo'ldi, biraq Rimnin' wonnan qorqi'ni'shli'raq dushpani' — *Attila* basshi'li'g'i'nda xunn qa'wimleri payda boldi'. Attila Shi'g'i's Rim imperiyasi'na hu'jim sho'lkemlestire basladi'. Erami'zdi'n' 452-ji'li' xunnlar Italiyag'a basti'ri'p kirdi.

Erami'zdi'n' 455-ji'li'nda Rimge germanlardi'n' vandal qa'wimleri hu'jim jasadi', wolar yeki ha'pte dawami'nda qalani' taladi'. Vandallar wo'zleri menen ali'p kete almaytug'i'n ha'mme na'rseni nabi't qi'ldi'. Erami'zdi'n' 476-ji'li' imperator sarayi' qorg'awshi'lari' sa'rkardasi' son'g'i' imperator *Romuldi'* saraydan



**Sawashtan ko'rinisler**

**Yeste saqlan'!**

Erami'zdi'n' 455-ji'li' Rimge germanlardi'n' vandal qa'wimleri hu'jim jasadi', wolar yeki ha'pte dawami'nda qalani' taladi'.

quwi'p jiberdi, hu'kimdardi'n' taji'n Konstantinopolge jiberdi. Aldi'ng'i' Bati's Rim imperiyasi' shegaralari'n german qa'wimleri iyelep aldi'. Solay yetip, erami'zdi'n' 476-ji'li' Bati's Rim imperiyasi'ni'n' qulawi' ha'm A'yyemgi du'nya tariyxi'ni'n' juwmaqlani'wi' sa'nesi si'pati'nda tariyxqa kirdi. Yendi Worta a'sirler tariyxi' baslanadi'.

### *Tayani'sh konspekt*

- → 330-ji'l — Rim imperiyasi' paytaxti' — Vizantiy (Konstantinopol)
- → 395-ji'l — Rim imperiyasi' < Bati's / Shi'g'i's
- → 410-ji'l—gotlar Rimdi qarabaxanag'a aylandi'rdi' — Alarix
- → 452-ji'l—xunnlardi'n' Italiyag'a basti'ri'p kiriwi—Attila
- → 455-ji'l—german vandal qa'wimlerinin' basi'p kiriwi
- → 476-ji'l—Bati's Rim imperiyasi'ni'n' qulawi'

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rim armiyasi' haqqi'nda so'ylep berin'.
2. Rimliler kimlerdi «varvarlar» dep atag'an? Rimliler varvarlardi'n' qaysi' qa'wimleri menen soqli'g'i'sti'?
3. Rim imperiyasi'ni'n' Bati's ha'm Shi'g'i's imperiyalari'na bo'liniw sebebi nede?
4. Rimnin' basi'p ali'ni'wi' haqqi'nda ayti'p berin'.
5. Bati's Rim imperiyasi'ni'n' qulaw sebeplerin ayti'n'.

**Yeste saqlan'!**

Erami'zdi'n' 476-ji'li' — Bati's Rim imperiyasi'ni'n' qulag'an sa'nesi.

## 52 – 53-§§. A'yyemgi Rim ma'deniyati'



**Rim termleri.**
*Zamanag o'y su'wret*

**Rim qul iyeleri ha'm qullardi'n' turmi'si'**

A'yyemgi zamanlarda rimliler turmi'si' ju'da' a'piwayi'li'g'i' menen ayri'qsha aji'rali'p turg'an. Rimli aristokratlar bolg'an patritsiyler bir qabatli' a'piwayi' u'ylerde jasaytug'i'n yedi, xojali'qta qullar da wonsha ko'p bolmag'an.

Erami'zdi'n' I a'sirine kelip rimliler turmi'si'nda keskin wo'zgerisler ju'z berdi. Bay adamlar jasaytug'i'n to'belikler qushag'i'nda tamasha bag'lari' ha'm sharbaqlar ko'p, hawasi' bolsa tegis wori'nlarg'a qarag'anda salamat ha'm taza bolg'an. Imperatordi'n' jaqi'n adam-lari' qolayli', a'jayi'p imaratlarg'a iyelik yetetug'i'n yedi.

Bay bolmag'an rimliler to'belikler wortasi'ndag'i' tegis wori'nlarda jasaytug'i'n yedi. Bul jerlerde ko'sheler tar ha'm patas bolg'an: taslandi' zatlar da tuwri' ko'shege taslang'an. Wonnan qalaberse, Rim xalqi'ni'n' sani' da tez arti'p bardi', sebebi Italiyani'n' to'rt ta'repinin' u'y-jaysi'z qalg'an diyqanlari' paytaxtqa ko'ship kelgen yedi. Isi won'i'nan kelgen adam bir mu'yeshti yamasa u'ydi ijarag'a alg'an, gezendeler ha'm gedeyler minber tu'binde, i'zg'ar ha'm qaran'g'i' jer to'lelerde yaki tuwri'dan tuwri' qala ko'shelerinde tu'neytug'i'n yedi.

Rimli ka'mbag'allardi'n' mehrine yerisiw ushi'n umti'lg'an imperatorlar paytaxt xalqi' ushi'n «termler» dep atalg'an ko'rkem monshalar qurdi'rg'an yedi (grekshe «i'ssi'» so'zinen, «termos» so'zi de sonnan kelip shi'qqan). Arzi'mag'an to'lem yesesine ha'r bir rimli termlerge tu'siw imkaniyati'na iye bolg'an. Bul jerde ju'ziw ushi'n basseynler, sport zallari' bar yedi. Termler qasi'nda bilim ali'w ha'm pa'nler menen shug'i'llani'w ushi'n kitapxana bolg'an.



**Mum menen qaplang'an jazi'w taxtasi'**

**Bilimlendiriw**

Balalardi'n' mektepte bilim ali'wi' ata-analardi'n' bilim ali'w ushi'n haqi' to'lew imkaniyatlari'na baylani'sli' bolg'an. Kambag'al rimlilerdin' balalari' xojali'q

jumi'slari'nda ata-analari'na ja'rdem bergenlikleri sebepli mekteplerde woqi'maytug'i'n yedi. Bay shan'araq perzentleri bolsa 6 jastan mektepke qatnar yedi. Jazi'wdi' u'yrenip ati'rg'an balalar stil degen metall rushka menen ha'riplerdi mumiya menen qaplang'an taqtayshalarg'a qi'ti'rlati'p woyi'p jazatug'i'n yedi.

**Yeste saqlan'!**

Stil — mum menen qaplang'an taxtag'a jazi'w ushi'n mo'lsher-lengen temir tayaq-shalar.






**Lati'nsha sanlar (Rim)**

Woqi'w, jazi'w ha'm yesaplawdi' u'yrengennen keyin ko'pshilik bilim ali'wdi' tamamlaytug'i'n yedi. Ayi'ri'mlar grammatikada (orta mektepte) bilim ali'wdi' dawam yetken. Tariyx, geografiya, geometriya, muzi'ka ha'm astronomiya woqi'ti'latug'i'n yedi. Grek tilin u'yreniwge ayri'qsha itibar qarati'lg'an, sebebi pa'nnin' tu'rli tar-maqlari'na tiyisli kitaplardi'n' ko'pshiligi grek tilinde jazi'lg'an yedi. Siyasiy xi'zmetker boli'wdi' qa'legen ha'r bir adam woratorli'q (sheshenlik) ha'm *ritorikani'* — sheber so'ylewdi wo'zlestirgen.

## Arxitektura ha'm mu'sinshilik

Rim imperiyasi'nda quri'li's isleri joqari' rawajlang'an yedi. Amfiteatrlar, tsirkler, teatrlar, ibadatxa-nalar, saraylar, triumfal arklar ha'm ko'p qabatli' jaylar quri'ldi'. Qalani' biyik diywallar qorshap turatug'i'n yedi.

Rim arxitekturasi' grek arxitekturasi'nan imarat-lardi'n' ra'n'ba'ra'n'ligi ha'm suli'wli'g'i' menen wo'zgeshe-lenedi. Erami'zdi'n' I a'sirinde Rim yen' iri ha'm xalqi' ko'p qala bolg'an. Sol waqi'tti'n' wo'zinde mi'naday naqi'l so'zler payda bolg'an: «Barli'q jollar Rimge baradi'». Mi'n'lag'an



**Rimdegi jol quri'li'si'**

**Yeste saqlan'!**

Rim imperiyasi'nda quri'li's isleri ayri'qsha rawajlang'an yedi. Amfiteatrlar, tsirkler, teatrlar, ibadatxanalar, saraylar, triumfal arkler ha'm ko'p qabatli' u'yler quri'la basladi'.



**Panteon — barli'q qudaylardi'n' ibadatxanasi'**



**Akveduk quri'li'si'**

**Yeste saqlan'!**

Barli'q qudaylar-ibadatxanasi' – Panteong'a Rim imperiyasi'nda jasap ati'rg'an ha'r bir adam kelip wo'zi si'yi'natug'i'n qudayg'a si'yi'ni'w imkaniyati'na iye bolg'an.

qullar tog'aylar, tawlar ha'm batpaqli'qlar arqali' jollar saldi'. Jollar menen bir qatarda Rim suw wo'tkizgishleri (vodoprovodlari') qaldi'qlari' da ha'zirge shekem saqlani'p qalg'an. Suw wo'tkizgishler bir bag'dar tiykari'nda quri'lg'an boli'p, tawlardag'i' bulaqlardan suwdi'n' wo'zi ag'i'p keletug'i'n yedi. Suw wo'tkizgish tarmaqlari'n jarlar, ji'ralar ha'm alaplardan wo'tkeriw ushi'n *akveduklar* — joqari' bo'liminen kanallar wo'tkizilgen ko'pirler quri'lg'an.

U'lken ko'pirlerdi pu'tkilley tastan quri'w qi'mbatqa tu'ser ha'm uzaq dawam yetetug'i'n yedi. Rimliler jan'a quri'li's materiali' bolg'an betondi' woylap tabadi'. Quri'li'sshi'lar gerbishten yeki jin'ishke diywal tiklegen, wolardi'n' wortasi'ndag'i' arali'q jerlerdi bolsa beton menen tolti'rg'an. Qatqannan keyin wol tastan da bekkem bo-li'p qalg'an. Betonni'n' qollani'li'wi' rimlilerde tez ha'm bekkem imaratlar quri'wg'a mu'mkinshilik berdi.

Won mi'n'lag'an tamashago'ylerdi wo'z ishine alatu-g'i'n Amfiteatr Rimdegi yen' u'lken quri'li's bolg'an. Bul jerde gladiatorlar ali'si'wi' ha'm a'skeriy kemeler sawashi' sho'lkemlestirilgen. Jer asti'nda teren' bir jerde saxnani' suwg'a tolti'ri'w imkaniyati'n beriwshi

maslama quri'lg'an. Rimnin' yen' u'lken amfiteatri' bolg'an Kolizey wo'tmishtegi a'jayi'p waqi'yani'n' gu'wasi' si'pati'nda ha'zirge shekem saqlang'an.




**Arxitekturali'q usi'llar**

> **Yeste saqlan'!**
> Tit Liviy, Tatcit, Plutarx — Rim tariyx-shi'lari'.

> **Yeste saqlan'!**
> Rimliler jan'a quri'li's materiali' — betondi' woylap tapqan.

Beton woylap tabi'lg'annan keyin jaydi'n' to'besi gu'mbez formasi'nda su'tinlersiz quri'latug'i'n boldi'. Rimdegi Panteon usi'nday taqi'lette quri'lg'an (grek tilinen «barli'q qudaylar ibadatxanasi'» ma'nisin an'latadi'). Rim imperiyasi'nda jasap ati'rg'an ha'r bir adam Panteong'a kelip wo'zi isengen qudayg'a si'yi'ni'w imkaniyati'na iye bolg'an: mi'si'rli'lar — Wosiriske, grek-ler — Zevske, rimliler — Yupiterge si'yi'natug'i'n yedi.

Ulli' jen'islerdi belgilew ushi'n a'jayi'p triumfal ark-lar quri'lg'an.

## Xristianli'qti'n' payda boli'wi'

Yeki mi'n' ji'l buri'n Rim ha'kimiyati' qol asti'nda bolg'an Kishi Aziya ha'm Palestina jerlerinde *Nazaret* qalasi'nda usta Iosif ha'm hayali' Mariya sha-n'arag'i'nda «Qudaydi'n' uli'» atag'i'n alg'an Isus (Isa) tuwi'lg'ani' haqqi'nda ra'wiyatlar tarqala basladi'. Woti'z jasi'nda Isus sahrada jasawshi' diniy na'siyat beretu-g'i'n *Shoqi'ndi'ri'wshi' Ioann qoli'nda Iordan* da'ryasi'nda shoqi'nti'ri'ladi'. Jawi'zli'qti' iske



**Isani'n' atanaqqa qag'i'p qoyi'li'wi'**

asi'rg'anlar Ioang'a ta'wbe yetiw ushi'n keletug'i'n yedi. Isus Xristos gu'nasi'z bolsa da, Jaratqang'a joldi'n' pa'klewshi ta'wbe-ibadatlardan baslani'wi'n ko'rsetip beriw ushi'n shoqi'nadi'.

**Yeste saqlan'!**

Xristian dini erami'zdi'n' I a'sirinde payda bolg'an.

Won yeki adam *jol basshi'lari' (apostollari')* menen Palestina boylap sayaxat yetip, Quday ayatlari' haqqi'nda gu'rrin' ayti'p beredi, tu'rli ka'ramatlar ko'rsetedi — wo'lilerdi tiriltedi, jasawdan u'mitin u'zgen du'zelmeytug'i'n awi'ri'wlardi' yemleydi. Yevrey ruwxaniylari' Iysa payg'ambardi' bar diniy haqi'yqatlardi' buzi'p talqi'lawda ayi'plap, woni' wo'lim jazasi'na buyi'radi'. Rim nayi'bi' *Pontiy Pilat* bul hu'kimdi tasti'yi'qlawi' sha'rt yedi. Da'slep Pontiy Pilat bul jumi'sti' iske asi'ri'wdan bas tartqan, biraq ruwxani'ylar qi'si'mi' asti'nda kelisim beredi. Isusti' *Golgof* tawi'nda atanaqqa tartadi', bul jerde, rawiyatta ayti'li'wi'nsha, Jer ju'zindegi da'slepki insan—Adam ata jerlengen. Isa payg'ambar 3 ku'nde qorqi'ni'shli' azaplar girdabi'nda jan beredi. Wo'lgennen keyin woni'n' denesin bir u'n'girge qoyadi', u'shinshi ku'ni jerlew ushi'n kelgenler Isa Masix denesi qoyi'lg'an wori'nda joqli'g'i'n ko'redi. Isa payg'ambar qayta tirilip ha'm aspang'a ko'terilgen, wo'lgen ha'm tiri jasap ati'rg'an adamlardi'n' jumi'slari'n bahalaw ushi'n Jer ju'zine qayti'p keliwge wa'de beredi.



**Da'slepki xristianlardi'n' u'n'girdegi xrami'**

Isus haqqi'ndag'i' ra'wiyatlar *Yevangeliya (Injil)* ati'n alg'an, grek tilinen awdarg'anda bul so'z «Xoshxabar» ma'nisin an'latadi'. Isa payg'ambar ta'limati'ni'n' dawam yetiwshileri xristianlar boli'p tabi'ladi'. Sha'kirtleri apostollar (hovoriylar) boli'p tabi'ladi'. Xristianlar ja'ma'a'tlerine yepiskoplar ustazli'q yetedi. Erami'zdi'n' I a'siri xristianli'q ju'zege kelgen sa'ne yesaplanadi'. Rim hu'kimdarlari' xristianlardi' quwdalaydi', ji'rtqi'sh haywanlar pa'njesine taslaydi', tu'rli-azaplarg'a saladi'. Erami'zdi'n' 313-ji'li'n-da imperator Konstantin xristianlardi' basqa dinler menen ten' bir din dep ja'riyalag'an pa'rman shi'g'ardi'. Pa'rman xristianlarg'a ibadatxanalar quri'w ha'm ashi'q ibadat yetiwge mu'mkinshilik berdi.



**Imperator Konstantin**



**Ra'wiyat boyi'nsha imperator Konstantin xristianli'q ti'msali'n wo'z a'skerleri qalqanlari'na si'zi'wdi' buyi'rg'an ha'm jen'iske yerisken.**

### *Tayani'sh konspekt*

- termler
- ritorika
- arxitekturali'q usi'llar
  - Korinf
  - Ion
  - Doriy
- betonni'n' woylap tabi'li'wi'
- Panteon
- tariyxshi'lar
  - Tit Liviy
  - Tatsit
- Isa Masix
  - Pontiy Pilat
  - Golgof
  - I a'sir
  - Yevangeliya

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Qul iyeleri yamasa ka'mbag'al rimlik ati'nan gu'rrin' du'zin'.
2. Rim ma'mleketinde bilimnin' qaysi' tu'rleri payda bolg'an? Nelerdi woqi'tqan?
3. Erami'zdi'n' IV a'sirindegi Rim arxitekturasi'ni'n' wo'zgesheligin ayti'n'.
4. Erami'zdi'n' IV a'sirinde Rimdegi yen' u'lken quri'li's ati'n ayti'n'.
5. Rim Panteoni' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
6. Isa payg'ambar kim? Xristianli'q haqqi'nda nelerdi bilesiz?

**A'yyemgi Rim tariyxshi'lari'**



**Kvint Kurciy Ruf**



**Plutarx**



**Tit Liviy**

## 54-§. Ruwxi'yli'q dereklerinde

**Yeste saqlan'!**

Adamzatti'n' ruwxi'y wo'sip jetilisiwi da'wiri teren' tami'r ha'm a'yyemgi u'rp-a'detlerge iye.

Siz ji'l dawami'nda alg'ashqi' ja'miyetlik du'zimnen baslang'an a'yyemgi du'nya tariyxi' menen tani'sti'n'i'z. Miynet qurallari' jetiliskennen ha'm wo'nimdarli'q artqannan keyin diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik ha'm sawda-sa-ti'qti'n' rawajlani'wi' na'tiyjesinde da'slepki ma'mleketler qa'liplesti. Jazi'w payda bolg'annan keyin adamlar wo'zleri jasap ati'rg'an ja'miyet boyi'nsha ni'zamlar jaza basladi'.

Adamlar a'yyemnen jarati'lg'an biybaha woylap tabi'w ha'm jan'ali'qlardan paydalani'p keledi. Bular diyqan-shi'li'q usi'llari', do'n'gelek, suw wo'tkizgishler, a'lipbe, kalendar, sanlar, arxitektura ha'm usi' si'yaqli' jetiskenlikler yedi.



**Jarati'wshi'li'q ha'miyshe qa'dirlenip kelingen**

Biz yelege shekem a'yyemgi du'nya xali'qlari' jarat-qan ma'deniy yesteliklerge tan' qalami'z. Ha'zir a'yyemgi avtorlardi'n' ko'plegen shi'g'armalari' bizdi ma'rtlikke miynet su'yiwshilikke, watang'a muhabbatqa shaqi'radi'.

Do'retiwshilik mudami' qa'dirlenip kelgen. Ha'tte, a'yyemgi da'wirde, wo'tmishtegi ata-babalari'mi'z tur-mi'si' qa'wip-qa'ter, ta'shwishlerge toli' bolg'anda, adamlardi'n' tiykarg'i' maqseti azi'q tabi'w bolg'anda da insaniyat du'nyani' an'lawg'a ha'reket yetip kelgen. Bul bolsa ruwxi'y ma'deniyatti'n' rawajlani'wi' ushi'n tiykar boli'p xi'zmet yetti. Insaniyatti'n' ruwxi'y jetilisiw protsesi usi'lay baslang'an yedi.



...Kohitawdi'n' tik jartaslari'nda, ha'zirgi Zarautkamar yamasa Alti'n Jali'n dep atalatug'i'n dalalari'na a'yyemgi qi'lqa'lem iyeleri qi'zi'l boyawda jabayi' wo'gizlerdi awlaw ko'rinisin si'zg'an. Wolar dramali'q qubi'li'slarg'a bay. Bul su'wretlerde awdi'n' jen'is penen tamamlani'wi', an'shi'lardi'n' saltanati' ha'm insan aqi'li'ni'n' joqari' da'-rejede yekenligi sa'wlelengen.

***Wo'zin'izdi si'nan'!***

*Materialli'q ma'deniyat — bul ...*
*Ruwxi'y ma'deniyat — bul ...*
*Ko'rkem wo'ner — bul...*

Mi’sr, grek ha’m rimlilerdin’ Shi’g’i’s ma’deniyati’ menen wo’zara baylani’si’ ilim ha’m ko’rkem wo’nerdin’ rawajlani’wi’ni’n’ tezlesiwine, du’nya ma’deniyati’ni’n’ wo’siwine ali’p keldi.

Yendi siz a’yyemgi du’nya tariyxi’ ha’m Wo’zbekstan tariyxi’ neshe mi’n’ ji’llarg’a bari’p taqalatug’i’ni’n jaqsi’ bilesiz. Usi’ uzaq wo’tmishte bizin’ jurti’mi’zda bay ma’deniy miyrasti’n’ rawajlani’wi’ ushi’n tiykar sali’ng’an yedi. Bul jerde a’yyemgi qalalar ha’m ma’mleketler du’zilgen. Diyqanlar, wo’nermentler ha’m quri’li’sshi’lar wo’zinin’ do’retiwshen’lik miyneti menen u’lkemiz dawri’g’i’n du’nyag’a jaydi’.

Watang’a muhabbat ko’p sanli’ basqi’nshi’larg’a qar-si’ gu’resken xali’q qaharmanlari’ni’n’ yerliginde ko’zge taslan-g’an. Tomaris, Shi’raq, Spitamen ha’m basqa ko’plegen qahar-manlar jurti’mi’z azatli’g’i’n wo’z wo’mirinen u’stin qoyg’an.

Tun’g’i’sh ret jazba derek—«Avesto»da zardushtiylardi’n’ ulli’ ha’m dani’shpan joqarg’i’ qudayi’ Axuramazda ta’repinen jarati’lg’an yen’ jaqsi’ ma’mleket si’pati’nda Wo’zbekstanni’n’ ayyemgi diyqanshi’li’q aymaqlari’ atap wo’tiledi.

A’miwda’rya yeteklerinde, ayyemgi Xorezm jerlerinde, Surxan, Qashqada’rya ha’m Zarafshan tawlari’ ha’m woazislerinde zardusht dini tarqati’wshi’lari’ ja-wi’zli’q ha’m jaqsi’lar wortasi’ndag’i’ ma’n’gi gu’res haq-qi’ndag’i’ muqaddes gimndi aytqan. Wolar adamlardi’ ti’ni’shli’qqa, a’dillik ha’m jaqsi’li’qqa shaqi’rg’an. Adamlar shan’araqqa, u’yge, suw ha’m jerge hu’rmet penen qarag’an, perzentlerine insanni’n’ ja’miyettegi joqari’ worni’ haqqi’nda pikirdi sin’dirgen. Zardushtiylik ideyasi’ a’yyemgi ja’miyettin’ rawajlani’wi’n belgilep berdi.

Ha’r qanday ja’miyettin’ rawajlani’wi’ do’retiwshilik ideyasi’ni’n’ bar yekenligi menen belgilenedi.

Ata-babalari’mi’zdi’n’ tariyxtag’i’ qaharmanli’qlari’, ma’rtligi watandi’ su’yiwshilik sezimin ta’rbiyalaydi’, wo’z watani’ ma’plerin qorg’awg’a u’yretedi.

Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A. Karimov mi-lliy g’a’rezsizlik ideyasi’ni’n’ ma’nisin ashi’p bere

**Yeste saqlan’!**

Ideologiya – jamiyettin’ rawajlani’wi’n ani’qlaytug’i’n ha’m wonda adamlardi’n’ rolin belgilewshi ta’limat.



**Do’retiwshilik-ma’naviyet tiykari’**

**Yeste saqlan’!**

Watan tari’yxi’ usi’ jerde jasaytug’i’n h’ar bir insanni’n’ bay ma’deniy miyrasi’mi’zdi’ qa’dirlew, ko’z qarashi’g’i’nday asi’rawi’na woni’n’ menen maqtani’wg’a u’yretedi.



Mi'rza Ulug'bek ha'ykeli



A'mir Temur ha'ykeli



A'lisher Nawayi' ha'ykeli



Tarixi'y-ma'daniy miyras

woti'ri'p, yelimizdin' rawajlani'wi'n milleti, tili, dinine qaramastan pu'tkil Wo'zbekstan puqaralari' qurag'an ja'miyettin' ruwxi'y gu'llep-jaynawi' ha'm jetik insandi' ta'rbiyalawi' menen ti'g'i'z baylani'sti'radi'.

Xalqi'mi'z jaqsi'li'qqa, ti'ni'shli'q ha'm do'retiwshilikke umti'ladi'. Bul umti'li'w bay ruwxi'yli'qqa tiykarlang'an ha'm yelimizdin' bu'gingi ha'm keleshektegi rawajlani'wi', gu'llep-jaynawi' menen baylani'sli'.

Biz Watani'mi'zdi'n' materialli'q ha'm ruwxi'y ma'deniyati'n saqlap ko'beytken jag'dayda babalari'mi'zdi'n' jaqsi' islerin dawam yettiriwimiz kerek.

Prezidentimiz Islam Karimov wo'zinin' «Joqari' ma'deniyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda, «Biz xalqi'mi'z du'nyada hesh kimnen kem bolmawi', perzentlerimizdin' bizge qarag'anda ku'shli, bilimli, dana ha'm a'lbette baxi'tli' boli'p jasawi' ushi'n bar ku'sh ha'm mu'mkinshiliklerimizdi bag'darlay woti'ri'p, bul boyi'nsha ruwxi'y ta'rbiya ma'selesi, hesh gu'man joq, sheksiz a'hmiyetke iye», dep atap ko'rsetken. Ruwxi'yli'g'i'mi'zdi' rawajlandi'ri'w boyi'nsha maqset ha'm wazi'ypalardi' a'melge asi'ri'w ushi'n ha'r bir insan wo'zin wo'z ma'm-leketinin' haqi'yqi'y puqarasi' dep seziwi, tariyxti', ulli' babalari'mi'zdi'n' bay miyrasi'n ha'm ma'deniyati'n teren' u'yreniwi, bu'gingi ku'ngi jer ju'zilik a'hmiyetke iye wo'z-gerislerge bay barli'qti' sanali' ra'wishte pikirley ali'wi', ja'miyetimiz ha'm ma'mleketimizdin' rawajlani'wi'na wo'zinin' de qatnasli' yekenligin an'lap jetiwi tiyis.

## Tariyxi'y atamalar

## S O' Z L I G I

Agora—A'yyemgi Greciya qalalari'nda xali'q ji'ynali'si'ni'n' worni', worayli'q maydan.

Akveduk—u'stinde qalalarg'a suw keletug'i'n kanali' bolg'an biyik ko'pir.

Altamir—Ispaniyadag'i' son'g'i' paleolitge tiyisli jartas su'wretleri tabi'lg'an u'n'gir.

Amfiteatr—tamashago'yler woti'ri'wi'na arnalg'an quri'lmalar menen qorshalg'an basti'ri'wsi'z u'lken saxna.

Amfora—Suyi'q zatlardi' tasi'w ha'm saqlaw ushi'n arnalg'an moyni' jin'ishke ha'm qos tutqali' u'lken gu'ze.

Amulet—mi'si'rli'lar pikirinshe, yegerde insan wo'zi menen birge ali'p ju'rse, jawi'z ruwxlar ha'm qa'wip-qa'terlerden qorg'awshi' kishkene buyi'mlar, tumar.

Animizm—insandi' qorshap turg'an wortali'qta janlar ha'm ruxlardi'n' bar yekenligine isenim.

Antik tariyx—A'yyemgi Greciya ha'm A'yyemgi Rim tariyxi'.

Argonavtlar—alti'n terini (si'yqi'rli' qoshqar terisin) izlep «Argo» degen ko'p yeskekli kemede atlani'sqa shi'qqan Ellada qaharmanlari'.

Ariyler—a'yyemgi xali'qlar; awdarmasi' «sadi'qlar», «erkinler» ma'nisin an'latadi'; woriyler.

Arxeologiya—zatli'q dereklerdi izertlewshi ha'm wolar boyi'nsha tariyxi'y wo'tmishti qayta tiklewshi pa'n, a'yyemgilerdi izertlewshi.

Arxiv—ma'mleketke tiyisli bolg'an hu'jjetler saqlanatug'i'n wori'n.

Arxitektura—imaratlar ha'm basqa da quri'li'slardi' sali'w wo'neri.

Avstralopitek—en' a'yyemgi adamni'n' tu'ri.

Budda—Siddhartha Gautamani'n' yekinshi ati', laqabi'; «Bilimlengen» tu'rinde awdari'ladi'.

Buddali'q—bizin' erami'zg'a shekemgi VI a'sirde Hindstanda Siddhartha Gautama ta'repinen tiykar sali'ng'an diniy ta'liymat.

Danaylar—Gomer «Iliada»da greklerdi usi'lay atag'an.

Delta—Nil da'ryasi' Jer Worta ten'izine quyi'li'p ati'rg'anda u'shmu'yeshlik si'yaqli' jalpi' ko'rinisti ju'zege keltiretug'i'n wori'n.

Demokratiya—ha'r bir puqara wo'z yelin basqari'w ma'selesi boyi'nsha wo'z pikirin bayan yetetug'i'n, sonday-aq, ma'mleket basqari'wi'nda qatnasatug'i'n ja'miyetlik du'zim.

Diyadoxlar (miyrasxorlar)—Aleksandr Makedonskiydi'n' wo'liminen keyin tu'rli aymaqlar u'stinen ha'kimiyatti' iyelep alg'an a'skerbasi'lar.

Diktator—ayri'qsha jag'daylar ju'zege kelgen jag'dayda tayi'nlani'wshi' jeke basshi' hu'kimdar.

Dinastiya—izbe-iz hu'kimdarli'q qi'li'wshi' patshalar na'sili; dinastiya wa'killeri ko'binese bir at penen ayti'ladi', mi'sali': Ahamoniyler.

Ellada—A'yyemgi Greciya.

Ellinler—a'yyemgi grekler; da'slep Greciyani'n' barli'q xalqi'n usi'lay atag'an.

Falanga—awi'r qurallang'an a'skerlerdin' bir neshe, a'dette 9 yamasa 16 qatarma-qatarda sap du'ziwi.

Firaun—Mi'si'r hu'kimdari'; «ulli' shan'araq» ma'nisin an'latadi'.

Freska—Kewmegen si'bawg'a si'zi'lg'an su'wret.

Forum—ji'ynali'w worni' ha'm bazar maydani' boli'p xi'zmet yetken qala worayi'.

Gilgamish—Mesopotamiyadag'i' a'psanali'q qaharman, tariyxi'y adam, Uruk qalasi'ni'n' patshasi'.

Goplit—A'yyemgi Greciya ha'm Greciya-Makedoniya armiyalari'ni'n' awi'r qurallang'an piyada a'skeri.

Ibadatxana—muqaddes dep ja'riyalang'an, adamlar qudaylarg'a si'yi'ng'an imarat yamasa wori'n.

«Iliada»—Gomerdin' Troya uri'si' haqqi'ndag'i' da'stani'.

Imperiya—hu'kimdardi'n' sheklenbegen ha'kimiyati' jariyalang'an ma'mleket.

Italiylar—Apennin yari'm atawi'nda jasag'an a'yyemgi qa'wimler.

Ieroglifler—a'yyemgi grekler mi'si'rli'lar jazi'wi'n usi'lay atag'an, «Muqaddes jazi'wlar» ma'nisin an'latadi'.

Kapitoliy to'beligi—Rimdegi yen' biyik to'belik.

Koloniyalar—wo'z jurti'n taslap ketken adamlar ta'repinen jan'a jerlerge tiykar salg'an qoni'slar ha'm qalalar.

Konsul—Respublika waqti'nda Rimdegi joqari' siyasiy lawazi'm. Ha'r ji'li' saylang'an yeki konsul Senat ha'm armiyag'a basshi'li'q yetken.

Ko'shpeliler—turaqli' jasaytug'i'n jerine iye bolmag'an adamlar.

Legion—Rim armiyasi'nda yen' ulli' jawi'ngerlik birlik.

Metek—Afinada jasawshi' shet yellikler.

Moxenjodaro—Hindstandag'i' yen' a'yyemgi tsivilizaciya.

Mozaika—ren'li gu'lal yamasa shiyshe bo'leklerinen diywalg'a yamasa polda islengen si'bawdi'n' arasi'na bekitilgen ko'rinisli su'wret.

Olimpiada woyi'nlari'—Pelopenos yari'm atawi'ndag'i' Olimpiya qalasi'nda to'rt ji'lda bir ma'rte Olimpiada Zevs hu'rmetine bag'i'shlani'p wo'tkeriletug'i'n uli'wma grek sport jari'slari'.

Oykumena—Jer ju'zinin' adamlar jasaytug'i'n bo'limi, shegarasi'.

Papirus—paqali'nin' mag'i'zi' jazi'w jazi'wg'a material tayarlaw ushi'n paydalani'latug'i'n qami's.

Patriciylar—senatorlardi'n' a'wladlari'.

Piramida—firaunlar maqbarasi', saltanatli' tas imarat.

Plebeyler—a'piwayi' xali'q, qalali'lar, kambag'allar.

Qala-ma'mleket

Qari'zdarli'q qulli'g'i'—qari'zdi' waqti'nda qaytarmag'an yerkin puqaralardi'n' qullarg'a aylandi'ri'li'w protsesi.

Qul—basqa bir adamni'n' mu'lki bolg'an ha'm jumi'sshi' ku'shi si'pati'nda paydalani'latug'i'n yerksiz adam ("so'ylewshi miynet qurali'"); quldi' sati'p ali'w ha'm sati'p jiberiw mu'mkin bolg'an.

Qurbanli'q bag'i'shlaw—miyrim-sha'pa'a'tti iyelew maqsetinde qudaylar joli'na beriletug'i'n si'y-sawg'a.

Respublika—«uli'wma jumi's» ma'nisin an'latadi', sistema ati'.

Senat—«Aqsaqallar ken'esi» ma'nisin an'latadi'.

Strateg—Afinani'n' a'skeriy basli'g'i'.

Sfinks—denesi jolbari'stiki ha'm basi' insandiki bolg'an, piramidalardi' qorg'awshi' a'psanali'q maqluq.

Si’na jazi’w—shumerler ha’m parsi’lardi’n’ a’yyemgi jazi’wi’.

Civilizaciya—ja’miyet rawajlani’wi’ni’n’ bir qansha joqari’ da’rejesi.

Termler—A’yyemgi Rim qalasi’ndag’i’ ja’miyet monshalari’.

Mumiyalang’an dene—jerlewge tayarlang’an, arnawli’ uzaq saqlani’w-shi’ zatlardi’n’ aralaspalari’ menen islew berilgen dene.

Nekropol—qa’birstan: maqbara

«Nom» lar—Mi’si’rdag’i’ da’slepki ma’mleketler.

Tiran—sheklenbegen ha’kimiyatqa iye bolg’an hu’kimdar.

Varvar—da’slep: grek tilinde so’yley almaytug’i’n ha’r qanday shet yelli adamlar; keyinirek bul so’z ma’deniylespegen adamlarg’a qaray ayti’latug’i’n bolg’an.

Xronologiya—a’sirler, dawirler, waqi’t wo’lshewi haqqi’ndag’i’ ilim, ha’r tu’rli waqi’yalar sa’nesi xronologiya ja’rdeminde ani’qlanadi’ ha’m ani’qlasti’ri’ladi’.

Shopper—jumi’sshi’ ushi’ tek bir ta’repten wo’tkirlengen u’lken tas qural.

Zikkurat—to’besinde ibadatxanasi’ bolg’an teksheli u’lken minara.

## *JUWMAQLAWSHI' TA'KIRARLAW*

A'yyemgi du'nya tariyxi'n u'yrenip ati'rg'anda tariyxqa baylani'sli' atamalar ha'm atlardi' qanshelli wo'zlestirgenin'izdi bir tekserip ko'rin'. Nabada, qi'ynalatug'i'n bolsan'i'z, ko'rsetilgen betlerdegi tekstten paydalani'n'.


*agora — 93*
*akveduk — 152*
*altar (tekshe) — 153*
*amfiteatr — 162*
*animizm — 16*
*antropologlar — 8*
*oqinak — 124*
*arxeologlar — 8*
*avgurlar — 154*
*buddashi'li'q — 66*
*demokratiya — 93*
*ellinler — 92*
*ellinlestiriw — 129*
*eneolit — 12*
*epigrafika — 5*
*etnograflar (elat izertlewshiler) — 8*
*falanga — 87*
*fetishizm —16*
*filosof — 112*
*firaun — 30*
*freska — 152*
*giksoslar — 32*
*gladiatorlar — 161*
*goplitlar — 86*
*gu'lalshılıq — 20*
*gu'lal ıdıs — 21*
*havoriy (apostol)lar — 176*
*alg'ashqi' du'zim — 11*
*ierogliflar — 40*
*ilotlar — 90*
*islep shi'g'ari'wshi' xojali'q — 20*
*jartas su'wretleri — 16*
*jazba derekler — 9*
*kasta (varna)lar — 63*
*koloniyalar — 91*
*kolonlar — 161*
*konsul — 148*
*liktor — 149*
*lingvistler (tilshiler) — 8*
*matriarxat — 11*
*metekler — 87*
*mezolit — 19*
*mikrolitler — 20*
*Minoy tsivilizaciyasi' — 85*
*mozaika — 151*
*mumiyalaw — 38*
*neolit — 12*
*"nom"lar — 32*
*numizmatika — 5*
*ossuariy — 83*
*paleolit — 12*
*palestra (mektep) — 88*
*papirus — 41*
*patriarxat — 12*
*patritsiylar — 148*
*periekler — 90*
*piramidalar (maqbaralar) — 37*
*plebeylar — 148*
*polislar — 86*
*pontifik — 154*
*prokonsullar — 159*
*provinciyalar — 159*
*respublika — 148*
*ritorika — 173*
*ruwxanıy — 30*
*sagaris (tabarzin) — 123*
*sarkofag (tastabi't) — 37*
*satrap — 120*
*Senat — 148*
*sfinks — 38*
*sına xatı — 51*
*stil — 173*
*strateg — 96*
*termler — 172*
*toga — 152*
*triumf — 156*
*triera — 100*
*uri'w, na'sil — 11*
*urıwlıq ja'ma'a'ti — 11*
*zardushtiylik — 80*
*zikkurat — 52*
*wo'zlestiriwshi xojali'q — 15*
*shi'g'i'r — 138*
*shopperler — 14*

## A’YYEMGI DU’NYA TARIYXI’NA TIYISLI TARIYXI’Y HA’M GEOGRAFIYALI’Q ATAMALAR


*Afina — 87*
*Afrosiyob — 78*
*Akkad — 44*
*Aleksandriya Esxata — 126*
*Altamir — 16*
*Appenin - 145*
*Ayri’tam — 138*
*Baqtra (Zariaps) — 124*
*Baqtriya — 76*
*Bexistun — 9*
*Bobil — 49*
*Dajla — 43*
*Dalvarzintepa — 138*
*Dovon (Parkana) — 134*
*Ekbatana — 60*
*Yeki da’rya woralig‘i — 43*
*Elam — 58*
*Eron — 57*
*Falastin — 56*
*Finikiya — 56*
*Frot — 43*
*Gang — 61*
*Golgofa — 176*
*Hind — 61*
*Italiya — 145*
*Janbasqala — 132*
*Jarqo‘ton — 23*
*Karfagen — 156*
*Konstantinopol — 168*
*Korinf — 104*
*Korsika — 159*
*Koshala — 65*
*Krit (Knoss) — 85*
*Kurushkat (Kiropolis) — 125*
*Lagash — 45*
*Lakonika — 89*
*Lasko — 16*
*Liviya — 32*
*Mashay — 19*
*Magadha — 65*
*Makedoniya — 102*
*Malla — 65*
*Marafon — 98*
*Marg‘iyona — 118*
*Maroqanda — 125*
*Maurya — 65*
*Memfis — 31*
*Mesopotamiya — 43*
*Midiya — 58*
*Mikenn — 85*
*Misr — 28*
*Mitanni — 53*
*Moxenjodaro — 62*
*Nil — 28*
*Nineviya — 55*
*Nubiya — 32*
*Obishir — 19*
*Oks (Amudarya) — 125*
*Olduvay — 13*
*Olimpiya — 106*
*Olviya — 92*
*Oshshur — 54*
*Ossuriya — 54*
*Pantikapey — 92*
*Parfiya — 130*
*Pataliputra — 65*
*Peloponnes — 84*
*Persepol — 60*
*Pirey — 88*
*Qal’alıqır — 132*
*Qang‘ (Qang‘yuy) — 133*
*Qiziltepa — 78*
*Qo‘shilish — 19*
*Qo‘yqırılganqal’a — 132*
*Qoratepa — 138*
*Rim — 146*
*Rozett — 40*
*Sardiniya - 159*
*Selengur — 14*
*Shumer — 44*
*Sidon — 56*
*So‘g‘diyona — 76*
*Sopollitepa — 23*
*Sparta — 89*
*Suza — 58*
*Suriya — 32*
*Tir — 56*
*Tushpa — 55*
*Ur — 45*
*Urartu — 55*
*Uruk — 45*
*Uzunqır — 78*
*Vezuvi — 163*
*Vizantiy — 168*
*Xarappa — 62*
*Xuanxe — 68*
*Yahudiya — 56*
*Yunon-Baqtriya — 130*
*Yunoniston — 84*
*Yu’zeliqır — 78*
*Zamonbaba — 23*
*Zarautsoy — 20*
*Zartepa — 138*
*Zerqo‘rg‘on — 78*
*Zinj — 13*

## A'YYEMGI DU'NYA TARIYXI'NDAG'I' ATAMALAR


Alarix — 169
Aleksandr Makedonskiy — 103
Antiox — 129
Antoniy — 166
Aristofan — 109
Aristotel (Arastu) — 112
Arrian — 9
Arximed — 112
Attila — 170
Brut — 165
Budda — 66
Demetriy — 130
Demokrit —112
Demosfen — 102
Diodot — 130
Diogen— 112
Dara I — 59
Drakont— 94
Dyuperron A. — 81
Evtidem — 130
Esxil — 121
Fidiy — 110
Filipp II — 102
Frada — 119
Gannibal —157
Geraklit — 112
Gerodot — 112
Gilgamish — 47
Gomer — 108
Hammurapi — 49
Isa Masih — 176
Kaligula —167
Kambiz — 34
Kanishka— 138
Kiaksar — 58
Kir II — 59
Kleopatra —166
Konstantin — 168
Krass — 163
Kserks — 100
Kudzula Kadfiz — 137
Kvint Kyrtsiy Ruf — 9
Lyu Ban — 73
Menes — 30
Menkaura — 37
Menua — 55
Miltiad — 99
Mitridat I —130
Navuxodonosor II — 50
Neron — 167
Oktavian Avgust — 167
Oshshurbanapal — 55
Perikl — 96
Platon (Aflotun) — 113
Poliyen — 120
Pompey — 165
Pontiy Pilat — 176
Ravshanak (Roksana) —127
Rixtgofen F. —141
Romul — 146
Salavka — 129
Salmanasar — 54
Sardur I — 55
Sargon I — 48
Shampolyon J.F. — 40
Shıraq — 120
Sim Syan — 9
Sin Shixuandi — 72
Skunha — 119
Sofokl — 109
Sokrat (Suqrot) — 113
Solon — 94
Spartak — 162
Spitamen — 125
Strabon — 9
Tarkviniy — 147
Tomaris — 119
Trayan — 167
Cezar — 165
Tutanhamon — 38
Tutmos II — 33
Tutmos III — 33
U-Di — 73
Vima Kadfiz — 137
Xafra — 37
Xufu (Xeops) — 37
Yaxmos — 33
Zardusht — 80
Chandragupta — 65

## A’YYEMGI DU’NYA TARIYXI’ SA’NELERDE

b.e.sh. I mln—100-mi’n’ ji’lli’qlar—Worta Aziyada da’slepki paleolit da’wiri.
b.e.sh. 100—40-mi’n’ ji’lli’qlar—Worta paleolit da’wiri.
b.e.sh. 40-12-mi’n’ji’lli’qlar—son’g’i’ paleolit da’wiri
b.e.sh. 12-7-mi’n’ji’lli’qlar mezolit da’wiri
b.e.sh. 4-3-mi’n’ji’lli’qti’n’ wortalari’—eneolit da’wiri
b.e.sh. 4-mi’n’ji’lli’q—Mesopotamiyada shumer ha’m akkadlardi’n’ ma’kan jaylari’, Uruk, Eridu, Lagash, Ur qalalari’ni’n’ payda boli’wi’.
b.e.sh. 4-mi’n’ji’lli’q—Nil jag’alawlari’nda ma’kan jaylardi’n’ payda boli’wi’.
b.e.sh. 2600-ji’l—Mi’srda Xeops—(Xufu) piramidasi’ quri’li’si’
b.e.sh. 3-mi’n’ji’lli’q—Elam ma’mleketinin’ payda boli’wi’
b.e.sh. 3-2-mi’n’ji’lli’qlar—Qi’tayda tsivilizaciyani’n’ payda boli’wi’
b.e.sh. 3-mi’n’ji’lli’q—Moxenjadoro ha’m Xarappa qalalari’ni’n’ payda boli’wi’
b.e.sh. 3-mi’n’ji’lli’qti’n’ wortalari’—2-mi’n’ji’lli’q-qola da’wiri
b.e.sh. 3-2-mi’n’ji’lli’q «Lal joli’»ni’n’ rawajlani’wi’
b.e.sh. 2-mi’n’ji’lli’q—Aldi’n’g’i’ Aziya aymag’i’nda da’slepki iri ma’mleketlerdin’ payda boli’wi’. Xelt, Mitanni, Ossuriya
b.e.sh. 2-mi’n’ji’lli’q—Bobi’l patshali’g’i’ni’n’ du’ziliwi
b.e.sh. 2-mi’n’ji’lli’q—Zamanbaba, Sopollitepa ha’m Jarqorg’an si’yaqli’ iri diyqanshi’li’q ma’kan jaylari’ni’n’ du’ziliwi
b.e.sh. 2-mi’n’ji’lli’q—Miken ha’m Krit ma’mleketlerinin’ du’ziliwi
b.e.sh. XVIII a’sir—Bobil hu’kimdari’ Xammurapi (b.e.sh. 1792-1750-j) Mesopotamiyani’ bir ma’mleketke birlestirdi.
b.e.sh. 1500-ji’l—Firaun Tutmos II ni’n’ iri basqi’nshi’li’q atlani’slari’
b.e.sh. XIII a’sir—Ossuriya ma’mleketi patsha Salamanasar da’wirinde wo’z gu’lleniwinin’ joqari’ shi’n’i’na yerisken.
b.e.sh. XIII a’sir—«ten’is xali’qlari’» Xattusani bu’lginshilikke ushi’ratti’.
b.e.sh. 1200-ji’l—Miken ma’mleketinin’ doriylar ta’repinen bu’lginshilikke ushi’rawi’.
b.e.sh. XII a’sir—doriylar Lakonikani’ basi’p aldi’ ha’m Sparta qalasi’na tiykar saldi’.
b.e.sh. XI a’sir—Izrail ma’mleketinin’ du’ziliwi
b.e.sh. IX a’sir—parsi’lardi’n’ Iranni’n’ tu’sligine jaylasi’wi’
b.e.sh. IX a’sir—Urartu ma’mleketinin’ yen’ gu’llegen da’wiri
b.e.sh. VIII-VI a’sirler—Ulli’ Grek koloniyalari’
b.e.sh. VIII-VI a’sirler—Xersones, Pantikapey, Tanais, Fasis, Trapezund koloniyalari’ni’n’ payda boli’wi’
b.e.sh. 1-mi’n’ji’lli’q—zardushtiyliktin’ Worta Aziya aymag’i’nda tarqali’wi’
b.e.sh. IX-VIII a’sirler—Worta Aziyada temir a’sirge wo’tiw da’wiri
b.e.sh. VIII a’sir—Italiyada 12 qala-awqami’ni’n’ payda boli’wi’
b.e.sh. 776-ji’l—Olimpiada woyi’nlari’ni’n’ birinshi ret wo’tkeriliwi
b.e.sh. 753-ji’l—Rimnin’ du’ziliwi
b.e.sh. VII a’sir—Mi’srdi’n’ ja’ne bir ma’mleketke birlesiwi

b.e.sh. VII a’sir—A’yyemgi Baktriya patshali’g’i’ni’n’ du’ziliwi
b.e.sh. VII a’sir—Xorezmde Gu’zeliqi’r qalasi’ni’n’ payda boli’wi’
b.e.sh. VII-IV a’sirler—Qi’zi’ltepa, Afrosiyob, Uzi’nqi’r, Jerqorg’an, Gu’zeliqi’r qalalari’ni’n’ rawajlani’wi’
b.e.sh. VII-VI a’sirler—Hindstanda Magadha, Koshala, Malla ma’mleketlerinin’ payda boli’wi’
b.e.sh. VII-V a’sirler—Qi’tayda «ko’p patshali’q» da’wiri
b.e.sh. 621-ji’l—Drakont ni’zamlari’ni’n’ qabi’l yetiliwi
b.e.sh. 605-ji’l—Ossuriya patshali’g’i’ni’n’ qulawi’
b.e.sh. 594-ji’l—Afinada Solon reformalari’ni’n’ wo’tkeriliwi
b.e.sh. 558-ji’l—Parsi’ patshali’g’i’ni’n’ du’ziliwi (Kir II)
b.e.sh. 545-540-ji’llar—Parfiya, Marg’iyona ha’m Baktriyani’n’ Kir II ta’repinen basi’p ali’ni’wi’
b.e.sh. 539-ji’l—Bobildi’n’ parsi’lar ta’repinen basi’p ali’ni’wi’
b.e.sh. 530-ji’l—Kir II nin’ Worta Aziyada nabi’t boli’wi’ (Tomaris)
b.e.sh. 525-ji’l—Mi’srdi’n’ a’yyemgi parsi’ patshasi’ Kambiz ta’repinen basi’p ali’ni’wi’
b.e.sh. 522-ji’l—Dara I—saltanatti’n’ satrapli’qqa bo’liniwi
b.e.sh. 522-ji’l—Dara I ge qarsi’ Frada qozg’alan’i’
b.e.sh. 519-ji’l—Sak qa’wimlerine qarsi’ Dara II nin’ basqi’nshi’li’q atlani’slari’ (Shi’raqti’n’ yerligi)
b.e.sh. 509-ji’l—Rimde Pespublikani’n’ jariyalani’wi’
b.e.sh. V-IV a’sirler—Worta Aziya aymag’i’nda da’slepki ten’gelerdin’ tarqali’wi’
b.e.sh. 490-449-ji’llar—Grek-parsi’ uri’slari’
b.e.sh. 490-ji’l—Marafon woypati’ndag’i’ sawash
b.e.sh. 480-ji’l—Fermopil sawashi’ (u’shju’z Spartali’ yerligi)
b.e.sh. 480-ji’l—greklerdin’ parsi’lar menen ali’p barg’an Salamin sawashi’
b.e.sh. 479-ji’l—Plateya qalasi’ jani’ndag’i’ sawash—greklerdin’ jen’isi
b.e.sh. 443-429-ji’llar—Afinada strateg Perikl hu’kimranli’g’i’
b.e.sh. IV a’sir—xorezmiyler, saklar ha’m massagetlerdin’ Ahamaniylar zuli’mi’nan azat boli’wi’
b.e.sh. 338-ji’l—Xeronya jani’ndag’i’ sawash—makedoniyali’lar ta’repinen greklerdin’ qi’yrati’li’wi’
b.e.sh. 337-ji’l—grek qalalari’ni’n’ qala-ma’mleketler Awqami’na birlesiwi
b.e.sh. 334-ji’l—Aleksandr Makedonskiydin’ Shi’g’i’sqa atlani’si’
b.e.sh. 330-ji’l Aleksandr Makedonskiy ta’repinen Ahamaniylar saltanati’ni’n’ basi’p ali’ni’wi’
b.e.sh. 329-ji’l—Aleksandr Makedonskiydin’ basshi’li’g’i’ndag’i’ grek-makedonlar ta’repinen Maroqandti’n’ basi’p ali’ni’wi’
b.e.sh. 329-ji’l—Zarafshan da’ryasi’ jag’alawlari’ndag’i’ sawashta grek-makedon a’skerlerinin’ qi’yrati’li’wi’ (Spitamen)
b.e.sh. 328-ji’l—Aleksandr Makedonskiy armiyasi’ menen sawashta Spitamennin’ jen’iliwi
b.e.sh. 327-ji’l—Aleksandr Makedonskiy tarepinen Hindstanni’n’ basi’p ali’ni’wi’
b.e.sh. 323-ji’l—Aleksandr Makedonskiydin’ wo’limi
b.e.sh. 318-ji’l—Shandragupta ta’repinen grek-makedonlardi’n’ Hindstannan quwi’p

shi'g'ari'li'wi'
b.e.sh. 312-ji'l—Salavka hu'kimranli'g'i'ni'n' baslani'wi'—Salavkiyler ma'mleketinin' tiykari'n sali'wshi'
b.e.sh. 280-ji'l—Salavkiyler ma'mleketinin' hu'kimdari' Antiox
b.e.sh. III a'sir—Birden-bir Sin ma'mleketinin' du'ziliwi
b.e.sh. 250-ji'l—Grek-Baktriya patshali'g'i'ni'n' du'ziliwi
b.e.sh. 250-ji'l—Parfiya ma'mleketinin' du'ziliwi
b.e.sh. III a'sir—Zardusht ta'limati'ni'n' barli'q tekstleri 21 kitapqa ja'mlengen
b.e.sh. III a'sir—Qang ma'mleketinin' du'ziliwi
b.e.sh. III a'sir—Dovon ma'mleketinin' du'ziliwi
b.e.sh. III a'sir—Xorezmdegi Janbasqala ha'm Qoyqi'ri'lg'an qalalar
b.e.sh. 246-210-ji'llar—Qi'tayda Sin Shixuandi hu'kimranli'g'i'
b.e.sh. 216-ji'l—Kann jani'nda Rim armiyasi'ni'n' qi'yrati'li'wi'
b.e.sh. 206-ji'l—Qi'tayda Sin dinastiyasi'na qarsi' qozg'alan'
b.e.sh. 202-ji'l—Zama qalasi' jani'nda rimliler ta'repinen Karfagen armiyasi'ni'n' qi'yrati'li'wi'
b.e.sh. 140-87-ji'llar—Qi'tayda U-Di hu'kimranli'g'i'
b.e.sh. II a'sir—Ulli' Jipek joli'ni'n' qa'liplesiwi
b.e.sh. 146-ji'l—rimliler ta'repinen Karfagennin' bu'lginshilikke ushi'rawi'
b.e.sh. 140 yaki 130-ji'l—Grek-Baktriya ma'mleketinin' yueshji (kushan)lar ta'repinen basi'p ali'ni'wi'
b.e.sh. I a'sir—Parfiya ma'mleketinin' gu'lleniwi
b.e.sh. I a'sir—Qi'tayda qag'azdi'n' woylap tabi'li'wi'
b.e.sh. 74-ji'l—Spartak qozg'alan'i'
b.e.sh. 71-ji'l—Spartak armiyasi'ni'n' qi'yrati'li'wi'
b.e.sh. 55-ji'l—Karra qalasi' jani'nda Krass armiyasi'ni'n' qi'yrati'li'wi'
b.e.sh. 49-ji'l—Yuliy Cezar—Rim imperatori'
b.e.sh. 29-ji'l—Oktaviang'a Senat ta'repinen imperator da'rejesi ha'm Avgust laqabi'ni'n' beriliwi
erami'zdi'n' 98-ji'li'—Rim imperatori' Trayan da'wi'ri'nde ma'mlekettin' krizisten shi'g'i'wi'
erami'zdi'n' I-II a'sirleri—Kushan patshali'g'i'ni'n' gu'llegen da'wiri
erami'zdi'n' II a'siri—Qi'taydag'i' «sari' woramalli'lar» qozg'alan'i'
erami'zdi'n' III-II a'sirleri—Xorezmdegi Topi'raqqala qalasi'ni'n' quri'li'wi'
erami'zdi'n' III a'siri—Kushan ma'mleketinin' bo'linip ketiwi
erami'zdi'n' 330-ji'li'—Rim imperiyasi'ni'n' paytaxti'—Vizantiya (Konstantinopol)
erami'zdi'n' 394-ji'li'—Olimpiada woyi'nlari' wo'tkeriliwinin' toqtati'li'wi'
erami'zdi'n' 395-ji'li'—Rim imperiyasi'ni'n' bo'liniwi: Bati's ha'm Shi'g'i's
erami'zdi'n' 410-ji'li'—Alarix basshi'li'g'i'ndag'i' gotlar ta'repinen Rimnin' qi'yrati'li'wi'
erami'zdi'n' 452-ji'li'—Italiyag'a Xunnlardi'n' basti'ri'p kiriwi—Attila
erami'zdi'n' 455-ji'li'—Rimnin' vandallar (german qa'wimleri) ta'repinen basi'p ali'ni'wi'
erami'zdi'n' 476-ji'li'—Bati's Rim imperiyasi'ni'n' qulawi'

**ANATOLIY SAGDULLAYEVICH SAGDULLAYEV**
**VASILIY ANUFRIYEVICH KOSTETSKIY**

# TARIX
# QADIMGI DUNYO

*(Qoraqalpoq tilida)*

*Umumiy o‘tra ta‘lim maktablarining6-sinfi uchun darslik*

*To‘ldirilgan to‘rtinchi nashri*

Toshkent — “Yangiyo‘l poligraf service” — 2013
Baspa licenziyasi’ AI N 185, 10,05,2011-j.

Awdarg’an G. Pirnazarova
Bas redaktorı J. İzbasqanov
Redaktorı R. Abbazov
Ko’rkem redaktorı A.Esemuratov
Vyorstkalawshı K. Kostetskiy

Original-maketten basi’wg’a ruqsat yetildi 00.00.13.
Formati’ 70x90 1/16. Ofset baspa usi’li’nda basi’ldi’.
Sha’rtli baspa tabag’i’ 14,04. Yesap baspa tabag’i 12,0.
Nusqasi dana. Buyirtpa N .
Sha’rtnama N .

«Yangiyo‘l poligraf servis» JSHJ baspaxanasi’nda basi’ldi’.
112001, Tashkent wa’layati’, Yangiyo‘l rayoni’, Samarqant ko’shesi, 44.

## Ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetiwshi keste

| N | Oqi'wshi'ni'n' ati' ha'm familiyasi' | Oqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'l-g'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqli'q ijarag'a berilip oqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqardag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw ta'rtibine tiykarlani'p tolti'ri'ladi':

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi'. |
| Jaqsi' | Muqaba pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ajrati'lg'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'q joq. |
| Qanaatlandi'rarli' | Muqaba jelingen, biraz si'zi'li'p, shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betler qayta islengen, ayi'ri'm betler si'zi'lg'an. |
| Qanaatlan-di'rarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an tiykarg'i' bo'limnen aji'rati'lg'an ya-masa pu'tkilley joq, qaanatlandi'rarsi'z islengen. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q emes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' qayta tiklewge bolmaydi'. |